КАМАЛ МӘМБЕТОВ




*(Роман, повестьлер.)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1986

Карак—2
М—35

Мәмбетов Қ. Бозатаў: Роман ҳәм Повестьлер.—Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986. 332-б.

«Бозатаў» — белгили илимпаз ҳәм жазыўшы Камал Мәмбетовтың тарийхый темадағы туңғыш қәдеми. Бунда 1858—59-жыллардағы Хийўа ханлығының езиўлерине қарсы халқымыздың миллий азатлық гүреси шайыр Әжинияз Қосыбай улы тәғдири менен сабақлас ҳалда сүўретленеди.

Сондай-ақ топламға жазыўшының ҳәр қыйлы жылларда дөреткен—«Москвадан келген қыз», «Имтихан», «Мерўерт моншақлар» ҳәм «Бахтың болсын, Арыўхан» повестьлери де киргизилген.

Рецензентлер; Т. Сейтжанов
С. Баҳадырова
Қ. Камалов.

... тарқатан
... № 1
... № 25224 ХР

М $\frac{4702250000-060}{357\ (04)-86}$ 27—86

© «Қарақалпақстан» баспасы—1986

Шуманайская
СЕЛФ 7
библиотека
Инв № 25744

# БОЗАТАЎ

*РОМАН*

## *БИРИНШИ БӨЛИМ*

### ҚОҢЫРАТ ХАНЛЫҒЫ

Панахан еди ханымыз,
Гүнжара болды панымыз.

*Халық қосығы*

Заман қурсын, қанатымнан қайырды,
Душпан қурсын, сәўер ярдан айырды.

*Халық қосығы*

*Қутлымурат инақ:* — *Сизлердиң қандай арзыларыңыз бар?*

*Қулман бий:* — *Жақын арада хан салығын жыйнай баслаңады. Ал бизде салық төлейге шамасы келмейтуғын жарлылар бар.*

Қутлымурат инақ: — *Маған не? Салық төлейге қурбы жетпесе бала-шағасын сатсын.*

Қулман бий: — *Бала-шағамызды қалай сатамыз!?*

Алексей Бутаков
*(«Орта Азияның тарийхынан бир эпизод». 107-бет).*

## I

1858-жыл. Быйыл Қоңыратқа бәҳәр наятый қолайсыз келди. Үш жыл даўам еткен ашлық адамлардың пүткиллей силикпесин шығарған. Адамлар: «быйыл бирнәўийе тәўир болар»,—деп үмит күткен еди. Ала бәҳәрден басланған нөсерли жамғырдың изи еле үзилмей киятыр. Жоллардағы қойыў батпақ тап бөкпен былғағандай былшырап, қамырдай қарысып, арба жолға сыймай көпшип, арбаның арысына шекем алқымлап, атлардың адым атыўына бетлетпей, арбашылар адым жерде арысын төбелеп, узақ турып қалатуғын еди. Ешейинде жол танабын қуўырып жүретуғын қарабайырлар да жал-қуйрығы төмен түсип, ябыдай жуўасып қалған. Ийесиниң ҳөктем ҳүкимин жақсы сезсе де, бир-еки жедел ҳәрекеттен кейин, дойнағының дүрсилдиси пәсейип, желимдей жабысып, дизеге қапқан батпақтың ада болмайтуғынын сезип турғандай, адым жерде оқыранып тоқтай береди.

Узақ күнге себили шыққан шабарманлардың да үсти-басы сатмар-сатмар ылай. Зер жағалы шапанлардың да жийеклерине ылай шашырап, нағышларын өширип жиберген сыяқлы.

Жер де, суў да, үсти-басы көлмекленип, қатыбыламықтай иркилдеп тур. Қайсы жерди қарасаң гилкий урда-дут, арысын төбелеп отырған адамлар. Нағыз өгиз жутатуғын батпақшылық сол жылы пайда болған еди.

Әмиўдәрья болса кәнарына сыймай, барлық суў жапырылып келип, тап еки жағаны жутып жиберетуғындай асырылып ағып, халықты пүткиллей тоз-тоз етип болды. Беглербеги де, ақсақалда дәрьяның жағасында. Дийқанлар пүткил бала-шағасы менен дәрьяның бойына көшкен есабы. «Топпысы менен қурашына топырақ толтыра алатуғын кемпир-ғарры менен бала-шаға дәрьяның бойында болсын!»—деп пәрман берген Қутлымурат инақтың өзи. Байлар дәслеп «быйыл жаўыншашын мол, егин ғарқ ғәллезий болажақ»—деп бир ғаўқылдасып еди, истиң изи насырға шапқаннан кейин олар да илла деп аўыз ашпай отыр. Егис өтип баратыр, ал жаўынның еле тоқтайтуғын түри жоқ. Бул барыста жуқна болғандай тары сеплеп, қалғанына малға ғаўыш екпесең басқа илажың жоқ. Аты қарақалпаққа төрт жыл бойы жамғыр бир тамбай, тереклерге шекем



қуўрап барып, зордан өзин тиклеп еди. Ал, мынаў суў апатшылығы бәринен де өтип кетти. Ләмгершилик үйдиң де, дүздиң де берекетин дым қашырып жиберди.

Басқа жағында қандай болып атырғанлығын ким билсин, әйтеўир Әмиўдәрьяның шеп жағына орналасқан Қоңырат беглиги бул апаттан әдеўир зыян көрди. Қоңыраттың тусы әдеўир ой болғаны ушын суў алыўшылық наятый көп болып кетти. Гейпара ылайдан салынған жайлар жамғырға төтепки бере алмастан, тырнақлары ыдырап пақшалары қулап қалды. Жайлары қулап, бала-шағалары зирдектей болып қалған дийқанлар, күни-түни жамғыр астында турып, бийик жерлерден төле қазыўға мәжбүр болған еди. Оларды да «дәрьяның жыққынына бар» деп мураплар қамшылап әнтек-тәнтегин шығарып алып кетип, төлениң қалған жағын көз жасы жамғыр менен қосыла аққан ҳаяллар менен жас балалар қазыўға мәжбүр болды.

Бул апат қаншама мүсийбетли болса да, сол ўақыттағы қарақалпақлардың белгили қаласы Қоңырат ушын бир пул сыяқлы еди. Қала иши балшыққа толғаны менен ол жердеги ҳәрекет бурынғысынша ҳүким сүрмекте. Әсиресе қаланың шығыс ҳәм батыс дәрўазалары жүдә дәбдебели.

Қоңыратқа кирген жерде Хийўа үлгисинде еки ғүббалы минар салынған, олардың ортасынан еки арба теңнен сыйғандай дәрўаза, есик алдында жипек шапан менен ақ шөгирме кийинип, қылыш асынған нөкерлер нәўбетшилик етеди. Қалаға күнине бир неше кәрўанлар келип, жүк тийелген түйениң қоңыраўлары узақтан жаңлап еситилип, Қоңырат әллеқандай дәбдебели бир шығыс қалаларына усап көринетуғын еди. Кәрўан қалаға киргеннен кейин оң ҳәм шеп тәрептеги кәрўан сарайларға бөлинип кетип, оннан Қутлымурат инақ ҳәм Қулман бийдиң адамлары тийисли бажын алып, өзлерине керекли затларын саўдаласып болғаннан кейин басқа әмелдарлар саўда-сатық ислерин баслайтуғын еди. Булар да өз жумысларын питкергеннен кейин барып, кәрўан жүклерин базарға шығарады. Базарда пулы барлар саўдаласып, пулы жоқлар ҳәр қыйлы затлар аўмастырып, «бир ылақты бир кетпенге аўмастыраман» деп бақырып жүрген адамларды көриўге болар еди. Күнде базардың ернегиндеги үлкен пақшаға орналасып

алған Сайып жилли азаннан кешке шекем, базардың оя́ғы менен буяғына жууырып:

Пуллыларға Қоңырат бул,
Пулсызларға зулмат бул!—

деп бақырып қосық айтып жүретуғын еди. Оған биреўлер күлсе, биреўлер: «усы жиллиниң сөзинде де үлкен әндийше бар-аў»,—деп қулағын түрип, тоқтап қалатуғын еди.

Қоңыраттың берги дәрўазасы менен арғы дәрўазасын тутастырыўшы үлкен жол бар. Арғы жағында да дәрўаза болғаны менен берги жағындағыдай салтанатлы емес. Гейде ол жаққа қарап та кәрўан өтеди. Әсиресе Маңғышлақты жайлаған қазақлар көп сандағы қара мал, жылқы ҳәм қой-жанлықларды айдап әкелип, дәнге аўмастырады. Соның ушын да ол жақтағы ҳәрекет те қаланың шығыс дәрўазасынан қалыспайтуғын еди. Ортадағы жол кең болғаны ушын гейде улышўў болып базарға да айланып кететуғын ўақытлары болады. Қаланың дәл ортасынан Ханжап ағып өтеди. Бул жаптың Хийўа ханына байланысы болмаса да әмелдарлар көтермелеп, ханның атына қойып жиберген. Ханжаптың көпирине келген жер де жүдә дәбдебели. Көпирдиң ҳәр жағына нөкерлерден сақшы қойылған. Жаптың оң жағында Қоңырат беглиги нөкерлериниң жайы. Оның арғы жағында шығыс усылында нағышлап салынған Қутлымурат инақтың сарайы. Оннан ары инақтың қарамағындағы адамлардың жайлары дизилип кетеди. Қутлымурат инақ хан болмаған менен де елди хан сыяқлы басқарыўға үйренип кеткен. Ғәзийнехана, тас сарай, датхана ҳәммеси сол жерде еди.

Көпирдиң екинши жағында Қоңыраттың ең итибарлы бийлеринен есапланған Қулман бийдиң ҳәўлиси. Оннан ары басқа әмелдарлардың ҳәўлилери созылып кеткен. Егер бийикке шығып қарасаң қала батысқа барған сайын жупыны болып бара береди. Тас дәрўазалы жайлар, шийлерине жез өткерип тасланған, үстин ақ кийизлер менен бастырған гүмбирлеген отаўлар кемкемнен азайып барып, қамыс қақыра, үстин қамыс пенен бастырған шертек, жекен үзикли үйлер ҳәм қамыс қоралар менен алмасып кетеди.



Бул үйлердиң алдыларында белине шерим алжапқыш байлап алған усталар көриктен шыққан қып-қызыл темирлерди шақа-шақ балғалап, тумлы-тусқа жулдыздай от шашыратып атады. Есигиниң алдынан темирдиң тат ийислери шығып турады. Айырым ҳаяллар есик алдына өрмек қурып, шал тоқып гейпаралары шыпта, айрымлары кендир жипке аўырық байлап ший тоқыў менен машғул болады. Гейпара қамыс қослардың ишлеринде қабан гүркирегендей ўаңғырлап тас дигирман айланып турады. Бул жағында көбинше өнерментлер ҳәм дийқанлар тиришилик етеди.

Қаланың ханы да, ҳәкими де —Қутлымурат инақ. Ол халықтан көп салық жыйнап бериўи арқасында Хийўа ханлығының үлкен исенимине ерискен. Хийўа ханлығынан жиберилген ўәкил Мәтназар қанхор менен бирге тил бириктирип, өзи менен беллескендей адамлардың көзин жойып питирди. Тек Қулман бий ғана Қутлымураттың уўысына енбей жүр. Оған да аўыз салып көрип еди, бирақ еле тиси өтетуғын емес. Күшиниң жетип болғаны тек сол ғана, Қулман бийдиң жалғыз қызы Гүлхатийшаны мақтап ханның канизлигине алғызды. Дәслеп Қулман: «ханға қәйин ата болған шыға́рман»,—деп ойлаған еди. Бирақ ондай болып шықпады. Хан Гүлхатийшаны бир ай ғана канизлерине қосып, соңынан түркмен сәрдары Аннагелдиге саўғаға берип жиберди. Қулман арыз етип: «Султан сүйегин қорламас»—деген, қартайған ўақтымда мени қапа еттпең, жалғыз көзимниң қарашығын қайтып бериң»—деген еди. «Хан қәўлисин қайтып алмайды»—деген жуўап алды. Енди Қулман ханды да, Қутлымуратты да көретуғын көзи жоқ. «Ҳәммеңиз бир гөр»,—деп төсек тартып жатып алды. Перзентиниң дәртинен кесел болып, ғәзеби қозған Қулманды байлық та, бийлик те қызықтырмай атырған еди. Ол тек ханнан өш алыўды ғана ойлар еди. Усындай себеплер менен Қулманның үйине жети-сегиз адам қупыя жыйылды. Төрде жамбаслап, мәсләҳәт қурып отырған адамлардың ең итибарлысы—жипек шапанды жамылып ойланып отырған, орта жасларға барып қалған теке сақал, сары киси Муҳаммед Пана, оның түринен қуўаныш та, қайғы да билинбейди. Бир үлкен ҳәдийсени көз алдына келтиргендей узақ ой үстинде. Екиншиси—шыйразы селкилдек

шөгирме кийип алған дуғыжымнан келген қара киси Молла Сапа. Оның арғы жағында басына дегелей кийип жер шуқылап отырған шүңирек көз, сары Шермуҳаммед, оннан беррегиректе көринисинен еле жас жигитлерге усайтуғын Ҳәким, Мәмбеткерим, Юсуп ҳәм Уақыбныязлар отыр. Булар менен бирге гөнетозлаў кийим кийген еки жигит те бар. Екеўи де нағыз уста. Булар ҳеш нәрседен тайсалып отырған жоқ.

— Мен бәрине тайынман аға, сабыр кесам пүткиллей толды. Таласып емшек емискен қарындасыңды «хан салығы» деп көз алдында шырлатып алып кетсе, оннан артық дүньяда не мүсийбет бар?! Ҳаў, бурын салық деп малды, таўықты алатуғын еди. Енди адам алатуғын болды, бул зулым хан!—деп емиренип отыр.

Қалғанлары — Қулман менен атқосшы Сәлмен.

Қулман бул жерге басқа ҳеш кимди изеп бастырмай, бөлмеге тек Сәлменнен басқа адамды киргизбей отырғанынан-ақ, олардың үлкен бир мәселени шешпекши болып атырғаны аян еди. Қулман есикке бир мұқыятлап қарап алды да, дастурханнан бир пәтирди алып онға бөлди.

— Бурыннан соң ата-бабаларымыз бир уллы исти баслаўдан алдын ант ишиcкен. Дүньяда наннан уллы нәрсе жоқ. Егер қайсы биримиз антты бузсақ нан урсын! Биссимилла!—деп өзи нанның бир бөлегин алып жеди.—Сизлер де алың!

Ҳәмме тийисли нанды алып жей баслады.

— Әне бул басқа гәп! Әзизлерим, мен сизлерди бул жерге жыйнағандағы тилегим соннан ибарат: аллатаала адамды жаратқандағы мәқсети—дүньяда бир бирeўге жәбир бермей, қыянет етпей жасаў ушын шығарған. Жақсылықты да, жаманлықты да ислейтуғын адам. Башарти сондай екен, басшы болған адамнан ҳәмме ўақыт жақсылық күтиледи. Хийўаның ханы бизге жақсылық етти ме? Жоқ. Бизлердиң ҳәммемиз де жүреги жаралы адамлармыз. Малы-мүлкимиз өз жайына бара берсин, жигербентимиз—қызларымызды тартып алды. Бул не деген сумлық!? Оған мынаў Қутлымурат инақ жәрдем берип атыр. Қулласы, өз ханымызға ийе болыўымыз керек. Қоңырат өз алдына хан болғанда не, ҳәси кете ме? Патша болатуғын адам хан



тухымынан болғаны мақул. Оның да режесин дүзип қойғанман. Мына Муҳаммед Пана ҳәзиретлериниң жетинши атасы Түркстанда хан болған адам. Пана Хан елге әдил хан болсын, буған бахыт тилейик. Аўмийин! Қәне, қолларыңызды көтериң! Бул еле истиң басламасы, Қутлымурат инақты жанынан жуда қылыўымыз дәркар. Бул исти Қудайберген менен Сейтим өз мойнына алады,—деп жупыны отырған еки жигитке гезек-гезек қарап.., Қулман есеңкиреп тоқтап қалды.

—Булар екеўи де,—деди усталарды көрсетип,—Қаланың арқа жағындағы қорғанның қулаған жерин өрип атыр. Пайытын таўып, инақты сол жерге баслап бараман. Қалған жағын өзлери биледи... —Қулман белбеўиндеги пышақты қынынан алды да, дастурхандағы алманы шорта кесип жиберди.

—Солай... шырақларым!

## 2.

Қудайбергенниң әкеси Әжимурат шабандоз туўдыпитти Қанлы көлдиң турғыны еди. Жети бабасынан берман қарай шарўа. Атта желдей ушады, мен-мен деген асаўларың да оның қолында еки күн болса әпәнейдей жуўас ғана бир атқа айланатуғын еди. Пирман бай жылқыманынан жүдә ыразы еди. Соңғы ўақытта үйирди тек Әжимуратқа тапсырып, жылқы менен иси болған жоқ. Қанлы көл жылқы жайылымы ушын қолайсыз болғаны ушын, жылқыманлардың гейде Үстиртке де шығып кететуғын ўақытлары болатуғын еди. Сол жылы қыс дым қатты келди. Дәслеп жаўын, оның изи қар, соңынан және буршақ, және қар жаўып, жердиң ҳәммеси музғала болды да Әжимураттың соры қурыды. Қар аралас даўыл болып, бир үйир жылқы шығынып кетти. Бир пәлекет болса үсти-үстине бола береди екен, ол да аздай таўдың түсерлигинде отыз сегиз жылқы бирден музға тайып өлди. Әжимураттың жүзи бөздей ағарып кетти. Жылқысынан айырылып ишқыста болып отырған бай оны бул сапары аяған жоқ әлбетте, таяқ пенен урып өлтирди. Әкесине енди ғана илесип, жылқы қайтарысып жүрген үлкен баласы Жаңаберген жаңа ғана он жетиге шыққан еди. Ол да Пирман байдың таяғының астында шырлап қаза тапты. Бахытсызлыққа ушыраған ата-баланы аўыл адамлары түнде жерлеп қайт-

ты. Енди ылақты ҳеш кимге қолынан бермей, қулдырап жүретуғын жийрен атлы Әжимурат та, Хорезм ойпатында бәйгиде бәрҳа биринши орында келе беретуғын Пирман байдың шабарманы болған сары бала Жаңаберген де, бул дүньяда жоқ. Ат туяқларының дүсирлиси де тынып, аўыл иши боп-бос, әндийшесиз болып қалғанға усар еди. Пирман бай қалған атларын қара малға алмастырып, биротала тынды. Бирақ, ел шетиндеги қамыс қоста, кешки самал менен ыңыранған зарлы сес көп ўақытларға шекем тынған жоқ. Бул Әжимураттың зайыбы Өтебийке еди. Өтебийке күйеўи менен баласының ҳүрейи ушын аўылда қырық күн турды да, қырқ биринши күни көрпе-төсегин ешекке теңлеп, артып, кишкене баласы менен қызын жетеклеп жолға шықты. Негизинде қаяққа баратырғанлығын оның өзи де билмес еди. Төркини дәрьяның арғы жағы, Шымбай әтирапы. Жарлының не көрген күни бар? Еки ағасы теңнен аталыққа жаманлы болып айдалып кетти. Олар қаяқта екенин ким билсин? Сонда ол жақта булардың маңлайынан сыйпағандай ким табылар дейсең? Не болса да өз маңлайынан көрежақ. Ендиги бағдары—Қоңырат. Бурыннан соңғы атақлы қала, сол жерде бир байдың күни болса да улы менен қызын еплеп өсирип, адам етежақ.

Ўақыт деген өте берер екен. Мине соннан берли де он бес жылдың майданы болып қалды ғой. Баласы Құдайберген ержетип, әнендей жай устасы болды. Қызы Бийбижамал да ер жетти. Өтебийке өз өмиринен наразы емес еди. Баласы уқыплы, қызы шебер, оның үстине наятый сулыў еди.Ана баласынан көре қызының тәғдиринен әдеўир қәўипленди. Теңсизлик ҳүким сүрген жерде сулыў қыз сақлаў, әташтанда ушқын сақлаў менен барабар. Анаў күни Үстирттен бир бай төрт ҳаялының үстине Бийбижамалды айттырып келди. Бул жақсылықтың әламаты емес. Бийбижамал қаслары қарлығаштың қанатындай керилген, қара көзлери ойнақшып турған, талма бойлы, буўдай реңнен келген қыз еди. Тап оның сулыўлығына адамлардың көзи тиймесин дегендей бет алмасының оң жақ шекесинде жарасықлы бир тамшы сыядай ғана қал инам еткен. Анасы оның гөззаллығынан қорқып жупыны кийиндирсе де, «қазанда бар болса шөмишке илинеди» дегендей, күннен



күнге шырайлана берди. Қара майға батырып қойғанда да ҳәр қандай адам оның гөззаллығына шек келтире алмас еди. Өтебийке оны жаман көзден сақламақшы болып, соңғы ўақытлары қызын дигирманға да, суўға да жумсамайтуғын болды. Бирақ сонда да үйге от сорап, суў сорап келген қатынлардың сыртқа шығып қызын сөз ететуғынын байқайтуғын еди.

Бийбижамалдың өзине унайтуғын жигити де бар Ол—бир неше жыл Хийўада оқыған билимли, аты елге жайылып киятырған Әжинияз. Бул ҳәдийсе өткен жылы жүз берди. Бийбижамал суў қабағын енди ғана Ханжаптан толтырып алып атырған еди. Жап ернегиндеги тар соқпақта киятырған үш-төрт адам көринди. Булар жас болса да басларына сәлле орап алған, үстилеринде жипек шапаны бар, қолларына телетин муқабалы китаплар услаған жигитлер еди. Әсиресе ортада киятырған тынық жүзли, мурты енди ғана тәп берген жигит Бийбижамалға қарағанда көзинен ушқын шашырап кеткендей болды.

Қыз дәслеп түс көрип атырғандай бирден есеңкиреп қалды. Заман дәстүри бойынша ер адамды көргенде жүзин жасырыўы лазым болса да, орамалын услаған қолы өзине бойсынбай сүўреттей қатып қалған еди. Жигит те өтип баратырып, иркилиңкиреп жалтақ-жалтақ қарай берди.

— Ҳаў Әжинияз, жүректен урды ма деймен, аяқларың өзиңе бойсынбай қалды ғой?!—деди екинши жигит.

Әжинияз оған жуўап қайтарды ма, қайтармады ма, Бийбижамал оны еситпеди. Соңынан жап ернегинде узақ турып қалғанлығы есине келип, суў қабақты жаптың ырашына алып шықты. Әжиниязлар әдеўир узап кеткен еди. Қыз енди ғана уялған пишинде, орамалы менен бетин басты.

Әжинияз бул сапары Қоңыраттағы дайысының үйине киятыр еди. Тосаттан жол үстинде ушырасып қалған гөззал, шайыр жүрегинде из қалдырды да, бурқасынлап ағып атырған Ханжапқа қарап, төмендегише қосық қатарларын әсте айта баслаған еди.

Зербарағ өрилген тилла шашбаўы,
Ақыл-ҳуўшым алып кетти бир пери.
Тал шыбықтай қыпша бели белбаўы,
Мени ҳайран етип кетти бир пери.

Хошласып мен қалып, болдым интизар,
Тәнемде қалмады зәрреден мәдар,
Мен аның ышқында болдым аҳыў-зар,
Ақыл-ҳуўшым алып кетти бир пери.

Ҳәр ким айтур, аңа ҳәмдам болсам деп,
Йолында жанымды пидә қылсам деп,
Мубарек жамалын және көрсем деп,
Тақатым қалмады көргеннен бери.

Буны жолдаслары сезген жоқ. Әжинияз болса әдеўир узап кетсе де изине қарағысы келе берер еди.

— «Әжинияз... Шайыр Әжинияз бекен, маңлайым? Маған көп қарады ғой»,—деп ойлады суў қабақты ийнине қағып салған қыз ыраштан түсип киятырып.

Бийбижамал сол күни өзинен-өзи бир түрли болды да жүрди. Үйде де, дүзде де, дигирманханада да көз алдында қолына шерим муқабалы китап услаған жигиттиң сүўрети пайда бола берди. «Не бәле, ашық болып қалғаннан саўма екен?»—деп ойланды ол.

Арадан бир нешше күн өткеннен кейин Әжиниязлар Бийбижамалдың үйине мийман болып келди. Бул сапары қасында Жуманазар ақсақал менен жорасы болыўы керек, өзине кейип берген бир жигит бар.

— Хош келипсиз, ҳүрметли ел жас үлкенлери! Биздей ғәрип бир пухараңызды излеп келипсиз,—деп Өтебийке қонақлар алдында пәйик болып атыр.

Әжинияздың Хийўадан келгенине де он жылдай ўақыт болып қалды. Бул жылларда оның басына көп саўдалар түсти.

Әжинияз аўылдағы ең гөззал Гүлзада исимли қызға ашық болған еди. Гүлзаданың гөззаллығы аўылдағы бий ҳәм бай балаларының да жүрегин өртеп, оны қалай болмасын Әжинияздан тартып алыў жолларын ойлар еди. Бирақ қыз шайырға садық болғаны ушын ҳеш ким оны қолға түсире алмады. Ақырында Қулмурат бий менен Қалмурат байдың балалары Әжинияз Хийўада жүргенде қызға қатты жәбир етти. Бундай азапқа көнбеген Гүлзада өзин үкиге таслап өлген еди. Бул ўақыяда өзлериниң балаларының қолы бар екенлигин сезген бий менен бай қылмысты Әжиниязға жаўып жиберди. Бул ҳижиран дағына ҳәм жалаға



шыдай алмаған шайыр қазақ арасына, Оренбург тәреплерге бас алып кеткен еди.

Әжинияз ол жақлардан келгеннен кейин де Гүлзаданы умыта алмады. Оған Гүлзададан басқа қыз унамайтуғындай узақ түнлер китабын баўырына басып, ойланып жататуғын еди. Анасы: «Балам, енди жас емессең, отыздан өтип кеттиң, мен де келин жумсап, ақлық сүйгим келеди» дегеннен кейин Әжинияз бираз ойланған, бирақ өзине ылайық опадар яр табалмай әўере сарсаң еди. Ханжаптың көпиринде Бийбижамалды көрип қалғалы оның сабыр тақаты жоғалды.

Қудайбергенлер менен қоңсы отырған Әжиниyздың темирши уста дайысы да бул ўақыяға себепши болған. Ол Бийбижамалдың Әжиниязға мүнәсип екенлигин сезген еди.

Жуманазар ақсақал гәптиң туўрысынан келди:

— «Мал мөнирескенше, адам тиллескенше», деген заманлас. «Ул уяники, қыз қыяники» бизде ул, сизде қыз бар екен, қызыңызды сорап келдик,—деди салдамлы.

— Қызым еле жас ғой шырақларым. «Үйирдеги аттың тай аты қалмайды» деген. Биз еле қызымызды ер жетти деп жүргенимиз жоқ еди,—деп жуўап берди Өтебийке.

Ол бир қараганнан-ақ адамның парқын аңлайтуғын данышпан кемпир еди. Ақсақалдың қапталындағы еки жигиттиң қай-қайсысын да шеп көрип отырған жоқ. Соңынан күйеў баласының белгили шайыр Әжинияз екенлигин билгеннен кейин пүткиллей албырап қалды.

—Мыналарды кийип ал қызым,—деп аршадағы Бийбижамалдың таза кийимлерин де алып келип берип жүр. Сүтин ишип күн көрип отырған ылақлы ешкиси бар еди, оны да сойдырып таслапты.

Ал Бийбижамал оннан да қуўанышлы еди. Анасы:

— Разымысаң?—деп сорағанда есеңкиреп ҳешнәрсе айта алмады.

Аўқат жеп, шай ишилип болынғаннан кейин, Әжинияз бенен Бийбижамалдың бахытлы болыўына пәтия оқылды.

— Қыз айттырғанның айыбы жоқ,—деди Өтебийке

кемпир. —Бала баланың теңи екен, қосылғаны жақсы. Жасымнан жесир қалып, бир бала, бир қызды тил астыма сақлағандай етип асырап едим. Өзлериңиздиң хабарыңыз бар шығар. Қудайбергенжаным қызымнан үш-төрт жас үлкен. Халықтың дәстүри бойынша оны үйлендириўим керек. Бийбижамалды соннан кейин алып кетерсиз, шырақларым.

— Ол сөзиңиз орынлы заманлас. Биз де қызыңызды ҳәзир алып кетежақ емеспиз. Әжинияз да көпти танийтуғын жигит. Тойға таярлансын. Оннан тысқары, үйде қызыл жүзли қыз көринсе, есикти жаўшы тындырмайтуғын әдети ғой. Соның ушын тойды ендиги жылы тап усы күнлерге белгилесек...

— Өзлериңиз билесиз, шырағым.

— Ал пәтия оқыў мәселесине келсек, жақсыны жаттан сақлаўымыз лазым. «Таўда жемис писипти, татып көрсек немис кетипти», деп сырттан қуўжыңласып жүретуғынлар да аз болмайды. Қартайсам да жас қатын алсам жасараман деп жүрген есер байлар да аз емес. Булардың бир-бирине жулдызы сәйкес келетуғын болғанлықтан қосып қойып атырмыз. Ертең қымыз ишип қызыраңлаған биреўи келгенде де, ҳеш болмаса «Әжинияздың қалыңлығы еди»,—десең жүўенин жыйнап жүрер.

Бийбижамалдың Әжиниязға атастырылыўы усының менен питкен есабы.

Арадан еки ай өтпей атырып, Қоңыратта және алғаў-далғаў заман басланып кеткен еди. Бурынғы салынған салықлар аздай Хийўа тахтына отырған Сайд Мухаммед хан және қарақалпақларға бес тилладан үстеме салық салыўды буйырды. Үйиндеги мал-мүлкин сатып берип, салықтан жаңа қутылып, өзлери аш-жалаңаш қалған халыққа бул жүдә аўыр дәрт еди. Таң азаннан баслап және Ҳәбибназар жаршының ҳаўазы Қоңыратты ләрзеге келтире баслады:

— Ҳәй, ҳәй адамлар!
Таўда өскен бадамлар!
Еситпедим демеңлер!

Сайд Муҳаммед хан ҳәзиретлери бүгиннен баслап, халық арасына бес тилладан салық салды. Төлемегенлердиң өзи өлимдар, малы патшалық болады!



— Ҳә, тилин кессең!—дейди жайдақ ешекке минип баратырған бир дийқан.

Оның сөзин екинши дийқан қуўатламады.

— Неге? Тили кесилгенде Қоңыратқа жаршы қурый ма? Және биреўине бақыртады да. Оның орнына соны айтқызып турған патшаның тилин кесиў керек.

Дийқан «миршаблардан биреўи еситип қоймады ма» дегендей жән-жағына алаңлап қарады.

— Әне достым, сен де тәўир екенсең, ешегиң бар. Ал мениң енди салық ушын геллемди алмаса басқа ҳеш нәрсем жоқ.

— Кәмбағалдың күни қурысын,- деди екиншиси.— Егер гөрге апарып тирилей тықса да налымас едим. Бирақ бала-шағаларым бар. Олардың күни не кешеди? Билмей ақылым ҳайран болып тур.

Усыннан еки күннен кейин пүткил Қоңыраттың иши ызық-ызық болып кетти. «Хан салығы» деген ат пенен елди талаўшылық ҳәўижге минген еди.

Песин ўақтында миршаблар алты нөкер менен Қудайбергенниң үйине де бастырып кирди. Белгили уста болғаны ушын Қудайбергенниң аўҳалы басқаларға қарағанда тәўир еди. Лекин бир ҳәпте бурын бул жерде де аянышлы ўақыя жүз берди. Суўға баратырған Бийбижамалды жолдан өтип баратырған хан нөкерлериниң бири қушақламақшы болады. Бийбижамал қашады. Сөйтип жүрип суў қабағын сындырып алады. Ашыўланған нөкер қыздың изинен қалмайды. Үйине киятырған Қудайберген бул ўақыяның үстинен шығады да нөкер менен алысады. Кеште Қудайбергенди нөкерлер үйинен тутып алып кетеди. Өтебийке үйиндеги бар мүлкин сатып, сардарға елиў тилла ақша берип, баласын қутқарып алған еди. Ҳәзир болса бул үйде еки тиллаға арзыйтуғындай зат қалмады. Соның ушын да ол:

— Бала жумыста шырақларым, үйде арзыйтуғын ҳеш нәрсе жоқ,—деп ғана айта алды.

Бирақ миршаблар бул сөзди тыңламады. Үйдеги ҳәмме нәрсени аўдар-төңкер етип көрди. Ең соңынан бир миршабтың көзи Бийбижамалға түсти де:

— Неге жоқ? Мине мына қыз нағыз ханның ҳәремин безейтуғын гөззал емес пе? Хан ҳәзиретлери қәлемесе Гүрленге апарып бес тилла емес, жүз тиллаға сатып жиберемен, тоқсан бес тилласы өзиме пайдаға қалады.

Алып шығың!—деди аш қасқырдай анталап турған нөкерлерге.

— Тиймең қызыма! Ол Әжинияз шайырдың қалынлығы. Ертеңге шекем, қалдырың баламды, берекет табың. Мен сизлерге керек тилланы таўып беремен?—деп жалынды, кемпир.

Бирақ миршабтың бир тепкисинен-ақ ол еси аўып жығылған еди. Бийбижамалдың өз тәғдирине қорлығы келгенлиги соншелли пүткиллей сести шықпай қалды.

Қудайберген кеште жумыстан келгенде өз көзине өзи исенбеди. Үйдиң иши сондай былғасып кеткен, сынбаған нәрсе қалмапты. Төрде ыңырсып атырған анасын көрди де, оған бир кесе суў берди.

— Қурыдық балам! Миршаблар Бийбижамалды алып кетти.

— Неге?

— Бес тилла салық бериўимиз керек екен. Үйден хеш нәрсе шықпады. Кейин Бийбижамалды алып кетти. Биресе ханның... Биресе сатып пулын салығыңа өткиземен дейди. Түсинбедим.

— Әх, опасыз дүнья! — Қудайберген өз мушын өзи кемирер еди.

Ана, бала әдеўир үнсиз отырды. Соңынан Қудайберген орнынан турды да:

— Мен кеттим апа, өзиңе ықтыят бол,—деди.

— Қаяққа?

— Әжинияз ағаны көриўим керек.

— Дурыс ислейсең балам. Әжиниязжанның буннан хабары жоқ. Елде абырайы бар жигит, мүмкин алып қалар.

Ендиги үмити тек Әжиниязда ғана болған Қудайберген үндеместен есиктен шығып кетти.

## 3

Әжинияздың аўылы Қоңыраттың арқа бетиндеги «Қыят жарған»ның сағасында еди. Қыят пенен ашамайлылар биригип отырған бир шоқ аўыл. «Қыят жарған»ға суў түскеннен баслап; бул аўылға берекет дарыды. Жеринде — егин, суўында — балық. Аўыл арасына хәр қыйлы тереклер егип тасланғаны ушын узақтан думандай болып нурланып көринеди. Қоңыратқа



қаўын, асқабақ, мийўе, дән, балық алып келип базарды қыздыратуғын да усы жақтың дийқанлары.

Қудайберген бурын бул жаққа шығып көрмесе де, жүрегин ыза кернегенликтен алды түн болса да тезден усы аўылға жетип алыўды өз алдына мақсет етип қойды.

Күн әллеқашан батып, әтирапты қараңғылық қаплаған еди. Аспанда сан-санақсыз жулдызлар жымыңлайды, Бәлки жақын ўақытта ай да шығып қалыўы мүмкин.

Қудайберген арба жолдың ғырра ортасында ентелеп жүрип киятыр. Ақшам жүргеннен кейин жол әдеўир қорқынышлы. Қоңырат әтирапының хәммеси сыңсыған тоғай. Шағаллар аўыл ийтлерине араласып, күнде биреўди қасқыр талап, биреўди доңыз жарып атырған мүсийбетли ўақытлар еди. Таңды күтип отырыўға пурсат жоқ. Таласып емшек емискен қарындасы Бийбижамал усындай аўхалға түскенде Қудайбергенде тынышлық болар ма еди. Бойын ыза кернеген жигит бул қорлыққа шыдап отыра алмады. Қолында бир кеспелтектен басқа қуралы болмаса да ашыўға буўлығып киятыр. Ийнине жаўған шекпени терлеп аўырласқаннан кейин ғана қолына алды. Шаршады ма, шөлледи ме сезбей киятыр. Анда-санда тоғай иши патырлап кеткенде ғана мойнын созып қарайды. Бул әлбетте доңызлар падасы болыўы керек. Оның менен Қудайбергенниң иси жоқ. Тек Әжиниязды ғана ойлап киятыр. Ол Әжинияз бенен былтыр танысып еди. Ақыл парасатлы жигит. Сөзге шешен, жас болса да көп нәрсени биледи. Адамгершилиги де бөлек екен. Енди Бийбижамалдың бахты ашылатуғын болды, деп ойлап жүрген еди. Тәғдирдиң қырсығына қара. Изи бундай болады деп ким ойлаған. Қудайберген менен Бийбижамал егиз қозыдай болып, бир-бирине еркелеп өскен еди. Соның ушын да усы ўақытқа шекем бир-бириниң зейнине тиймеди. Усыларды ойлаған ўақтында ол ериксиз жылағысы да келип кетти. Не шара, изи усылай болып қалды. Тәғдирге тән берип, қол қаўсырып отырғаннан да пайда жоқ.

Түн ярым ақшамнан аўған еди. Бирақ еле тоғайдың да, жолдың да кейни таўсылар емес. Қудайберген шаршағанын сезди. Аяқлары тайғанап, гейде сүрнигип, жығылып барып қалған ўақытлары көбирек ушыраса берди. «Не бәле, жолдың гедир-будыры көб[illegible] ме? Я өзим



Библиотека
Инв № 25224
КР

шаршадым ба екен? Бундай ўақытта адамға уйқы да душпан. Көзи жумылып, ашылмай киятыр Азмаз көз илиндирип алсамбекен? Жоқ, онда қасқырға жем болыўым мүмкин. Не болса да жүриўим керек. Қалай болмасын жолды даўам етиўим керек. Қудайберген делбе болған адамдай усы тақылетте тентиреклеп жолдың ол жағына бир, бул жағына бир шығып келе берди.

Түнги тәбияттың да өз алдына сыры бар. Қалың тоғай тап уйқыда жатырғандай мүлгип турған менен де, оның арасындағы жанлы мақлуқатлардың көпшилиги ҳәрекетте болады. Шегиртке шырылдайды, қус пытырлайды, шағал улыйды, қулласы бунық ҳәммеси түнги тәбият сазы. Оннан үлкен, адамзат ушын қәўипли тәрепи де бар. Қасқыр улып, жолбарыс ақырды бар ма, онда бундай ақшамда жападан жалғыз жүрген адамның өз иймапын өзи үйириўден басқа илажы жоқ. Ҳәзиринше ондай ҳәрекет болмағаннан кейин Қудайберген тәғдирине мың шүкир етип киятыр.

Тоғайда дәслепки болған адамға шегирткениң шытырлысының өзи-ақ үлкен тәсир жасайды. Қудайбергенге дәслеп бул да қорқынышлы сес болғаны менен, соңынан қулағы үйренип кетти. Ҳәзир ол ҳәтте патырлап қашқан падалыға да дыққат аўдармас еди. Оны тек бир нәрсе қыйнап киятыр. Ол да болса тезден мәнзилине жетиў. Ол тап бир шуқанаққа түсип кетиўден қәўипсинген адамдай, жети-сегиз адым атқаннан кейин ғана көзин ашып алдына бир қарап алар, және көзин жумыўы менен жети-сегиз адым атлар еди. Уйқы басып киятыр. Атлардың дойнағы менен езилип, тақыр болып қалған арба жолдың ортасы, оның бағдарлаўшы жолы еди. Гейде узақ жол жүрип шаршаған оның аяғы өз бағдарына бойсынбас, бундай жағдайда ат туяғы менен арба дөңгелеги изи арасындағы ажырықларға соқлығып сүринигетуғын еди. Усы сапары да тап сондай болды. Ажырыққа сүринип кетип көзин ашты. Көзин ашты да, және жумды, және ашты. Түсиме, оңы ма көз алдында еки шүтик шыра көринип кеткендей болды. Жин бе, шайтан ба? Бул не өзи? Аўыл болғанда ийтлер үрген болар еди. Және бул шыра арба жолдың ғырра ортасында турыпты. Көзинен уйқы бирден қашып, жол үстинде ҳайран болып турып қалды. Соның арасында еки шыра жолдың ернегине тайсалып кеткендей болды. Енди арба жолда ҳеш нәрсе көринбеди. Сирә мени мәмелек айландырып турған жоқ па екен?—деди өзинше. Соның арасынша шыра тайсалған жерден бирден қасқыр улый баслады. Қасқыр улыды ма, ол жерден аман шығыў қыйын. Қудайбергенниң денеси бирден қалтырап кеткен еди. Дәслеп бир қасқыр улыған болса енди төрт-бесеўи бирден улый баслаған еди. Арба жолда шыралар саны көбейе баслағандай болды. Қоңыраттан басқа сыртқа шығып көрмеген жас жигит, түнде қасқырдың көзи шырадай жанатуғынын қаяқтан билсин? «Жәрдем бериңлер!» — деп бақырыўға жақын жерде адам бендеси жоқ. Оның үстине түн. Солай болса да жигит әжел тырнағынан қутылыў жолын излей баслаған еди. Қаншама ойлағаны менен жол шетинде өскен ғарры торańғылдан басқа пана боларлықтай ҳеш нәрсе таппады. Қудайберген шаққанлық пенен торańғылға өрмелеўге киристи. Қуслар патырлап уша баслады. Өз жемтигине тасланған қасқырлар торańғыл түбине келип қалған еди. Олар өзлериниң торańғылға мине алмайтуғынлығын билди, әлбетте. Бирақ өзлеринше бир кәрамат көрсеткиси келип, жерди тырнап, аспанға топырақ шаша баслады. Тоғай арасы бир дүбелей болды дейсең, тап қыямет қайым болып қалған сыяқлы еди. Демниң арасында тоғай да, жулдыз да көринбейтуғын дәрежеде аспанды қараңғылық қаплады. Қудайберген торańғылдың әдеўир бийик жерине өрмелеп, бир үлкен шақаға беккем асылып алған еди. Ол дәслеп бул «қасқырлардың өзиниң аўынан айрылғанына ашыўы келип айбат шегип атырғаны шығар» деп ойлаған еди. Жоқ, арадан әдеўир ўақыт өтсе де, қасқырлар топырақ шашыўды тоқтататуғын емес. Енди олар топырақты аспанға шашқанды пайдасыз көрди ме, тырнақлары менен торańғылдың түбин қаза баслады. Қудайберген төменде тап қәндек қазылғандай топырақ үйимин көрип қорқып кетти. Расында да қасқырлардың бул қазыўы болса, торańғылды узаққа қалдыратуғын түри жоқ. Енди не қылсам екен? Оның көз алдына ғәрип анасы елеслей баслаған еди. «Усыннан мен қасқырға жем болып, Бийбижамал басқыншылар қолында кетсе, сорлы анамның күни қалай болар екен? Қудай сақласын!»— деди өзинше және бул пикиринен қайтып.

Бозарып таң ата баслады. Қудайберген енди атып киятырған таңға үлкен үмит пенен қарады. Ал, төмен-

де болса «Ханжаптың қазыўы» қазылып атыр. Ҳеш дем алайын демейди бул үйи күйгирлер!

Соның арасынша торańғыл теңселди. Енди өмирден үмит күтиў пайдасыз. Өлими алдынан бир тойып жылап алмақшы еди, бирақ көзине жас келмеди. Шамасы қасқырлар торańғылдың ең жуўан тамырын үзе алмай атыр. Әне кетти... Жоқ, бир майдан болса да, еле өмирим бар екен. Торańғыл теңселип барып және кейинге қайтты. Әне кетти... Яқ, еле де жасайман, Қудайберген торańғыл шақасын қатты услады. Кеминде бир екеўиңизди алып өлемен! Енди торańғыл бурынғыдай шайқалған жоқ. Ол арба жолға қарай аўып баратырған сыяқлы еди. Дәслеп тигис сөтилгендей әсте пытыр-пытыр сес шығарды. Соңынан «шыйық» етип, арба жолға қарай қулады. Ўақыяның таң қаларлық жери сол, торańғылдың Қудайберген минип отырған ушы, жолдың шетиндеги екинши торańғылға илинип қалған еди. Жанын жаббарға берип отырған жигиттиң көзинде үмит ушқыны «жарқ» етти де екинши торańғылға өрмелей баслады.

Қасқырлар және қутырынып кеткен еди. Бирақ бурынғыдай ҳәрекет жоқ. Талықсып шаршағанлығы билинеди. Қудайберген қасқырлардың бул торańғылды да аўдарып таслаўына гүманы қалмады. Бунық әтирапының ҳәммеси жас жигилдиклер болып, қай жағына қуласа да аман қалмайтуғынына көзи жеткен еди. Не деген менен күн шығып киятыр. Жигиттиң барлық үмити тек жолда ғана болып тур. Қудайбергенниң ойлағанындай-ақ болды. Көп кешикпей жолда дүсирлеген ат туяқларының сести еситилди. Қасқырлар қаша баслады. Арадан аз ўақыт өтпей-ақ селкилдек шөгирме кийген бес-алты атлы жетип келди. Олар дәслеп жолға жығылған үлкен торańғылды көрип «тоқсаўыл ма, бул не?» — деп ҳаўлығысып қалды. Усы ўақытта:

— Әғайинлер! Жәрдем бериңлер! — деп торańғылдан түсип атырған Қудайбергенди көрди.

— Кимсең өзиң?

— Қоңыраттан киятырған Қудайберген деген жигитпен.

— Қаяққа баратырсаң?

— Қыят аўылына.

— Торańғылдың басында не қылып жүрсең?



— Қасқыр қамалады аға, көрип турсызлар ғой, сизлер болмағанда мен бул дүньяда жоқ едим.

— Өй-буў, қыйын болған екен иним, — деди ишиндеги жас үлкени. — Бизлер де қыят аўылының жигитлеримиз, тойдан киятырмыз. Онда келе ғой иним, жетекке алып киятырған еки атымыз да бар. — Шамасы булар тойда байраққа ат жиберген болыўы керек. Атлары түркмени еди.

— Бир жас жигит жетектеги атының дизгинин Қудайбергенге берип атырған еди, жас үлкенлеў биреўи оны тоқтатты.

— Оспан, сен өзиңниң атыңды мына жигитке бермесең болмас.

— Неге?

— Неге болар еди? Қасқыр қаслық етсе жаман болады. Бир олжаға сошелли күш сарыплаған жыртқыш және айланып шаппаса болар еди, деген гүманым бар. Аңқылдаған ақ көкирек бир бала екен. Бийкарға зая болмасын. Сениң көгиң не деген менен тухым ат. Ҳәр қандай жағдайда да баланы қәўиптен қутқарып қалыўы мүмкин. Ал өзиң болсаң аңшы жигитсең ғой, ретин таўарсаң.

Жигит дәрҳал аттан түсип, жүўенин Қудайбергенге усынды.

— Тез минип ала ғой достым, нағыз тулпар ат.

Бул атлардың қайсысы тулпар, қайсысы қыршаңқы, онысына Қудайберген ҳеш бир мәни берген жоқ. Бурыннан соңғы ат минип жүрмегенликтен, «әй, аяқ суўытқандай болса болар», деди де жаңағы көк атқа минип, жигитлерге қосылып кетти.

Қудайбергенниң бул жигитлердиң жақсылығына әбден кеўли толды ма, яки өзи жас киши болғаннан кейин басқаларға әдеплилик көрсеткиси келди ме, қуласы жигитлердиң ҳеш биреўинен озғысы келмей кейинлей берди. Астында қашса қутылғандай бедеў ат пайда болғаннан кейин, ол барлық тәшўишлерди умытқан еди. Ат әстен киятырған еди. Бир ўақытлары өзинен-өзи оқыранып, бир-еки сәделегендей болып еди, Қудайберген өзиниң әллеқандай қумлықлаў жерге желкесинен «торс» етип түскенин-ақ сезип қалды. Буннан хабардар болған жигитлер де ат шаўысып келди. Сол ўа-

қытта ол көк аттың да өзиниң қасынан кетпей турғанын көрди.

— Не болды, иним?

— Билмедим, аттан жығылсам керек.

Қудайберген не ҳәдийсе болғанын өзи де билиңкиремей, жүресине отырып, өйер-бүйерин услап көрип атыр. Бәри де аман.

— О, мәселе қайда?—деди шетирекке шығып алған Оспан. — Пышағың барма Жумамурат аға, көк ат көкжалдың ишин апарыпты го. Қасқыр дегенде өшегиссе жаман болады екен-аў...

Қудайберген жығылған жерден онлаған қәдем арағырақта тислери ақшыйған бир көкжал қасқыр жатыр. Ол жигитке ҳәмле қылмақшы болып турған ўақытта ат сезип, қос дойнақ пенен бир тепкен екен. Хаңнан қәперсиз, ердиң үстинде киятырған Қудайберген соның епкини менен телпектей ушып кетипти.

Жигитлер жабырласып, қасқырдың терисин сылып алды.

— Енди болды, бул дүньяда барлық душпанларыңды жеңе бересең,—деди қайтадан атқа минип атырған Жумамурат аға.

## 4

Қыят аўылы тоғайдың қубла еңсесинде еди. «Қыят жарған» қазылғаннан соң бурын қаңырап атырған боз жер суў ишти де өзиниң сақыйлығын аямады. Ылайдан салынған жай, торсыйып-торсыйып көринген ақ отаўлар жақында ғана егилген ақ терек пенен қара тал нәлшелерине көмилип, тап ала бәҳәрден басланып, тоғайдың арасында қалғандай көринбей кететуғын еди. Бирақ бул жерлердиң тоғайдан сәни басқаша, аўыл арасында ойнап жүрген балалар, ат суўғарыў ушын «Қыят жарған»нын бойына шыққан жигитлер, жеңгесин ортаға алып өңирине жуўдырлаған ҳәйкел, өнир моншақлар тағып алған қызлар топары өтип, нан жабыўға шыққан ҳаяллар, өриске шыққан падашылар, қулласы көпшилик аўыл ишин шаўқым-сүренлерге толтырып жиберетуғын еди.

Бул аўылдың ҳәр бир есигине «мынаў бай,» «мынаў жарлы» деп жазып қоймаса да жолдан өтип баратырған



ҳәр қандай жолаўшы баҳа берерлик өзгешеликке ийе. Үлкен дийўаллар менен қоршалған ылай там, оның алдында үш-төрт отаў тигилген, оның арғы жағы қыр дөгереги қалың тереклер менен сығасқан ҳәўиз, ҳәўиздиң алдында төрт-бес отаў ағараңлап көринеди, арғы жағы бағ-бағшалы ҳәрем, ҳәремниң сыртында қамыс қақыралар менен, бақаны қыйсайып кеткен шертеклерге көзиңиз түседи. Бул усы ҳәўлиниң ийесиниң дийқанларының баспанасы екенлиги сезилип турады. Ал, үй ийеси болса әлбетте бий болыўы итимал. Бир ҳәўлиге онлаған отаў тиктириў тек бийдиң ғана қолынан келеди. Және бир жерде усыған усас ҳәўли ушырасқаны менен көлеми әдеўир киши, есик алдына тигилген отаўы екиүшеўден аспайды. Бул бий болмаған менен байдың үйи болса керек деп шамалайсаң. Ал айырымлары кишкене ғана жай салған, алдында жалғыз ғана қара үйи, қапталында мал қорасы бар. Булар әлбетте орта ҳал адамлар.

Әжинияз усы аўылда туўылған еди. «Болар бала бес жасынан белгили» дегендей-ақ таланты жаслайынан сезилди. «Баламды оқытып, улама етип шығараман» деп жүрген Қосыбай қайтыс болып, жүйрик қырғый мәнзилине асыққанда қанатынан қайрылып, жалғыз бала жары жолда жетим қалып жеккеленип қалған еди. Не деген менен бала өз гөзлеген мақсетинен қайтпады. Басқа талапқа илинсем оқыўдың ушын жоғалтып аларман деген нийет пенен Елмурат ахунға күнликши болып жалланған еди.

Бул кисиниң үйинде диний китаплар менен бир қатарда Саадийдиң «Гүлистаны» менен Наўайының «Ҳамса»сы сақланады. Әжинияз кеште отыннан келгеннен кейин, шыраның жарығында усы китапларды оқыў менен бәнт болар еди. Не деген менен «Гүмис теңге аяқ астында қалмас» екен, арадан бир жыл өткеннен кейин Әжинияздың Хийўа медресесине барып оқыўына мүмкиншилик туўылды.

— Хийўадан мырза басы келипти, оқыўға бала алатуғын усайды,—деп ҳәмме жуўырыўы менен Елмурат ахунның ҳәўлисине келе баслады.

Әжинияз да отын тийелген арбаны тезден туўарып, аламан жыйналған жерге жетип келди. Мырзабасы

қырқ жаслардан енди ғана өтип жүрген, басына ақ сәлле ораған қара муртлы, сулыўшық жигит екен.

— Әпиў етиң ҳәзиретим,—деди ол Елмурат ахунға жүзленип. Өткен жылы қарақалпақ ҳәм түркменлерден жыйнап кеткен балаларымыз жарамсыз болып шықты. Каламулланы оқый алмады. Бул демек медреседе оқыўына уқыбы жоқ деген сөз. Соның ушын да быйыл бул жерлерге өзим келиўге мәжбүр болдым. Жақсысы, усы жерде сынап көремиз. Ҳәзиринше мениң дизимиме үш баланың исми-шәриплери жазылған. Садық улы Юсуп, Қутлымурат улы Жуманияз, Сейтжан улы Ҳәбийбулла.

Бул үш бала да усы жердеги атақлы үш байдың улы еди, ғаўырлы басланып кетти.

— Айтпадым ба, тек байлардың балларын алады?!

— Жарлыға оқыў қайда? Орағыңды орып, жармаңды ишип, қарныңды тыр-тыр қасып жүре бер-дә!

— Егер Садықтың гешшесин оқытатуғын болса, Хийўаның моллалары да гешше болып кетер, — дев адамлар ғаўырласып кетти.

Соның арасында ғаўырлы бирқанша тынышланған болды.

— Ўақтымыз зық, қәне баслаймыз, — деди Мырза-басы, қолындағы әллеқандай бир китапты оң жағынан ашып. Дәслеп Садықтың баласын шақырды.

— Қәне оқы, балам.

Юсуп китапқа үңилип, аң-таң болды да қалды.

— Оқый алмадым, тақсыр. Китап екинши ҳәм үшинши балаларға узатылды. Олар да оқый алмады. Мырза басы бурыштай қызарып кетти.

— Бул бир хусни хат емес. Тасқа басылған китап. Усыны оқый алмасаңыз, билмедим сизлерден қандай молла шығады? — Ол сол турысында узақ ойланып қалды. Араларында китап оқыўға талапкерлер бар ма? Егер жақсы оқыйтуғын болсаңыз Хийўада оқытамыз.

— Мен оқып көрейин, — деди Әжинияз алдыңға талпынып.

Мырза басы Әжинияздың кир-кир болып кеткен кийимлерине көзи түсти де, оған китапты «берсем бе екен, яки бермесем бе екен» — деп ойланып қалды. Әжинияз сол мәҳәли мәселениң неде екенлигин байқады да Жәмийден бир бәйит оқып жиберди:



Өнердиң ҳеш уяты жоқ, ҳәтте қулдан да тәлим ал.
Патшалар тас жона алмайды, тасты жонар кәмбағал.

Бул бәйитти Жәмий диўанынан келтирдим, тақсыр, — деди ол мырза алдында бас ийип. Шынында да мырза басы бул шексиз саҳрада Жәмийди әпиўайы дийхан түўе уламалар да билмесе керек, деген пикирге келген еди. Әжинияздан бул уллы бәйитти еситкеннен кейин кеўли ашылып кетти.

—Бәракалла улым, оқы!

Өзине жумбақ болып турған китап Саадийдиң «Гүлистаны» болып Әжинияз оны талай сапар оқыған еди. Ҳәтте көп жерлерин ядтан билетуғын еди. Соның ушын да ол китапты ҳеш қыйналмастан оқый баслады.

— Бәракалла, сени медресеге қабыл еттик улым.

Усы ўақытта ғана қамшысы ойнап турған Садық бий тилге кирди.

— Бул жалаң аяқ жетимди оқытқаннан хан қандай пайда көреди? Бурыннан соңғы дәстүр бойынша Хийўада оқыйтуғын адам жүз тилладан артық пул төлеўи зәрүр. Бул баланың үйинде бир ешкиден басқа малы болмаса. — Бул сөзлерге байлар топары мәс болып, ишек-силеси қатып күлисти.

— Қулласы, мени кешириң мырза басы, — деди сөзин ныҳлап Садық бий, сиз гилкий жалаң аяқлардың балларын оқыўға таңлап, ханлықты дараматтан маҳрум етип атырсыз.

Бул сөзлерди еситкен Мырза басының жүзинде қан қалмай қорқып кетти.

— Улыўма мен тек баланың зийреклигин айтып атырман. Пул төлеўге қурбы жетпесе, әлбетте, қабыл ете алмаймыз, — деди. Усыннан кейин барып, Садық бийдиң кеўли орнына түскендей болды.

Бул сөзди аламанның ортасында турған Әжинияздың дайысы Сейитнияз да еситкен еди.

— Неге қурбы жетпейди екен? Мениң үш сыйырымның екеўин алсын. Ҳәй, Нурымбет! — деди артында турған әллекимди шақырып. — «Ер мойнында қыл арқан ширимейди» деген. Өлейин деп отырған күниң жоқ. Төрт сыйырың бар. Бер екеўин еншиге Әжиниязға! Ҳәй, Жақсыбайға! Сен де Қосыбайдың еки атаға бармаған инисисең. Баланың бахты ашылған ўақтында жөтелип қалсаң-о? Ҳаў, бизлер-ғой, болса сақыўға болсын деп,

ала гегирдек болып атырмыз. Сеники не турыс?—деди.

Әжиниязға буннан басқа да мал инам етиўшилер көбейип кетти. Усылайынша ел-халық болып Хийуаға атландырылған Әжинияз жақында ғана оқыўын питкерип келген еди.

Әжиниязлар еле жай салып үлгермеген. «Қыят жарған» ның бойында әкесинен қалған гөне отаўды тигип, анасы Нәзийра, қарындасы Ҳүрзада, иниси Абдуллалар менен бирге төртеўи туратуғын еди.

Неге екенлиги белгисиз, үш-төрт күннен бери Әжинияздың мәниси жоқ. Ҳәр қыйлы түс көрип уйықлай алмайтуғын бәлеге ушырады. Көзи илинсе болды, биреў Бийбижамалдың шашынан услап тартып баратырғандай болады да, оның «Әжинияз мени қутқар» деген емески сеслери еситиле береди. Көзин ашып қараса, үйдиң иши тып-тыныш, көзин жумса, сол баяғы аўҳал.

Бүгин қосық жазбақшы еди. Усындай болып отырған адамның кеўлине қосық қона ма? Сыя-сайманын жыйнастырып, қайтадан Ҳафызды оқыды. Бул да болмады. «Енди не қылсам екен?» деп қыялға берилип отырған ўақтында есиктен Қудайберген кирип келди. Оның уйқысызлықтан ишине кирип кеткен көзлери, Әжиниязды қыйнаған түнлердиң себебин сездирген сыяқлы еди.

Әжинияз орнынан ушып турды.

— Аманлық па, Қудайберген аға?

— Аманлық, бирақ хан нөкерлери Бийбижамалды алып кетти.

— Неге?

— Үйден хан салығына пул табылмаған. Соңынан, салық пул орнына Бийбижамалды алып кетемиз депти. Миршабтың сөзлери әрре-тәрре. Биринде салық ушын алдық десе, биринде хан ҳәреми ушын керек, — деп айтады дейди.

— Кеўлим сезип турып еди-аў. Илайым хан ҳәреми ушын болмағай. Егер салық ушын болса, нобайырақ пул берип алып қалар едик. Қашан болды,бул ҳәдийсе?

— Кеше, песинде.

— Сен әдеўир шаршапсаң. Шай-суў ишип ал, мен сыртқа шығып атлардың ер-турманын ғамластырайын.

Булар және түн ишинде жүриўге мәжбүр болды.



Бирақ атлары пәтли еди. Соның ушын да әдеўир жеделленип песин ўақтында қалаға келип кирди. Бийбижамал Қоңыратта жоқ екен. Хан миршаблары бир неше сулыў қызды арбалы Хийўаға алып кетипти. Екеўи асығыс Қудайбергенниң үйинде түсленди де Хийўа жолына қарай тартты. Қоңыраттан Жумамуратты изине ертип алған Әжинияз бенен Қудайберген атларын ақ көбик қылып жол жүрип шаршап ҳалдан тайған ҳалында ертеңине күн арқан бойы көтерилген ўақытта қызлар тийелген арбаны Қарабайлыда қуўып жетти.

Еки арба жигирмалаған нөкерлер қоршаўында баратырған еди.

Денеси ири болса да өзи қәўпеки Жуманияз жүзбасы саўыт сайманға малынып, өзин әллеқандай бир сәркарда сыяқлы көрсетип, арбадан он қәдемдей алдында жийрен аттың үстинде ҳоппыйып киятырған еди. Бул жерлердиң ҳәммеси Қоңыратқа қарайтуғын болғаны ушын қәўипсиз. Соның ушын да, ол атлары ақ көбик болған бул үш атлының жүзбасыда жумысы бар екенлигин ойлап та көрген жоқ.

Атлары озыңқырап барып, үшеўи бирден жүзбасыға сәлем берди.

— Ассалаўма әлейкум.

— Уәлейкум ассалам.

Жүзбасы Жумамурат пенен Қудайбергенди менсинбегени менен, Әжинияздың әдеўир оқымыслы адам екенлигин сезип, атының жылаўын тартты.

— Хызмет тақсыр?

—Билесиз бе, биз жоқта қарындасымызды миршаблар «хан салығы ушын», — деп алып кеткен. Ҳәзир бизден бес теңге емес, елиў теңге алып қарындасымызды қайтып берсеңиз.

Әжинияз Қудайбергенниң алдында Бийбижамалды қалыңлығым деп айтыўға уялып, «қарындасым» деп уқтырған еди. Ол жүзбасы: елли теңгени аз көрер деп ойлады ма, — өтинемен жүзбасы аға, үш атымызды да алып қалың, - деп жалынды. Жүзбасы: «қандай адам болғанда да ханға инам етилген қызларды сорай алмаса керек,» — деген пикирде еди. Соның ушын да ол бирден ашыўланды.

— Өзиңниң есиң бар ма иним? Булар ханға инам етилген қызлар. Сениң елли теңге пулың менен қыр-

ала гегирдек болып атырмыз. Сеники не турыс?—деди.

Әжиниязға буннан басқа да мал инам етиўшилер көбейип кетти. Усылайынша ел-халық болып Хийуаға атландырылған Әжинияз жақында ғана оқыўын питкерип келген еди.

Әжиниязлар еле жай салып үлгермеген. «Қыят жарған» ның бойында әкесинен қалған гөне отаўды тигип, анасы Нәзийра, қарындасы Хүрзада, иниси Абдуллалар менен бирге төртеўи туратуғын еди.

Неге екенлиги белгисиз, үш-төрт күннен бери Әжинияздың мәниси жоқ. Хәр қыйлы түс көрип уйықлай алмайтуғын бәлеге ушырады. Көзи илинсе болды, биреў Бийбижамалдың шашынан услап тартып баратырғандай болады да, оның «Әжинияз мени қутқар» деген емески сеслери еситиле береди. Көзин ашып қараса, үйдиң иши тып-тыныш, көзин жумса, сол баяғы аўхал.

Бүгин қосық жазбақшы еди. Усындай болып отырған адамның кеўлине қосық қона ма? Сыя-сайманын жыйнастырып, қайтадан Хафызды оқыды. Бул да болмады. «Енди не қылсам екен?» деп қыялға берилип отырған ўақтында есиктен Қудайберген кирип келди. Оның уйқысызлықтан ишине кирип кеткен көзлери, Әжиниязды қыйнаған түнлердиң себебин сездирген сыяқлы еди.

Әжинияз орнынан ушып турды.

— Аманлық па, Қудайберген аға?

— Аманлық, бирақ хан нөкерлери Бийбижамалды алып кетти.

— Неге?

— Үйден хан салығына пул табылмаған. Соңынан, салық пул орнына Бийбижамалды алып кетемиз депти. Миршабтың сөзлери әрре-тәрре. Биринде салық ушын алдық десе, биринде хан хәреми ушын керек, — деп айтады дейди.

— Кеўлим сезип турып еди-аў. Илайым хан хәреми ушын болмағай. Егер салық ушын болса, нобайырақ пул берип алып қалар едик. Қашан болды,бул хәдийсе?

— Кеше, песинде.

— Сен әдеўир шаршапсаң. Шай-суў ишип ал, мен сыртқа шығып атлардың ер-турманын ғамластырайын.

Булар және түн ишинде жүриўге мәжбүр болды.



Бирақ атлары пәтли еди. Соның ушын да әдеўир жеделленип песин ўақтында қалаға келип кирди. Бийбижамал Қоңыратта жоқ екен. Хан миршаблары бир неше сулыў қызды арбалы Хийўаға алып кетипти. Екеўи асығыс Қудайбергенниң үйинде түсленди де Хийўа жолына қарай тартты. Қоңыраттан Жумамуратты өзине ертип алған Әжинияз бенен Қудайберген атларын ақ көбик қылып жол жүрип шаршап ҳалдан тайған ҳалында ертеңине күн арқан бойы көтерилген ўақытта қызлар тийелген арбаны Қарабайлыда қуўып жетти.

Еки арба жигирмалаған нөкерлер қоршаўында баратырған еди.

Денеси ири болса да өзи қәўпеки Жуманияз жүзбасы саўыт сайманға малынып, өзин әллеқандай бир сәркарда сыяқлы көрсетип, арбадан он қәдемдей алдында жийрен аттың үстинде хоппыйып киятырған еди. Бул жерлердиң хәммеси Қоңыратқа қарайтуғын болғаны ушын қәўипсиз. Соның ушын да, ол атлары ақ көбик болған бул үш атлының жүзбасыда жумысы бар екенлигин ойлап та көрген жоқ.

Атлары озыңқырап барып, үшеўи бирден жүзбасыға сәлем берди.

— Ассалаўма әлейкум.

— Уәлейкум ассалам.

Жүзбасы Жумамурат пенен Қудайбергенди менсинбегени менен, Әжинияздың әдеўир оқымыслы адам екенлигин сезип, атының жылаўын тартты.

— Хызмет тақсыр?

—Билесиз бе, биз жоқта қарындасымызды миршаблар «хан салығы ушын», — деп алып кеткен. Хәзир бизден бес теңге емес, елиў теңге алып қарындасымызды қайтып берсеңиз.

Әжинияз Қудайбергенниң алдында Бийбижамалды қалыңлығым деп айтыўға уялып, «қарындасым» деп уқтырған еди. Ол жүзбасы: елли теңгени аз көрер деп ойлады ма, — өтинемен жүзбасы аға, үш атымызды да алып қалың, - деп жалынды. Жүзбасы: «қандай адам болғанда да ханға инам етилген қызларды сорай алмаса керек,» — деген пикирде еди. Соның ушын да ол бирден ашыўланды.

— Өзиңниң есиң бар ма иним? Булар ханға инам етилген қызлар. Сениң елли теңге пулың менен қыр-

шаңқы атыңды басыма урамаң ба? — деди тутлығып.
— Берекет табың аға, қалдырып кетиң.
— Жолдан шық! — деди ашыўға бүўлыққан Жумаякяз жүз басы. Әжинияз истиң насырға шапқанлығын сезди.

Енди бул дүньяда Бийбижамал оның ушын жоқ еди. Қалай-қалай заман болып кетти бул? Бийдиң баллары Гүлзийбаны зорлады. Хан болса Бийбижамалды қорламақшы. Енди бул дүньяда жасаў ушын қандай мақсетлер қалды.Гүрес! Өлим! Басқа ҳеш қандай жол таба алмай турман...

Усы ўақытта оның көзи жүзин жас жуўып кеткен Бийбижамалға түсти. Жигирмалаған жарақлы нөкерлер қоршаўында турған ол, тап қайраўдағы жалғыз ғазға усап көринер еди.

Әжинияз артық шыдай алмады. Оның көз алды қараңғыласып кетти де атын кес-кеслеп турған жүзбасыға қабатласты да көкирегине қол салып бирден аттан аўдарып жиберди.

— Жүзбасы жығылды! — деп ҳаўлыққан бир нөкер шаппаң атын айдап келди де Әжинияздың басына сойыл менен берип жиберди.

Ол есиниң аўып аттан қулап баратырғанын, Бийбижамалдың ашшы даўыс пенен бақырғанын, Қудайбергенниң екинши нөкерди сулайтып таслағанын емески ғана сезди.

Соңынан және есин билер-билмес ҳалда нөкерлердиң қатты бақырысып атырғанын еситти.
— Баўызлап тасла оны, тирилип кетеди.
—Есиң бар ма? Бул Әжинияз шайыр ғой.
— Әжинияз болса болады-дә!
— Гәпти қысқарт, егер өзиңниң қарындасың болғанда не қылар едиң. Ханның бес теңге инамы ушын ийт болып үрип, жазықсыз адамларды тислеп жүргениң жоқ па? Булар халықтың елшиси. Ханның қасқыры болғаның менен ел алдында айыплысаң,—деп кейиди әллеким.

Әжинияз буннан кейин және есинен талып қалды. Тек азанда ғана Қудайберген екеўиниң бир дийқанның үйинде өлимши ҳалында жатырғанын сезди. Жумамурат бул айқаста қайтыс болды.

Өмирдиң, теңсизлигинен налып, жолбарыстай ыңы-



рanған еки жигит ертеңине Қоңыратқа қайтыўға мәжбүр болған еди.

## 5

Қудайберген узақ ойланып қалды. «Атасына мың нәлет бундай өмирдиң. Хан да, бий де ҳәммеси бир гөр. Ҳәммеси елде дурыслы басшының жоқлығынан. Болмаса сорлы Бийбижамалдың не жазығы бар? Қарындасым Хийўа ханының қуўыршағына айланатуғын болса бул дүньяда жасап не қыламан? Я өлим, я өмир...» Жигит төсегинде және бир аўнап түсти. «Айтпақшы Қулман бий... Қутлымурат инақты өлтирейик деди ғой. Неге олай деди екен? Я мени сынамақшы ма? Яқ, оның да қызы Гүлхатийша хан ҳәремине кеткен жоқ па? Ыза сүйегине өткеннен кейин айтқаны бийшараның. Демек мениң де ханда қастым бар екенлигин сезеди. Муҳаммед Пана... Жаман адам емес-аў қалайда. Я, ол да бир қатыппаз биреўмекен? Әй, ягәй. Сөйтип, инақты өлтиремиз... Япырмай бала, өмиримше таўық сойыўдан қорқатуғын мен, Қутлымурат инақты өлтирсем-ә?! Оннан кейин . . . Оннан кейин өзимиздиң ханымыз болады. Ҳәр айда арбаны толтырып, ханға қыз апарып бермеймиз. Муҳаммед Пана әдил хан болады. Бизиң апама усаған кемпирлер жер тоқпақлап жылап отырмайды. Қулман бийдиң шешими дурыс. Қутлымурат инақты өлтиремиз... Тоқта, тоқта... Оннан кейин мениң ҳалым не болады? Ҳеш нәрсе болмайды. Мен ханның ең жақын адамы болып қаламан. Мени сарайға алып жүрсе? Қудай көрсетпесин. Биреўдиң алдында жети бүгилип жуўырып жүргенди жинннен бетер жаман көремен. Маған бир кепше менен пақса ылай болса болды. Дийўалға ийилсем де, ҳүжданcызлар алдында ийилмегеймен».

«Ертең өлтиремиз»,—деди ме? Неге буншама тезлетип жиберди. Ҳе, айтпақшы кешеги Бийбижамаллар менен Қулманның иниси Жуманның қызы да кеткен екен-аў. Бай-буў, бул Хийўа ханы деген Қоңыраттың қызларының басына шыққан бәле болды-аў. Және Хийўаға алып баратырған бир қапшық теңге бар. Қулман буннан да пайын туўрайжақ. Демек Қоңыратта ертең басқа хан болса, қызларды Ташаўызға жеткизбей-ақ нөкер жиберип алдырады. Сонда Бийбижамал да қайтады екен. Оның несине ойланып отыр-

ман? Маған инақ түўе хан өлгенде не?...» Қудайберген усыларды ойлап жатып уйықлап кетти.

Азанда уйқыдан турғанда өзин әдеўир женил сезди. Жуўынып ярым зағара менен асығыс шай иштиде талабына кетип қалды. Өтебийке кемпир болса еле орнынан турған жоқ. Қызының күйигине шыдамай үштөрт күннен бери сулық болып жатыр еди. Қудайберген кеште апасына шай қайнатып берип пәйик болған еди. Бүгин азан менен шайды мейли алмай отыр ма, орнынан турғысы келмеди.

Қаланың шетки дийўалларының бири қулап, Қудайберген ҳәм оның жәрдемшиси Сейтим ярым айдан бери оны питеў менен бәнт еди. Уста қарындасын излеп, үш күнге шекем жумысқа келмеди. Кеше миршаблар буны әдеўир излеп, таба алмағаннан кейин инақтың өзине айтыпты. Қутлымурат инақ:

— Тап, таң атса болар, ийт терисин бетине жаўаман!—деп қәҳәрге минип отырса керек.

— Мейли,—деди Қудайберген,—қайтама қамшы жумсаса тәўир болар еди. Ҳеш болмаса гүнасы өзинде қалады-ғой. Өзи тиймесе бирден өлтириў маған да аңсат емес.

Күн сәске болып қалған еди. Шығыс дәрўазадан бурылып, жортып киятырған еки атлының қарасы көрекени атларынан-ақ белгили болып турыпты. Дийўалдың қулаған жери болса қаладан әдеўир аўлақ та еди. Иш жағынан болса кәрўан тоқтайтуғын сейисхана салынған болып, дийўалды пүткиллей тосып турыпты. Сырт жағы қалың тоғайлықлар менен қапланған дығырық еди.

Инақ ҳәмме ўақыт миршаблар менен бирге айланатуғын еди. Бул сапары тек Қулман бий екеўи киятыр. Бул да бийдиң инаққа ислеген ҳийлеси.

Қутлымурат инақ жүдә ашыўлы. Соның ушын да гәпти бирден ашшы баслады.

— «Ийттиң басын табаққа салса шоршып түседи», дейтуғын еди. Ҳәй, жалаң аяқ! Енди қарның тоя баслады ма?

— Неге?

— Және, неге дейсең-ә, тили кесилгир, ҳәў үш күннен берли жоқсаң. Үлкен бир қаланың дийўалы ырақана-жырақана болып тура бере ме?



— Енди биз ийт болдық та, сиз адам болдыңыз ба?

Бундай сөзди еситип көрмеген инақтың бирден зеребеси қайнап, көзи тас төбесине шығып кетти. Қолындағы қамшы менен бир түсирмекши еди, ат гибиртиклеп, жақынламағаннан соң бирден жерге ырғып түсти де, жүўенди Қулман бийге берди. Жаңа миршабларды алып шықпағанына пушайман қылып: «Ийтке ийттиң өлими керек!»—деп бақырып киятырған ўағында Қудайберген ылай қамбадағы кетпенди қолына алды. Усы ўақытта оның көзи Қулман бийге түскен еди, ол «дурыс ислеп атырсаң» дегендей бир көзин қысып қойды.

Инақ, сирә уста мени кетпен менен урар, деп ойлаған жоқ. Солай болса да, ол қорыққанды ар көрди ме, қамшысын таўлап жақынлап қалған еди. Қудайберген усы пурсаттан пайдаланды да инақтың басына кетпен менен салып жиберди. Кетпен сондай ның тийди. Ири геўде сол мәҳәл сылқ етип қулады. Қалтырап турған Қулман инақты дәрҳал тирилип кететуғындай «және», «және» деп бақырды. Кетпен үшинши урылғанда инақтың басы пыт-шыт болып кетти.

Сасқалақлап қалған Қулман:

— Тоғайдың ишине көмиң!—деп бақырды да өзи қалаға қарай ат шаптырып кетти. Тоғай арасындағы бир ашық жерди терең етип қазып, инақты Сейтим көмип келди. Сейтим бул иске араласыўға дәслеп кеўли шаппаса да, Қулман бий оны көп ақша берип көндирген .

Қоңыраттың иши пүткиллей аласапыран болып кетти. Өрден-ыққа шапқан нөкерлер сеңдей соғысқан аламанды атына қақтырып өтип атыр. Қоңыратта Хийўа ханының аты менен ҳүким жүргизетуғын Мәтнияз жүзбасының қанға боялған денеси базар жай аўзында жатыр. Күн ыссы болғанлығы себепли ол азмаз ийисленейин деген. Сонда да ҳеш ким оның менен иси болмағандай, оның жанынан өтип кете берди. Оннан сәл аррағырақта бес алты хан нөкериниң денеси жатыр. Адамлар өз тәшиўишлери менен әўере. Ийинлерине қалта арқалап алған дийқанлар, шыпта, бойра көтерген ҳаяллар дизбеги базар дәрўазасына қарай ағылып баратыр. Ҳәр кимниң аўзында сыбыр-сыбыр сөз.

— Бүгин Қутлымурат инақты өлтирипти.

— Өлтирсе Қоңыратқа инақ қапыла ма? Және биреўи болады-дә.

— Инақ емес, хан сайлайтуғын қусайды. Қоңыратта өзимиздиң ханымыз болады.

— Не дейди?

Усының арасында және топар-топар нөкерлер өте баслады. Олар да Мәтнияз жүзбасының лашына қайрылып қарамады.

— Әй, сирә Хийўа ханының дәўлети қайтты-аў,— деди көшеде кисесинен насыбайын алып, тилиниң астына жиберген бир ғарры.—Аты қарақалпақта өлини ҳүрметлемеслик деген бәле жоқ еди. Айтпады демең,бул бир пәлекет, шырақларым. Ҳеш ким оның жазасын тартпаўға илажы жоқ.

Соның арасынша бир топар атлылар келип өликлерди жыйнады. Көшедеги халық ҳәкимшиликтиң кимлердиң қолына өткенин билмей әўере сарсаң, Хийўа ханының қолында дейин десе, барлық әмелдарлары көшеде өлип атыр. Ким-кимге бағыныўды билмейди. Ҳәтте нөкерлирдиң де өз-өзи урысып, қаза тапқанлары болды.

Ақыры намазлыгер ўақтында Ҳәбибназар жаршының қарлыққан ҳаўазы еситилип турды.

— Әй, адамлар! Таўда өскен бадамлар! Еситпедим демеңлер! Аҳли мусулман, ҳәзирети Султан, даналар данасы, уллы мәртебели Төре Султанның нәбийреси, Муҳаммед Пана ҳәзиретлери бүгиннен итибаран даңқлы Қоңырат улысының ханы, тажы тахт ийеси болып тайынланды. Қарақалпақ, өзбек, түркмен, қазақ, тамамы журт, Муҳаммед Пана ҳәзиретлериниң жылаўында болғай. Дүньядағы ең әдалатлы ханымызға шухрәт ҳәм даңқ болсын!—деп такирарламақта. Жаршының еки жағын жипек жоналы әреби атлар минген нөкерлер топары гүзетип келмекте.

Бүгин базар күни болғаннан соң Қоңыратта дәрўазлар, масқарапазлар ҳәм қуўыршақ ойынлары ҳәўижге минген. Бүгин узақ базар болса да азаннан басланған ғалаўыт қалаға үлкен тәсир жасады. Базар песинге қарай қызып, дәрўазлар кешке қарай ойын баслаған еди. Ҳәбибназар жаршының ҳаўазын еситип, булар да ойынды тоқтатты.

Базаршылар бул жаңалыққа еки түрли баҳа берер еди. Биреўлери:



— Өзимизден хан тиклеп, енди теңлик алатуғын жағына шығатуғын болған екенбиз,—десе екиншилери:

— Ақ ийт, көк ийт, бәри ийт-тә, дер еди. Ал ушиншиси:

— Аўҳал жақсы болмапты. Хийўа ханлығы неше мың жыллық ҳийлеге ийе. Оның үстине әскери көп. Сениң қарақалпағыңнан он ханлық дүзгенде оған шыбын шаққандай бола ма? Тек көп қан төгиледи. Бийгүна адамлар өледи. Халық: «Хан көп болса, жаў көп болады, бий көп болса, даў көп болады» деп бийкарға айтпаған. Геллемиз саў болса көремиз еле. «Ханжаптан» суў орнына қан ағып турады,—дейди есигиниң ыйығын нуқып баратырып.

## 6

Әжинияз аўыр жатарда Жыланлыға зордан жетип келген еди. Жаралары еле тәўир болмаған. Сонда да сақлықта қорлық жоқ. Өмиринде ушырасқан дәртине даўа болған опадар яры Бийбижамалдан ажыралып қалыўын қәлемейди. Хийўа сарайы жанып турған бир от болып, Бийбижамал отқа таслаңған бир буйым сыяқлы тезден жанып кетиўинен қорықсада, үмити еле үзилмеген.

«Хан соншама ҳаял алып қыздан қала салармеди. Патша болғаны менен де негизи адам ғой. Онда да диянат, жүрек бар шығар. Кеўил дәртлеримди төгип салсам жүреги жибип кетпесе екен?»—деген ойы бар. «Жудә болмаса Қутлымурат инақ медресесиндеги итибарлы мударрислеримниң биреўин араға салarman» деген пикиринде жоқ емес. «Әсиресе Хераттан келген Абдулла мударрис сақаўатлы адам еди. Аяғына барып бас урсам арзымды тыңлап хан алдына қәдем рәнжида қылмас па екен?

Қаралы хан жүзден аслам каниз сақлап не қылар еди. Алжыған патшаға ҳәр қыздың өзи бир кийип ылақтырып таслайтуғын көйлектей әндийшесиз. Ҳәремнен берилген инам да ол ушын бир көйлеклик бөз бергендей нәрсе. Не деген менен ығбалым жүрисип кетер» деп ойланады.

Жаралары еле питпепти. Мең-зең болған басы ат адымлаған сайын аўырсынып, шекеси шытнап киятыр. Көп жол жүргеннен кейин аңқасы кеўип, мазасызланып, кеўли еле алғаў-далғаў.

Жыланлы бурыннан қатнасып отыратуғын ел болмағаны ушын туўры барып түсетуғын үйи жоқ. Қай жерге барып түсиўин билмей ар-сар.

Атамурат хан бөлинип шыққаннан берли бул жердиң көпшилиги қарақшы болып кетти. Миймансысаң, мөминбисең бәри бир. Аттан аўдарып урады да барыжоғыңды сыпырып алады. Бирақ түркмен арасындағы бир жақсы әдет, елге араласқан мийманға тиймейди. Әжинияз түркменлердиң бул әдетине әбден қанық. Ҳәтте танысаң танымасаңда ҳәр қандай үйге «қудай қонақ» болып бара бериўиңде мүмкин. Түркмен үйине туўры келген қонақтың қулы. Үйине туўры барсаң ататегиңди де оншама сорастырып отырмайды. Сонлықтанда қонақ жай ҳаққында онша ғам шекпеседе болады. Бирақ қайсындай үйге барыў керек. Бул жағы белгисиз.

Түркмен үйине кирер жердеги ең қәўипли нәрсе ийт. Ол ҳәр қандай адамға да бирден тасланады. Бирақ биринши гезекте адамды ийттен арашалаў түркменниң салты емес. Егер сен оның ийтине зақым келтирмей өзиңди бес он дақиқа қорғай алсаң, онда сен бул үйдиң ең ҳүрметли мийманы боласаң. Егер ийтине зақым келтирсең яки қаңсылатсаң, онда сениң ол үйде қоныўыңа ҳақың жоқ.

Әжинияз бир арқа отын арқалап үйине жақынлап қалған адамды узағырақтан көзи шалды.

Аўыл ийтлери шабаланып ҳүжим жасамастан алдын сол адамға жетип барыўым керек,—деп ойлады да атына қамшы басты. Түркмен әдетине көре үйге жақынлаған ўақытта атының жылаўын тартып жай жүриске көшти. Усындай жағдайда алды бетин қамыс шертек пенен ораған қақырафа Әжинияз отын арқалаған адам менен тең жетип келген еди.

Баслары себеттей еки ийт теңнен тәп берди де аўыл иши бирден быған-жыған болып кетти. Қамшысын жан-жағына таўлаған Әжинияз ат үстинде албырап зордан турыпты. Ийесиниң алдында мынаў ҳәрекети болса, ийеси жоқта шайнап өлтиреди ғой. Отыншы усы ўақытта бир нәрсени сезгендей артына қарады.

— Ассалаўма әлейкум!—деди Әжинияз.

— Ўалийкум ассалам.

Бирақ бул даўыслар ийт бығырлысының арасында әдеўир өлпең еситилди.



Отыншы отынын арқасынан түсирди. Сонынан ийтлерге:

— Суңқар! Ақ Төс!—деп бир нәрселер айтқан болды.

Ийтлер қуйрықларын былғаңлатып, үргенин қойдыда кетегине қарай кетти. Ўақыт әлле мезгил болсада, ай жақты еди. Отын арқалап киятырған адам үстине узын бәшпент кийген, елиўлерден асқан бир сақаллы киси еди. Басында қой терисинен тигилген әўдийген шөгирме.

Сақалларын бир майдан услап тарраплап турды да әлле кимге усатқан болып:

— Сапаргелди, нийерден гелжек?—деди Әжинияз бенен тиллесип.

— Мен Сапаргелди емеспен. Қудай қонақпан аға. Қарақалпақтан киятырман.

— Ғарлфақ. Боле, душ аттан!

Ғарры Әжиниязды таныды ма, я танымасада миймандослық еткиси келди ме, ол жағы белгисиз еди.

Бул кисиниң бирден мирәт етиўине қарағанда, бул жерге қонып кетип жүрген қарақалпақ тек Әжинияз ғана емес усаған. Жол дәрбенти болғаны ушын жолаўшылар көп иркилсе керек. Ғарры:

— Жаңабай!—деп әлле кимди даўыслап шақырды. Иштен жалаң бас бир жас жигит шықты.

— Мийманның атын жылаўла.

Әжинияз атының жылаўын узын бойлы жигитке усынды да ойланып қалды. Түркменде Жаңабай деген ат болмайтуғын еди. Бул ким болды? Аты қарақалпақшағой. Балаға бир-еки сораў берип тилин аңламақшы болды да бирақ үндеген жоқ.

Ғарры Әжиниязды төрги бөлмесине қарай баслады. Бөлмеде ҳәзиринше тек екеўи, басқа адам жоқ еди. Жасы тәўирақққа барып қалған бир ҳаял бетин бүркенип дастурхан жайып жүр. От жағылып ошаққа қумған қойылды. Бирақ үй ийеси оншама жадырай бермеди. Кеўлинде әллеқандай ызғарлы кейип бар. Бул ашылыспай отырағынан-ақ аттан анық белгили.

— Мениң атым Тиркеш,—деди бир ўақытлары.

—Мениң атым Әжинияз.

Және екеўи бир майдан тым-тырыс болып қалды. Сөзди Тиркеш баслады.

— Түркмен қонағын бермейди, Әжинияз иним.

—Жудә жақсы,—деди Әжинияз. Тиркеш ҳайран болды. Сөзине онша түсинбеген кейинпте қонағына қарады.

— Мен билип турыппан. Сен Жаңабайды излеп киятырсаң.

— Жаңабай!... Мен ҳеш қандай Жаңабайды таны-майман.

— Онда неге келдиң?...

— Мен Хийўаға кетип баратырман. Қалыңлығым-ды... Алып кеткен, соны излеп киятырман. Буннан кейин Әжинияз өз мақсетин Тиркештен жасырмады. Сүйиклиси Бийбижамалдың хан ҳәремине тайынлаған қызлардың дизимине илингенин де бүгип отырмады.

— Енди түсиндим,—деди Тиркеш,—Сен хақыйқый жигит екенсең. Мениң кеўлим басқаға кетипти. Буннан бир ай бурын Хожелиден қашып келген бир қыз бе-нен жигит мениң шатпама келип тығылды. Бирин бири жақсы көреди. Қыздың әкеси Айгүлди басқа бир ғарры байға узатпақшы болған екен. Екеўи ўәделе-сип бизиң жаққа қарай қашқан. Сениң қарақалпақтан киятырман,—деген сөзиңе қарап, қуўғыншы болсаң керек, деп шамалаған едим.

— Мен расында да қуўғыншыман Тиркеш аға. Бир-ақ басқа қуўғыншыман.

— Басқа қуўғыншы болса мәйли — деп күлди Тир-кеш.

Тиркеш шынында да ақ көкирек адам екен. Әжини-яз оның үндемей отырғанына қарап тымсырайған бир адам шығар, деп ойлап еди. Гуманы тарқап, арқасы жазылғаннан кейин әдеўир сөзшил болып кетти. Өзи-де жер шуқлап ҳадал мийнети менен күн көретуғын дийқан адам екен.

Шай үстинде әдеўир гәплер қозғалды.

— Сөйтип Жыланлыда қандай ўақыялар болып атыр, Тиркеш аға?

— Өй-бўў, иним сорама. Ғаз қараўыл ҳәкке жас-аўыл болды. Түркменнен хан болса халық илле менен пиллаға бирден оралатуғындай болып атыр еди. Бул жағы бәриненди шатақ.

— Неге?...

— Неге болатуғын еди. Атамурат хан болды да, түртпесе түсинбейтуғын түркпен бирден қарақшы бол-ып өте шықты. «Өзи аллаталаның жаратылысында



барлық халық тең жаралған». Атамурат бул теңликке қарады ма, бурын мал сатып байыйтуғын еди. Енди адам сатып байып атыр. Иранның қул базары қара-қалпақ пенен өзбектиң қызларына толып кетти ғой. Буны өзиң де билетуғын шығарсаң.

Тиркеш азмаз даўысын пәсейтти.

— Еле мен айтты дерсең. Атамуратты жер жута-ды. Аламәатқа азар берген адамның ҳеш қайсысы бинай өмиринде келе болған емес. Түркменнен хан болғаны жақсы. Бирақ бундай жаўызлықлардың не кереги бар? Түркмен деген халық бурын өзи тиймесе дәрпенбейтуғын, егер тийсе ондырмайтуғын болған. Ҳәзир сол түркменлер қайда? Бәри жуўас адамлардың изине түсип, шымшық қуўған қырғыйға айланып кет-кен жоқ па? Бәри басшының бузықлығынан. Елди бузып болды. инсапсызлар. Бир қара беттиң себеби-нен барлық халыққа насақ тағылайын деп тур. Ме-ниңше муҳаббат деген нәрсе ҳаял менен еркектиң қәлеўи менен болады. Булар биреўдиң әкесин, шешесин өл-тирип қызын ҳаяллыққа алады. Соннан муҳаббет бо-ла ма?

Булар нөкерде емес, әскерде емес, қарақшылар. Ал, хан болса қарақшының баслығы. Бары жоғы үш-төрт мың әскер топлаған. Әллеқандай Атамурат деген қарақшы пүткил түркменниң жүзин жерге қаратып болды. Негизинен әскерди де өз жаўызлығы нәтий-жесинде жыйнады. Изине ермегенин атып кетеди.

Бурын Хийўаның ханынан азап шектик. Енди болса өзимиздиң ханымыздан азар шегип атырмыз. Хан де-гениң ҳәммеси бир қыйлы бола ма билмедим. Қулласы хан өзгергени менен қарық болып атырғанымыз жоқ. Елге бир тыйын пайдасы болмаған урыслар көбейип кетти. «Еки айғыр шайнасса, ортада тай өледи» деген-дей, халыққа қыйын болды.

Бир нәрсе сорасам айып көрмен мийман, — деди Тиркеш,—Әллеким сизге қатты азар бергенге усайды. Жүзиңизден белгили болып турыпты.

— Ким болар еди аға, ханның сәрбазларыда. Қа-лыңлығымды қутқарыў ушын тырыстым. Илажы бол-мады.

— Олардың ҳеш биреўинде де ҳүждан жоқ. Болма-са хан әйне сениң қалыңлығыңды тутып алып келип бер деп айтпаған шығар. Дүньяда кәмбағалдың күни

қурысын. Айтпақшы көриниспиизден бир зыялы адамға усайсыз.

— Мен шайырман. Өзиң билесең ҳәзир бизиң заманымызда шайырлардың қаракөл қойдың саўлығындай-ақ ҳалы бар. Өзиңиз шарўалар арасында жасап киятырған адамсыз ғой, билетуғын шығарсыз. Дүньяда қаракөлдиң саўлығынан ғамлы жан жоқ. Қаракөл тери қымбат болғаны ушын балаларының бәри еки-үш күннен кейин сойылады. Саўлық бесинши баласының сойылғанын көрген ўағында шыр-пыр болып өлип қалады екен. Елдеги әдалатсызлық бизлердиң жүрегимизди де шоқтай жандырады. Шайырларда тап сондай. Ишн толы дәртли адамлар.

Ортаға пуўы бурқыраған бир табақ нан сорпа келди де гүрриң тоқтады.

Аўқат желиниў ўақтында сөйлесиў болған жоқ. Тамақ желинип пәтия етилгеннен кейин барып Тиркеш және сорады:

— **Сизиң жақта қандай жағдайлар болып атыр. Әжинияз иним?**

— Бизиң жақтың жағдайында сизиң жақтан парқы жоқ. Халық болса Хийўа ханлығының ермегине айланды. **Арадан бир ҳәпте өтпей-ақ сала қулаш қағазын алып,** салық жыйнаўшы келеди де турады. Еплеп егин егип зордан күнлетип отырған елде не болсын. Бурын дән алатуғын еди. Енди егини жоқтың қызын тартып алатуғын бәлени шығарды. Оның үстине атлы топылып турған Атамураттың адамларыда аз емес. Қулласы айтары жоқ. Халық дым хор болды.

— Қарақалпақ дегенде көп ел ғой. Оннанда өз алдына ханлық болғанда қәйтер еди.

— Елдиң тилеги де сол ғой. Бирақ шигиниң қамырындай басы бирикпейды. Жайы жәннетте болғыр Ерназар алакөз қаншама гүрести. Нәтийже аз болды. Ағайин ала болғаннан кейин исиң жүрисеме? Ең изинде өзлери менен өзлери урысты. Енди Қоңырат беглиги бас көтерип атыр. Оның қолынанда не келер дейсен. Он төрт уруў қосылғанда бир гәп болар еди. Әскери мыңнан аспағаннан кейин ханлық болама?

— Нийети жақсы екен. Бирақ изинде бизиң Атамурат ханға усап қарақшы болып кетпесе.

— Өзи қарақшы бола алмағаны менен түбинде



қарақшыға жем болады. Ақыры Атамурат ханды жәрдемге шақырып отыр ғой.

— Онда Қоңырат қолдан кетти дей бер. Халыққа азатлық әперемен деп жүрип, апатлық алып бермесе?

— Шынында да солай. Мениң пикиримше Қоңырат ханлық дүзиў ушын еле таяр емес. Оның ушын пүткил қарақалпақлар бирлесиўи керек.

Булар екеўи узақ түн отырып әңгимелести. Тиркештиң берген кеңеси төмендегише болды:

— Жақсысы сен усы жерден елиңе қайт. Қалыңлығыңды таўып алыў **қыйын. Жақында бес-алты күнликте** бул жерде Қоңырат ҳәкиминиң ханға инамға жиберилген еки арбасы таланды. Көп адамлар өлди Шамамда Атамурат хан қызларды Мешкетке айдатып жиберген болыўы керек. Бирден бул кеўилсиз хабарды еситкен Әжинияз үстине бир шелек муздай суў қуйып жибергендей сам-саз болды да қалды.

— Рас па?

— Өз көзим менен көрдим.

Енди Әжинияз не деп айтарын билместен жүресине отырып қалды. Сол қалпинде узақ отырды. Салынған төсекке де жатпады. Кирпик қақпай таңды атырды. Тиркеш расын айтсада әдеўир қыйналып қалды.

Түни менен толғанып, таңды гүзетип шыққан Әжинияз ала геўгим ўағында атына минди. Зәңгисин басып пәйик болып атырған жас жигит:

— Аға берекет табың, бизлердиң бул жерде екенлигимизди айта көрмең,—деп шыжа-пыжа болды. Ол жигитке узақ ўақыт қарап турды. Соңынан жигиттиң басынан сыйпады:

— Менде саған усаған қанаты сынған суңқарман иним. Бахытлы болыңлар,—деди де Тиркеш пенен хошласып Хийўа жолына түсти.

Әжинияз Хийўада бир ҳәпте болды да, Бийбижамалдың дерегин таба алмастан және изине қайтты...

## 7

Ертс дәўирдеги түрк тайпаларының ишинде «Қоңырат», «Маңғыт» деп аталған еки ири қәўим бар. Булар сахра қәўимлериниң ишиндеги ең күшлилеринен есапланып, саўашларда дәўжүреклилик көрсеткен. Соның ушын да халық арасында «Қоңыраттан қыз алсаң, балаң

батыр болады, Маңғыттан қыз алсаң, балаң хан
болады» деген уғымлар қалған. Булардың көпшилп-
ги монгол султанлары менен қыз алысып, қыз берисип,
ҳәтте әмир дәрежесине көтерилген.
Ал, айырым дереклерде «Қоңыратлар Майқы бийдиң
жийенинен тарқалған» делинеди. Бийдиң қуўса табжыл-
дырмайтуғын, қашса жеткизбейтуғын тулпар қоңыр аты
болған екен. Жийени дайысынан сол атты еншиге бери-
ўин сорайды. Майқы бий илажсыз көнеди. Солай етип
тулпар қоңыр аттың жәрдеминде, қоңыратлылардың
жеңбеген жаўы, шешпеген даўы қалмайды. Ақырында бу-
лар «Қоңыратлылар» деген ат пенен тарийхта қалады.
Бул ел арасынан нешше азаматлар шығып, басын қур-
банлыққа берди. Муҳаммед Пананың ата-бабалары усы
Қоңырат тайпасына кирип, бурын ел бийлеген болса да,
өзи ыссы нанға алғысыз, бир сылбыр. Туўрырағы онда
ел басқарыў қәбилети жоқ, қара басының рәҳәтинен бас-
қаны ойламайтуғын бир мешкей, тек аўқат жеп, уйық-
лаўды машқы ететуғын адамлар топарына кирер еди.
Оның аўқат жеўи де парықсыз. Гейде мүшениң эна же-
ри, мына жери жоқ деп, жас баладай тоңқылдап, мал
сүйеклерин парасатсыз рәўиште кемиретуғын еди. Оның
абай-сиясат пенен де иси жоқ. Демек, бул жаслайынан-
ақ өли жан. Ата-бабалары атақлы бай болса да, усын-
дай себеплер менен Муҳаммед Пана әдеўир кәмбағал-
ласып қалған. Ҳәзир хан болғанда да, ол қорасы менен
қулқынын толтырыўдан басқаны ойламас. Ол усындай
ҳәрекетлери болыўына қарамастан өзин әдеўир ақыл-
лы сезер, ондағы данышпанлықты көпшилик сезбей
атырғандай өз-өзинен күйинер еди. Өзин ҳайяр деп са-
нағаны менен ондағы ҳайярлықтың өзи эпиўайы болып,
жүрис-турысының олпы-солпылығынан билинип қала бе-
ретуғын еди.

Ол жаслығынан баслап-ақ адамларды өзинен айбын-
дырыўды қәлер еди. Егер адамлар оны сыйламаса да
«бизиң арғы атамыз хан болған адам», деп өзинен-өзи
тоңқылданып отыратуғыны да бар.

Сөзинде де өткирлик жоқ. Дерлик адамлар менен
қарсыласпайтуғын еди. Егер кимде ким қарсыласса дәр-
ҳал мәмлеге келип, сөз жарыстырмайтуғын әдети және
бар. Оның үстине ериншек, аңсат дүнья табылғанын жақ-
сы көреди. Ис пенен де, сөз бенен де өзин көрсетиўге



урынбайды. Орын таласқандай жер болса тек ата-баба-
сының хан болып өткенлигин пеш қылады. Байлықты
көбирек күсейди. Ҳаял-қызларғада онша хошы жоқ, бир
әндийшесиз, биреў қурттай мақтаса кеўлиндегиниң бә-
рин төгип таслайтуғын дарқылдақлығы тағы бар. Ел
басқарыўда өзиниң жеке пикирине ийе емес, сонлықтан
да Қоңыратлылар өз алдына ханлықты күсегенде де,
бундай жарымес ханды күткен жоқ.

Қулман ҳәм оның топарларына усындай адам зәрүр
болғаны ушын ғана, оның ата-бабаларының атын көк-
лерге көтерип, Муҳаммед Пананы хан етип тиклеген
еди. Жаңа хан сарайында Панадан көре Қулманның
аты көбирек тарқалып кеткенинде де гәп бар.

Бул Қулман бийге унады, әлбетте. Қулман ҳәмме
нәрсени биледи. Бирақ хан туқымы емес-тә. Соның
ушын да оған тап усындай парықсыз қуўыршақ ханлар-
дың биреўи зәрүр. Буны дәрҳал түсинди де, ханның би-
ринши ўәзири ҳәм ақылгөйи болып, оң жағына шығып
алды.

Сол күни тамамы Қоңырат әмелдарлары Муҳаммед
Пананы гилемге салып, сарайды айландырды да Қоңы-
рат тахтына мингизди. Енди ол барлық Қоңырат ели-
ниң ханы. Сарайдың барлық жумысларын Қулман бий
сол ўақыттың өзинде-ақ қолына алды. Хан салығы ти-
йелген арба ҳәзир Хожелиге барып жетти. Оны тезден
қайтарыў дәркар. Қоңыратта бир мыңнан артық нөкер
бар. Бул бир ханлық ушын аз. Хийўадан келген бес жүз-
ден аслам нөкер бас саўғалап қашып кетти. Ҳәзир хан-
ның алдына жетип барған шығар. Олар еле бес мың
нөкер болып қайтып келип, Қоңыратқа ҳүжим қыла ма,
ким билсин? Ендиги үмити тек Гөне Үргеништеги Ата-
мурат хан. Ол Хийўа ханының қас душпаны. Қулман
оның менен жасырын сөйлескенде; «Егер Қоңыратты
өз қолыңа ала алсаң үш мың атлы нөкер беремен» деп
ўәде еткен еди. Солардан елиў адам жүзбасы ҳәм хан
әмелдарлары болып хызмет атқарады.

Ҳәзир әйне пайыт. Хожелиде арбаны қуўып жеткен
нөкерлер арғы жағына Гөне Үренишке, Атамурат ханға
да хабар береди.

Усылайынша ол дийўанбегини шақыртып алып, Му-
ҳаммед Пана ҳәзиретлериниң атынан Атамурат ханға
хат жазыўды буйырған еди.

Пана хан сарайы бурынғы Қутлымурат инақтың хәў-
лисине жайласқан. Бурын бул жер кишрейтилип, «хәў-
ли» деп аталған менен хан сарайынан ҳеш қандай қа-
лыспайды. «Ханжап» тан түскен жерде үлкен дәрўаза,
оның еки жағында гүнгаралы, еки минар алыстан көри-
нип тур. Ҳәзир дәрўазаның ишинде де, сыртына да жуп-
жуптан сақшы қойылған. Дәрўазаның оң тәрепи узын
етип салынған датқажай. Бир қапталында Юсуп мәҳ-
рем, екинши жағында Шанияз жүзбасы бир нешше нө-
керлер менен әңгиме қурып отырар еди. Оның арғы жа-
ғында сарайды қорғайтуғын нөкерлердиң жайы мене бир-
ге мың ат сыйғандай сейисхана тутасып кетеди. Дәрўа-
задан кирген нен кейинги үлкен тас жол сарайға баслап
барады. Жолдың еки бойы сығасқан терек, бағ, узын
сыбай салынған жайлар. Көзиниң тири ўақтында Қутлы-
мурат инақ бир жағын балалары менен қызларына бө-
лип берип, екинши жағын ғәзийнеханаға айландырған.
Сол имаратлардың алдында қәд тиклеген, бул сарай,
Хийўа ҳәм Бухара хан сарайлары менен беллескендей.
Инақ буны салдырғанда да «мийман сарай» деп атап,
тек ханның исенимли адамларын ғана ҳәм хан жаса-
ўылларын сол жерде күтип алып, өзи бағ арасындағы
өжиресине барып жататуғын еди. Қоңыраттан өткен
кәрўанлардың үлкен инамы менен сарай соңғы жылла-
ры әдеўир безелген. Сарайға кирген жерде, тирепберди
бағаналары ғайры нағышлар менен безетилген, узын-
лығы төрт жүз қәдемнен кем болмаған мәжлислер бөл-
меси басланып, есиктен кирген жерде еки сулыў қыз
шылым тутып туратуғын еди. Келген миймандар бөлме
ишиндеги қырғаўылдың пәриндей жалт-жулт етип тур-
ған ғалы гилемлерди көзден өткерип барып, аяққа ба-
сыўға ийбенгендей зерли гилемди сықырлатып өтип, бас-
палдақлар арқалы жоқарыдағы көшкиге көтериледи.
Жоқарыда буннан әдеўир киши болыўына қарамастан
кеўилге қонымлы етип безелген еки бөлме бар. Аны-
ғынан келгенде бул сарай тап Пана ушын бурыннан ақ
таярланып қойған сыяқлы болып көринди. Соның ушын
да Пана хан ҳәм оның ўәзирлери жоқарыдағы бөлмеде.
Қулман бас ўәзир сыпатында оң жақтан, Садық екин-
ши ўәзири болып шеп жақтан орын алды. Ал, қалған
сарай әмелдарлары басқа ханлықлар сыяқлы, умара,
шуўара, дийўан беги, беглер беги, қазы-калан ҳәм тағы



басқалары сарайға кирер жердеги уллы бөлмениң еки жағына орналасқан.

Қутлымурат инақтың өлтирилгенинен хабар тапқаннан кейин оның еки иниси менен бала-шағалары Хийўаға қашып кетти. Соның ушын да бул жерге Пана ханның бала-шағалары көширилип алып келинди.

Ханлық дүзилгени менен еле «өз күшине ийе болды», деп айтыў қыйын. Инақтың өлтирилиўине байланыслы олардың ағайинлери де бас көтере баслады. Нөкерлер оларды тутып келгени менен салып қоятуғын зиндан яки ҳүким шығаратуғын қазы табылмады. Көп ҳәкимлер еле өз орнына қойылмаған. Бул орынлардың көпшилиги Атамурат ханның жүзбасылары ушын белгиленген еди. Пана хан «отыратуғын орным болса болды», деп, басқасы менен қызықпай атырған сыяқлы. Соның ушын да бул мәселеге жан күйдирип жүрген тек Қулман. Ол Сейтназар сәрдарды шақырып алып, елден нөкер жыйнаўды буйырды.

— Ханның салтанаты нөкер менен, әзийзим. Нөкерсиз патша таяқсыз шопанға усайды.Ал, шопанның таяғы болмаса қойлары өз басына ылағып кетеди. Алла, сизге қуўат берсин! Ел ишинен мыңнан аслам нөкер жыйнап қайт.

Буннан соң ол Юсуп мәҳремди шақыртты:

— Ханның ғәзийнеси жоқ. Елден салық жыйналсын. Байлар салықты ат пенен төлесин. Нөкерлер ушын керек.

— Әй билмедим-аў,—деди Юсуп мәҳрем.—Кешеги салық төлеўде халық пүткил жалаңаш қалды ғой. Үйлеринде я бир шылым арпасы жоқ.

— Хан сөзи еки болмайды,— деди Қулман. Басын услап узақ ойланып қалды да, Жумамурат беглер бегини шақырды.

— Ертеңнен баслап қаладағы барлық темирши усталарды жыйнап, қылыш соқтырасаң. Жаңадан нөкер жыйнап атырмыз.

— Қуллық тақсыр!

— Оннан кейин, жай усталарын жыйнатың. Хан нөкерлери ушын еки мың адамлық жай салыныўы керек.

— Қуллық тақсыр!

Қулман қаншама ҳәрекет етпесин бул ислери еле

жеткиликсиз екенлигин сезип турар еди. «Өзи шаппатлай қалаға төрт мың нөкер жайғасыўы керек. Олардың азық-аўқаты, жаў-жарағы, кийим-кеншеги, бәри ханның мойнына. Қаншама ат табыў керек. Ол атлардың от-жемин қаяқтан алады? Халық болса пүткиллей посып кетейин деп отыр. Атамурат ханнан еки мың нөкер сорады. Ол Қоңыратты жайпап кетсе не болады? Көбиси ел талап, баспашылық етип жүргенлер. «Үзбенниң үлкенин өгиз сойғанда көресең» деп, сонда болатуғын шығар үлкен тамаша. Негизинде бул иске қол урмасам болар екен»,—деп өзинен-өзи налый баслаған еди. «Басқа рети барма екен?... Ҳаў бар екен ғой. Неге орыслардан жәрдем сорамадық. Халықты таламайды. «Атыма жем бер»—деп отырмайды. Анаў пароход деймe-аў. нәҳән бир кемени Әмиўдарьяға әкелип байлап қойса. Хийўа түўе Бухара да «аўзыма қум» демеспеди. Бул ҳаққында ҳәзир-ақ ҳәзирет пенен ойласыўым керек»...

Арадан ярым саат өткеннен кейин Қулман бас мырза басыны шақыртып, Оренбург генерал губернаторы Тяукин мырзаның атына хат жазылды «Жоқары дәрежели хәзиретим! Сиз уллы дәрежели тақсырымызға сол нәрсени қабыл етиўиңизди өтиниш етемиз. Биз уллы султанлар, ханлар нәсилиден болмыш ҳәзирети Муҳаммед Пана хан. алла таланың қәлеўи, тамамы ел-журттың қоллап-қуўатлаўы нәтийжесинде, уллы мәртебели Қоңырат тахтының ийеси етип тайынланғанбыз. Қарақалпақ журты, теңиз ели, баршамыз уллы мәртебели сиз бенен мүнәсибетлеримиз жақсы болғай. деген тилектемиз. Бизден сизге. сизден бизге елшилер келип турғай. Бирақ бул кеўилсиз ўақыядан кейин Хийўа ханы, Сайд Муҳаммед Әмин хан әлбетте бизге қыянет қылса керек, деген пикирдемен. Биз уллы мәртебели Россия патшасы тәрепинде болыўды қәлеймиз. Бизден жәрдем керек болса алың. Соның ушынким. жәрдемге бирнеше флотилия жибериўиңизди соранар едик. Уллы мәртебели Муҳаммед Пана хан».

Қулман бул хатты шабарман арқалы Оренбургке жөнеткеннен кейин барып, кеўлиниң азмаз тынышланайын дегенин сезди. Бирақ, хан сарайы еле де үлкен тәшўишлерге толы еди.



## 8

Қудайбергенниң үйинен берекеттиң қашқанына әдеўир күн болды. Төсек тартып жатып қалған анасы кеше ғана басын көтергени болмаса, бурынғыдай жайнап-жаснап отырып шай да ишпейди. Ғарры ананы ғам басып, бирден көзлери ишине кирип кетти. Бул үйде бир шылым ун. бир тислем нан қалмады. Бир-еки күн қоңсылары менен оңысып еди. Ҳәзир оларда да ҳеш нәрсе қалмаған. Қудайберген болса нан берип отырған инақты өлтирип келип отыр. Дәрт үстине шыйқан болды. Енди Қулманға барып пул сораўдан басқа илажы қалмаған. Қулманның пул беретуғынына исенеди. Сейтимге соншама пул берген бий. буған неге бермесин?

— Апа сиз жата турың, мен ҳәзир пул таўып келемен.

— Ҳәзир пул бергендей адам қалған жоқ-ғой балам.

— Бар. Қулман бийден аламан.

— Қулман бий сениң менен сөйлессе екен-аў.

— Неге сөйлеспесин, ақыры оның менен Қутлымурат инақты бирге өлтирдик ғой.

— Не дейди?

— Сулық болып жатырған кемпир бирден көрпени серпип таслап, турып кетти.

— Инақтың өлтирилгенинен хабарым бар. Қоңсылардың бәри айтып жүр. Ал, бул қан төгиспеде сениң қолың бар деп, ҳеш қыялыма келмеген еди, балам. Не ислеп қойдың?

— Инақты өлтирсең басқа хан болады. Бийбижамалды жолдан қайтарамыз деди. Мен келисим бердим.

— Заман айланып, мениң таўық соя алмайтуғын жалғыз балам қанхор болды ма? Қандай күнлерге қалдық?!—Ол пүткиллей еңиреп жылап жиберди.

— Инақ нешше адамларды гүнасыз өлтирди.

— Жан қыйған ҳеш ўақытта да саўап болмайды. Садаға кетейин Қызыр Әлийиссаламның өзи де «жанлы мақлуқтың етин жеген гүна болады» деп. тек дән менен мийўе жеп күн кеширген.

— Сонда зор адамлар қолынан келгенин ислеп. бизлер өлип кете беремиз бе? Олар қәлеген адамын дарға асады, қәлегенин баўызлайды! Жәллатты шығарған ким? Солар. Дәслеп мал салығы дегенди шыға-

рып еди, енди адам салығы пайда болды. Қыз салығы. Бул солардың иси. Буның бәри бир ханның басынан шыққан нәрсе емес. Соған жағынаман деп жүрген Қутлымурат инақ усаған дуўайментлердиң иси. Соның ушын да мен оны өлтирдим.

Өжирениң иши бирден тып-тыныш болып қалды. Бағанадан бери дызылдап жүрген бир шыбын жаман айнаның шобыт тығып қойған жериндеги саңлақтан шығып кетти.

— Мениң Қутлымурат инаққа жаным ашып отырған жоқ, балам, саған жаным ашып отыр!

— Неге?

— Неге болатуғын еди? Усы ўақытқа шекем хан менен табақлас болған қарашаны көргенбисең? Олар тек өзлериниң жумысы питкенше ғана алдында жорғалайды. Жумысы питкеннен кейин тамам, сен керек емессең.

— Керек болмасам да өз күнимди көремен. Мен бул исти «Сарайда ислеймен» деп қылғаным жоқ ғой. Маған бәлше болса болды.

— Сен, ананды түсинбей, тек берги жағын ғана ойлап турсаң, балам! Көп нәрселерге жететуғын ақылың неге усыған жетпейди? Дүньяда қылмыс қылған сыпайылар ҳеш ўақта тарийхқа жанлы гүўа сақлап қалмайды. Олар сеннен ўаз кешеди. Биреўге көп пул берип, сени өлтиртип, мен бийшараны дағда қалдырады.

— Я тоба!—Қудайбергенниң ети түршигип кетти. Расында да, Қудайберген өлсе, инақтын өлиминде Мухаммед Пана менен Қулман бийдиң қолы бар екенин ким биледи? Устаны өлтириў-ғой оларға қоян өлтиргеннен аңсат. Буннан тысқары қылмысың болғаннан кейин, қараша алдында да көкирегиң қуўыс бола береди. Хан менен ўәзир бир меннен бәрҳама жасқанып жүрер ме екен? Биреўге өлтиртеди де таслайды-дә. Анасы ҳақ екен. Қудайберген мәселениң бул жағын ойламапты.

Ол усыларды ойлап, шыптаның ернегинде жүресине отырып қалды. Ким биледи, егер сырттан биреў пәт пенен кирип келмегенде тап усы отырысында отыра берер ме еди.

— Қудайберген!—деди ол асығыс.—Сейтимди биреў өлтирип, өлигин Ханжапқа таслапты.



— Не дейди?

— Тап сегиз жеринен пышақлапты, заңғар, биреўдиң ала алмай жүрген өши бар усайды.

Усы сөзди айтты да бул адам «асығыс едим» деп кетип қалды.

Қудайберген Сейтимниң неге пышақланғанын сезген еди. Еки жылдан бери Қудайбергенге шәкирт болып жүрген бул жуўас бала инақ өлтирилген жерде бар еди. Ендиги гезек буныки усайды. «Қоңыратта азанға шекем қалмаслығым керек»,—деди өз-өзине тәселле берип

— Апа—деди әллен ўақытта басын көтерип.—Мен бүгиннен баслап Қоңыраттан шығып кетпесем болмайтуғынға усайды. Әмиўдәрьяны жағалап кетемен. Сиз азанда үйде дәртке асқандай нәрселерди ешекке артып изимнен барарсыз. Шарлаўықта күтемен,—деди даўысы сәл-пәл қалтырап.

Өтебийке:

— Яқшы балам, не илаж, өзинди ықтыят қыл,—деген сөзлерди жүдә әсте айтты. Қудайберген бул сөзлерди анық еситкен жоқ. Сонда да, анасының жаман сөз айтпағанлығын сезди де кийимлерин излестире баслады. Ол иликтен де ҳәзирги ўақыттан баслап-ақ Қудайберген устаға усамаўға ҳәрекет жасады. Үйден бир гөне қураш тапты. Және де дым узақтан ҳарып, шаршап киятырған жолаўшыға мегземекши болып, анасының гөнелеў жаўлығы менен бет жүзин байлап таслады. Оннан кейин, ийнине үлкен бир шекпенди жамылды да үйден шықты. Бул ҳалда оны ең қәдирдан адамының өзи де танымай қалыўы сөзсиз. Оны көрген ҳәр қандай адам, «Үстирттен кәрўан менен келген бир киси қалада тәмыр-танысының үйин излеп жүрген болса керек»,—деген пикирге келер еди.

Жаз айының кеши жүдә қысқа болады. Соған қарамай еле көшеде ҳәрекет көп. Әсиресе Гүзар әтирапындағы темиршилик дүканында ис қызғын. Үсти-үстине басылған көрик, түн ишинде әдеўир жалын шығарып, тап көше бойында от кетип атырғандай түске енген. Әтирапында миршаблар, нөкерлер қатты даўыс шығарып, әллекимлерге қатты бақырып атырғаны анық еситилип тур. «Жаңа хан жаў-жарақ көбейтиўдиң жолына түсипти-дә»,—деп ойлап қойды Қудайберген ишинен.

Жол бойындағы қассапхана, нанбайхана ҳәм дүканлардың есиги қашшан-ақ жабылған. Темирши дүканынан басқа жерлердиң ҳәммеси жым-жырт. Тек қолына түйиншик услаған бир жас бала ғана ҳәр көшениң басына қарай жуўырып, зыңғып жүрипти.

— Қойдың гөши бар аға, алмайсыз ба? Жүдә арзан беремен.

Бирақ, Қудайбергенге ҳәзир қой гөши керек емес. Қарны тилеп турса да, оған жеткендей ақшасы да, егер гөш тегин берилгенде де оған қарағандай шамасы да жоқ. Соның ушын да баланың сөзин еситпегенге усап, жөнине кете берди.

Жол дәрўазаға жақынлаған сайын адамлар көбейди. Шамасы кеште дәрўазадан өткен адамларды тексерип жибериў, қуптаннан кейин ҳеш жақтан адам өткизбеў ҳаққында ханның буйрығы бар усайды. Дәрўаза алдындағы аламан еки қатарға бөлинген болып, биринши қатары қалаға енди кирип киятырғанлар, булар негизинен отын артылған арбалар менен үстине жүк артылған кәрўанлар топары. Гейде бес-алты атлыдан ибарат бай, әмелдарлар топары, атлары ақ гөбик болып келер еди. Олар негизинен жақын аўылларға салық өндириўге барса керек. Соның ушын да дәрўазабанлардың ҳәммеси оларға ҳүрмет билдирип:

— Ҳәй, отыншы, арбаңды шепке тарт! Беглер беги ҳәзиретлерине жол бер!—деп хошамет урмақта.

Ал, сыртқа шығып баратырғанлардың көпшилиги дийқанлар, олардың айырымында сыйқасы шығып қалған өгиз арба, ал гейпаралары аяғын соррыйтып, ешексының ийнинде жамалған қапшық болып, олардың ишинде аз муғдарда шытпа-таўарма, әйтеўир бир нәрселер бар. Биреўлериниң қапшығынан бел, орақ, кетпен, балта усаған буйымлардың сүлдери көринип тур. Дәрўазабанлар шыт пенен бөз алып өткенлерге тиймегени менен қаладан бел, орақ, кетпен алып шыққан дийханлардың жанын келиге қамады.

— Бүгиннен баслап Қоңыратта усталардың қылыш, найзадан басқа затты соғыўына тыйым салынғанлығы ҳаққындағы уллы ҳәзиреттиң пәрманынан хабарыңыз жоқ па?

— Өлимнен хабарым бар да, бирақ буннан хабарым жоқ, тақсыр.



— Онда бул буйымларды таслап қара басыңның аман ўағында аўылыңа жөнел! Нөкерлерге қылыш соғыўға темир жетпей атыр.

Дийқан аяқ-қолы босасып, бир майдан турды да, қапшығындағы затларды нөкердиң аяғының астына таслады. Соңынан бир нәрсе есине келгендей:

— Әпиў етиң тақсыр, биз дийқанлар орақ, кетпенсиз қалай жасай аламыз? Егер бул затлар болмаса егин де болмай, ашаршылық болып қалмас пе екен?— деди.

— Жоғал, деймен саған!—деди, ашыўға буўлыққан нөкер. Буннан кейинги дийқанлар да мәселени сезип, бел, кетпен усаған затларын дийўалдың қапталына ылақтыра баслады.

Дийқанлар бүгин қалаға ерте келсе де иси өнбеди. Базарға әкелген дән менен шамалы қаўын-қәмеклерин қашшан-ақ сатып болса да, бул қалада бел, кетпен ушығаның қыйқымына айланған еди. Темир дүканлар миршаблар қарамағына өткеннен кейин-ақ усталар түслик ўақтында дийқанларға жәрдем бериўди ойласып, атақлы Сейитқасым уста өз шәкиртлериниң биреўин үйине жумсады.

— Үйде кишкене устахана бар екенлигинен өзиңниң хабарың бар. Қылыш соғыў гүна болса да, дүньяда бел менен кетпен соққаннан саўап ис жоқ. Жер геўлеп, нақа таўып берип отырған дийқанларды қапа етиўге болмайды. Буларға қолыңнан келгенинше бир нәрселер соғып бер,—деп айтқан еди. Соның ушын да Турсынбай бүгин қас қарайғанша дийқанларға бел, кетпен, орақ, балта соғыў менен бәнт болды. Олардың қаладан бүгин кеш шығыўына да усы жағдай себепши болған. Оның үстине дәрўазабанлар да қырсығып, булардың затларын алып қалып атыр.

Қудайберген де усыларға қосылып, қараңғыда Қоңырат дәрўазасынан шығып кетти. Дийқанлар азмаз жол жүргеннен кейин, тәшўишлерин умытты.

— Буннан бетеринен қудай сақласын!—деди ақсақаллы биреўи.—Гөне кетпенлерди шарлатып алармыз, әйтеўир бир илажын табармыз-дә.

Соңынан ҳәммеси жабырласып сөйлесип кетти. Биреў-биреўди танымайды. Түн қараңғы. Алдында тек жолдың сүлдери, аспанда жарқыраған жулдызлар. Ҳәмме өзине жақын яр-досларын излеп, Жумамурат,

4—56

Сейтмурат, Алламурат, Айтмурат,—деп әллекимлерди шақырған болды. Гейпара даўыслар жүдә узақтан еситилгеннен кейин, түн ишинде қатты бақыра бермей-ақ, қасындағы әллекимлер менен гүрриң басланар еди.

Қудайберген пыядалар топарының арасында да киятыр. Алдында жыртық шапан кийип, басын орамал менен таңып алған бир дийқан киятыр. Қасындағы дийқан аўық шөгирме кийип алғаны менен көйлекшен.

Булардың жүзинен неше жаста екенлигин аңлап болмағаны менен даўысының рәмәўзи әдеўир жасларға барып қалған адамлар екенлигин сездирип киятыр.

Қудайберген менен қатарласып киятырған дийқан болса оларға ҳеш қандай усамайды. Адам ең жақын адамын «өлди» деп еситтиргенде ғана сондай аўҳалға ушыраўы мүмкин. Оның жалғыз өзи пүткил барлықтан бөлинип қалғандай, ҳәтте әтирапында кимлердиң бар екенлиги менен де иси жоқ. Тап салысы суўға кеткен кисидей Қоңыраттан шыққалы бери басын көтермеди. Көзи жумық па, ашық па ол жағын аңлап болмайды. Тықырланып қалған дегелейи маңлайына түсип кеткен. Қудайберген: бул киси ядынан шықпастай хорлық көрген, яки бир жақын адамы өлген шығар,—деп ойлады. Соның ушын ол бул кисиниң ғамға толы кеўлин ыдыратқысы келмеди. Алдындағы еки дийханның сөзлерине қулақ түрди. Дийқанлар бир-бири менен жора болыўы итимал. Олар дәслеп ҳәзиллести, соңынан Қоңыратта пайда болған жаңа ханлық ҳаққында сөз баслады.

-- Қоңыратта енди әдиллик болар ма екен?

-- Уәй, қайда. Хийўа ханына салық төлегенимиз кеше емес пе? Бүгин және уялмай салық сорап отыр. Хан көп болса жаў көп болады, достым. Еле есимизди жыйнамай атырғанда және салықтың келгени жаман болды.

— Не деген менен Хийўа ханынан тәўир болатуғын шығар.

— Әй, билмедим-аў.Аллаталаның өзи бир Қоңыратқа әдил адамды жибере қоймаса. Ҳәзир елдиң аўҳалын ойлайтуғын басшы жоқ ғой. Мәселен, өзиң қысы-жазы тырбаңлап, Жаббарберген байға жигирма арба дән жыйнап бердиң. Егер онда қайыр сақаўат, ҳуждан деген болғанда саған соның бир арбасын бермес пе еди? Соннан бергени бир қап дән. Не деген ашкөзлик. Бул дийқан деген, аўқат ишпей ме, нан жемей ме? Оның



үстине шым-шырқадай бала-шаған бар. Бир қап дәнди бир жылда байдың бир таўығы жейди. Ҳеш болмаса бизлерди бир таўық шелли көрмейди-ә, заңғарлар. Ал, ол бара берсин, оның үстине салығын айтсаң-ә. Бар болса ким бермейди? Сол Жаббарберген қотыр балашағаларымыздың кийиўге кийим таба алмай отырғанлығын көрип отыр ғой. Тамағы тоқ, кийими пүтин болғанлықтан бизиң үстимизден күледи. Пай, адамды жандырады-аў. Енди ҳәзирги хан данышпан екен деп атыр. Данышпан болғанда дийқанға орақ, кетпен соқпайсаң, деп пәрман бере ме? Бәри бир булардың. Ҳеш биреўи дийқанды адам есабына алмайды.

Сол пейлине ҳәммеси өктем, ҳәммеси қатыңпаз. Молланың өлим тилегени сыяқлы, булардың тилеги ашлық. Пүткил дүньяны суў алса да өрдекке бир пул. Қәне оларға барлық кәмбағаллар аштан қырылса... Аштан өлер ҳалында жалғыз қызыңды да алпыс жасар байға қырқағары тарыға бериўге мәжбүрлейди. Әне, олардың ойлап тапқан ҳикмети. Бул дүньяда кәмбағалдың соры қурысын, достым.

Жоллар кем-кемнен ҳәр жаққа тармақланып бөлинип, енди дийқанлар әдеўир сийрексип қалған еди. Шарлаўыққа қарай бурылатуғын жерде сөйлесип киятырған еки дийқан да оңға бурылып кетти. Қудайберген солар менен бирге кетиўге ыңғайласқан еди, бирақта анасына «Шарлаўық»қа бараман дегени есине келип, дәрья жағасындағы жолға түсиўге мәжбүр болды. Бул жаққа бир ешекли ғаррыдан басқа ҳеш ким қайрылған жоқ. Жигит жанына бир адам болса да жолдас табылғанына шүкиршилик етти.

— Қай жаққа барасыз?

— Шарлаўыққа.

— Онда жақсы болды, бирге кетемиз балам. Түн қараңғы болған соң, танымай қалдым ба? Ол жерде кимниң баласысаң?

— Өзим Қанлы көлденмен, бул жерге биринши келиўим,—деди Қудайберген Қоңыратта туратуғынлығын жасырғысы келип. Атым Қудайберген, талап излеп киятырман, ата.

— Талап излеп?... Ол жерде атақлы байлардың аўылы жоқ ғой. Аңшы болсаң бир гәп. Қоян-қырғаўылы балығы көп. Әй, билмедим-аў, талапкерге жумыс табыла қоймас ол жерден,—деди ғарры екиленип.—Оннан

да анаў Сейитқул бийдиң аўылына барғаның жөн ғой.
Сейитқул бийдиң аўылының адамларының көпшилиги Қудайбергенди таныйтуғын еди.

— Әй, бахтымды Шарлаўықтан излеп көрмекшимен ата,—деп қоя-ғойды. Бул ешекли ғарры Шарлаўықтың итибарлы адамларының бири болған Айтмурат дарға еди. Қудайберген екеўи ешекти алмасып минип, ертениние песин ўақтында Шарлаўыққа зордан жетти.

## 9

Шаршап қалған Қудайберген уйқыдан намазлыгерде барып оянды. Айтмурат дарға балық асып қойған екен, бирге отырып жеди. Соңынан жер шарияты менен танысыў ушын сыртқа шықты.

Бул жер «Шарлаўық» деп үлкен ат алғаны менен жисмине туўры келмес еди. Қарсы алды қылыштай қайрылып аққан Әмиўдәрья. Әтирапының бәри дүт тоғайлық. Дәрья шетиндеги пайда болған қурттай ғана орпаң даланлықта сопайған төрт қақыра ғана қәддин тиклеп тур. Алдыларында торańғылдан исленген шертеклери бар. Қоқырайған қақыралардың аўзының ҳәммеси дәрьяға қараған. Дәрья ернегиндеги қумлықта денеси шойындай қап-қара болып кеткен төрт-бес жалаңаш балалар ойнап жүр. Бул жерде үйир-үйир мал да, нағышланып тигилген отаў да көринбейди. Қақыралардан шыққан, кирген адамлардың кийген кийими де, жүрис-турысы да бир нәўийе. Ҳәр қорада бир бузаў, яки бир-еки қозы ылақтан басқа ҳеш нәрсе көринбейди. Соған қарағанда балықшылық пенен күн көретуғын орта ҳал адамлар болды шамасы.

Қудайберген әдеўир турып қалса да, Айтмурат ғаррыдан басқа еркек адамды ушырата алмады. Басқалар балық аўлап жүрген болса итимал,—деп ойлады ең соңында. Бул жердиң кеши де оншама дәбдебели болмады. Он бес, он алты жаслардағы бир бала өристен еки сыйыр менен бес алты ешкини ғана айдап келди. Сыйыр менен еки ешки, Айтмурат дарғаники. Қалғанлары қоңсы үйлерге тарқалып кетти.

Анасы еле келмеди. Не ҳәдийсе болған екен? Қудайберген бирден шоршып кетти. Тап усы ўақытта Айтмурат ғарры оны шақырды.

— Мийман балам, кел, бирге шай ишемиз.



Енди бул жерде жалғыз өзи қақайып тура бериўди уят көрип, ол ишкериледи.

— Қалай, бизиң аўыл унады ма?

— Жаман емес.

— Еле үйренисип кетесең. Аты қарақалпақтан бундай пайызлы жерди табыўың қыйын.

Кеште үй ағзаларына және еки адам қосылды. Бул Айтмурат ғаррының басқа шығарып жиберген балалары екен. Олардың да үйи қоңсы. Деген менен балалар аңға шыққан күнлери аўқат ғаррының үйинде асылады. Бул күни тап дарғаның үйинде той болып атырғандай төрт хожалық бир жерге жәмленеди. Тийкарынан алғанда хожалықлардың төртеўи де усы Айтмурат ғаррыға тийисли болып шықты. Өзи, еки баласы, күйеў баласы ҳәммеси төрт хожалық. Бул хожалықлар бөлек-бөлек үй салып, бөлек жасағаны менен еки сыйырдың сүтин де, қатығын да бөлисип ишип кете береди. Нан да, аўқат та тап сондай. Ғарры баслап келгеннен кейин ҳәр ким мийманның кеўлине тийип алмаслық ушын үлкен әдеп сақлап отыр. Бирақ усындай болса да, Қудайберген кешки аўқат үстинде дым кеўилсиз.

— Алып отырың, мийман, дым кеўилсиз көринесиз? Я бир жериңиз аўырып отыр ма?

— Яқ, өзим сондайман.

Айтмурат көп нәрселерди басынан кеширген тәжирийбели адам. Соның ушын да тосаттан пайда болған бул жигиттиң басына әлле қандай саўда түскенин сезер, бирақта Қудайбергенниң бул жаққа келип қалыў себебин сораўға батына алмас еди. Қудайберген де бул ғаррының туўры адам екенлигин сезди. Бирақ кеўлиндеги бар гәпти төгип таслаўдан қорқып отыр.

Айтпағанда қаяққа барады. Ендиги барған жеринде Айтмурат ғаррыдай ашылысып, нанына мирәт ететуғын адам я табылды, я табылмады.

Бундай адамлар мәрт болады. «Ойымдағы барлық гәпти жасырмаўым керек» деп ойлады Қудайберген. Ишки дәртин достына айтыўға қәўипсинген адам ҳәммеден қорқып жүреди. Ҳәммеден қорыққан адам узақ жасай алмайды. Ақыры ҳәмме тарқалып, шыра сөндирилип, Қудайберген менен ғарры ғана өз төсегине жатқан ўақтында Айтмурат ғарры сорады.

— Сени, бир қылмыс қылған адам деп айыплаўға

ҳақым жоқ. Бирақ, кеўлинде аўыр қайғының изи бар.
Бизди дос санап үйимизди паналадың. Егер мәлел кел-
месе кеўлиндеги гәпти айтсаң болар еди, балам. Мәс-
ләҳәтласып не тутар едик,—деди.
Қудайберген бир майданга шекем үндемеди. Соңы-
нан:
— Дурыс таптыңыз ата, мен ханға жаманлы болып
қашқан адамман.
— Жаманлы болғанда не, салық төлей алмаған шы-
ғарсаң?
— Салық төлей алмадым. Және, Қутлымурат инақ-
ты өлтириўге қатнастым.
— Не дейди?—ғарры көрпеден турып кетти. Ол жа-
ғында жатырған, азғын ҳәм жуўас жигиттиң «инақты
өлтирдим» дегенине сирә инанбас еди. Қудайберген
ғаррының орнынан турып кеткенине қарап: «үйден
шық! Ҳа, атаңа нәлеттиң баласы! Саған берген дузым
ҳарам»!—деп бақырып шаўқым салар ма деген еди,
бирақ булай болмады.
— Сөйтип изи не болды?— деп сорады. Айтмурат
ғаррының бул сөзи ҳәм қорқынышлы, ҳәм аяншылы еди.
— Не болатуғын еди, инақ өлди. Муҳаммед Пана хан
болып, Қулман ўәзир болды. Изи жаман болатуғының
ойламаған екенбиз. Қулман бий еки устаның изине тү-
сип алды да, биреўимизди өлтирип үлгерди. Мен бол-
сам түнде сизлерге араласып қашып кеттим. Қудай-
берген сол ақшам, қарындасын инақтың Хийўа ханына
инамға берип жибергенлигин, өзиниң Қоңыраттағы
атақлы уста екенлигин, Қулман бул ўақыядан пайда-
ланып «Инақты өлтирсең, қарындасыңды жолдан қай-
тарып алдырамыз» деген сөзлерин де жасырған жоқ.
Ҳәтте бул ўақыяны еситип, анасының қатты қыйнал-
ғанлығы, бүгин оның «Шарлаўыққа» жетип келиўи ке-
реклигин де сөзге қосып қойды.
— Саған қыйын болыпты балам, бирақ изи қайыр-
лы болғай. — деди ғарры, төсегине қайтадан жатып
атырып.
— Инақты мен де өлтириўге талапланып көргенмен,
— деди әлленемирде ғарры. Бул ўақытта ғарры емес,
Қудайберген төсегинен ушып турған еди. — Ол жыл-
лары үйимиз Бозжап бойында еди. Алты балам ҳәм
бир қызым болып, балаларым Алпамыстай ержетти. Қа-
ра күштиң арқасында жер айдап, егин егип күн көре-



туғын едик. Алты баламның саўлатында мал дәўлетим
болмаса да, дәўлетли адамдай көкирегимди керип жү-
ретуғын едим.
Бир күнлери ханның миршаблары салық жыйнаўға
келди. Үлкен балам екеўмиз күни менен қос айдап, түс-
те шай ишиўге келген едик. Мына, қызым Бийбихан сол
ўақытлары енди ғана он алты жасына шыққан шығар
деймен. Келсем үйдиң иши аўдар-теңкер. Жүк жығы-
лып, сандық қулап шил-пәрше болған. Қызым бийшара
мыйқыдан қашқан шымшықтай болып қалыпты. Көй-
леклери де жыртылып, алба-далба болып кеткен. Орта-
да, белине қатар асынған шөгирмели биреў қызымды
тап таўық услайтуғындай арман-берман қуўып жүрип-
ти. Қаным қызып кетти.
— Ҳәй, басқыншы, тоқта! — дедим. Усы ўақытта
шөгирмели нөкер маған шегир көзлерин тигип бир қа-
рап қойды. Соңынан және қызыма қарады. Меннен жас-
қанып, айылын жыятуғын түри жоқ.
— Ҳе, әкеңнен қорқады дейсең бе? Хан нөкери ҳеш
кимнен қорыққан емес. Ол өз олжасын алмай тынбай-
ды! Мениң алдымда усылар адам ба?! Әкениң алдында
қурған айшыў-әширет қандай қызық болады. Бул тек
хан нөкериниң ғана қолынан келиўи мүмкин, — дейди
уялмай үйи жаңғыр. Мен бул ислердиң оңымда ма, яки
түсимде ме, болып атырғанлығын байқағаным жоқ. Ми-
йим ғуўлап, көзим тарса жумылып баратыр. Усы ўақыт-
та қулағыма қыздың шыңғырығы, бир нәрсениң тарс
ете қалғаны еситилди. Көзимди ашып қарасам үлкен
пәлекет жүз берген екен. Нөкердиң басы асқабақтай
болып екиге бөлинип, қан ағып жатыр. Жанымда көй-
леклерм қанға былғанып, қолына балта услап турған
баламды көрдим.
Тез арада үйге миршаблар жыйналып қалды. Бес
балам басқа бир атызда анасы менен ислеп жүрген
еди. Оларды да алдырды. Еки балам кишкентай еди,
қалған төрт балам менен мени арбаға байлап Қоңы-
ратқа алып кетти. Төрт баламды көзимниң алдында
дарға асып өлтирди. Өзим алты ай дегенде қамақтан
қашып усы жерге келип қалған едим. Соңынан жасы-
рын бала-шағамды көширип әкелип, усы жерде дарға-
шылық ете басладым. Балларымның ҳақ қаны ушын
талай мәртебе инақты өлтирмекши болдым. Бирақ ре-
желерим иске аспады. Бир-еки күнликте отыншылар

«инақ өлтирилди» деген хабар таўып келди. Усы хабар ғаспа екен деген нийет пенен кеше Қоңыратқа барғаным еди. Оның үстине сени ушыратқаным жүдә таң қаларлық ўақыя болды-дә!— деди ол. Расын айтқанда Қудайберген бул ўақыяға исенерин яки исенбесин билмей ҳайран...

Өтебийке кемпир түни менен уйқылай алмады. Қудайберген үйден шығып кеткеннен баслап, оны сораўшылар көбейип кетти. Қулман бий; «Сейтим өлгеннен кейин-ақ, Қудайберген қашпаса болар еди» деген пикирге келген. Ойлағаны туўры шықты. Уста қалада ушты-күйди жоқ болып шықты. Қудайбергенниң ең жақын таныслары да араға салды. Ҳеш пайда шықпады. Ертеңине Қулман бийдиң қулағына келип тийген хабар да дым әбешний: «Қудайберген түнде үйинде болмады. Анасы азанда көрпе-төсегин ешегине артып, қаланың батыс дәрўазасына қарай баратыр».

Кемпирди қалай болмасын қайтарыў керек! Усындай мәқсет пенен ол төрт нөкер қосып, Сайымбет молланың елтисин жумсады.

Кемпирди тоқтатыў қыйын болған жоқ. Дөҳметке келгенде ҳеш кимнен қалыспайтуғын Сәлийма быжық атанған бул қатын, барды да ешектиң жылаўына асылып:

— Мына кемпир мениң алтын жүзигимди урлады,— деп бәлеәтлей баслады. Кемпир:

— Шырақларым, мен болсам бир аяғым жерде, бир аяғым гөрде турған адамман. Алтын жүзикти не қылайын?— деген сөзлерди айтып жалынса да, нөкерлер оны тыңламастан қәдемжайға алып келди. Кемпир ўақыяның ҳәммесине түсинетуғын болғаны ушын, оны тежептергеў пайда бермеди. Ақыры, изинен бир бақлаўшы қойды да ешегине мингизип, дәрўазадан шығарып жибериўге мәжбүр болды.

Кемпир ғайыптан пайда болған жолаўшы жолдасының ким екенлигин сезди. Ол көбирек кемпирдиң қаяққа баратырғаны ҳәм баласының қайда екенлиги менен қызығатуғын еди. Бул адамның жансыз екенлигине көзи жеткен кемпир енди жолды да өзгертип, ҳәр аўылға бир иркилип, қайыр сорай баслады. Тосаттан пайда болған жолаўшы да еле кетпеди. Енди, кемпир пүткиллей «жилли кемпир» кейпине кире баслады. «Мениң баламды өлтирди» деп егил-тегил жылап, шаңлақта маллар



менен бирге қонып қалатуғын әдетти шығарды. Гейде жыласа, гейде шақалақлап күледи. Аўыл балалары «жилли кемпир» киятыр деп изинен қум шашады. Кемпирдиң жилли болғанына толық исенгеннен кейин, жансыз да илажсыз Қоңыратқа кетип қалды. Бирақ кемпир еледе Шарлаўыққа барыўға асыққан жоқ. Ол ойлағандай-ақ ертеңине жансыз аўылға еки адамды ертип алып келди. Олар аўылдың итибарлы адамлары менен сөйлести. Ҳәммеси: «кемпир жилли болған» деп айтқан болыўы керек, ғырра изинен қайтып кетти.

Усы ўақыттан баслап кемпир өзгерди. Елден узағырақ кетип, салмаға барып шомылды. Кийимлерин жуўып алып кептирди. Соннан кейин барып Шарлаўыққа баратуғын жолға келип түскен еди. Усындай себеплер менен ол арадан тоғыз күн өткеннен кейин барып, баласы менен ўәделескен жерге жетип келди. Буған шекем Айтмурат дарға Қоңыратқа еки мәртебе келип, Өтебийке кемпирди таба алмай кеткен. Соңғы барғанында Қудайбергенниң жоралары:

— Бул үйге жолама, ханның адамлары гүзетип жүрипти,—деп ескерткен. Сөзиниң рәмәўзине қарағанда хан адамлары кемпирди қамап қойған усайды.

— Қартайғанда анама қыйын болыпты. Егер ертең азанға шекем келмесе хан алдына өзим бараман,— деди Қудайберген.

Айтмурат дарға буған тәселле бергендей ҳеш нәрсе айта алмады. Мине усындай жағдайда кемпирдиң жетип келиўи булар ушын үлкен қуўаныш болды.

## 10

Әжинияз бүгин қаншама қосық жазыў дәртинде жанса да жаза алмады. Оның көз алдында муңлы заман мүсийбети менен ойыншық болған нәзәлимлер тәғдири соншама зарлы көринер еди. Х әсирдеги шайыр Әбдишүкир Балхий өз заманын түтеп турған тандырға мегзеткен екен. Жалын шаша алмаған тандырда не ҳәўир, не берекет болады? Ол пысқый береди, пысқый береди, ең ақырында адамның көзин аштырмай таслайды. Соңынан адам түтин ишинде көнлиге баслайды. Тандырға жабылған нан бурынғыдай писик болмаса да шүкиршилик қылады. Ашшы түтин адамның кеўлин де, шырайын да әдеўир пәсейттирип таслайды.

Шайыр буннан бир ай бурын Бийбижамал менен ушырасып, муҳаббаттың адам өмириндеги толқынлы сезим екенлигин сынап көрген, оған арнап «Бери кел», «Гөззаллар», «Эй, нәзелимлер, «Бир пәрий» қосықларын жазған еди. Бүгин бул қосықлар әлле жақларға тарқалып, айралық пенен ушласқан. Әжинияз тосаттан пайда болған кеўил қайғысына төтепки бере алмастан, қайығы түпсиз теңизде даўыл арасында қалған адамдай өрден- ыққа тербелди.

Ўақыт әллен мезгиллер болса да шайырдың еле шырасы сөнбеген, қустың тилиндей ғана пилиги жылтылдап турған шүтик шыраның жалыны сырттан келген самал менен арман-берман қозғалғандай. Әжинияз дәстахта жанында жүресине отырды да қус пәринен исленген қәлемин сыяға малып, әлле қандай бир қосық қатарларын жаза баслады:

Әлип қәддим далдек болып бүгилди,
Көзлеримнен қанлы яшым төгилди,
Жол бойына үйген ҳасыл йүгимди,
Базарға елткендей кәрўан болмады.

Дәрек йоқ ушырған қуба қушымнан,
Базарым тарқады ерте пешиннен,
Кәрўан өткен ўақта мениң тушымнан,
Көңил мүлким жолға әнжам болмады.

Сырым паш етпедим ҳәргиз ҳеш кимге,
Ситамкер әйледим жанға беш күнде,
Гүзар дәрбентине қурған көшкимде,
Дәртимди дәртлесер ҳамдам болмады.

Әжинияз бул қосығы менен де жүрек дебдиўин баса алмады. Оның жараланған жүреги әлле қандай айралық қосықларын қағазға түсириўди қәлер... Соның ушын да бул муңлы қосықтың изи «Айралық» қосығына айланып кетти:

Елинен айрылған дийўана болар,
Ярынан айрылған бийгана болар,
Ҳәррелер ушубан пәрўана болар,
Уясы бузылып, палдан айрылса.

Бул дүньяның көрки адам баласы,
Адамның да көкке жетер наласы,
Кеўилдиң көп болар қайғы жапасы,
Хош қылықлы сәўер ярдан айрылса.



— деген қатарлар жазылған ўақтында неликтен де оның түси бузылып, қоллары қалтырап кетти. Ол Бийбижамалдан айрылып, бул қосық тап оны жоқлаў мағанасында жазылып атырғандай. Әжинияз қарсы алдындағы шыраға узақ телмирип қарап қалды. Бир қанатлы жәниўар келип шыраға өзин урып, жана баслады.

— Бизлер де хан алдында усындай жәниўарлармыз, — деди ол. Хан— бул жанып турған от, бизди ҳәўири менен ақ күйдирип таслайды... Сонда пүткил халықтың өмири отқа қуўырылыў менен өтер екен-дә! Егер усы шыраға мың жәнлик келип өзин таслағанда бар ма, шыра бирден өшеди қалады. Жалғыз жүрип ат шапқан болмайды. Биригиў керек. Ақыры, бабамыз Юсип Хас Ҳажиб айтқан ғой: «Қәўипли душпан менен гүрескенде бирикпесең бәрҳама жығыласаң. Тислер биригип барып, тасты сындырған». Дурыс та, егер аўзында жалғыз тисиң болғанда, сүйек түўе нанды шайнаўға қүдиретиң келер ме еди?

Илими-ҳикмет жоқ жерде ҳәмме ўақыт зулымлық күшли болады. Халқымның тәғдирине ашынаман. Сахрада мал бағып жүрип, Наўайы менен Ҳафыздың бир бәйтин еситип көрмеген. Булар, «алла-таала адамларды «бахытлы» ҳәм «бахытсыз» етип еки тайпада жаратқан. Бахытлысы— байлар, бахытсызы— кәмбағаллар, соның ушын да байлар кәмбағаллар үстинен қаншама зулымлық жүргизсе де шыдаўы тийис», деген гееисенеди. Оларға ҳақыйқатлық деген илимди үйретиў ушын еле көп жыллар барға уқсайды...

Әжинияз қағаздың екинши бетин ашып, оған төмендегише жазды:

Сәнемлер қолында тилла саз едим,
Ҳәўижге келтирер жанан болмады,
Ўақтында туғрылған алғыр баз едим,
Кәлпе саятларым маман болмады.

Буннан кейин ол шыраны жеңиниң ушы менен желпип өширди де, төсегине жатты. Әллен ўақытларға шекем уйқысы келмей, жән-жағына аўнап барып көзи илинген еди...

Кешки мәҳәлде Әжинияз дәрьяға ат суўғарыўға келди. Елдиң ырысқы болған асаў дәрья қайнаўытлап ағып

атыр. Еки қапталы сығасқан урықлық пенен пишенлик. Жағадан бес-алты қәдем бери де баслары гиддиман айры тораңғыллар аспан менен тиллесип турғандай. Қуяш батысқа қарай жылыслап, тораңғыллар арасынан шашылған оның зерли нуры дәрья үстине қайталанбайтуғын бир мәнзере алып келген. Толқынлар ақшыл, көгис, қызғылт түслерге енип, жыбыр-жыбыр болып ойнап атыр. Елп еткен самал жоқ. Ҳәмме жақ тыныш. Дәрья жағасындағы қалың тоғай уйқыда жатырғандай мүлгип тур.

Аттың суўлығын алып, жайнаўытқа айдап жиберди де, Әжинияз арғы жағаға көз тикти. Ол жақта да үстине жаў-жарақ асынған шөгирмели бир киси аттан түсти. Қасында бир қыз бар ма?... Қыздың көриниси Бийбижамалға жүдә уқсайды екен. «Хаў, Бийбижамал ма?...» —деди ол өз көзине исенбей. Талып кеткен көзлерин алақаны менен уўқалап-уўқалап және қарады: Бийбижамал!

— Ҳәй Бийбижамал! — деп ол енди даўысының барынша қатты бақырып.

Усы ўақытта қыз да қарады.

— Әжинияз!...

Қыз енди бақырыўы менен де турмастан тақатсызланып дәрьяға өзин таслады. Шөгирмели киси изинен қуўды. Суў енди ғана қыздың мойнына келгенде изинен жетип алды.

Усы ўақытта Әжинияз да атына секирип минип, толқынлы дәрьяға өзин урды.

— Ҳәзир Бийбижамал, қутқараман!—дер еди ол, толқын арасында киятырып.

Долы дәрья атқа ырық бермей дийдиленген жерден шығаражақ емес, ыққа қарай ығызып баратыр. Ол:

— Бийбижамал! Бийбижамал! — деп қатты бақырыўы менен шоршып оянды.

— Түсим екен-дә, — деди ол өзинен -өзи бир түрли болып. Таң еле атпаған. Әжинияз қайтадан төсегине жатса да, қаншама уйықлағысы келгени менен уйықлай алмады. Ол енди Бийбижамалдың дәртинде қыйналар еди.

Ақыры, Қоңыраттағы дайысы Қәдирберген устаның үйине қыдырып барғандағы ўақыя есине түсип кетти. Қәдирберген Қоңыраттың белгили темирши усталарының бири. Өзи Қудайбергенлер менен қоңсы, күн көриси басқаларға қарағанда бир нәўийе жақсы. Қолы епли. Үй дәскесин ислеўге еринбейди. Өткен жылы «Шарлаўықтан» адамның қушағы жетпейтуғын бир жуўан ағаш таўып келип, кели-келсап, малы ҳайран қалып турмаса да гүби -шелек, табақ-қасық иследи. Ал, быйылдан баслап ол дуўтар соғатуғын өнер шығарды. Әсиресе оның шеңгелден исленген қурама дуўтарына ҳеш дуўтар тең келмейди. Бул дуўтардың даңқы Хийўаға жетип барып, устаның басы бөлеге қалған. «Маған дуўтар соғып бер», — деп жалынған ҳафыз бенен бақсылардың саны да көбейип кеткен еди. Қолының бос ўақытлары Қусханадан үлкен тасларды алып келип дигирман соғады. Қулласы устаның өнери жүдә көп. Уста ҳәзир қартайыңқырап өз өнерин үлкен баласы Қайпанға тапсырмақшы болып жүр. Баласының интасы жаман емес. Буннан он жыл бурын Атамурат бойрашы дегениң қызын алып берген еди. Келини әдепли, интизамлы нашар болып шықты. Өзи қолы ашық. Биреўди алдағанды, өсекти жининен бетер жаман көреди. Соның ушын да жигитлер менен қызлар арасында кимсең «Гүлзийра жеңгей» болып атаққа шыққан, өзи келискен сулыў, басын ҳайўанқашлап орап, жолға шыққанда ҳәтте менмен деген жигитлер де албырап жол беретуғын еди.

Жалғыз ағасы Қудайберген еле үйлене алмай жүргени ушын Бийбижамалдың буннан жақын жеңгеси жоқ еди. Ол дән геўзеў, дигирман тартыў ушын ҳәр күни Қәдирберген устаның үйине барады. Бул үйде ҳеш ким оны жатырқамайды. Ҳәммеси өз қызындай көреди. Гүлзийра болса ғой, мудамы меҳрибанлық көрсетип жүргени.

Өтебийке кемпир бул аўҳалды сезип бир күни Гүлзийраны алдына шақырды.

— Дүньяның қыйыншылығын көп көрдим, балам. Қудайберген менен Бийбижамал тилимниң астына сақлап асыраған палапанларым еди. Ул бала өз жолына, қыздың жолы қысқа. Уядан басқаны көрмеген палапан, қәпелимде әллеқандай жезтырнаққа дус болып қалама, деп қәўетерленемен, балам. Илайым бахтың ашылсын, қәпесте жүрген қызыма қорған болағөр. Қызымдай болған келиним едиң, Бийбижамалымның ендиги жан ашыры, анасы өзиң болғайсаң, шырағым, — деди.

— Болады, ҳеш бир қәўетерленбеңиз. Бийбижамал ондай қызлардан емес, — деди Гүлзийра.

— Әўмийин! Айтқаның келсин, қызым, — деп кемпир пәтия берди. Бул сөзди Бийбижамал да өз қулағы менен еситти.

Бул ўақыядан бир ай кейин Әжинияз Бийбижамалды Ханжаптың бойында көрип қалған еди. Ертеңине Қәдирберген устаның үйинде ушыратты да, пүткиллей шыдамы кетти. Муҳаббат деген сондай болармаекен, булар дәслепки ушырасыўында ҳеш биреўине ҳеш нәрсе айта алмады. Бир-бирин соншама жақсы көрип турған болса да, тап қарлы боран арасында қалған адамлардай қалтырап, бир-бирине узақ тигилип қалды, болғаны. Бул көзлерде қорқыныш та, қайғы да жоқ, теңиз суўларындай тынық, аспандай шексиз еди. Мәгар, бул турысында сырттан жолбарыс келип қалғанда да қайрылып қарамас, қулақлары тас болып питип, бул дүньяның сырлы сестинен пүткиллей ажыралып қалған. Екеўиниң де, бәлки оңы емес түси, оңында бир-биреўин ойлағанда, түсинде ушыратып атырған сыяқлы еди. Соның ушын да бул түстиң тезден тарқап кетиўинен қорқып, екеўи де әллен ўақытларға шекем кирпик қақпай қарап тиллести.

— Бийбижамал!..

— Әжинияз!..

Сыбырланып айтылған усы еки аўыз сөз ғана пүткил саҳраны гүңиренткен ғобыз тарларындай жүректи бийлеп алған. Усы еки аўыз сөз ғана бир-бирине мәдет бергендей, екеўи де және үнсиз.

«Я, пәрўардигар, бул түсим бе, оңым ба? Қасымдағы турған қыз ба, я пери ме? Бундай гөззаллықты дөреткен сақыйлығыңа, мың-мың рахмет. Бахтым бар екен, дүньяда усындай нәзалим ушыратыппан. Басым аман болса, қара жерге киргенимше оның алдында паяндоз болармаи», — деп сыбырланар еди Әжинияз.

Дигирманханаға басқа биреўлердиң кирип келгенин сезген қыз, бетин шаршысының шети менен жаўып сыртқа шығып кетти. Арадан бир неше күн өткеннен кейин Әжинияз Бийбижамалдың үйине айттырып барып, ыразылығын да алған еди.

Усы ҳәдийселер себепли Әжинияз Қәдирберген дайысының үйине көбирек келетуғын болып қалды. Бийбижамал да бул күнлери әдеўир кеўилленип кетти. Бирақ та ол турмысқа шығыўдан алдын ағасы Қудайберген келиншек алып келиўи керек екенлигин үнсиз түсинеди.

Илгерилери Бийбижамал күни-түни жалықпастан анасынан дәстан тыңлайтуғын еди. Бирақ оған дәстандағы ўақыялар өтирик сыяқлы сезиледи. Әжинияз бенен ушырасқаннан бери, дәстандағы ўақыялар да ырас екен-аў, деген пикирге барып қалды.

Әжинияздың Қәдирберген устаның үйине көп қатнаўының себебин ҳәммеден бурын жеңгеси Гүлзийра сезип:

— Жийен бала аманлық па? Қатнаўың көбирек болып кетти ғой. Бизиң бийкеш те бос келмейди, жүрегиңнен байлаған ба деймен? — деди ол бир күни.

— Солай қусайды, —деди Әжинияз. Оннан басқа жуўап қайтарыўы да мүмкин емес.

Әжинияз Хийўада оқығаны ушын, көп китаплар арқалы да, буннан тысқары күнделикли турмыста да жеңгейлердиң мәккарлығын биледи. Соның ушын да жеңгешиликти жақтырмайтуғын жигитлер топарына кирер еди. Ол Гүлзийра менен де ашылысып сөйлеспей жүр. «Сөйлеспесе қойсын, енди өзим сөйлесемен» деп ойланып жүрген жеңгеси:

— Шайыр балаў, сен ғой өзиңди меннен алып қашып жүрсен. Сырымды билмейди, деп ойлама. Қыздың қолын услатып, жүзик сорайтуғын жеңгең мен емес, исенип тапсырып қойғаннан кейин қыз меники. Үйинен рухсат алыпсаң, жүдә жақсы болыпты. Расын айтсам, екеўиңиздиң табысқаныңызға қәлпем қоян алғандай қуўанып жүрмен. Енди аўылдың қаңғымай жигитлериндей дигирманның алдына барып турғаныңды қой. Ағаң сәбик аўылына кетип еди. Жайда ҳеш ким жоқ. Бийкеш те дигирманға келипти. Ҳәзир шақыраман. Бирге отырып шай ишиң,— деди.

— Жолы болар жигиттиң жеңгеси алдынан шықты, деген усы-дә, — деди Әжинияз.

Жигит төрги жайға барып, шапанын шешкени менен, жүреги ҳәўлирип, отыра алмастан турып кетти.

Қапы шыйық етип ашылып, ишке Бийбижамал кирди. Бул сапары да тап баяғы ушырасыўдағы көз қараслар ҳүким сүрди. Бийбижамал дәлизден кирип келген

болса да, тап ол кеминде бес шақырым жерден жуўырып келгендей ентигип, көйлек астында белги берген қос анары, барып-келип турған сыяқлы. Ол шамасы Әжинияз тап есиктиң кирер жеринде турады, деп ойламаған. Соның ушын да ашылған есикти жабыўға қурбы жетпестен лал болып қалған еди. Соңынан бул есикти сырттан Гүлзийра жапты ма, я Бийбижамалдың өзи жапты ма? Ол жағын Әжинияз аңламай қалды. Әйтеўир есик жабылды. Усы мәҳәлде ғана Әжинияз есин жыйнап, Бийбижамалды өз қушағына алды. Қыз тап жан ҳәлетинде қалған адамдай билеклери менен жигиттиң мойнын қатты орап алған еди. Денеси тап суўықта қалған тайыншықтай дир-дир етеди. Оның аўзынан шыққан жыллы леп жигитти пүткиллей бийхуш қылып, қыздың көзи ме, қулағы ма ҳәммесин биримлеп сүйип шықты. Жигиттиң көзи жумылған, бирақ солай болса да оның алдында бул дүньяда ҳәмме нәрседен қымбатлы Бийбижамалы турғанлығын сезеди.

Олар усы ҳалатта қанша турғанлығын аңлай алмады. Гүлзийра есиктен шай алып кирген ўақтында ғана қушақлар жаздырылды.

— Шай ишиң Ләйли-Мәжнүнлер! — деди Гүлзийра күлимсиреп.

Бирақ Бийбижамал шай ишпеди.

— Кешиксем апам урысады, — деди де дигирманханаға кирип кетти.

Әжинияздың сол күнги ҳалатын сөз бенен тәрийплеп бериў қыйын.

Мине, ярым айдан бери сол қыз Қоңыратта жоқ. Ол қай жерде? Қандай аўҳалда? Буған ҳеш ким жуўап бере алмайды.

Не азаплар менен таңды атырған Әжинияз бүгинде Қоңыратқа барып қайтты. Гүлзийраның айтыўына қарағанда, еле қыз ҳаққында хабар жоқ. Қудайберген менен оның анасы Пана ханның қуўдалаўына түскен. Буннан онлаған күн бурын Қоңыраттан шығып кетипти. Қаяққа кеткенин ҳеш ким билмейди.

## 11

Қудайберген анасы менен бирге табысып, Айтмурат дарғаның үйинен онша узақ болмаған Ҳәмийдулла бажбаның гөне қыслаўына келип қоныс басқан еди. Ҳәмийдулла бажбан көшип кеткеннен кейин, қақыра ғана тоғай арасында сопайып көринер, бул жерге отыншы, аўшы-дузақшылардан тысқары ҳеш ким аяқ баспаған. Қалың түйесиңирлер жайды пүткиллей бүркеп таслаған. Қудайбергенниң өзи уста болғаны ушын, оны оңлап алыў қыйынға түскен жоқ. Ишин-сыртын ылайдан муқыятлы етип сыбап, жаңадан ошақ қурып алды. Жигит ендиги жағына не ислеўин билместен ҳайран. Қылышын сүйреп қыс киятыр. Я бул үйде бир қосыўыс дән жоқ. Елден излеп кетиў мүмкин емес. Қалада жасаған адамға бир өзи тоғайда жасаў сүргинге түскеннен де бетер болып, жалғызлық жүрегин езип жиберди. Жападан жалғыз қайғы батпағына батқан ана пүткиллей төсек тартып жатып қалған еди. Бул жерлерде ҳәўли қурып атырған бай, қорған салып атырған бий болмағаны ушын Қудайбергенниң атақлы уста болғанынан немәп. Ол дәслеп Айтмурат дарғаның үйлерине барып жүрди. Өзи айландырған төрт үй болған соң жумыслары да ҳә демей-ақ питип қалды.

Бул жерлер дәрьяға қарағанда әдеўир бийик. Соның ушын да ҳеш ким дийқаншылық пенен шуғыллнбайды. Айтмурат дарға ҳәм оның балалары тийкарынан балықшылық пенен күн көретуғын адамлар. Дарға илме тесик болып кеткен кемесин жамап, күни менен ол жаға менен бул жағаға адам тасыйды. Оғанда әйтеўир бир нәрсе беретуғын уқсайды. Балалары болса күни менен аў салып, дузақ қурыў менен әўере. Өзлеринен аўысқан балықларды узақ аўылларға алып барып жүгери, тары, дуз, қаўын усаған затларға алмастырады. Усылайынша қыс азығын әнжамлайды. Бир жақсы жери — тыныш. Мылтығын мойнына асқан миршаб, қылышын қолына алған нөкер жоқ. Бул төрт-бес хожалық, бул дүньяның жаңалықларынан хабарсыз жасап атырған сыяқлы. Бул аўылға бий менен бай қәдем баспаған болса да, анда-санда отыншылар өтип турады. Дарға Қоңыраттағы жаңалықларды тек солардан сорап билетуғын еди.

Көпшилик байлар бул тоғайды аты-жолы жоқ «ўақым жер» деп атайды. Буған ең баслы себеп, илгеректе тоғайды өз қарамағына алыў ушын келген Ҳәким бий менен Султаналы аталықтың екеўин теңнен жолба-

рыс талап өлтирген. Бийлер қамыслықта жолбарыстың баласын атып өлтирген. Соған қәҳәри келген жолбарыс жолда аңлып жатып, еки бийди де шайнап таслаған. Усыннан баслап, бий менен бай әўладлары бул жерге қәдем баспады. Ҳәтте миршаблардың да, нөкерлердиң де бул жер менен иси жоқ.

Айтмурат дарға ҳәм оның балалары жолбарысты талай мәртебе көрген. Булар ушын жолбарыс қолға үйренип қалғандай:

— Шерим-ай, Шерим-ай, бизди өз панаңда сақлағайсаң,— десе жанынан өтип кете береди.

Бул аўылдың еки сыйыры ҳәм төрт бес ешкиси менен де жолбарыстың иси жоқ. Ол тап буларға рейимли келгендей доңызға шапса да, малға шаппады. Усыған байланыслы жолбарысты олар оғада ақыллы ҳайўан сыпатында қарайтуғын еди.

Қудайберген өмиринде жолбарыс көрмеген. Адамлар оның атын айтқаннан баслап-ақ зирлеп қоя берди.

Айтмурат дарға Қудайбергенниң үйин бир айға шамалас балық пенен тәмийинлеп турды. Гейде балаларының аўы жүрискенде «Кемпирге апарарсаң» деп қырғаўыл да береди. Бул Қудайбергенге аңсатқа түскен жоқ. Ҳәр күни дарғаның алдына барғанда тап қайыр сораўға келген адамдай өзин дым қолайсыз сезеди. Айтмурат дарға буны сезсе де сыр билдирмейди. Ақыры бир күни айтты:

— Балам, бул аўҳалда саған қыйын болады. Кәсибиңди өзгертиўиң керек. Ҳәр жердиң шараятына қарап ис көрмесең болмайды. Бул жерде жасаўға үмит қылған екенсең, демек балықшы яки аўшы болыўың керек.

— Қалайынша?

— Адам анадан аўшы, балықшы болып туўылмайды, балам. Қайсы иске меҳир қойсаң, изи қайырлы бола береди.

— Меннен балықшы шығарма еди? Өмиримше бир тутып көрмеген адамман.

— Шығады екен балам? Мен де елиў төрт жасыма шекем шабақ тутып көрмеген едим. Өмирим жер сүриў менен далада өтти. Ҳәзир бул жерде меннен тәжирийбели балықшы жоқ. Ал, сен болсаң өмирди жаңа баслаған жас жигитсең ғой, балам.

— Бул айтқаныңыз орынлы-дә, ата, бирақ басым әўере-сарсаңға түсип қалды. Расында да бул жерде



жасамақшы болған адам, балықшы яки аўшы болмастан басқа илажы жоқ. Бирақ аў-дузақ дегеннен менде ҳеш нәрсе жоқ-та.

— Кемпир! — деди ол иштен Биййбигүл шешейди шақырып.

Ол жақын жерде екен, дәрҳал жетип келди.

— Анаў күнги Михайлдан алып қалған жиплерим қәне?

— Баяғы оралыскиниң таслап кеткен орыс жиби ме?

— Соны ҳәзир Қудайбергенге алып келип бер. Оннан кейин Өтебийкениң үйине барып қайт. Жалғыз адамға қыйын болады. Сениң менен сөйлесип, бир жыйрыны жазсын. Апарған жибиңди де сол жерде аў тоқып берерсең булар еле аў тоқыўды да билмейди. Егер Қудайбергеннен аўшы шыға ғойса, саған көйлек алып береди. Тезирек бар. Қазан-табағың болса келинлериң иретлестирер.

Кемпири жипти излеп, үйге кирген ўақтында ол және Қудайбергенге қарады.

— Таныс темирши усталарың жоқ па?

— Бар, неге еди?

— Мениң көп оралски дosларым бар. Оларға шойын пытыра керек екен. Ал, мениң пытыра жасайтуғын танысым жоқ. Сен қалада болған адамсаң, көпти таныйсаң. Егер пытыра тапсаң олардан шылт жаңа жылым менен қайық алар едик.

— Таныс усталар көп-дә, бирақ мениң Қоңыратқа барыўыма болмайды ғой.

— Ҳаў еле солай екен-аў. Ол жағын умытып кетиппис-ғой. Ҳәй, мәйли, бир илажын табармыз, — деди ол.

Усы ўақытта Биййбигүл шешей қолына бир үлкен доғалақ жип алып үйден шықты да, Қудайберген екеўи тоғай арасындағы соқпаққа түсти. Есик алдындағы шертекте булардың изинен қарап қалған ғарры;

— Ҳәй, Биййбигүл! Алдын бурын үлкен шолпы тоқып бер. Аўды соңынан тоқырсаң, — деп бақырып қалды.

Биййбигүл шешей аў тоқыўдың шебери екен. Күн түс боламан дегенше бир шолпыны таярлап таслады. Шолпы наятый үлкен болыпты. Қудайберген сыйдам торыңғылдан бир-екеўин алып келип ийип көрип еди, «мөрт» етип сынып кете берди.

Қудайберген бурын шолпы салып көрмесе де, бул

жерге келгеннен бери шолпының қандай нәрсе болатуғынын биледи. Ол узынлығы бес алты қулаш жылымның шонтайы усаған бир балық аўының түри. Шолпының бас бетиниң қыр дөгерегин жас талдан ийип шеңбер жасайды да, аўдың жиплерин беккем етип, усы шеңберге қатырады. Шеңбердиң бир шетине ағаштан тутқа жасап, оған арқан байланады. Шеңбер суўда өзин тик услап турыўы ушын, ағаш тутқа жағаға беккемленип қағылады. Шеңбердиң көлеми кең болғаны ушын, гейде балықлар аңламай ишке киреди де, шонтайға жыйылып қалады. Шолпының тутқасын услап отырған адам усы ўақытта ғана жоқарыға қарай тартады. Балық шолпының ишинде қалып қояды. Таза үйреншик балықшылар ушын бул жүдә қолай усыл.

Шолпы қашшан-ақ таяр болса да Қудайберген оның шеңберин дүзете алмай хәлек болып отыр. Қаншама жас талларды әкелип ийип көрип атыр. Бәри де сынып қала береди.

— Қудайбергенжан, тораңғыл шолпыға болмайды, қарағым. Жөнеўит таўып кел,—деди усы ўақытта есиктен шығып қалған Бийбигүл шешей.

— Әйтеўир морт етип сынып кете береди-аў.

— Буның ҳақы тоғай тал, жөнеўит.

Бул тоғайда жөнеўит те молшылық. «Шымшық сойса да қассап сойсын» дегендей-ақ Қудайбергенниң еле бул өнердиң тилин билмей атырғаны. Ол балтасын алып тоғайға кирип кетти де бир қушақ жөнеўит сүйреп келди. Шолпыны қәддине келтирип, дәрья бойына қарай кетти.

Дәрья Айтмурат дарғаның есигиниң алдынан жайпаўытлап аққаны менен, Қудайбергенниң үйине жақынлаған сайын тик жар басланатуғын еди. Дәрьяның жағасы тикжар болды ма, демек асты терең болады. Шолпы терең жерге қурылады, бирақ жар қулап кетсе шатақ. Соның ушын да ол жердиң әдеўир жерин қазып ой түсирип алды. Тораңғылдан үлкен төрт қазық жасап, оның үстин шертектей етип суў бети менен теңлестирип бастырды. Соңынан:

— Я балықшы ата!—деп шолпыны суўға таслады.

Шеңбердиң ушы гә көринип, гә көринбей турғанына қарағанда бул жер әдеўир терең еди.

Дәслеп үлкен бир ис үстинде турғандай Қудайбер-



генниң жүреги ҳалласлағаны менен соңынан пүткиллей басылып қалды. Арадан көп ўақыт өтсе де шолпыға еле хеш нәрсе илинбеди. «Сениң бул кәсиптен напақаң жоқ екен, Қудайберген!»—деди ол ақыры өзине.

Енди ол пүткиллей балықтан гүдерин үзген еди. Балықшылық ҳаққындағы қыяллардан өзин шетке алып, арғы жағадағы көп-көмбек урықлардан көз алмай ойланып отыра берди.

Балықтан несийбеси жоқ екен. Енди не қылыўы керек? Мына жағы—Мойнақ. Ол жерде де балықшы болмасаң күн көре алмайсаң. Қалай-қалай заман болып кетти, бул?

Қудайбергенниң ойлары қыйыр-шыйыр.

Усы ўақытта шолпы бир жулқынды да, жағаға бекитилген тутқыш қопарылып кетти. Шолпы ығып баратыр. Бирақ шолпыға байланған кендир арқан беккем. Бир ушы тораңғылға байланған. Оны қопарып кетиўи әмири маҳәл еди. Тораңғыл да, арқан да мықлылығын көрсетти. Шолпыны алып баратырған жайын ба, бекирме бир нәрсе, басы тасқа тийгендей силкинип, аўға оратыла баслады. Қудайберген арқанды жән-тәни менен тартып көрип еди, оны бир силкигенде-ақ дәрьяға ушырып жиберди. Үсти-басы малпақ-салпақ болып қалған Қудайберген сыртқа шығып алған болса да не қыларын билмес еди. Тек шолпы шыдам берсе болғаны. Жайынды усламай қоймайды. Ақыры, бул биринши олжа. Я Бийбигүл шешейге хабар берип, дарғаны шақыртсам ба екен? Яқ, бул аралықта ылақа аўды жыртып кетиўи мүмкин. Не болса да бахтынан көреди. Өрден-ыққа туўлаған ылақа ақыры тынғандай болды. Жипти тартып көрсе қарсылық көрсетпей атырғандай. Деген менен «Сақлықта қорлық жоқ» деп, жиптиң жағаға жақынлап тартылған жерин қазық етип қағылған үлкен тораңғыл арғытқа байлады. Арқасы дүңкийген ылақа енди жағаға жүдә жақын келип қалған еди. Қудайберген сыртқа жуўырып шықты да, шолпы соғыўдан аўысып қалған билектен жуўанырақ болған тораңғыл арғытын салмақлап көрди де, ортасын балта менен қырқып, төменге түсти. Енди қараса ылақа басын жоқары көтерип жатыр. Арқасы да, қуйрығы да көринбейди. Оның төңкерилген қазандай болған басы жүдә қорқынышлы.

Еки жағына шыйратылып кеткен мурты кишкене бир жылан сыяқлы былғаңлап көринеди.

Ылақа жүдә жақын жерде турғанлығы ушын, Қудайберген қолындағы аўыр кеспелдек пенен мықлап урды. Қатты туўлаўы менен ол суўды ләрзеге келтирди. Шолпы шеңбериниң бир жерлери «шарт» етип сынды, жиптиң бир жерлери «шырт» етип үзилгендей болды. Тап дүбелей пайда болғандай суў бирден қайнап кетти. Бул ҳәрекет қаншама қорқынышлы басланғаны менен соншама тез ўақыттың ишинде тынды. Әдеўир ўақытқа шекем оның басы көринбей кетти. Соңынан суўға қан жайыла баслады да, узынлығы бес-алты қулаштан кем болмаған ылақа торды көтерип суў жүзине қалқып шықты.

Қудайберген дарғаны шақыртыў ушын, тезден Бийбигүл шешейге хабар берди де, өзи дәрҳал ылақа қасына қайтып келди.

— Жоллы жигит екенсең,— деди Айтмурат дарға, —Жылымың майланыпты!

Қудайбергенниң үйинде, табақ та май, шөмиш те май. Ылақа дәслепки күни сорпа, изинен қарма, оннан кейин қуўырылып, ада болмас майына палаў да асылды. Қудайбергенниң енди шолпыдан да, аўдан да несийбеси жүрисип, қыс азыққа болғандай дузланған қақпаш та жыйнап алды. Анасы болса ешекке балық артып, узақ аўылларға барып, дәнге алмастырып қайтатуғын болды.

## 12

Қудайбергенниң тосаттан жоқ болып кетиўи, Қулманды әдеўир шаршатты. «Устаның қолынан ханға қарсы ҳешнәрсе келмес-дә, деген менен ҳеш нерседен қорықпайтуғын адамның өзи де масқара болыўдан қорқады. Оқтың күши бир-еки адамды алып кетеди, ал сөздиң күши жаман. Ол даўыл болып еседи де, пүткил елди қаплап алады. Оннан кейин бир адамды исендирип көр, әўлийе екенсең. Ҳеш ким саған исенбейди. Бир жалатай әмелпараз, ишмерез боласаң да қаласаң. Не ушын қылмыс қылған адамлар гүўаларлдың ҳәммесин жоқ етиўге ҳәрекет қылады. Ақыры, ар жағы бар оның. Негизинде оны сол күни-ақ гүм етиўим керек екен. Енди бул истиң басында өзим турғаным



халыққа мәлим болса бар ма, қудайдың өзи сақласын!»

Қулман Қоңырат ханлығының, Хийўадан гөре көбирек халық басына мүсийбет түсиретуғынын жақсы билетуғын еди. Ол өзиниң қызының тәғдири себепли Муҳаммед Әмин ханға қарсы шыққан болса да, соңынан пүткиллей өзгерди. Дәслеп: «Қоңыратта ханлық дүзилсе, әдалат жолынан бараман,»—деп ойлаған еди. Бул ойлары да келисиксиз екенин аңлады. Себеби хан ғәзийнесиз, әскерсиз халықтан пүткиллей ажыралып қалған еди. Бул олқылықты тек салық жолы менен ғана толтырыў мүмкин. Бирақ ел, журт әззиленип қалған ўағындағы ғәзийнени толтырыў ушын қаншама күш керек? Оның үстине көпшилик бийлер менен байлардың өзлери де Панаханға еле толық исенбейди. Соның ушын ғәзийне де, нөкер де пухара халықтың басына түсип, елде абыржыўшылық басланды. Усындай себеплер менен Пана хан да, Қулман да халықтан әдеўир ажыралып қалған еди.

Қулман дәслеп Қудайбергенниң алдына жалынып келген болса да, енди бир көрсе шайнап тастайтуғындай ашыўлы болып отыр. Ел арасында жасырынып жүрген әллеқандай бир гедей уста, бунның барлық сырларынан хабардар екенине ары келеди. Соның ушын да Қудайбергенниң геллесин алып келген ҳәр қандай адамға мал-мүлкиниң жартысын бериўге таяр еди.

Усындай күнлердиң биринде Қулманның тыңшылары бий аўылына барып жилли болып кеткен Өтебийке кемпирдиң бирден тәўир болып, аўылларда балық сатып жүргенлиги ҳаққында хабар таўып келди. Буған қәҳәри келген Қулман «кемпирди гөрден болсада таўып қайтасыз!»—деп он нөкер атландырды. Нөкерлер аўылдың астан-кестенин шығарса да кемпирди таба алмады. Ақыры Шарлаўыққа келип, дарғаның үйлерин де бирим-бирим қарап шықты. Ҳеш жерде жоқ. Үш күнлик тинтиўден кейин, олар «Ўақым» тоғайына кириўге жүрексинбей изине қайтты. Бажбанның гөне жайы, тоғайдың ортасында болғаны ушын ҳәмме оны есинен шығарып жиберген. Жолаўшылар болса, ол жерди жин-шайтан ийелеген деп дарымайтуғын еди. Тоғай арасындағы шатпада, Қудайберген менен анасының жасайтуғыны тек Айтмурат дарға ҳәм оның бала-шағаларына ғана аян. Бирақ олар усы ўақытқа

шекем бул ҳаққында ҳеш кимге тис жарып ҳеш нәрсе айтқан емес.

Нөкерлер қайтып кеткеннен кейин Шарлаўықта бир диййўана пайда болды. Дарға оған әдеўир муғдарда қақпаш берип сыйлаған болса да ол ҳеш қайтпады. Бул төрт үй диййўанаға тарлық қылса да, пәрўайы пәнсери болып, қоржынын қушақлап дәрья бойында жата берди. Бул диййўанадан гүманланыўға болады. Диййўана сол жатысында арадан төрт күн өткеннен кейин, Өтебийке кемпир дарғаның үйине келип, шыра май алып кеткен күни намазлыгерде барып жолға түсти. Диййўананың ҳәрекетин сезген дарға да түни менен уйықлай алмай шықты. Бирақ, азанда тоғайға келген отыншылар оны түнде қасқыр талап өлтиргенлиги ҳаққындағы хабарды таўып келди. Бул ўақыядан кейин Өтебийке кемпир де, Қудайберген де аўылларға балық алып бармады. Аўысық-артық балығын дарғаның балалары арқалы аўылларға тарқатып турды. Қуламанда тынышланып бастырыўлы қазан, қақпағы жабылыўы менен қалған еди.

Быйыл жаз ортасына шекем жаўып турған жаўын күшин көрсетти. Жер тапқа келмей, егинлер кеш егилип, писпей қалды. Елде ашаршылық басланып, қайыр сораған тиленши менен диййўана көбейип кетти. «Дән болмаса, балық жеп жан сақлап қалармыз» деген ниййет пенен олардың бир топары Шарлаўыққа да келди. Ашлық деген өзи кийели бола ма, быйыл Әмиўдәряның балығы қурыды. Күн нурына шағылысып, торда тырбаңлап туратуғын сазанлардың да бәри ушты-күйди жоқ, балықшылардың узақ күн сандалып жүрип таўатуғыны еки торта шабақ. Төрт-бес азаматтың мийнети менен де ҳәр күни қазан қайнамайды.

Қудайбергенниң баратырған бағыты жаман емес. Быйыл оның жылымы әбден майланды. Дулдул атлаған деген жерде шолпы салып, әдеўир муғдарда бекире услады. Оны оралскилерге сатып бир мылтықлы да болып қалған еди. Енди ол өз бахытын аң аўлаўдан сынап көрмекши болды. Тоғайдың иеси көп, қоянқырғаўылы көп. Дәрьяның жағасы болғаннан кейин, барлық аң сол жерден шықпайды.

Қудайбергенниң бул сапары да жолы болды. Ол биринши күни ҳеш нәрсе аталмағаны менен екинши



күни бир қырғаўыл, еки қоян атып алды. Аңның гөши дөртке даўа болғаны ушын жас жигитке күннен күнге шырай ене баслаған.

Ол өзиниң қәдирдан атасындай болып қалған Айтмурат дарғаны да ядынан шығарған жоқ. Арадан екиүш күнди өткизбей бес алты қоян-қырғаўыл саўғасы менен келип, сәлем берип турады. Қудайберген жақын көллерден үйрек—ғаз атып келип, олардың бирекеўин ғана өзине алып, қалғанларын үйлерге тарқатып беретуғын болды. Соның ушын да елдеги панасыз болып аш қалған адамлар бул хабарды еситип Шарлаўыққа, Қудайбергенниң әтирапына жыйнала баслады.

Қоныратта Қудайберген уста деген адам бир түнде жоқ болып кеткен болса, енди Шарлаўықта Қудайберген мерген, Қудайберген батыр—деген екинши бир халыққа белгили болған атақлы адам өсип шықты. Аўылдың аты да өзгерип, кимсең «Қудайберген аўыл» болып атала баслады.

Қудайберген жақында ғана усы аўылды panaлап келген Жумамурат деген диййқанның Сәлийма деген қызына үйленгенде қырқ ғаздың гөши асылып, қазан да май, шөмиш те май болған еди-аў сол тойда. Өтебийке шешей де келин түсирип, басындағы қайғыларын умыта баслады.

Қудайбергенниң дослары көп. Бул жерде Айтмурат дарғаның балалары Алланазар менен Жуманазар болатуғын болса, Мойнақтан кеме менен Михайл менен Петр келетуғын еди. Олар аў-дузақ пенен оқ-дәри алып келип, қустың гөшин алып қайтады.

Қудайберген олардың тәғдирине ҳайран.

— Бизлер бир кишкене халық болғанымыз ушын хан ҳәм оның әмелдарларынан қорқып-үркип тоғайда жасап атырмыз. Сизлердики не, жүдә көп халық болсаңыз да ҳәр жақта пытырап жүрсиз?

— Сен түсинбейсең достым, патша бар жерде әдиллик болмайды. Бизиң патшаларымыз да әкелеримизди усы жаққа сүргин қылған, — дейтуғын еди олар.

Сонда халық патшасыз ҳәм хансыз жасаўы керек не екен? Қудайберген ол жағын терең ойлап түсине алмайды.

Қудайберген усындай күнлердиң биринде тоғайға





аңға шыққан еди. Алдынан қашқан бир қояннан басқа жартыўлы олжа болмады. Тек, тораңғылда ғана қырғаўылдың шақырған сести еситиледи. Бул жерде қус атыў қәўипли. «Не болса болар, ығбалымнан көрермен-дә»—деп ойланды ол. Аўда екилениў болмайды, исеним болыўы керек. Соның ушын да атақлы аңшылар қос аўыз мылтығының шеп жағына ҳәмме ўақыт жалғыз оқ салып жүреди. Жалғыз оқ көлеми бас бармақтай келетуғын қорғасын, яки шойын. Бундай оқлар ҳәр қандай жалғызақтың маңлайын жарып жибереди. Қудайберген ҳәзирги киятырғанында да сол шеп жағындағы оғына исенип киятыр. Болмаса бул жерде шошқа жүдә көп. Ол көбинесе адамға қарсы жуўырады. Күн еле батпаған болса да тоғай арасы қараңғы еди. Қәпелимде, Қудайбергенниң таң қалған жери сол, бул жерге қарай жақында ғана бир адамның изи кетипти. Жақын жылларда бул тоғайға Қудайбергеннен басқа адам кирип көрмеген. Мына адамның изи жигитке әдеўир жумбақ болды. Солай болса да, аңшылықта кейинге қайтыўға болмайды. Жөн алды қарабарақ әстен жүрип киятыр. Шақалар шытыр-шытыр, тысыр-тысыр, ҳеш қандай аңлап болмайды. Қалайда из адам бар екенлигин танытты. Қудайбергенниң алдында жүз адымдай жерде, басына шөгирме кийген ири денели бир адам, мылтығын алдына қарай гөзлеп турған еди. Мылтық атылды бирақ ашшы даўыс шығарып өкирген доңыз тоғай теңселтип, мылтыққа қарсы жуўырды. Екинши оқ та атылды. Бирақ ол доңызға тәсир етпесе керек, жалғызақ қайтама бурынғыдан да қатты қышқырып, мылтықлы адамды қуўып киятыр. Шөгирмели адамның қорыққаны соншелли, алдында не бар екенлигин де сезбес. Бул мәҳәлде Қудайберген мылтықтың шеп қулағын қайтарып үлгерди де, қарсы киятырған доңыздың маңлайынан атып жиберди.

Дәслеп тораңғылға басын урып алған шөгирмели киси, Қудайбергенниң алдына келип қулады. Оның аяқ ушына жетиңкиреп келип, доңыз да қулады. Доңыз жатқан жеринде тапыршылап қышқырып, жан берди. Ал, адамнан болса ҳеш қандай сес шықпас еди. Көзлери жумылыўы менен сулық болып жатыр. Шөгирмеси әдеўир жерге ушып кетипти.

— Орныңыздан турың,—деп жулқыған ўақытта

ғана ол көзин ашқандай болды. Жүресине отырып, аяғын, қолларын услап көрди. Соңынан доңызға көзи түсип және шалқасына таслады.—Ер адамның қорқып жатқаны жаман болады. Орныңнан тур!—деди Қудайберген. Оның әдеўир жерге ушып кеткен шөгирмесин алып киятырып. Сулық болып қалған бул адам, өлим ҳәлетинде қалғанда, тосаттан мына жигит пайда болып, өлимнен қутылғанлығын енди ғана сезген сыяқлы еди. Орнынан турып шөгирмесин кийди. Жығылған жеринен әлле нәрсени изледи, таба алмады.

—Мылтығың ба? Ҳаў, анаў жатыр.

Мылтық доңыз өлген жерден әдеўир узақта, екенши оқ көширилген жерде қалған екен. Шөгирмели киси, мылтығын асынып, Қудайбергенниң изине ере берди. Ол ҳеш нәрсени сораған да жоқ. Индеместен, сес-себирсиз киятыр. Аяқлары өзине ерк бермей шалынып кете бериўине қарағанда, еле де есине келмей киятыр, шамасы. Жолдың бағытын да онша аңлап киятырған жоқ. Ҳәр томарға бир сүрниге береди.

Ақыры олар дәрья бойына жетип келди. Шөгирмели киси қурашын шешип таслап, жүресине отырып, жақсылап жуўынды. Суўды қосыўыслап алып, қанғанынша ишти. Қудайберген де суў ишти. Соңынан Қудайбергенге жүзленди де:

— Рахмет иним, ҳақыйқый жигит екенсең! Мени бир өлимнен алып қалдың, саған өмиримше миннетдарман! – деди. Айтпақшы: атың ким иним?

— Қудайберген.

— Мына Шарлаўықтағы Қудайберген бе?

— Аўа.

Шөгирмели киси күлди.

— Мен Қудайберген деген адам елиў жаслардан асқан, муртлары қошқардың шақындай қайырылып кеткен бир айбатлы киси болса керек, деп ойлап жүрген едим. Халық сен ҳаққында үлкен аңызлар айтып жүр. Ал сен болсаң еле жас бала екенсең ғой, иним..

— Қандай деп ойласаңыз да сол Қудайберген мен боламан, аға. Ал, сизиң атыңыз ким?

— Жазлықбай.

Бул киси халық арасындағы билгили Жазлықбай батыр болса да, бул сапары доңыз алдында қорқып



әшкара болғаны ушын ба «батыр» деген сөзди қоспады.

— Сонда, пүткил елге белгили Жазлықбай батыр ма?

— Аўа.

— Сизиң менен ушырасқаныма бахытлыман аға. Үйден барып шай-суў ишиң.

Қудайберген жолда киятырып, адам қандай батыр болғанда да пытыра оқ пенен доңызға қарсы шығыўға болмайтуғынын айтты.

Қудайберген бир қозы сойып, Жазлықбай батырды бир ақшам күтти. Бундай ҳүрметли адам менен баласының дос болып қалғанын көрген Өтебийке кемпирдиң қуўанышында шек жоқ еди.

— Сөйтип аға, Қоңырат ҳанлығында қандай жаңалықлар бар?—деп сорады Қудайберген.

— Әй иним, несин сорайсаң, ғаз қараўыл, ҳәкке жасаўыл болған алғаў-далғаў бир заман болды ғой,— деп батыр бир уҳ тартып узақ ойланып қалды.

Шынында да бул, ата балаға, бала атаға қараўға пурсат болмай атырған, қабырғаңды қайыстыратуғын қыйыр-шыйыр ҳәсиретлери көп бир заман еди.

## 13

Гүз кирсе де Қоңыратта ҳаўа-райы еле ыссы. Жерди қаплап кеткен өсимликлер тап жаз күнлериндегидей жылтылдап, қәддин өзгертпеген, тереклер болса көк-көңбек болып узақтан думанланып көринеди. Егинлер кеш егилип, писпей қалғаны ушын адамлар оны тезирек жыйнап алыўға асықпас, тап гүз еле узақ сыяқлы шапанларын шешип таслап қуяшқа ысынып, енди ғана балық көз болып киятырған жүўерилерге телмирип қарап отыратуғын еди. Бирақ солай болса да сүмбиле түсип, мийзан кирип, суў суўыған. Енди алдынан суўықтан басқа ҳеш нәрсени күтип болмайтуғынын дийқанлар жақсы биледи. Сонда да «суўға кеткен тал қармайды» дегендей: «илайым ахраб та жыллы болып өткей», «ахрабта урмаса, ақыретте де урмайды» деген халықта ҳикметли сөз бар, «илайым қыраў кеш түскей» деген тилектен басқаны ойламас еди.

Қоңыраттың халқы тийкарынан төрт түрли. Бул жерде-қарақалпақтың Қоңырат арысының жаўынгыр

ҳәм Шуллик бөлеги, қыят, ашамайлы, қәндекли, балғалы, бақанлы, шәўжүйли, қабасан, сақыў, терис тамғалы ҳәм басқа да урыўлары қалың жайласқан болып, бурыннан-ақ бул жерде отырықшы болып қалған араллы өзбеклер менен аралас. Араллылар өзлерин өзбек санағаны менен тил ҳәм әдет-үрип жағынан қарақалпақлар менен пүткиллей еписип өзлерин қоңыратлылар деп атайды, қыз берисип, сол жердеги урыўлардың атын қабыллап, қалың ел менен сиңисип кеткен еди. Хийўа ханларының басқыншылық ҳәрекетине пүткиллей қарсы. Буннан тысқары Үстирттен көшип келген қазақтың адай урыўы, Таллық дәрьясынан берман қарай қулаған әлим менен табынлар да, таў етеклериндеги отлақ далаларды қонысланп, Қоңырат беглигиниң жергиликли халқына айланған еди. Шоманайдан баслап Қарақум етеклерине шекемги алапты ийелеген яўмытлар да усы бегликке қарайды.

Жаңа пайда болған Қоңырат ханлығы сарайға адамларды билимине қарап емес, бәлки олардың ата-бабаларының атқарған хызмети, негизи ақ сүйеклигине қарап қабыл еткен еди. Усы себеплер менен сарайда, тийкарында саўатсыз, парықсыз адамлар да көбирек. Олар негизинде де халықтың жағдайлары менен санаса алмас еди.

Оның үстине ханның күшиниң әззилиги, Гөнеургенште өзин ўақытша хан деп есаплаған Атамурат ханнан жәрдем сораўға мәжбүр етти. Атамурат Хийўа ханлығына қарсы шыққаны менен халық басына қара күн туўызған қарақшылардың бири болып қалды. Еки мың нөкерге халықтың малын талап, қызларын басқыншылық пенен тартып алып күн кеширеўге рухсат берип жиберген еди. Соның ушын да бул халыққа Хийўа ханына қарағанда-ақ әдеўир қорқынышлы адам болып қалды. Муҳаммед Пана болса усы рейимсиз бас кесерлердиң және еки мың нөкерин Қоңыратқа шақырып отыр. Кулман егер Атамурат хан келсе, Қоңырат халқы тоз-тоз болып кететуғынын биледи. Бирақ, жаңадан болған хан менен ўәзирге буннан да қорқынышлырақ, қәўип бар. Ол да болса Муҳаммед Әмин хан. Ҳәзир Мары түркменлери менен Хийўа ханлығы арасында урыс баратыр. Бул саўаш тамам болғаннан кейинги қырғын Қоңырат ханлығында болатуғынын екеўи де анық сезеди.



Кеше Атамурат ханның жиберген елиў адамы үлкен салтанат пенен күтип алынды. Атамурат буларды Қоңыратта хан сарайында ислеў ушын жиберген. Өзи менен пикирлес адамның райын жықпаў ушын Муҳаммед Пана олардың көпшилигин үлкен лаўызымларға көтерип, сарайдан орын берди.

Бүгин болса еки мың нөкерди Атамурат ханның өзи Қоңыратқа баслап киятыр. Буның салтанаты кешегиге қарағанда да әдеўир өзгеше болды. Муҳаммед Пана хан тухымынан болса да, Атамурат ханға қарағанда әдеўир әззи. Ал Атамурат хан тухымынан болмаса да Муҳаммед Панаға қарағанда әдеўир күшли еди. Буның мәниси сонда: тек ата-бабасынан сүйегине қарап, Пананы қоңыратлы байлар хан тиклеген. Оның әскери де әззи, ғәзийнеси де аз. Аўшы кепекке қырғаўыл атып берип, оларды қабаған еткен саяқлы, Атамурат дәслеп изине адам ертип, қарақшылық пенен шуғылланып, соңынан нөкерди көбейтип, ел талатып басқыншылық жол менен ғана бундай басқышқа көтерилген еди. Соның ушын да Атамурат өзин «хан» деп көтермелегени менен оны бий де, бай да, халық та қуўатламайды. Бундай жолдан барған адамлардың ҳеш бирсўи де, өзине хан салтанатын ала алмаған. Ҳәтте дүньяны титиреткен Темурлан да өзин хан деп атай алмастан, Әмир деп атаған еди.

Солай болса да Пана хан алдында Атамурат өз шийкилигин сездиргиси келмей, бас ийиеди. Ол өзине қараслы болған әллеқандай бир беглербегениң алдында турғандай сәлемлести де, сарайға қарай жүре берди. Хан үш мыңнан аслам нөкер әкелсе керек деп ойлап еди. Пана хан Атамураттың нөкерди азырақ алып келгенлигине қарап, «бизиң менен мүнәсибетти бузбақшымекен?» деген пикирге де барып қалды.

Солай болса да Қоңырат ханлығына Атамурат ханның келиўи үлкен байрамға айланған еди. Атамурат узын бойлы, толық денели, ат жақлы, жаўырынлары кең, шыныққан, бет жүзи қуяшта қарайған болса да тегис ҳәм сулыў көринетуғын еди. Қап-қара көзлери бир тигилген ўақтында қорқынышлы ҳәм ғайбарлы. Шыйратылған қара муртлаш, шоқ сақаллы, елиўлер шамасындағы киси еди. Ол сыртынан бир қылыш ҳәм тапанша асынған. Көйлектиң сыртынан камар байлап алған оң жағында бир пышақтың

алтыннан исленген сабы жалтылдап көринип турды.

Сыртынан зерли шапан жамылып, басына көк шыйразыдан шөгирме кийип алған еди. Сарайға киргеннен кейин шөгирмесин шешти. Сол ўақытта оның тоқпақ тәризли сопақ басы көринди. Биринши қараған адамға оның басы желкесинде сыяқлы. Себеби басына кийип алған кишкене ойма нағыслы, тақыя, алды бетинен қараған адамға билинбестен, тек арт бетинен ғана көринетуғын еди.

Ол Пана ханның дәбдебели сөзлерине қулақ аспастан, сарайдың төрине қабатланып салынған Иран гилеминиң үстине төселген шайы көрпешеге барып отырды.

Ортаға жайылған кең дастурхан түрли жемислер менен кемиссиз етип безетилип, ортадағы гүмис табақта үлкен еки қошқардың басы қойылған. Абайлап қараған адамға бул жерде ҳәмме нәрсе жуп-жуптан сыяқлы. Еки бас, еки қозының саны, еки тауық, еки кеседе қаймақ, еки кеседе май, еки табақта нан, еки ыдыста жүзим, еки ыдыста алма, еки ыдыста балық, еки ыдыста шербет, еки шәйнекте шай, қулласы ҳәммеси жупжубы менен қойылған.

Қоңыратта дәбдебели ушырасқан бул еки хан, ишки сезимлери түўе сыртқы көринислери де бир-бирине ҳаслы усамайтуғын еди.

Атамурат өзин жыйнақлы ҳәм салдамлы тутып, ҳәр нәрсеге дыққат пенен қарайтуғын болса, Пана хан олпы-солпы, шыдамсыз ҳәм парықсыз еди.

Атамурат узақ жолдан шаршап ҳәм аш болып келиўине қарамастан сабырлылық етип, әллен ўақытқа шекем аўқатқа қол урмады. Ал, Пана хан болса өзиниң аўыр денесин бирден көпшикке таслап, асығыс табаққа қол урды. Оның исик қабақлары қалқып, көзин пүткиллей жаўып жиберген, қабатланып сыртқа шығып кеткен бет алмаларынан кишкентай ғана иеги көринбей қалған еди.

Ол Атамуратты узақ күтип, ўақтында аўқатлана алмай қалған болса керек, қасындағы жолдасына да онша итибар берместен, ентигип, пыснап қуўырылған ғаз аяқларын кемире баслады. Ол дәслеп кесени уқыпсызлық пенен услап шайын төгип алған болса, соңынан қаймақ жемекши болып өңирине тамызып жиберди.



Енди ханның ақыл парасаты да Атамуратқа белгили болып қалған сыяқлы. «Ханда қырқ кисиниң ақылы болады» дейтуғын еди. Бул жағы қалай болды?— деп ойланар еди. «Ҳәрекети қолайсыз болғаны менен, мүмкин ақыллы шығар, сөйлетип көрсем бе екен?».

— Сөйтип, қандай режелериңиз бар, хан?—деп сорады Атамурат.

— Ханжаптың бойына ийт қора салдырмақшыман.

— Неге?

— Дүньяда ең мазалы гөш қырғаўылдың гөши. Ал қырғаўылды ийтсиз аўлап болмайды.

Атамурат бир нәрсе айтпақшы еди. Және үндемеди. «Өзиниң аўҳалы қудай менен болып отырып, ийт қорасы не?» Атамураттың ядына халықтың бир ҳикметли сөзи түсип кетти.

«Бир елдиң патшасы пәмсиз ҳәм ладан екен. Бир күнлери басқа журттан елшилер келип, патша менен сөйлеспекши болыпты. Сонда патша биринши сөзин:

— Елиңиздиң ийт, пышықлары семиз бе?—деп баслаған екен. Бундай сөзди патшадан күтпеген елшилери ҳаўлығысып қалған. Буны сезип қалған данышпан ўәзир:

— Патшамыз жүдә дурыс сораў берди. «Елиңиздиң ийт-пышықлары семиз бе?» дегени. «Ел, халқың тоқшылық па?» деп сорағаны,—деп айтқан екен». Муҳаммед Пананың сөзи де тап сондай болып кетти-аў. Мүмкин буның да ақыллы ўәзирлери бар шығар. Болмаса мына турысында ел басқарыўы қыйын ғой. Бирақ, бул мениң ушын жақсы. Бундай ханды қуўыршақ етип ойнаўға болады»,—деди өзинше. Бирақ жаны қыл үстинде турған адамға, узақ жолдан ләшкер менен жәрдемге келген адам менен ийт ҳаққында сөйлесиўи Атамураттың көп ўақытқа шекем ядынан шықпады.

Атамурат ханның нөкерлери шығыс ханларының әскер басқарыў тәртиби менен онлық, елиў басы, жүз басы ҳәм мың басы болып бөлинген.

Мың басы сәрдар деп аталып, ханның әскер басыларынан есапланатуғын еди. Атамурат ханның Бердинияз, Қанлықылыш, Дурдықылыш, Покки деген сыналған сәрдарлары да бар. Сәрдар менен жүз басылар ғана сарайда қалдырылып, қалған нөкерлер қоңыратлы байлардың үйлерине бөлистирилип жиберилген.

Соңында не болатуғыны белгисиз болса да Атамурат ханның нөкерлери Қоңыратта жақсы күтип алынды.

## 14

Атамурат хан ертеңине де Муҳаммед Пана менен сөйлесе алмады. Бир неше нөкери менен Үстиртке шығып кетти. Ол буннан бир ҳәпте бурын болып өткен ўақыяны ядына алмақта еди.

Гөне Үргенште онша узақ болмаған даланлыққа бир аэроплан келип түскен еди. Бул улыўма түркмен топырағында пайда болған биринши аэроплан болғаны ушын ҳеш ким оның алдына жүрек етип бара алмады. Барған адамлар да «бул жин-шайтанның иси» деп есаплап, «Гөне Үргенишке тәжжал келди.» —деп даўрық сала баслады. Негизинде бул жин де, шайтан да емес, тосаттан пайда болған полковник Джеймс екенлигин Атамурат соңынан билди.

Атамураттың полковник Джеймс пенен қатнасы әдеўир ертеден басланған болып, ол дәслеп баспашылық исин қолға алғанда отыз-қырқ адамлық ғана отряды бар еди.

Дәрья жағасындағы халықлар бурын жаўынгер халық болғаны менен ҳәзир пүткиллей қуралсыз. Олар: «қураллы соқлығысыўлар ғана бизди қырғынға ушыратты. Нәмәрт болайық, саў болайық. Енди буннан былай қурал асынбаймыз,»—деп балаларына ант берген. Соның ушын да олар тек орақ, кетпен, бел менен ғана қуралланып, дәрья бойындағы батпақлықларды тапқа келтирип, егин егиўге кирискен. Айрымлары шарўа болып мал бақса, гейпаралар Арал теңизи жағасындағы көллерге аў салып, балық аўлап, қус атып күн көретуғын еди.

Көп жыллардан бери урысты көрмеген халық ушын белине қылыш, байлап, ийнине мылтық асынған басқыншылар әдеўир қорқынышлы. Қарақалпақлардың бөлек-бөлек урыўларға бөлинип, аўыл-аўыл болып жасағаны басқыншылар ушын да қолайлы болды. Қоңсы аўылларда болып атырған басқыншылықлар, олар ушын басқа еллерде даўам етип атырған бийбастақлық сыяқлы бир-биреўиниң тәғдирине жүдә бийпарўалық пенен қарайтуғын еди. Олардың ҳеш бири «Өгизге туўған күн, ертең баспаққа да туўатуғынын» түсинип жетпеди: булар душпанға қарсы биригиў былай турсын, қайтама басқа урыў душпаннан жәбирленип атырса қуўанып, енди қарақалпақта бизиң урыўдың үстемлиги күшейеди, деген натуўры пикирге барар еди.

Соның ушын да дәрья жағасындағы қарақалпақлар Атамурат ушын шексиз олжа болды. Ол дәслеп елдиң малларын тартып алып тойынып, сулыў қызларын тартып алып маўқын басқаннан кейин, басқаша пикирлерге барып қалған еди. Енди ол нөкерлерди әбден көбейтип, үйир-үйир мал, дүркин-дүркин қыз-келиншек ҳәм жас жигитлерди айдап, Қарақум арқалы Гүрген, Әтирек, Машхед ҳәм Шираз қалаларына барып саўда қыла баслады. Машхедтиң қул базары тәғдирдиң қырсығына бойсынып, жүрген пара-пара болған қарақалпақ қызлары менен толып кеткен еди.

Усындай күнлердиң биринде Машхедте ол жүзи бөздей оңып кеткен, шийкил сары кисики ушыратып қалды.

— Полковник Джеймс,—деди ол трубка тарта берип, қараўытқан тислери арасынан билинер-билинбес күлимсиреп.—Сизиң менен ушырасқаныма қуўанышлыман жанаб Атамурат. Бизде англичан мылтықлары бар. Қәлегениңизше сатып алыўыңыз мүмкин.

Атамурат усы сапары Машхедтен бир кәрўан англичан беш атарын алып қайтты. Енди ол нөкерди ҳәддеи зыят көбейтип, ангиличан мылтықлары менен қуралландырып, өзин «Атамурат хан» деп жар урғызған еди. Бирақ бул атақты қаншама әрман етсе де, оған хан салтанаты берилмеди. Түркменлер арасында Атамурат сыяқлы өзин хан етип көрсеткен адамлардан онлағаны бар. Әсиресе, халықты талап, малларын Иранға өткизип жиберип атырғаны ушын Хийўа ханы оны өлердей жаман көреди. Ханлықты үзил-кесил қолға алыў ушын Атамурат полковник Джеймс пенен ойласып та көрди. Бул тараўдағы ханның арнаўлы ўәкили Берди Инглиз Тегеранға да барып қайтты. Биракта Джеймстиң қурал-жарақ бериўден басқа арнаўлы жәрдеми болған жоқ.

Полковник Джеймс Ирандағы англичан елшиханасының арнаўлы адамы болса да, тийкарынан Орта Азия мәселелери менен шуғылланатуғын еди. Соның ушын да оны сахра халықлары арасында болып атырған келиспеўшеликлер әдеўир қызықтырды.

Пана ханның жәрдем сорап Оренбург губернаторына жазған хаты, Петербургтағы англичан елшиханасына белгили болып, соңынан бул хаттың мазмуны Лондонға, оннан кейин барып Орта Азия мәселелерин менен шуғылланыўшы полковник Джеймске мәлим болған. Джеймс Пана ханның Атамуратқа таянып ис көретуғынын жақсы биледи. Соның ушын да Қоңырат ханлығының орыслар тәрепине өтип кетиўинен қәўипсинген Джеймс тезден Гөне Үргенишке ушыўға мәжбүр болған.

Джеймс айырым қурал-жарақларды Каспий арқалы параход пенен Қарақум сахрасына жеткизип берген болса да, еле ҳаўа жолы арқалы бир де байланыс жасаған жоқ. Соның ушын да бүгин аэропланның Гөне Үргенишке келиўи, және половник Джеймстиң өзиниң келиўи Атамурат хан ушын әдеўир жумбақ болып қалды.

— Хош келипсиз, жанаб Джеймс! Бул жақларға сизди қандай самал ушырды?—деди Атамурат хан ҳәзил шыны аралас.

Достымды сағынғаннан кейин бир мезгилде жетип келгим келди. Сиздей бир айлап жол азабын тартыўға үйренбегенмен.

— Қәдемиңизге гүл питсин, полковник!

— Достым, мениң бул жерде узақ тоқтап қалыўға ўақтым жоқ. Рәсмий сөйлесетуғын жумыс шығып қалды,—деди. Ол тап қалаға барыўға да пурсаты жоқ адамдай Атамуратты қолтықлап, алып кетти. Жасырын гәп бар екенлигине түсинген сәрдарлар да оның изине ерген жоқ. Полковник пенен бирге келген офицер менен аэроплан жанында қалды.

Хан менен полковник әдеўир жерге барғаннан кейин Атамурат изине бурылып:

— Дурды сәрдар, аўқатларды тезлетиң. Полковник жанаблары асығыс екен,—деп ескертти.

Дурды ат шаптырып кетти де, Атамурат пенен Джеймс өз-ара сөйлесип, жолды даўам ете берди.

— Сиз руслар мәселесине қалай қарайсыз?—Бул полковник Джеймстиң дәслепки сораўы еди.

— Қандай руслар? Мен ислам ләшкеримен. Соның ушын да ғайры дин русларды тән алмайман.

— Туўры ойлайсыз. Мен де сол пикирдемен. Бирақ, Қоңырат ханлығы русларға өтип кеткеннен кейинги Сизиң аўҳалыңыз қандай болады?

— Қоңырат ханлығы неге русларға өтип кетер екен?

Муҳаммед Пана ханның рус императорынан жәрдем сорап, хат жазғанынан хабарыңыз жоқ па?

— Буннан хабарым жоқ, жанаб полковник.

— Демек, солай екен, Пана хан менен үзил-кесил қатнасықты тоқтатыўыңызға туўра келеди.

— Бул усыныс орынлы. Бирақ, ертең бир күн Хийўа ханлығы бизге қарсы атланыс жасайды. Хийўа ханлығын қулатыў жалғыз мениң қолымнан келмейди. Бул урыста Қоңырат саўаш орайы болыўы керек. Биз бул урыста Пана ханға азмаз жәрдем берип, Хийўаны ҳәм Қоңыратты ҳәлсиретип барып саўашқа киризсемиз. Буннан кейин дүньяда Хийўа, Қоңырат ханлығы да жоғалып, тек Гөне Үргениш ханлығы ғана қәддин тиклеўи зәрүр.

— Бәрекелла, бул ақылың маған жүдә унады. Бирақ, қоңыратлылардың руслар менен тезден аўқамласып кетиўине жол қоймаўымыз керек. Жақында Арал теңиз арқалы Қоңыратқа капитан Бутаков флотилиясы жолға шықты. Буған қалай қарайсыз?

— Мениң басым аман болса Муҳаммед Пананың руслар менен байланысыўына жол қоймайман. Флотилияны тезден қайтараман.

—Бәрекелла! Мениң Сизден кеўлим толды Атамурат хан. Дослығымыз бурынғыша даўам ете береди. Сизге еле де қурал-жарақ, дәри жеткизип бериўге сөз беремен. Ҳәзир де әдеўир қурал-жарақ алып келдим. Жигитлериңизге айтың, тезден түсирип алсын. Мен асығыспан, дәрҳал қайтпасам болмайды,—деди де қалтасынан трубкасын алып, оны тутата баслады.

— Бул жерге биринши қәдем басыўыңыз, полковник. Қонақ асыңызды жеп кетиң.

— Қонақ асы, бир гәп болар. Ҳәзиринше ислеримиз бир жөнкилли бола берсин.

Қурал-жарақларды түсирип болған соң полковник Джеймс тезден қайтып кетти.

Бул ўақыядан кейин еки мың нөкерди изине ертип, Атамурат хан Қоңыратқа атланған еди.

Кеше өз режелерин Пана ханға дурыслап айта ал-

мағаи болса да, бүгин пүткил Шайхул ислам, қазыларды сарайға топлап Атамурат хан өз пикирин баян етти.

— Биз ислам ләшкери,—деди ол сөзин жүдә дәбдебели баслап.—Ҳәр қандай қәүиптен бизди алла-тааланың өзи сақлайды. Солай екен, биз уллы даргаҳқа ғайры дин болған орысларды шақырып, алла-тааланың ғарғысына ушырадық.

— Астаўпыралла!—деди қолына қуран услап турған Шайхул ислам.

— Буған әлбетте, сизлер айыплы емессизлер. Лекин ҳәзирети Шайхул исламлар менен ойласпай орысларға нама жазған, Муҳаммед Пана менен Қулман ўәзир айыплы. Орыслар келип, қуранды отқа жағады, қатын-қызларыңызды тартып алады. Буған шәрият қандай шыдам берер екен? Бул хабарды еситкеннен кейин, ҳәтте мениң өзим де бүгиннен баслап, сизлер менен дос емеспен. Гөне Үргеништиң үш жүз алпыс әўлийеСиниң руўхы сиңген шәўкетли нөкерлерим де сизлер менен бирге бола алмайды. Алла тааланың ғарғысына ушыраған бул жин сарайда турыў ҳәммеге гүна,—деди қызып кеткен Атамурат хан.

Қабақлары жабылып кеткен Муҳаммед Пана хан усы ўақытта барып тилге кирди.

— Биз истиң усы дәрежеге барып жетиўинен хабарымыз болмапты. Негизинде бизден тәжирийбесизлик өтипти. Исенген таўымыз да, батырымыз да өзиңыз едиңиз шәўкетли Атамурат хан, өтиниш сорайман, бизлер менен қал. Ал, орыслар мәселесине келсек, бизлер еле олар менен келисим дүзгенимиз жоқ. Алдап, арбап қайтарып жиберермиз.

— Хан ийем ҳақ гәпти айтты. Бизиң менен қалыңыз,—деп шуўласты сарай әмелдарлары.

Атамурат ханның да тилеги усы еди. Соның ушын да ўақытша болса да Қоңыратта қалып капитан Бутаковтың флотилиясын күте баслады.

## 15

Қоңырат ханлығы дүзилместен бурын-ақ, Ташаўыз жолы ең қәўипли жолға айланған. Хийўаға бул жолсыз барыў мүмкин емес. Ал, Ташаўыз бенен Хожели әтирапында . Атамурат ханның нөкерлери ызғып жүрип, жолдан өткен таяр олжаларды талайтуғын еди. Соның ушын да хан әмелдарларының бул жолдан жүриўге сирә кеўли бармайды. Гейде түнде жолсыз жүрип, жасырынып өтеди. Нөкерлерден жасырыныў ушын, айырым ўақытларда ярым ақшамда жол жүриўге туўра келетуғын еди. Қутлымурат инақтың Муҳаммед Әмин ханға жиберилген соңғы инамы да усындай қыйыншылыққа дус келди. Әреби атлар қосылған еки арбаның биринщисинде хан салығына жыйналған бир қапшық алтын теңге, екинши арбада ханға инам етилген алты сулыў қыз бар еди. Бийбижамал менен Қулман бийдиң инисиниң қызыда усы арбада. Еки арбаны да аман-есен Хийўаға жеткериўди инақ қасына жигирма нөкер берип, Жуманияз беглер бегине тапсырған. Арбалардың қәўипсизлиги ушын Хожели беглиги де жуўапкер болып, атларды аўмастырыў менен бирликте және отыз нөкер қосып жөнелтиўи керек еди. Хожели ҳәкими болған Муртаза бий солай иследи де. Бирақ бул ўақыядан хабардар болған Атамурат ханның жигитлери арбаны Жыланлы жолында сабырсызлық пенен күтпекте еди. Жуманияз беглер беги хан инамын қаншама сақламақшы болып тырысып, ярым ақшамда шықса да, жолы болмады. Жыланлыға келген жерде еки жүзбасы - Баллы менен Қақыш оларды қоршап алды. Түн ишинде басланған қырғын саўашта елиў нөкердиң тек сегизи ғана қашып аман қалды. Ал, қалғанлары болса көп күшке шыдам бере алмастан набыт болды.Арба жол пүткиллей қан менен былғанып, ортада көзлери касасынан шығып кеткен Жуманияз беглер бегиниң геллеси думалап жатырған еди.

Жеңиске ерискен еки жүзбасы биринши арбадағы алтын пулларды бир тийинын алмастан-ақ, Атамурат ханның сарайына жиберди. Ал, екинши арбадағы олжа жүзбасылардың өзлерине дәрек усаған. Соның ушын да бул олжаны теңнен бөле алмастан екеўи кейисип қалды. Буған себепши болған—Бийбижамал. Оның гөззаллығы басқаларына қарағанда айрықша болғанлықтан екеўи де қызды бир биреўинен қызғанып, арада үлкен жәнжел пайда болды. Күн уллы сәске болғанынша бул жәнжелдиң изи шешилмеди. Жемтик көрген қасқырдай даланы басына көтерип шаўқымсалған еки жүзбасы бири-биринен қалыспады. Ең ақ-

ырында қыздың басына алма қойып, жүз метрден атыуға келисти. Бул хабарды еситкен бийшара Бийбижамал бир қысым болып қалған еди. Ол мисли жанынан гүдер үзген қоян сыяқлы көзлери жаўдырап тәғдирге тән берип, жүзбасылар мылтығының нышанасына келип турды. Қыздың басына алма қойылды. Қақыштан жасы киши болғаны ушын биринши гезек Баллыға берилди. Баллы алманы нышанаға алып атты. Бирақ алма да, қыз да бирден қулап түсти. Оқ қайсы бирине тийгенлиги белгисиз.

Бийбижамалдан сәл аррағырақта оқ дәл ортасын өтип кеткен алма жатыр еди. Қыздың ҳәмме жери тексерилип көрилди, бирақ оқ тийген жери көринбеди.

— Қыз меники болды,—деди Баллы.—Мен оқты нышанға тийгиздим.

— Еле көрермиз, – деди Қақыш. – Мениң де гезегим бар шығар. Онша мақтана берме. Қарсы алдында аспанға жүзик ылақтырып, нышанаға тийгизген Қақыш турыпты,—деди ол муртын таўлап.

Бурақ Бийбижамал есине келе алмады. Ол бир жутым суў ишкеннен кейин, көзин бир ашты да соңынан сулық болып жатып қалды. Түске жақын Атамурат хан келди де «жигитлер арасында жәнжел шығаратуғын олжа ҳәмме ўақыт хандики болыўға тийис»,—деди.

Соннан кейин екинши арба да хан сарайына апарылып, еки жүз басы да арада ҳеш нәрсе болмағандай бир-бири менен жарасып кеткен еди. Оннан бери де әдеўир ўақыт өтип, Атамурат хан қызларды Иранға айдатып жибериў ушын таярлық көре баслады. Бирақ Қоңыраттан арнаўлы хат алғаннан кейин ғана ол өз пикиринен қайтты. Алты қыз себепли Қоңырат пенен байланысты үзил-кесил бузып алыўды қәлемеди.

Пана хан қызларды Қоңыратқа қайтарып бериў ҳаққындағы өтиниш хат келгенде Атамурат хан бирден разылық билдирип, оларды өз нөкерлери менен бирликте Қоңыратқа алып келген еди.

Қулман қызлардың көпшилигин тарқатқан болса да, Бийбижамалға келгенде асықпады. Ол негизинде Бийбижамалды усындай дәрежедеги сулыў қыз деп ҳасла ойламаған еди. Енди Қоңырат ханлығының бас ўәзири болып алған бий: «Усы дилбар қызға үйленип алып, өмирдиң ләззетин татсам ба екен» деген ойға ылықты. Бий ҳәзир алпысқа жақынлап қалған. Төрт ҳаял алып, олардан он алты қызлы болды. Дәслепки еки улы өлген. Кишкене ҳаялы Жәмийладан туўылған бир ер бала пүткиллей жарымес еди. Соның ушын да ол: «Жас ҳаял алып орныма ўәзир боларлықтай зүряд қалдырсам болар еди,»—деп ойлаған. Ағайинлери де Қулманның бул пикирин қуўатлайды. Бирақ ўәзирдиң гедей қызына үйлениўине мүмкиншилиги жоқлығын олар да биледи. Солай балса да, пүткил Қоңыратта Қулманның ғарры жүрегин қыздырып турған тек жалғыз қыз Бийбижамал еди.

Қулман қыздың сарай әмелдарларының көзинен таса болыўы ушын қала шетиндеги кирейге алынған бир үйге алып барып қойды. Ол жерде Қулманның жасырын жумысларын алып баратуғын бир кетимек, суўпы және көринисинен тап мәстан кемпирлерден аўмайтуғын, көзи мәштей, асарын асаған, жасарын жасаған еки кемпир бар еди. Жай әндамлы жақсы етип салынған. Қарсы алдында шарбақ, түрли миййели дарақлар өсип, бағ болып кеткен. Бағдың сыртында бийик диўалы бар. Бийбижамал азаннан кешке шекем терезеси бағқа қараған бөлмеде отырады. Не кереги болса әкелип береди де, бирақ оның менен ҳеш ким сөйлеспейди. Ол анасы менен әжағасын ойлай-ойлай әдеўир азып кетти. Сыртқа шығармайды, анасы ҳаққында сораса ҳеш ким жуўап бермейди. Қыз ушын бул да қамаққа түскенниң бир түри еди.

Бийбижамал бул сырлы ўақыялардың басында Қулман турғанлығын соңында барып сезди. Ол бир күни кеште басын ақ сәлле менен орап, зерли жағалы шапан кийип, бул жерге келген еди.

— Мен сизден өтинип сорайман ата, мениң анамның ҳәм әжағамның аўҳалынан хабар берсеңиз.

Қыздың Қулманды «ата» дегени жақпай қалды ҳәм ол бетин тыржыйтып, өтирик күле баслады.

— Соны билип қойың гөззал, ўәзирде отыз жигиттиң күши болады.

— Қарық болыпты. Қудайтала адамларға инсап бөлистиргенде сизлерге әмелпаразлық пенен қатынпазлықтан басқа ҳеш нәрсе бермепти-дә. Кәмбағаллар сизлерге адам емес. Қойдай сойып жеп, ат қылып минип жүргиңиз келеди.

— Әй, бийхая! Хан ўәзирине бундай сөзди айтыўға қалай тилиң барды? Тилиңди тый, болмаса ҳәзир-ақ басыңда кесип таслайман.

— Мен бул дүньядан қорқып болған адамман. Мейли ат, шаўып тасла, өз еркиңде. Мен адам болып туўылған екенмен, адам болып өлгим келеди! Бирақ дузағыма түсиремен, деп ойламай-ақ қойыңыз!

Қулман ойланып қалды. Бул шаппаттай қыз, буншама батырлықты қаяқтан алды екен? Бундайлар шынында өлимнен де қорықпайды.

—Бундай қайсарлықты қой. Бийкарға өлип кеткеннен не пайда? Кимсең Қулман ўәзирдиң ҳаялы болаСаң. Жегениң алдында, жемегениң соңында... Ҳәмме айтқаныңды іслейди.

— Өйтип алжыма́ң, бий. Қәпесте торға салынған бүлбил жанына қанатына ләли-маржанлар өткерилген ғарғаны бир қамап көриң. Бүлбилди сайрата алар ма екен, жоқ. Ғарғаны қаншама алтын гүмиске орасаң да ғарға болып қала береди.

— Әй, бәдбақ! Бундай сөзди айтыўға қандай тилиң барды? Мен қаншама жәрдем етким келгени менен сен теги пәслигиңе бардың. Инақ ҳәзиретлерине қарсы қол көтерген ағаң Қудайберген қара жердиң астында жатыр. Бул күйикке шыдай алмаған анаң ақырында жилли болып өлди. Қәне, айт! Бул дүньяда сени жарылқайтуғын ким бар екен? Сен де бир күниң питип турған қатын. Басқа ҳеш нәрсе емессең. Билип қой! Мен сени бир шылбырдың үстинде ойнатаман. Мына қамшылар еле сени ақылыңа ендирип қояды. Сен Қулманның шорысына айланасаң.

— Мен Әжинияз шайырға атастырып қойылғанман.

— Ҳе,... Әжиниязың ким болыпты? Елди гезген бир саяқ. Мениң ҳәр бир сөзимниң алдында ондай саяқлар жапырақтай қалтырап турады.

—Ол халықтың сөзин сөйлейди. Соның ушын да Сизден күшлирек болса керек.

— Халық деген не? Теректиң шақасы. Бир балта урсаң қыйрап қалады?

— Жоқ! Бир балта бир шақаны ғана қулатыўы мүмкин. Халық—бул тоғай. Тоғайдың ҳәммесин қыйрата алмайсаң. Ал, хан болса жалғыз терек. Оның тамырына балта урыўға болады.

— Тоқтат! Сениң тилиңди қырқыў керек. Ҳәй, ким бар бул жерде? Бүгиннен баслап, мына албаслыға ас-суў бериўди тоқтатың. Есине келип алсын. Мениң менен қандай сөйлесиў кереклигин үйретип қояман бу-ған! – деп есикти тарс еттирип жаўып, ашыўлы шығып кетти.

Қулманның айтқанындай-ақ усы күннен баслап, Бийбижамалға ас-суў берилмеди. Ол еки күнниң ишинде-ақ әдеўир болдырып қалған еди.

Бул жерде хызмет ететуғын кемпирлердиң бири Ханым маманың, Қулманның кишкене ҳаялы Жәмийла менен узақ ағайиншилиги бар еди. Соның ушын да Қулманның бул жасырын ҳәрекетлерин Жәмийлаға айтпай тура алмайды. Жәмийла болса ўәзирдиң басқа ҳаялларына барып:

— Күнимиз, қурыды, енди ўәзирдиң сарайына әллеқандай жалаң аяқ бир саллақы ийелик ететуғын усайды,—деп шатқаяқты салған еди.

Ўәзирдиң ҳаяллары ҳәм олардың хызметкер жалпылдақлары кими кеспелтек, кими таяқ алып, Қулманның жасырын жумыслар алып баратуғын сол жайына топылыс жасады. Есикти сындырып, үйге кирип, қараўыл кетимек ғарры менен кемпирди майырып, Бийбижамалды таяқтың дәстине алған еди. Қыз:

— Мениң не жазығым бар апажанлар?—десе де тыңламай сулайтып сабап, көк ала қойдай етип, жеңшип теўип, «ийтлерге жем болсын енди, өлген шығар» деп, Қоңыраттың арқа дәрўазасынан сыртқа шығарып таслады.

Кеште қаладан қайтқан бир дийқан, денеси гүп болып исип, бет-аўзы қанға боялып атырған қыздың үстинен шықты да, көкирегинде жаны қалған Бийбижамалды шапанына орап, аўылына алып қайтты.

Ертеңине азан менен қызды излеп барған Қулманның нөкерлери оның өли яки тири денесин таба алмай изге қайтқан еди. Усылайынша Қоңырат ханлығы ушын Бийбижамалдың тәғдири де жумбақ болып қала берди.

## 16

Әжинияз соңғы күнлери пүткиллей өзгерип кеткен. Бурын илме султан сөзлер айтып, отырыспа-жыйынлардың гүли болған шайыр енди бәрҳама ойланып жүретуғын, ғамғун бир адамға айланған еди. Ол енди

отырыспа-ажыйынларға да қатнаспас. Сабақ тамам болғаннан кейин шапанын жамылып, дәрья бойына шығып, қайнаўытлап ағып атырған Әмиўдарьяға көз тигип узақ қарап турады. Дәрья ағысы пәтли болғаны менен алдында көп тосқынлықларға дус келип, бурқырап, буўлығып ағады. Адам өмири де сондай. Оның алдындағы тосқынлық дәрьядағыға қарағанда анағурлым көбирек .

Соның ушын да ол әдалат жолында жапа шеккен устазларының сөзлерин қайта-қайта ядға алар еди.

Ҳеш бир шайыр дүньяда әрмансыз өмир сүрген емес. Данышпан шайыр ҳәмме ўақыт халықтың тәрезиси. Халық бахытлы болмаса ҳеш қашан шайыр да бахытлы бола алмайды. Қылышынан қан тамған қанша-қанша зарлы заманлар өтти. Сол заманның муңлы сеслери тек жазылған китапларда ғана қалған. Дәўирдиң шадлық пенен қайғысын, өз көзи менен көрип, жүреги езилип запран болып кеткен шайырлар ғана өз дебдиўи арқалы бере алыўы мүмкин. Соның ушын да Х—әсирде жасап өткен устаз Әбдишукир Балхый:

Адамлардың ғамнан болса күтими,
Бул дүньяның тарқамайды түтини.
Даналардың жас төккенин серледим,
Өмирде бир шадлы адам көрмедим,—

деп өзи жасаған заманынан қатты налыған. Оннан бери қанша жыллар өтти. Жер бетинде еле зорлық, ҳүждансызлық ҳүким сүрип киятыр.

Әжинияздың қолында Хожа Ҳафыздың дийўаны бар еди. Ол тынымсыз ағып турған Әмиўдарьяға узақ тигилди де устаз ғәззеллериниң бирин оқыды:

Бул дүньяда зулымлық ис үдеди.
Заман мисли түтинлик боп түтеди.
Гедейге ҳеш нәрсе қалмай жуқнаға,
Данышпанлар қолын жайды зыңнаға.
Ақылсыз адамлар бәри бай болды,
Билимлиниң күни: «Уақ! Уай-ўай»,болды,
Дүньяда жақсы өлип, жаманлар қалып,
Даналарды гөрге тықты апарып.

Не деген сап ҳүждан менен айтылған гәп. Япырмай бала, устаз Ҳафыз заманы да бизиң дәўирге усап кетеди екен-аў.

Әжинияз азмаз ойланып турды да екинши ғәззелди көзден кеширди. Бул ғәззелде:



Сырнайшы болсалар сарай хожасы.
Ойынға түседи бала-шағасы.
Ғәрежет жумсалып текте сарайға,
Сен алмақшы болсаң жалғыз алманы.
Ислер айланбақта таланпайларға.
Жоқ етесең бағы-ҳәрем бақшаны.
Бәлки булда саған қалғандай жетпей,
Биримлеп санайсаң қанаат етпей,
Үйиңдеги мийўе, таўықтың гөши,
Бийшара жетимниң зор несийбеси.
Қысым етип, отыншының биразын,
Шөпшеклерин тартып алар аспазың.
Мергенлериң аңлап жатып гезесин,
Атып жейди кемпирлердиң шөжесин.
Алтын билезиги канизегиңниң,
Ақшасынан халықтың маңлай териниң.

«Патша, хан деген инсапсызлардың ҳәммеси сүтқор болған екен-дә,» деп ойлады ишинен.

Әжинияз дәрья жағалап қатты шаршады. Сондай болса да устазлар сөзи оған әдеўир тәселле бергендей, қалың өскен көк шөплер үстинде отырып, устазы Мақтумқулының:

Орақшы бег болар беглер орақшы,
Елге ҳәким болар, қойшы, дузақшы,—

деген сөзлерин қайта-қайта тәкирарлай берди.

Шайыр дүньяның гөззаллығы адам екенин жақсы түсинер, бирақ адамзатты ардақлаўшы әжайып Уатан, гөззал тәбият басқыншылар атларының туяғы астында езилип атырғанын көрип, қорлығы келер еди. Шынында да биреў дүньяны дүзиў ушын келсе, биреў бузыў ушын келеди. Анығынан келгенде елдиң дүзелгенинен көре, бузылыўы көбирек. Дүньяда бул ҳақыйқатты ойлаўшы қандай да бир адам бармекен?

Ҳақыйқат Шайхул ислам да, қазы-кәлан да деймиз. Биз оларды қуданың елшилери, деп қарсы аламыз. Олар-ше? Қуданың атынан сөйлеп, өмиринше қарны тоймаған бир бийшараны гүнасыз айыплап өлимге буйырады. Есигинде қалған затларын талан-тараж етип, жаслығында ата-анасынан жетим қалған бийшара қызларды ҳаяллыққа тартып алады. Бийшара қыз меҳрибан ата-анасын әдалатсыз өлтирген, бийреҳим мақлуққа қушақ ашыўға мәжбүр болады. Бул қандай ҳақыйқат өзи? Егер қудай бул теңсизликти көз

бенен көрип турғанда қалай шыдар екен? Соның ушын да мен, Шайхул ислам, қазы-қәлан, түўе, ҳәтте ханына да исенбеймен.

Дүньяда әдалат қәне? Не ушын гөззал Биибижамалдың жүреги қарақан болды? Ол ҳәзир қаяқта? Қудайберген-ше? Олардың жалғыз анасы-ше? Олардың тәғдирине ким жуўап береди? Неге олар ҳақыйқатты сүйгени ушын буншама азап шегеди? Бизде адамзатты қорлаўдың шеги бармекен өзи?

Өмир теңсизлигинен жүреги ҳәсиретке толған шайыр, дәрьяға қарап турып:

Бул дүньяның көрки адам баласы,
Сол адамның көкке жетер наласы,—

деп ишки дебдиўин шығарар еди.

Әжинияз Хийўадағы Кутлымурат инақ медресесин тамамлап келгеннен кейин, енди балаларымыз саўатлы болсын, деп аўылдан бир мектеп ашқан еди. Былтырдан берп балалар, усы мектепте Әжинияздан тәлим алып атыр.

Бирақ та Әжинияз шайыр елде бурыннан дәстүр болып қалған, түсинсе түсинбесе де балалардың мийин ашытып, араб тилиндеги сөзлерди қуры ядлата беретуғын оқыў тәртибин жининен бетер жаман көретуғын еди. Соның ушын да ол балаларға дәслеп ҳәрип тәртибин түсиндирип алып, соңынан хат оқып, хат жазыў өнери менен бирге Наўайы, Физулий, Саадий, Ҳафыз ҳәм Бәдил ғаззеллерин оқыта баслады. Буннан хабары болған Лутфулла молла: «Әжинияз балаларға ислам шариятына туўры келмейтуғын Наўайы менен Ҳафызды оқытып атыр. «Наўайыны оқыған балалар ҳаўайы болады» деп сөз тарқатып жиберди. Буны еситкен байлар ертеңине-ақ балаларын Лутфулла молланың мешитине апарып берген еди.

Усындай күнлердиң биринде Әжинияз үйине оның досты Сейтжан кирип келди. Сейтжан жаслығынан баслап-ақ, Әжинияз бенен бирге ойнап өскен, өзи жүдә жарлы болса да ел арасында палўанлық пенен атағы шыққан омыраўы бесиктей дуғыжым жигит. Серманбайдың жылқыманы еди. Жасы тәўирақққа барса да жарлылығының себебинен еле үйлене алмай жүр. Быйыл Үстиртке жылқы айдап барғаннан баслап иси оңынан келди. Сол жақта Жумабай деген бойрашының қызы Гүлбийкени жақсы көрип қалыпты. Сейтжанның айтыўына қарағанда жүдә сулыў қыз усайды.

— Өзи билмейди екенбиз, ашық болған жигит Үстиртке барыўы керек екен. Тап шөп бастырып қойған жамбылшадай-ақ мусылманның баласы. Бул жақта қызлар бар ма? Бәрин тәрнектей етип байдың балалары үзип кетеди. Қызлардың ең зоры Үстиртте достым,—деп аўзының суўы қурып отыр.

Шарлаўықтың оң жағында «Жолбарыс түнеген» деген бир тоғай бар. Ҳәзир ол жерде жолбарыс болмаса да, адамлар оның атынан-ақ қорқып ҳеш ким ол жаққа бармайды. Соның қыр әтирапы «Шортанлы» деген көл. Баяғы қыткершиликте аўып талып барып онлаған хожалық сол жерге мәканлаған екен. Ҳәзир әдеўир аўыл болыпты. Көлден қамыс, жекен орып, шыпта, бойра ҳәм ший тоқып күн көреди. Қызлары көп, аўылдың бәри балғалы урыўынан болғаны ушын бир-биринен қыз алысалмайды. Сейтжанның ат жойтып,бул жерге келип қалғаны өзине үлкен бахыт болды. Бир тойда, сол жердиң атақлы палўаны Гүлимбетти жыққаннан кейин-ақ, аўыл болып, бул палўан жигитке Гүлбийкени бериўге келискен еди. Қыз да жеңгеси арқалы Сейтжанды жақсы көрип қалғанын билдирген екен.

— Соған ертең жөнеймиз достым,—деди Сейтжан.— Жигитлерден сени, Жумамуратты, Сайып ҳәм Әбдиқәдирди бирге алып кетпекшимен. Қыдырбай аға жас үлкеншилик қылады.

— Мақул,—деди Әжинияз. Оған ҳәзир күйеўлеп барыў, қыдырыў деген әдетлер жат көринсе де, ең жақын достына буннан басқа сөз айтыўы қыйын еди.

Жигитлер ертеңине күни менен жол жүрип, «Шортанлы» аўылына күн батып, қас қарайған мәҳәлинде жетип келди. Дүт тоғайлық сийрексип, жери азмаз қумлықлаў болған көл жағасына орналасқан аўылда үш-төрт тозыўы жетип қалған, жекен үзикли отаўдан тысқары шоқалақ қум басына салынған қамыс қақыралар, олардың алды ший менен оралған шертек, ишинде жылтыраған шүтик шыра әтирапында гүйбенлеп жүрген әлле кимлердиң сүлдери көринеди. Жайлардың ҳәммеси бир қәлипте салынғаны ушын,

булардың қайсы бири бий, қайсы бир жарлы айырып болмайды.

Кеш болса, бул жердиң шыбыны менен сонасы жаман болады екен. Сонаға таланған атлар тақатсызланып, пысқырып, бир орында туражақ емес. Ауылда жақын арада бир жай өртенип, жаңа ғана сөндирилгендей, ҳәмме жақты түтинлик қаплап кеткен. Қойыу түтин арасынан айнадай жылтылдаған көл ғана үзактан көзге тасланады. Жигитлер тоқтап қалған жерден онша узақ болмаған бир шертектиң алдына томар қаланып, үлкен қазан асылып, бес-алты жигит дөгереклеп хызмет ислеп жүр. Жигитлердиң биреуи гелле ме, бир нәрсени үлкен таяққа илип, отқа таплап атырған еди.

— Бизлердиң баратуғын үйимиз сол болды шамасы, —деди Қыдырбай аға.—Бирақ ауылды түтин жайлап кеткенине ҳайранман.

— Ҳайран болыудың кереги жоқ, шыбын менен сона көп жерде ҳәмме уақыт түтинлик болады,—деди Сайып.

Жигитлер енди ғана аттың басын сол жаққа бурмақшы болып турған еди, шаңлақты басына көтерип ойнап атырған балалар топары бирден буларға қарап жууырды да, ауыл ишин жаңғыртып:

— Күйеу келди! Күйеу келди! —деп бақырыса баслады.

Соның арасынша ҳәр үйден өңир моншақлары жуудырласып шыққан қыз-келиншеклерге ауыл арасы толып, быған-жыған болып кетти. Қонақ жерге еле жетип келместен-ақ, бес-алты келиншек атларды жылаулап, күйеулерди түсирди. Соңынан аттың дизгинлерин жас жигитлерге өтип, олар бирим-бирим атларды жетеклеп алып кетти.

Енди күйеу қәде басланып, үйлерге жетиу әдеуир қыйын болған еди. Келиншеклер «көпир қәде», «қайық қәде», «есик қәде»—әйтеуир ҳәр түрли қәделердиң атын айтып, жигитлердиң әнтек-тәнтегин шығарып, зордан үйге киргизди. Соңғы қәделер балаларға да үлестирилип, ауылдан алып шыққан қоржын әдеуир орталанып қалған еди.

Қыз жеңгелери күйеудиң жас үлкенлери болған Қыдырбай аға менен Оспан ағаны бөлек бир жайға



киргизди де, басқа жас жигитлерди күйеу менен бирге, ишлерине қалың қурақ көрпешелер тутып безетилген кең шертекке орналастырды.

## 17

Бийбижамал ертеңине сәскеде ғана көзин ашты. Ең дәслеп оған жупыны ғана, жайдың үстине тәртипсиз етип салынған қыйсық торанғыллар, қапталда кишкене ғана терезеден ала көлеңке болып түсип турған күнниң сәулеси көринген еди. Ол зар қақсап турған денесин бийлеп ала алмады. Сүйеклери қақсап ауырып, бирден ыңыранып, жиберди. Оны әллеқандай бир терige орап, үстине көрпе жауып қойған еди. Қыз қандай ауҳалға дуушакер болғанын сезди де, бирден көзин жумды.

— Қалайсаң қызым, жақсымысаң?..—Бул сес Бийбижамалдың анасының даусына жүдә уқсап кетер, бирақ оның даусына қарағанда жиңишкерек сыяқлы.

«Ким екен? Қандай ауҳалға түсип қалдым өзи?» —деп тақатсызланып барып, ол әдеуир қыйынлық пенен болса да көзин ашты.

Қарсы алдында шашлары аппақ бир кемпир турар еди. Оның көзлери сондай меҳрибан ҳәм ойшаң. Бет алдындағы әжимлер әдеуир қалыңласып, кирпиклеринде ләм пайда болған. Оның арғы жағында сақалы ағарған бир ғаррының сүлдери көринеди. Ол да тап усы тақылетте.

Бийбижамал және көзин жумды да, болған уақыяны азап пенен есине түсирип көриуге тырысты.

Оның көз алдында қапының шатырлап сынғаны, сонынан басына келип тийген таяқ, үсти-үстине тепки, бир-еки адамның аяғынан тартып сүйреп киятырғаны...

— Усы сулыу бетиң сени ҳәр бәлеге салады,—деп артта киятырған биреудиң бетин пышақ пенен тилип жибергени, аузына ыссы бир суйықлықтың аға баслағаны ғана ядында қалыпты. Басқа ҳеш нәрсе ядында жоқ. Бийбижамал егил-тегил жылап жиберди. Және басы солқылдап ауырып, қабырғалары шытнап баратырғандай болды да, қайтадан еси ауып, тым-тырыс болып қалды.

— Өзиңди беккем тут қызым, ийmансызлар қатты азап берипти,—деген жаңағы меҳрибан даўыс және қайталанды.

— Ҳей, ғарры, неге сөррийип турыпсаң?! Кесеге қуйып сүт алып кел,—деп буйырды. Аздан соң:

— Қызым көп ойлан ба? Жүрегиң талып кетер. Азмаз сүт ишип ал, қаның тарқалады,—деп кесени қыздың аўзына тутты.

Биййбижамал қарны ашпа, тоқпа, ол жағын билмейди. Ерпине тийген кеседеги сүттен бир уртлап, жаңа жутпақшы болғанында ерни зәҳәрдей ашып кетти де, басын шайқады. Байғустың ериплери тилким-тилким болып кеткен еди.

— Адамлардың ҳайўаннан парқы қалмай қалды,— деди қыздың сүтти де ише алмағанын көрип, жыламсырап турған кемпир.—Шаппаттай нәрестениң не жазығы болды екен?

Биййбижамал усы жатыста еки айдан соң ғана келеге келе баслады. Айтжан менен Биййбираба кемпир дүньяға келип үш қыз, бир ул көрген болса да, бул биййшараларға тәғдир бәрин көп көрди. Еки қызы жаслайында қайтыс болды. Кишкене қызын миршаблар «Хан ҳәремине алып кетемиз»—деп тартып алған. Оннан ушты-күйди дәрек жоқ. Ал, жалғыз баласы балық аўлап жүргенде сең жарылып муз астына кетип өлген. Усындай күйиктиң себебинен кемпир-ғарры еле жас болса да, сақал-шашлары қуўдай болып ағарып кеткен еди. Тәғдирге тән берген пақырлар бойра тоқып, оны Қоңырат базарына сатып, шай-қант алып тиришилик қылатуғын еди.

Айжан бойрашы сол күни қаладан кеширек қайтып киятырып, жол үстинде шала жансар болып, өлим менен айқасып атырған қыздың үстинен шығып қалды. Бул Биййбижамал еди.

Денеси тәўир болса да, бетинде әдеўир тыртық қалған қыз, журтқа көриниўге арланып сыртқа шықпайтуғын болып қалды.

Ол таң ата баслағаннан-ақ жалғыз өзи «Шортанлы көл»ди жағалап жүрип, муңлы қосықлар айтар, күн шығып, аўыл ҳәрекетке келе баслағаннан соң үйине қайтып, күни менен шыпта тоқыў менен машғул бола-



туғын еди. Кемпир менен ғарры да оның бул аўҳалын көрип, бир күни:

— Апаң менен әжағаңды сағынған шығарсаң. Олардың турған жерин билсең айт, — деди.

— Олар Қоңыраттан кеткен, бирақ қай жақта туратуғынын билмеймен, Қулман бий, оларды «өлди» дегенди айтты. Бирақ мениң оған исенгим келмейди, — деди қыз.

— Басқа жақын ағайинлериңиз бар шығар.

— Бар...– Қыз Әжинияздың атын айтпақшы болған еди, Есине тамғаланған бет-жүзи түсти де, үндемеди.

— Бар болса айт, қызым...

— Бир ағайинимиз бар еди. Ол да бир жақларға көшип кеткен екен.

Оннан кейин кемпир де, ғарры да бул мәселеде ҳеш нәрсе айтпады. Биййбижамал бүгин де сол қәлпинде. Жақын қонсысында той болып атырса да ол шыпта тоқыў менен бәнт еди. Қыздың минези де әдеўир өзгерип, әтирaптағы ўақыяларға ҳеш қызықпайтуғын болып қалған сыяқлы. Болмаса усы жерге келгели бери пикирлес болып қалған қурдасы Базаргүл қанша жалынды. Жыйында ҳәмме оның бетине қарай беретуғын сыяқлы жасқанып, қурдасына да қарай алмады. Қанша жалынса да көндире алмаған Базаргүл ақыры аўылдың қыз-келиншеклерине өзи барып қосылған еди.

Қоржынның еки басындағы толған қақ ерик, жийде, шийк баўырсақлар ортадағы дастурханға мол-молақай етип төгилип, жигитлер бир жақ, қызлар бир жақ болып, Өмирбек балықшының шертегине жайласты. Жигитлер селкилдек шөгирмелерин шешип, басларына пашшайы тақыя кийип алған, шапанларын шешинип, ойма жағалы кең көйлеклеринен омыраў сүйеклери бултыйып көринип турған еди.

Қызлар жағы болса ғой, пүткиллей уўдыр-жуўдыр. Гейбиреўиниң ийнинде киймешек болса, айрымлары нағышлы бәшпент кийип алған. Басларында пөпекли тақыялары бар. Бир-бирине ым қағысқан ўақытта мойынларына тағып алған ҳәйкел-өңир моншақлары жуўдыр-жуўдыр етеди.

Ҳәммесиниң көзи Әжиниязда. «Жигит болсаң усындай бол» дегендей-ақ, бәриниң де көзи жеп баратыр

Қызлар жигитлерге қарағанда көбирек. Басларын ҳайўанқашлап орап алған жеңгелериниң қасында үйирилип отыр. Өмиринде бундай саўлатлы ҳәм әдепли жигитлерди көрмеген гейпара қызлар аўзы аңқайып қалғанда жеңгелери түртип қояды. Күйеў келгенде отырыспа қурып, жуўап айтысып, шай узатыў бурыннан киятырған қарақалпақтың дәстүри. Отырыспада сөзди биринши баслаған адам, соңында жеңип шығыўы тийис. Соның ушын да қызлар жағы да, жигитлер жағы да «сөзди ким баслар екен?»—деп, ҳәл салысып отыр. Ақырында бул жердеги отырыспалардың гүли болып жүрген Ҳәмийда деген келиншек сөз баслады. Ол:

— Сөз сөзден шығады,
Сөйлемесең неден шығады,
Сөз пыяздың қабығы,
Сөйлесең әейиң ашылады, —

деген күйеў баллар сөйлесип отырайық, — деп еди:
— Аўа, дурыс айтасаң:

Мал мөңирескенше,
Адам тиллескенше,—

деген жеңге, сөйлесип отырғанымыз мақул,—деди бирден Қайып.

— Басламай атырып сәўбетин,
Унатып едик шәўкетин,
Тиллеспей атырып бул жигит,
Мақтап кетти малының ҳәўкесин,

деген екен бир қыз,—деди екинши қыз жеңгеси. Сәлийма. — Сиз де келе сала малыңыздың мөңирегенин айтып кеттиңиз, ғой күйеў бала?
«Қызлар баспалатып жиберди ғой» дегендей ҳәмме жигит Әжинияэға қарады. «Жуўаптың үлкени еле алдында»,—дегендей Әжинияз буған да сөз қоспады. Сол мәҳәл «Сизден рухсат болса өзим жуўап берейин» дегендей, Әбдиқәдир омыраўын жоқары көтерип:

— Курттан жипек болама иймеген соң,
Шайы көйлек тозады киймеген соң,
Жигитлер дәрҳал малды айтпай не қылады,
Малы жоқ жигитке қыз тиймеген соң, —



деп еди, қызлар топары және ғаўырласып кетти. Соның арасынша Ҳәмийда:

—Жақсы жигит дегенге көнип едим,
Билмедим қайсы аўылдан келип едиң,
Малы жоққа қыз тиймейди деп шекшийесең,
Бийкешиме неше туўар берип едиң?—

деп қызлардың мүшкилин аңсат етти.
Бул сөз Сейитжанға тийип кетти де «бул жағын бузып алдық жигитлер» дегендей бир түрли болып кетти. Жуўаптың арғы жағын Әжинияз дүзеткендей болып:

—Жуп болмасаң табысың көркеймейди,
Қыз бала теңи менен өркенлейди,
Бул сөзди ортаға сап не қыласыз,
Адам ҳеш ўақ мал менен өлшенбейди.

деген ўақтында қызлар да сам-саз болып қалды.
Усының менен жуўап питип қалған сыяқлы еди, бирақ та жеңилип қалыўдан қорыққан Ҳәмийда:

— Көп болса да «малыңыз»
Мәлим болды ҳалыңыз,
Қызлар баслаўға уялып отыр,
Қуда баллар дастурхандағы,
Наннан, жемистен алыңыз, —

деп дастурханға мирәт еткен болды.
Енди шәйнек-кеселер дизилисип, шай алыспақ басланып кетти. Сейитжанның айтқанындай-ақ бул жерде сулыў қызлар жүдә көп екен. Қызлардың көбиси «Әжинияз шай узатқай-дә» дегендей оған тигиле берди.
Отырыспаның кеўилли түс алғанын сезген Базаргүл, қалай болмасын бул жерге Бийбижамалды да алып келиў ушын, жеңгесинен рухсат алып сыртқа шықты.
Бийбижамал қамыс қостағы шүтик шыраның жанында үлкен ойға берилип отырған еди.
— Жүдә қызық болып атыр, достымжан, жүр,— деп билегинен тартты.
— Рахмет бармайман.
— Ондай етпе қызым, бундай жағдайда адам үйге сыймай қалыўы мүмкин. Жас жансаң, ойнап-күлип кеўлиңди көтер,—деди Бийбираба шешей.

Бийбижамал ақыры кийинип Базаргүл менен тойға барыўға мәжбүр болды.

Булар кирип келгенде отырыспа бурынғыдан да қызған екен. Шайдагүл деген қыз Әжинияздың кесесин алып атырған ўақытта Бийбижамаллар кирип келген еди. Әжинияз бир қарады да Бийбижамалдың көзине көзи түскендей болды. Соңынан өзинше: «Соңғы күнлери қандай қызды ушыратсам да Бийбижамалға мегзететуғын болып қалдым. Мийим ҳәкисленип баратырған жоқ па екен? — деп ойлады. Бийбижамал қызлардың қаншама алдына ысырғанына қарамастан өзин шетке ала берди. Шетке отырған болса да, оның узын бойлы денеси, ҳәммеден озық болып көринип тур. Мүйеш қараңғылаў болғаннан кейин, жүзин көрип болмайды, ал келбети айнымаған Бийбижамалдың дәл өзи еди.

Бийбижамал Әжинияздың өзин танымай отырғанына қорлығы келип, кеўли бузылды, жас толып кеткен көзлерин орамалы менен қайта-қайта сыпырып, жүзин орамалы менен жаўып, жигитлерге туўры қарай алмастан бир қырыншлап отыр. Оның үстине қызлар да жабырласып, Әжиниязды қайта-қайта мақтай бергени жанына батып кетти.

— Бәри питти, — деп ойланды ол. Еркек әўлады қызлардың тек сыртқы сулыўлығын ғана жақсы көрер екен. Ал мен болсам, еле турмысқа шықпай атырып жүзиме тамға түскен бир бахытсыз қыз, елге итибарлы, саўлатлы, илимли, ақыллы бир жигитти ойлағаным менен изи келисе ме? Тәғдирге тән бериўим керек. Енди Әжинияз бул дүньяда мениң ушын жоқ адам. Мен де бул дүньяда жоқпан.

Бийбижамал кирип келгеннен баслап-ақ Әжинияз пүткиллей өзгерди. Дүньядағы ең сүйикли қызы болған Бийбижамалға жүдә уқсап кететуғын бул қызды жақыннан көриўге ҳәўес бола берди.

Соның ушын да кесесин қолына алып, оған усынып отырғанына да әдеўир ўақыт болды. Бирақ қыз бир қырыншлаў отырғаны ушын сезбеди.

— Ҳаў, саған узатып отыр, — деп сыбырлады бир ўақытлары Базаргүл. Усы ўақытта ол жигитлер бетке бир қарады да, Әжинияздың көзине көзи түсип, сескенип кетти.

— Бола ғой бийкеш, уятты, — деп атыр Ҳәмийда.



Ақыры Бийбижамал бетин орамалы менен бүркенкиреп, оның ушын бир қолы менен беккем услады да, жигитлерге қарай әстен ғаз жүрис пенен қәдем таслады. Қанша ийбе сақласа да қыз мәс адамдай тентиреклеп кете берди. Әне көзлер бир-бирине тоқтасты.

— Я, пәрўардигер, Бийбижамал ма?! — Әжинияздың кесеси бирден қолынан түсип кетти де, қыз өзин услап тура алмастан дастурхан ернегине қулады.

— Не болды? Не болды?

Адамлар ҳаўлығысып дастурхан әтирапын қоршап алған еди.

— Халайық! — деди бир ўақытта орнынан турған Әжинияз. — Бул мениң қалыңлығым Бийбижамал! Оны хан адамлары жақында Хийўаға алып кеткен еди. Бүгин бул жерде көрип турыппан.

Енди қыз-жигитлер бул сырдың түйинине түсинген сықлы бир-бирине қарасып қалды.

Сулық болып қалған Бийбижамалды Әжинияз сыртқа алып шықты да, көл бойына апарып, оның ҳөл болып кеткен жүзлерин жуўа баслады.

— Әжинияз, мен саған ылайық емеспен. Жүзлерим жәллат пышақлары менен тилинген, — деди қыз сыбырлап.

— Бул заманда ҳәр қандай ҳақыйқат ушын гүрескен адамның жүзлери менен жүреклери тилинген, қымбатлым. Дүньядағы ең ҳадал достым — сен. Мен сенсиз бул дүньяда жасай алмайман, — деди Әжинияз.

Бийбижамал соңғы бес-алты ай ишинде бастан кеширген ўақыяларын айтып берди. Әжинияз Айтжан ғарры менен Бийбираба кемпирге көп-көп рахметлер айтты да, таң саз берген ўақтында өзи Бийбижамалды, Сейитжан Гүлбийкени атларына мингестирип, қос келиншек, қос күйеў болып «Шортанлы»дан қыят аўылына қарай жөнеп кеткен еди.

Қос келиншек түсирген қыят аўылы еки күнги шекем ат шаптырып, бақсы-жыраў айттырып, палўан гүрестирип, қошқар дүгистирип үлкен той берди.

Бирақ Пана хан өз ийесине тәп берген ийттей, елди баспашыларға талатып, зорлық-зомбылық күшейип, ел арасында және де шаўқым-сүрен басланып кетти.

# ЕКИНШИ БӨЛИМ

## БОЗАТАЎ

Жер ҳәм ел билəндур, ел ҳәм жер билəн,
Жерсиз елдиң күни дәрбедер билəн,
Өмир өтер жүректеги шер билəн,
Қәдириң сениң бизден өтти Бозатаў.

Сен бағ едиң бүлбил ушты, зағ қалды,
Пүткил сийнем жанды иште дәрт қалды,
Қыйсық Порхан атаў сени жаў алды,
Басы қутлы, соңы ойран Бозатаў.

Әжинияз

1859-жылдың бәҳәри әдеўир ерте басланды. Тоңлар әлле қашан жибисип, гә суў қаймақласып, гә жер қатқалақ болып, абыржы болып турса да, сәўирдиң басында жаўған үш күнлик жаңбырдан кейин қуяш жарқырап шықты да, гиялар тебендей-тебендей болып патлыйып жердиң бети көк-көнбек болып кетти.

Биреўлер «суўықтың үлкени еле алдымызда» деп қорқытса да, күн суўытып жарымады.. Тезден-ақ Таллық бойындағы сүйриклер қылтыйып шығып, ерте бәҳәр басланып кетти.

Дийханлардың езиўи қулағында «Қуда қәлесе быйыл бир берекетли жыл болажақ»,—деп қуўжыңласып жүр. Ҳәмме қос өгизи менен гүнде-мойынтырықларын жәмлеп, бәҳәрги егистиң әнжамына кирисе баслаған.

Қоңыратта ханлық дүзилгеннен бери, қайтама халықтың басы әўере сарсаңлыққа түсти. Хан да, бий де өз алдына бөлине берип, геллениң гөшиндей ыдыраған халық, қасқыр айдаған қойдай өзлерин ол жаққа, бул жаққа урып сийрексий басланды. Пана хан бир қулағы менен Атамурат ханды тыңласа, екинши қулағы менен ел арасындағы қарама-қарсылық туўдырыўшы болыс, бийди, бай-қарақшыны, тыңлап, «ана бийдиң аўылына тийимен, мына бийдиң аўылын қуртын» деп пәрман берип, Қоңырат әтирапы гүнасыз адамлардың зарлы сеслеринен гүңиренип кетти.

Ханға үсти-үстине наразылық күшейип, адамлар туўылып өскен жерлерин таслап, сырттан мәкан излеп қаша баслады.



Арадан көп ўақыт өтпестен-ақ Қоңыратқа Атамурат
ханның буйрығы менен және еки мыңнан аслам нөкер
алып келинди. Қоңырат ханлығы буншама көп нөкер-
ди азық-аўқат ҳәм атларын жем менен тәмийинлеў мүм-
киншилигине ийе емес. Соның ушын да олардың кө-
бисин аўылларға тарқата баслады. Атамурат ханның
нөкерлери дәслеп дийқанлардың ғәллелерин «атларға
жем ушын» деп тартып алды. Соңынан «нөкерлерге
азық-аўқат ушын» деп малларын тартып ала баслады.
Басқыншылықтың изи «Нөкерлердиң кеўил хошлығы
ушын»» деп қыз ҳәм келиншеклерге қол салыўға ба-
рып жеткен еди. Бундай ыза ҳәм қорлыққа шыдай ал-
маған халық өзиниң туўылып өскен мәканларын тас-
лап, ызық-ызық болып ҳәр жаққа көше баслаған еди.
Басқыншылықтан дәслеп жарлы дийқанлар менен ор-
та ҳал адамлар көбирек жәбир көрген болса, изинше
ҳәтте байларға да үлкен қәўип туўа баслады. Олардың
да көбиси жәбирленген. Усыған байланыслы елде хан-
ға болған наразылық күшейип кетти де, «турымтай
тусына» болған дағдарыс көбейип, енди адамлар аўыл-
аўыл болып көшиўге қарады. Булардың айырымлары
жасырынып, бурын адам аяғы барып жетпеген тоғай-
ларды мәканлаған болса, гейпаралары нөкерлерден
қашып, дәрьяның арғы жағын паналаған. Ел басына
күн туўып, заман тарылып, адамлар енди бийди де, хан-
ды да паналағанды қойып, атағы шыққан ер жүрек
батыр адамларды излей баслады. Усындай себеплер ме-
нен жиңишкениң тоғайында Жазлықбай батыр, Шар-
лаўықта Қудайберген батырдың аўылы деп аталған ел
қалың жыйналып қалған аўыллар пайда бола басла-
ды.

Пана хан менен Қулман ҳәр күни яўмыт сәрдарла-
ры менен мәслик қурып, елдиң тәғдирин умытты. Аўыл-
лардың бәрин уры-қарақшы жайлап, аласапыран за-
ман басланып кетти.

Пана хан тек өзине жақын деп есаплаған адамла-
рын ғана аз санлы халқы менен Қоңырат әтирапында
услап турды. Олар – теристамғалы Қабыл беглер беги,
қостамғалы Арзы аталық, қолдаўлы Сержан Найып,
ашамайлы Төремурат бий, тийекли Абулғазы бий. Бу-
лардан тысқары сарайдан орын алған аралы өзбек-
лериниң әмелдарлары ҳәм оларды ғәлле, кийим-кен-

шеклер менен тәмийинлеп турған аўыл ақсақаллары бар еди.

Қоңырат ханлығының пайда болыўы, қарақалпақтың қыят, ашамайлы урыўлары менен жергиликли қазақларға үлкен апатшылық алып келди. Гүлләи қазақларды изине ерткен Әзберген бий Таллық дәрьясынан ары өтип, қорған қурды. Атамурат ханның нөкерлери тәрепинен бир неше мәртебе таланды. Ең соңында Әзберген Хийўа ханлығынан бес жүзден аслам нөкер соратып, басқыншылықтан қутылған еди.

Ел-журт үлкен абыржыўда. Дәрьяның берги жағы Қоңырат ханлығына қараса, арғы жағы Хийўа ханлығының қол астында қалды. Һәзиринше еки ханлықтан да халыққа тийер пайда жоқ. Бир жағында миршаблар қылыш ойнатса, екинши жағында Атамурат хан нөкерлериниң басқыншылары һәўижге минген.

Халықтың көпшилиги Таллық дәрьясының бойында. Қоңыраттан арман өткеннен кейин Әмиўдарья екиге бөлинип ағады. Дәрьяның еки жағасы торанғыллар менен сығасып кеткеннен кейин, халық бул жерди «Таллық» — деп атаған. Дәрьяның еки бойы сығасқан ел. Оң жағында Қоңырат арысының қоллаўлы, балғалы урыўлары, ал сол жағында болса қыят, ашамайлы урыўлары гүрен ел болып отырады. Жери қунарлы, егиске жақсы. Бәһәр басланғаннан баслап-ақ шығырлар иске түсип, егинлер желкилдеп кетеди. Әтирапында көллери де көп, бир жағы «Шортанлы», бир жағы «Айбүйир» көли. Халықтың көпшилиги балықшылық, аңшылық пенен де шуғылланады.

Қоңыратқа Атамурат хан нөкерлери келгеннен бери бул жердиң де сыйқы қашты. Ел арасында баспашылардан қашқан адамлар, қайыр тилеўши дийўаналар көбейип кетти. «Қырғыйдан қашқан шымшықтай болып» айырым аўыллар болса солайына көшип келип, ел арасы быған-жыған болып кетти. Енди адамлар жер ушын, суў ушын таласып, бири-бири менен мәлеллесип, бөлек-бөлек болып көшип, мәканларын да өзгерте баслады. Усындай себеплер менен Қоңыратқа жақын отырған елатлардың көпшилиги де Таллыққа келип қалған еди.

Бул жердеги аўыллардың атақлы бийи де жоқ. Бийлер болса өз һәмелинен айрылып қалыўынан қәўипсинип, Қоңыратты жағалап жүр. Қараўында өзлериниң қүдирети жеткендей жақын ағайинлеринен ғана жәмленген елиў-алпыс шаңарағы бар. Қолында һеш нәрсеси жоқ, жалаңаяқ адамлар ғана хан салықларына төтепки бере алмай елден шығып кеткен. Буларға қайырқом болғандай басшы шықса да «еле ийттен қор болып өзиң қайтарсаң», — деп отырған жуўан қурсақ бийлер Атамурат ханның нөкерлерин гиж-гижлеп, олардың да әдеўир берекетин қашырды. Қасына ерген бес-алты бала-шағасынан басқа байлығы жоқ, сорлы халық қазантабағын арқалап, тығылыўға да жер таба алмай жүр. Баспашы бүгин бул жерде болса, ертең ол жерге барып бийшаралардың тоз-тозын шығарады. Басқа жердиң һәммесин жайпап, Таллыққа да келип қалды.
Пана хан менен Атамурат ханның қәһәрине ушыраған бул ызық-ызық елдиң кейни һәзир Таллықта болса, алды бети Бозатаўға барып жетти.

Кийиктей үркип, өрисин таба алмай атырған бул бийшара халыққа басшы болыўдан һәмме қорқады.

Мал дүньясы көп болмаса да көп китап оқып, билим ийелеп, Хийўа менен Бухараны көрип қайтқан Пирим бий ғана булардың тәғдирине жаны ашып, Қыйсық Порхан атаўынан қорған салыўды нийет етип отыр.

Молла Пирим узын бойлыдан келген, ат жақлы, қыр мурынлы киси еди. Ири денели болғанлығы ушын жасы жаңа қырқтан өткен болса да әдеўир егеде адамға усап көринеди. Өзи онша көп сөйлей бермейтуғын, көбинше ойланып жүретуғын адам. Бабалары туўды питти бий болған адамлар, арғы атасы Жайылған бийден тарқалып, Үстиртте сүриў-сүриў қой айдап, мал жыйнап, байлығы менен де, сөзге шешенлиги жағынан да һеш кимнен қалыспайтуғын адамлар болған. Әкеси перзент көре алмай, қартайған шағында кишкене һаялынан көрген баласын «Пирге қол берип көрген балам еди, аты Пирмухаммед болсын» — деп ат қойды. Бирақ бул узын ат балаға келисиңкиремей аўыл иши «Пирим» — деп атап кеткен еди.

Пирим шынында да оқыўға ықласлы балалардың бири болып Хийўадағы Шерғазы хан медресесинде оқыды. Илимге көбирек берилгенлиги ушын, ол аўылға келгеннен кейин адамлар арасындағы теңсизликлерди көрип, ел басқарыў исине пүткиллей қызықпай қойды.

Азаннан кешке шекем китап оқып жата бергеннен кейин, оны адамлар «Пирим бий» деўден көре «Молла Пирим» деп атап кеткен еди. Солай болса да халық Пирим бийди оқымыслы көрип оннан көбирек үмит күтти. Соның арасынша Пиримниң атағы ел арасында көбирек тарқала баслағаннан кейин ағасы Өтепберген менен қарама-қарсылық басланып кетти.

Өтепберген саўатсыз топас, байлықтан басқаны күсемейтуғын бурынғы бабаларының жолына садық. Ол хан тәрепинде турып, елден салықты еки есе өндирип, қалтасын қампайтып байый баслады. Пирим бий ханнан келген салықты халыққа бөлистирип, артықша дүнья талап етпеди.

Соның ушын да оның халықтан артық аспай дүньясы да болмады. Оның және бир артық жери бир сөзли, хан алдында ийилип жығылыўды жаман көретуғын еди.

Өтепберген буған қарама-қарсы болып, ол деген жағымпаз, түлкидей ҳайяр адам. Халықтың көбиси Пирим бий тәрепине аўысқаннан кейин, Өтепбергенниң иши жанып, халық басына қайғылы күнлерди салып, молла Пиримниң режелерин паш етиўге асыға баслады. Соның ушын да ол өзине тийисли еки жүздей хожалықты бөлип алып, Қоңыртқа жақынластырып орналастырды да, хан жәрдеми арқалы оларды баспашылардан аман сақлап турды. Усының менен бирликте Өтепберген Пирим бийдиң үстинен ханға өсек таратып, жаманлады. Ханға жәрдем бериў ушын Ғаний мәхрем менен Досым бақсыны Бозатаўға жансыз етип жибериўди өтинген де Өтепберген еди.

Пирим бий бул ҳәдийселердиң көбисинен хабардар. Бирақ Ғәний мәхрем менен Досым бақсының хан сарайы менен байланыслы екенлигинен хабары болмады. Күни-түни китап оқыўды тәрк етип, енди ол халық ғамын ойлай баслады.

Атамурат ханның нөкерлери Қоңыратта ат туяғы жететуғын жерлерди талап болды. Ендиги бағдары қыятлар усайды. Халық пүткиллей посып болды. Енди не қылыў керек? Тек бир ғана жолы бар. Ол да болса Ақдәрьядан өтип барып Бозатаўдан қорған салыў. Егер елди дәрьядан аман өткизип алса, изи жақсы болып кетер. Бозатаўдың төрт тәрепи суў менен қоршалған. Дәрья жағасына тоқсаўыл қурылса душпанды иркип турыўға болады. Душпан дәрьяға ат салса да ағыс



ығызып кетиўи мүмкин. Егер атлар жүзиў мүмкиншилигине ийе болғанда да, қолда бар жарақ пенен оларды қайтарыўға болады. Пирим бий усындай нийетлер менен халықты Бозатаўға алып келген еди.

Дәрья бойына келген халық төрт күн бойы тыным таппады. Қамыс пенен жекенлерди орып, үлкен сал жасады. Оның үстине бала-шаға, көрпе-төсек, мал-ҳәллерин тийеп, арғы жағаға өтип турды. Тек төртинши күни ғана барлық халық өтип болғаннан кейин, саллардың ҳәммесин жыйнап от берип жиберди.

Бозатаў қыр дөгерегиниң бәри қамыс, урықлар ырғалған нешше мың жыллардан бери суў қарасын көрмеген бир тақыр атаў еди. Атаў басына келгеннен кейин Пирим бий, Жумағул, Сейит, Муштақ батыр, Жазлықбай батыр ҳәм басқалар бирликте кеңес қурды.

Биринши гезекте Ақдәрьядан берман қарай жап қазылыўы керек. Халық суўсыз жасай алмайды. Бул исти Жумағул Сейит өз мойнына алды да, барлық ер адамларды ертип, жаптың сағасына қарай кетти. Жап оншама узын болмағаны ушын бир ҳәптеде қазып питкериў мүмкин еди. Пирим бий өз жәрдемшилерин изине ертип, бул жерден Бозатаў қорғаның салмақшы екенлигин айтып, қорғанның көлемин сызып шықты да, оның ишине көше-көше етип, тәртип пенен үйлердиң орнын көрсете баслады. Ҳәмме тәртип бойынша көшлерин белгилеген орынға түсирип, қыз-келиншек ҳәм кемпирлер шаққанласып, демниң арасында мыйдай далада ақ отаўлар қәддин тиклей баслады. Отаўға күдирети келмегенлер көлге барып, қамыс орып келип, ешеклерине артып келген ағашларын түсирип, кими қақыра, кими шертек салып та үлгерген. Усылайынша демниң арасында қулазыған қуў далада үлкен аўыл пайда болды. Малларды болса Бозатаўдан онша узақ болмаған «Қыйсық Порхан» деген атаўға өткизип салды. Жери қунарлы, сүйриги де жүдә мол екен. Падашы да талап етилмейди. Маллар өзлеринше от жеп, суў ишип оңып қалды.

Кешке жақын ҳәр үйде түтин түтеп, ҳақыйқый аўыл көринисине енип кетти.

## 2

Ханға ең дәслепки көтерилис баслаўға себепши болған Сапаргүл деген бир келиншек еди. Атамураттың әс-

керлери елди пүткиллей пәтеңге келтирди. Қызыл жүзли қыз, керме қас келиншек көринсе қуўжынлап кететуғын әпиўайы әдетке айланды. Тек бала-шағалар менен ғана айқасып тегин олжа алып үйренген әскер қаңғымай қарақшылар сыяқлы елди пүткиллей бассынып кетти. Атамураттың жаўыз нөкери менен Пана ханның парқсыз әскерлери пүткиллей араласты. Сумлықты алатана баслайды дегендей бәрине себепши болып атырған нәрсе елдеги бийбастақлық.

Сәҳәр ўақтында Сары қамыс бойына келген әскер сай бойына жайылып атырған малларды сайлап сойып, писирип жеп әдеўир тойынды. Соңынан ўақты хошлық жасамақшы болып қыз-келиншеклерди таңлай баслады.

Атаққа шыққан Сапаргүл сулыў. Сейдабулла Қыяттың келини еди. Күйеўи Кеўлимжай аң аўлаўға кеткен. Атасы Сейдабулла төсек тартып жатырған аўырыў. Есирип кеткен нөкерлердиң биреўи Сапаргүлге зорлық жасамақшы болған. Ҳүжданы сүттей таза арыў келиншек әскер менен әдеўир айқасып жүргенде соңынан ергениктиң ернегинде турған темир жабаны алып нөкерлердиң қарнына түйрей берген. Екинши, үшиншисинде усылай қулатқан. . Ең соңында енеси Бийбиайша кемпирдиң:

— Халқым аў, бул не бийбастақлық, — деген сөзи зордан еситилген.

Сапаргүл жекке жүрип ақ, әскер менен әдеўир алысыпты. Ең ақырында нөкерлер оны атып өлтирипти. Буған қаны қызған халық бирден көтерилип кеткен. Қими темир жаба, кими бел, кетпен, балта алып әскерге қарсы топылған. Көп адамлар өлген. Оттай алысып кеткен аламан мылтықтың сестинен де айбынбаған. Арада быған-жыған саўаш басланып кеткен.

— Биз өмирден тойдық?

— Жоқ болсын хан!

— Ел намысын аяққа басқан нөкерлерге мың нәлет!

— Муҳаммед Панаға өлим!

— Атамуратқа әжел дарысын! — деп адамлар тумлы-тустан бақырысып алға талпынды.

Көптиң күши көл, — дегени рас екен. Әскер илаж ете алмай қалды. Турмыстан түңилип түтеп кеткен аламан жанларын жаббарға берип айқасты. Әскер бундай қарсылықты бирден күтпегени ушын қуралда жумсай алмай қалды. Араласып кеткен халық адамның ақылына келмеген дәрежеде саўаш баслады. «Ўай, басым! Ўай, өлдим! — деген даўыслар гүңиренип еситилди. Шымшық көп жерде бүркит болып жүрген мыйқыдай ҳеш қандай дәкки жеп көрмеген әскер жартысы қырылып салпаўсып кейин шегинди.

Көтерилис баслағанлардың ҳеш бири өзлериниң өлген-тирилгенлигине қараған жоқ. Көпшилик арасында жасы қайтқан ғаррылар, ҳаял-қыз ҳәм балалар да бар еди. Олардың бәриде адамзат ҳүжданының соншама хорланғанына ары келген. Бул дүньядан соншама түңилип кеткен адамлар сыяқлы өз жанларының аман қалыў кереклигин ҳеш бир ойламады.

Қими атлы, кими ешекли әскерлердиң изинен қуўды. Көп узамай басқа аўыллардан да адамлар келип қосыла баслады. Жайдақ ешектиң үстинде киятырып:

— Бундай баспашы ханның бизге керегн жоқ!

— Муҳаммед Панаға өлим!

— Атамуратқа әжел!

—деген даўыслар үсти-үстине заңқылдап еситилип кең даланы жаңлатып жиберди. Қай жақты қарасаң қара ғарғадай шожыған адам. Жыққынның суўындай жапырылып жан-жақты қаплап киятыр. Булардың бәриде хан зулымынан әбден тойған.

Және ҳәр аўыл биригип, гирес-гирес адамлар жыйнала баслады. Ҳәммеси ашыўлы. Бәриниң бағдары Қоңырат. Өлимге басын тиккен адамлардай өңеши жыртылғанша бақырады:

— Бизге хан керек емес!

— Хийўаның ханы қыйнады!

— Қоңыраттың ханы хорлады!

Ең изинде қумырсқадай быжнаған адамлар жолға сыймай кетти. Және ҳәр аўылдан адамлар қосыла берип халық теңиздей түўлады.

Албырап қалған Шанияз жүзбасы ханның алдына келип жығылды.

— Қурыдық хан ийем, халық қозғалды.

— Ким қозғалды?

— Халық.

— Әй, әўмесер, сени ким жүзбасы дейди. Шопан қурақым ақылың жоқ.

— Гәп ақылда емес хан ийем. Пүткил халық қозғалды.

— Халық деген бир қой. Айдаған жағыңа қарай жүре береди.

— Олай емес ҳәзиретим. Шегирткедей пүткил даланы қаплап киятыр.

— Халық деген — бул мал. Ал, малды болса тек таяқ жөнге салады. Қараўында сонша әскер турып, шегирткедей шырлағаның не?
Буйрық бер. Қалаға жақынлатпай атып тасласын!

Қозғалаңға қалың ел бириксе де басшысы жоқ еди. Қаҳәрленген халық әскер менен араласып жүрип урысып әдеўир табысқа жеткен болса да узақтан турып урысыў мүмкиншилигине ийе емес екенлигин түсинген жоқ. Арсылдап атырған англичан бесатарлары қуралсыз халықтың ҳеш биреўинде қалаға жақынлатқан жоқ. Ҳәр бири топ пенен атылған торғайдай томп-томп қулады. Көпшилиги оққа ушып, аман қалған азғантай ғана бөлеги кейин серпилди.

— Қайтардық хан ийем. Бирақ көп халықты қырып алдық,— деди сарайға қайтып келген Шанияз жүзбасы.

— Қырылсын!

— Халықтың бәри қырылып қалса, ханлықтың не кереги бар, хан ийем. — Шанияз өзиниң қаттырақ кетип қалғанын билип албырады. — Ягный, халық азайып қалмаспа екен? — деген ойым еди.

Хан қатты ашыўланды. Өзиниң оң қолы болып турған жүзбасыны бул ретте жазалағанды мақул көрмеди ме әйтеўир ашыўы тез тарқады.

— Халық азаймайды. Еркине жиберип еркелетсең басыңа минип кетеди.

Муҳаммед Пана буннан кейин узақ ойланып қалды.

— Қанша халық қырылды?

— Мыңға жетип қалар.

— Әдеўир асырып жиберипсең.

— Өзиңиз буйрық бергеннен кейин.

— Кимлер екен?

— Қыятлар.

— Олардың ерте дәўирдеги мамалары жолбарыстың жүрегине жериген. Өжет халық. Ҳақыйқатшыл ҳәм кекшил болады. Қалайда жақсы болмапты. Енди олар менен келисиўимиз қыйын. Сарай менен ийтли пышық болады да жүреди.



Ханның басы аўырласып кетти де, бирден гилем үстиндеги дастыққа қулады.

Қырылған халық шынында да көп еди. Пухара қозғалса ханға өлиминиң жақынлағаны. Әскер менен әскер урысса бир гәп. Халықтың қаны кийели. Айдалада қырғаўылдай оққа ушқан сонша халықтың не жазығы бар. Ер адамлар болса бир гәп. Жартысы бала-шағалар екен.

Өлген өлик көмилиўи керек. Буларды да жайғастыратуғын әскер. Атамураттың әскерлери: «Енди сениң өликлериңди көмип жүремиз бе?» деп баспады. Усындай себеплер менен өлик жыйнаўға да Пана ханның әскери жиберилген еди.

Шанияз жүзбасы өз әскери «Халыққа рейими келип атпас»,—деген пикир менен қозғалаңды бастырыў ушында Атамурат нөкерлерин жумсаған еди.

Пана хан әскери Порсықлы даласына келгеннен кейин ғана жан түршигерлик аўҳалдың болғанлығын сезди. Гилкий қурашлары қара ғарғадай болып қулап қалған адам. Барлығы өлген. Араларында аяқтан айрылып, қолынан майрылып, жекке оқ жүректи қарса жарып зая болған адамлар жүдә көп. Қаңғымай оқ гегирдекти қырқып түсип, тегинликте жан тапсыра алмай қырылдап атырғанлары да бар. Қулласы баўдай қулаған халық. Кими жарадар, кими өлген. Өлим ҳәлетинде қалған гейпара адамлар көзлери жаўтаңлап қояндай тыпыршылай береди. Булардың арасында алпыстан асып кеткен ақсақаллы ғарры, жигирмадан жаңа ғана өткен жас жигит, кеўлине еле гирбиң түсирмеген келиншеклер де бар. Сулыўлығына шек келтирип болмайтуғын суўдай гөззал қызлар да, тулымшақлары салбыраўы менен тарса қулапты. Даланы жағымсыз ийис қаплап, ҳәмме жақта ыңыранған даўыслар еситиледи.

Бул да еле ҳалўа екен. Қудиретли күштиң толқыны кейиннен басланды.

Ан-таң болған әскер алдын ҳеш нәрсеге түсинбегендей абыржып қалды. Соңынан ҳәммеси де еслерине бир нәрсе келгендей сескенди. Қурбанлыққа шалынған қойдай набыт болған халықты аралап кетти де, адым жерде атынан секирип өнеши жарылғанша өкирген нөкердиң сестинен пүткил дала ләрзеге келди.

— Гәп ақылда емес хан ийем. Пүткил халық қозғалды.

— Халық деген бир қой. Айдаған жағына қарай жүре береди.

— Олай емес ҳәзиретим. Шегирткедей пүткил даланы қаплап киятыр.

— Халық деген — бул мал. Ал, малды болса тек таяқ жөнге салады. Қараўында сонша әскер турып, шегирткедей шырлағаның не? Буйрық бер. Қалаға жақынлатпай атып тасласын!

Қозғалаңға қалың ел бириксе де басшысы жоқ еди. Қәҳәрленген халық әскер менен араласып жүрип урысып әдеўир табысқа жеткен болса да узақтан турып урысыў мүмкиншилигине ийе емес екенлигин түсинген жоқ. Арсылдап атырған англичан бесатарлары қуралсыз халықтың ҳеш биреўинде қалаға жақынлатқан жоқ. Ҳәр бири топ пенен атылған торғайдай томп-томп қулады. Көпшилиги оққа ушып, аман қалған азғантай ғана бөлеги кейин серпилди.

— Қайтардық хан ийем. Бирақ көп халықты қырып алдық,—деди сарайға қайтып келген Шанияз жүзбасы.

— Қырылсын!

— Халықтың бәри қырылып қалса, ханлықтың не кереги бар, хан ийем. — Шанияз өзиниң қаттырақ кетип қалғанын билип албырады. — Ягный, халық азайып қалмаспа екен? — деген ойым еди.

Хан қатты ашыўланды. Өзиниң оң қолы болып турған жүзбасыны бул ретте жазалағанды мақул көрмеди ме әйтеўир ашыўы тез тарқады.

— Халық азаймайды. Еркине жиберип еркелетсең басыңа минип кетеди.

Муҳаммед Пана буннан кейин узақ ойланып қалды.

— Қанша халық қырылды?

— Мыңға жетип қалар.

— Әдеўир асырып жиберипсең.

— Өзиңиз буйрық бергеннен кейин.

— Кимлер екен?

— Қыятлар.

— Олардың ерте дәўирдеги мамалары жолбарыстың жүрегине жериген. Өжет халық. Ҳақыйқатшыл ҳәм кекшил болады. Қалайда жақсы болмапты. Енди олар менен келисиўимиз қыйын. Сарай менен ийтли пышық болады да жүреди.



Ханның басы аўырласып кетти де, бирден гилем үстиндеги дастыққа қулады.

Қырылған халық шынында да көп еди. Пухара қозғалса ханға өлиминиң жақынлағаны. Әскер менен әскер урысса бир гәп. Халықтың қаны кийели. Айдалада қырғаўылдай оққа ушқан сонша халықтың не жазығы бар. Ер адамлар болса бир гәп. Жартысы бала-шағалар екен.

Өлген өлик көмилиўи керек. Буларды да жайғастыратуғын әскер. Атамураттың әскерлери: «Енди сениң өликлериңди көмип жүремиз бе?» деп баспады. Усындай себеплер менен өлик жыйнаўға да Пана ханның әскери жиберилген еди.

Шанияз жүзбасы өз әскери «Халыққа рейими келип атпас»,—деген пикир менен қозғаланды бастырыў ушында Атамурат нөкерлерин жумсаған еди.

Пана хан әскери Порсықлы даласына келгеннен кейин ғана жан түршигерлик аўҳалдың болғанлығын сезди. Гилкий қурашлары қара ғарғадай болып қулап қалған адам. Барлығы өлген. Араларында аяқтан айрылып, қолынан майрылып, жекке оқ жүректи қарса жарып зая болған адамлар жүдә көп. Қаңғымай оқ гегирдекти қырқып түсип, тегинликте жан тапсыра алмай қырылдап атырғанлары да бар. Қулласы баўдай қулаған халық. Кими жарадар, кими өлген. Өлим ҳәлетинде қалған гейпара адамлар көзлери жаўтаңлап қояндай тыпыршылай береди. Булардың арасында алпыстан асып кеткен ақсақаллы ғарры, жигирмадан жаңа ғана өткен жас жигит, кеўлине еле гирбиң түсирмеген келиншеклер де бар. Сулыўлығына шек келтирип болмайтуғын суўдай гөззал қызлар да, тулымшақлары салбыраўы менен тарса қулапты. Даланы жағымсыз ийис қаплап, ҳәмме жақта ыңыранған даўыслар еситиледи.

Бул да еле ҳалўа екен. Қудиретли күштиң толқыны кейиннен басланды.

Аң-таң болған әскер алдын ҳеш нәрсеге түсинбегендей абыржып қалды. Соңынан ҳәммеси де еслерине бир нәрсе келгендей сескенди. Қурбанлыққа шалынған қойдай набыт болған халықты аралап кетти де, адым жерде атынан секирип өңеши жарылғанша өкирген нөкердиң сестинен пүткил дала ләрзеге келди.

— Уай! Сорлы атам!
— Уай! Ғариб апам!
— Уай! Бийгүнә кеткен қарындасым!
— Уай! Қурбан болған қостарым!
— Уай! Жеткеншегим, жигерим!

Ай далада бирден қойдай маңырап кеткен нөкерлердиң ҳеш биреўин тоқтатыў мүмкин болмай қалды.

Шанияз жүзбасы бирден албырап қалды. Көзлерине қан толып, ениз-теңиз болып кеткен нөкерлер, ҳәзирги турысында Шанияз түўе ханыңды да тыңламас еди. Илажсыз қалған Шанияз қапталына ерген жигирмалаған атлы менен сарайға қарай қашты.

— Жигитлер! Бизлер халықты қорғап жүрмиз десек, өз өзимизди қырып жүрген екенбиз-ғой — деди Жанназар деген бир жигит.

— Буларды ким атқан?
— Атамурат ханның нөкерлери.
— Қан аламыз!
— Әўел қанды ханның өзинен алыўымыз керек. Халықты қырғынға ушыратқан Муҳаммед Пананың өзи.
— Бизге бундай хан керек емес!
— Ханға қарсы бас көтеремиз!

Әскерлер өлик пенен жарадарлардың бәрин жыйнап алды да, атларының алдына өңгерип Таллыққа қарай шегинди.

Апалақлап қалған Шанияз жүзбасы және ханның алдына келип жығылды.

— Әскердиң бәри қыятларға қосылып кетти, хан ийем.
— Не дейди? Сениң гелленди кесиў керек, жүзбасы.
— Илаж жоқ. Әскердиң бәринен айрылдық.

Пана хан кирпитикендей бир майдан жыйрылып турды да:

— Садық бийди шақыр, — деп буйырды. Үскини қуйылып кеткен Садық бий сарайға сегиз бүгилип кирди.
— Бәри сениң кесириң. Қыятларды ханлықтан ажыраттың.
— Хабарым жоқ, хан ийем.
— Хабарың бар. Болмаса ханның атын еситкеннен қырық бүгилетуғын, қорқақ қыятлар бүгин батыр болып қала ма?! Ханның әскерин изине ертип алғандай олардың не сыйқы бар?!



— Оллаҳи, хабарым жоқ, хан ийем. Халық ҳәзир бийди, байды тыңлағанды қойды. Бәри өз басына кеткен. Ал, биз болсақ сизиң мөмин қулыңыз болып қараўыңызда жасап атырмыз.

— Қысқарт! Мөмин қулдың қолынан соншама әскерди тартып алыў келе ме?
— Мен емес халық ғой тақсыр.
— Халық! Халық деген бул — хан! Халық деген бул — бий! Түсиндиң бе?! Шанияз жүзбасы! — деди Пана хан азмаз иркилип турып.—Садық бий ақылынан алжасыпты. Қырық дүрре урың, өзине келсин!
— Ләббай тақсыр!
— Ҳәзретим, Реймиңиз келсин, — деди даўысы тарғылланып кеткен Садық бий.
— Хан қәўлисин қайтып алмайды.

Садыққа неше дүрре урғаны белгисиз. Еки өрим кендир арқанның дәстине шыдай алмаған бий есинен айрылып жығылды.

Соңынан қыятлардың белгили бийлери болған Сейтғазы менен Артық Муҳаммед те шақырылды.

Хан буларды қаншама қыйнағаны менен пайдасы жоқ еди. Олар шынында да халықтан ажыралып қалған сарайды айланшықлап жүрип күн керетуғын еди.

Пана ханның тартыўынан кейин бийлер әдеўир абыржыўға түсип, еси кетти. Ел бийдиң де, байдың да айтқанын қылмай өз алдына бөлинип кеткен еди.

Әсиресе Қыят пенен Ашамайлы бийлерине әдеўир қыйын болды. Буларға халық та, Пана хан да пүткиллей қас болып алды. Қай жерде жүрип жан сақларын билмейди.

Қыят пенен Ашамайлылар биригип ханның қас душпанына айланды. Қоңыраттан пүткиллей айра түскен қазақтың атақлы бийи Әзберген де солар тәрепинде.

Пана ханның қолынан келгени сол, тек Атамураттың нөкерлерине ҳәл берди де, қыятларға қосылып Таллыққа тығылған өз нөкериниң көпшилик бөлегин қырғызып таслады. Елди зулымлық арқалы тәўбеге келтиремен деп ойлады. Яўмыт сәркардаларына елди талаўға рухсат берип жиберди.

Бийлердиң аўызбиршилиги қашты. Усындай себеплер менен жеккеленип қалған Садық бий Хийўа ханы Сайд Муҳаммедке нама жазған еди:

«Бахрам саўлат, Жамшит шәўкет,
Сулайман хашамат, сарвари сарири
Жахонбони довари фалак, кишвари
Фарвон рони, зилли илох рухи ва
Руҳил оламин фидоҳу амирал муслимин
Жакоби олий хазратимиз саллома
Хуллохи тало анил офати вал балистниң

мулозими доргохи оломпонохлари хурметига баян қылурмиз.

Биз теңиз ели қарақалпақ журтының барша бийлери Қоңыратта Муҳаммед Пана ҳукимранлығынан наразымыз. Ол сизиң қас душпаныңыз болған, Атамурат хан менен биригип сизиң салтанатыңызға шак келтирди.

Қоңырат беглигиниң бурынғыдай сиз Әлем панах хәзретлериниң қолында болыўын қәлеймиз. Егер әскер тартып келсеңиз төбемиз көкке жетер еди.

Ҳәмише сизиң жылаўыңызда болған Садық бий, Сейтғазы бий, Артық Муҳаммед бий» — деп дурыслығына бармақларының тамғасы басылған еди.

Бирақ халықтың қыялы бийлер ойлағандай болған жоқ. Олар Қоңырат ханлығынан да, Хийўа ханлығынан да, пүткиллей жүз үгирген. Бул ханлардың ҳеш биреўине байланыслы болмаған өзлеринше бир еркинликти әрман етти. Бурақ бул еркинликке қалай жеткүдиң жолын түсинип жетпеди.

Халықтың әдеўир бөлеги Қоңырат ханлығынан пүткиллей ажыралды. Әскерлер менен әдеўир айқасып Таллықты жағалап кейинге шегине берди.

### 3.

Қоңыратта хан тикленгенине бир жылға шамалас ўақыт болса да ким кимге бойсыныўды билмейди. Пана хан өз алдына пәрман шығарып, ел арасында беглер беги, дийўан беги, бий, аталық, мәхрем, найып, жүзбасы деп аталған әмелдарлар көбейип кетти.

Бурыннан Хийўа ханы менен аўыз жаласып қалған атақлы бийлер қайсы жаққа қосыларын билместен еле әўере. Биреўлер Хийўа ханын жақласа, биреўлер Пана ханды жақлайтуғын қусаған. Сайд Муҳаммедти де, Пана ханды да жақлағысы келмейтуғын үшинши топар және бар.



Пана хан ҳәкимликти өз қолына алғаннан берн бийлер де дым майдаланып кетти. Ебиндей байлығы бар адамның бәри ҳәзир бий, аталық. Бурынғы ири бийлердиң де нийетиниң қандай екенлигин аңлаў қыйын. Олардың айырымлары Хийўа ханлығын қуўатлаған болып, дәрьяның арғы жүзине өтип кеткен болса, гейпаралары Пана хан жақлы болып, оған жағынып жүр. Қыятлардың Садық бий, Сейтғазы бий, Қәдирберген бий, Артықмуҳаммед бий, Сейтғаний бий, теристамғалы; Қабыл бий, Бекхожа бий, ашамайлы: Төремурат бий, Әўез бий, Елгелди бий ел менен иси болмай өзиниң бойын жасырып жүрипти. Булардың ҳәммеси де бурын Хийўа ханы ушын салғырт жыйнап, өзлериниң кесесин толтыратуғын еди. Буннан тысқары ханның өзи де буларды жарылқап ара-тура ғәзийнеден он бес-жигирма тилла ғәрежет төлейтуғын еди. Муҳаммед Пана елге өз дийўанбегилерин жумсап, оларды бул ғәрежеттен де маҳрум етти. Буннан тысқары ҳәр бир бийдиң отыз-қырқ атлы нөкери де бар еди. Пана хан нөкерлерди де тартып алмақшы болғаннан кейин, булардың аўызбиршилиги әбден бузылды.

Әсиресе Қабыл бий Хийўа ханы алдында әдеўир абырайлы еди. Ол дәслеп жүзбасы, соңынан бий лаўазымында болып, 1847-жылы Мары түркменлери менен болған саўашта батырлық көрсеткен, соңынан беглер беги мәнсабына көтерилип, жүзге жақын нөкерге ийе болып, ханнан елиў тилла инам алатуғын еди. Хан менен бирге шикарға шыққанда да оның қаршығасы биринши мәртебе кеклик илип, ханнан зер жағалы сарпай алған. Соның ушын да ел арасында:

«Хан қасында Қабыл зор,
Өжетликке Ораз зор», —

деген сөзлер тарқалып кеткен еди.

Қабыл беглер беги, негизинде Хийўа ханлығына қарсы көтерилиске наразы. Оны бастырыўға талапланып, бир қанша күш те жыйнады. Ханның исенимли адамы Алламберген мәхремди он төрт урыўдан жәрдем сорап атландырып жиберген де усы Қабыл бий еди.

Қалған бийлердиң көпшилиги де усы тақлеттеги адамлар болып, олардың айырымлары тек мал-мүлкин сақлап қалыў менен Пана ханға жүзеки ғана жантас-

қаны менен, негизинен алғанда Хийўа тәрепинде болғысы келеди. Атамурат хан басқыншыларының нәзери тыныш отырған еллерге аўғаннан кейин де «мына жағын қуртың» — деп көзин жумып отыра берди. Ел арасында урыў-урыў болып бөлинип көшиўшилик күшейип, халық ызық-ызық болып кетти.

Өтенберген бөлинип кеткеннен бери қыятлардың да, ашамайлылардың да аўызбиршилиги қашты. Молла Пирим болса Бозатаўда.

Қайсы жаққа қосыларын билмей дағдарысып қалған бир бөлек сақыўлар ғана Таллық дәрьясының бойында бир гүрең аўыл болып отыр. Бийден де, байдан да үмитин үзип отырған бул аўылдың арқа сүйенери — елге әдеўир белгили болып қалған Әжинияз шайыр.

Бурын тек балаларды оқытыў менен машғул болып жүрген Әжинияз ҳәзир ел ғамына кирискен. Қамшысынан қан тамып, салық жыйнап жүрген ақсақал менен найыплар да елдиң берекетин ушырып болды. Төлесең малыңды, төлемесең жаныңды аламан, деп турған бир бәле. Халықтың қайғылы аўҳалына жаны ашыған Әжинияз солар менен ҳәр күни тартысып, жағаласып жүр.

Әжинияз күни бойы найыплар менен айтысып шаршады. Ҳақыйқатлық дегенниң не екенлигин билгиси келмеген бул залымлар алдында өзин жүдә әззи сезген еди. Бул дәрт шайыр жүрегин қыйнар, азап пенен иштеги дебдиўлерин шығармақшы болар еди. Әжинияз дәстахта алдына барды да, пәрли қәлемин сыяға малып, жайылып жатырған қағазға «Керек» деп жазды. Оның өз жасаған заманына болған көз-қарасы усы бир аўыз сөз арқалы ғана сәўлеленгендей, қосық қатарлары дизбекленип келе берди.

Баҳадыр ғошшақ жигитке,
Халыққа мәлим батыр мәртке,
Бардаш берер қайғы дәртке
Жанажан ғардашы керек.

Жигит шықса узақ жолға,
Жаў жарағын алып қолға,
Сермеп қылыш оңлы-солға,
Жол баслар сәрдары керек.

Малы көп сансыз байларға,
Апармай мереке тойларға,



Кейинне салыўға қойларға
Қулағы кесик қул керек.

Халық сораған аталыққа,
Исин жүритип хаталыққа,
Күш берип онбес салыққа,
Халықты постырған шул керек.

Қумартып тегин ақшаға,
Адамды көмип пахшаға,
Халықты сораған патшаға,
Күнде-күнде урыс керек.

Сорлы пухара халыққа,
Қол созып бәрҳә жарыққа,
Көнбей бир нешше салыққа,
Жайнап-жаснар заман керек.

— деп жазды да, қосық қатарларына узақ тигилип отырды. Соңынан қосықтың изине:

Шад болып дәўран сүриўге,
Паянлы өмир көриўге,
Қатар-қурбы менен жүриўге,
Әжиниязға заман керек, —

деп жазып астын сызып жиберди.

Шайырдың дәрти буның менен де орнына түспеди. Ол әдилсизлик дәстинен қыйналып атырған ел ғамы менен күйер еди. Орнынан турып, есикке бир нешше мәртебе барып қайтты. Опасыз ийттей ҳәркимге қаңсылайтуғын Досым бақсы бүгин шайырды ханға жаманлап барыпты. Ҳәр қандай талантсыз адам ең изинде бузақы болып кетеди. Бақсы болып келистире алмады. Енди бул жолды таңлапты-дә. Хан деген ҳәр кимниң сөзине исене береди екен-аў. Болмаса Досымның ханға сөз өткергендей не сыйқы бар? Ҳәр қандай данышпан адам бәрҳә ақылсызлардан қорлық көреди. Геллем кетсе кетерде, бирақ Досымның насағына қалмаспан. Неге кеўлим буншама пәрийшан болып қалды? Әлле нәрсени күсеймен. Устаз Наўайы менен Ҳафыз да сондай болған екен. Нәҳақтан жабылған жала да жүрегимди кемирип баратыр...

Әжинияз усы ҳалатта және қағазға үңилди. Шайыр қанындай қып-қызыл тары сыяда және әллеқандай қосық пайда болған еди:

Бул не қайғы, бул не думан,
Болалмадым дәрттен аман,
Ишпей шарап, шегип афған,
Ақлы-хуўшым лал болады.

Пүре алмадым ойнап күлә
Мажнундайын шықтым шөлә,
Кеше-күндиз қайғу билә
Әлиф қәддим дал болады.

Дәртлерим күн—күннен бетер,
Зар ийглайын, күним өтер,
Залым пәлек бизге не етер,
Қашан мәқсет ҳал болады.

Әжинияз дер мениң атым,
Иетмес аллаға фарядым,
Иште лаўлап жанған отым
Өшпегенше мин болады.

Әжинияз қәлемин дәстахта үстине таслады да шапаның жамылып, сыртқа шығып кетти. Аспан ашық, жулдызлар жымыңласып тур. Аўыл арасында жылт-жылт отлар көринер, ҳаўа тынық еди. Қонсы үйден ҳәйиў айтқан ҳаял даўысы келди ҳәм бул ҳаўаз қулаққа оғада жағымлы еситилип кетти.

## 4

Берди инглиз орта жасларға барып қалған, жүзи сарғайып кеткен, қуў шеке киси еди. Басқыншылыққа келгенде реймисиз жаўыз. Жас па, ғарры ма аямай, қарсыласқан адамынан қан алатуғын мийримсиз. Негизинде усы бас кесерлиги жағынан ханға көбирек унап, сәрдар дәрежесине еристи. Жол азабына төзимли, мергенлиги жағынан алдына адам салмайды. Соның ушын да Атамурат хан англичанлар менен байланыстағы басшы жумысқа Бердини тайынлады. Полковник Джеймс оны ҳүрметлеп, капитан лаўазымы менен бирликте алты атарын сыйлыққа берген. Сол күннен баслап сәрдар Бердиқылыш «Берди Инглис» — деп атала баслаған еди.

Усының менен бирликте Бердиниң әззи тәреплери де көп. Ол тирийекке берилгенлиги себепли жигитлик йошы дым төмен адам болып, ҳаял-қызларды өлердей жаман көреди. Оның үстине ҳәдтен зыят қызғаншақ.



Соның ушын да гейде сулыў қызлар пайына тийип қалғанда да, олардың гүнасын ойламастан атып, өлтирип кететуғын еди.

Бердиқылыштың нөкерлери сақыў аўылына таң атқан мәҳәлинде келип жетти.

— Қурып қалдық! Жаў келип қалды! — деген қатты даўыс пенен уйқыда жатырған аўыл шоршып оянды.

Ийтлер шабаланып, мал меңиреп, бота бозлап, бесиктеги нәрестелер шырлап, аўыл иши азан-қазан болып кеткен. Таң намаз оқыў ушын қолына қумған алып шыққан ғаррылар албырақлап қумғанын ылақтырып, ояққа-бuyаққа жуўырысқан ҳаяллар, қызларына жаман кийимлер излеп, боғжамаларды аўдар-теңкер етип ақтарып, кемпирлер қазанның астына қолларын малып, ақлықларының бетлерине қара күйе жағыў менен әўере болды.

Биреўлер жүўериниң ишине, биреўлер тарының ишине, өзлерин таслап атыр. Ҳәр жаққа ат шаптырып, жүўери ҳәм тарыларды жапырып таслаған нөкерлер қызлардың шашынан сүйреп, шаңлаққа келип тоқтаған сәрдар алдына алып бармақта еди.

— Уай-уай, апа өлдим! — деген қызлардың даўыслары шыңғырып еситилип, пүткил аўыл арасы ызаға буўлығып кетти.

Қызының шашынан нөкердиң сүйреп баратырғанын көрген Елмурат ғарры, үйден белин ала ылақтырып жиберген еди, нөкердиң мойны жумалап түсти. Соның арасынша екинши нөкер мылтық атып, ғаррыны қулатты.

— Халқым-аў, бул қандай көргенсизлик! — деп кемпир үйден жуўырып шыққан еди, нөкер оны да атты. Енди адам даўысына мылтық сеслери араласып, биреўди биреў танымай қалды.

Қарындасларының зарлы сестинен жаны түршиккен бес-алты жигит кими темир жаба, кими кетпен алып айқасқа түскен еди, олар да ҳәр қайсысы бир оқ пенен жолда қалды.

Бул да аздай басқыншылар өзлери тәрепинен өлген жети нөкер ушын жигирмадай адамды атып таслаған еди. Солай болса да булар олжаларын өз-ара бөлисип аўылда қонып қалды. Ертеңине басқыншылар тартып алынған дәнлерин арбаға салып, аўылдағы маллар ме-

нен қоса, қыз-келиншеклерди Қоңыратқа қарай айдап кетти.

Нөкерлер ҳәр аўылда қонып-түсленип, малларды сойып жеп, қыз-келиншеклер менен ўақты-хошлық етип, дәнлерди атларына берип, елге ойран салып бара берди.

Сейтжанның Хожелидеги дайысы қайтыс болып, Әжинияз екеўи сол жаққа кеткенликтен бүгин үйлеринде жоқ. Гүлбийке үйде бир өзи жатыўға қорқып, қасына Бийбижамал менен Ҳүрзаданы алдырған. Ол бүгин неликтен де жүреги ҳәўлирип, жақсы уйықлай алмады. Соның ушын да басқыншылардың келип қалғанын алды менен сезгенлердиң бири Сейтжанның келиншеги Гүлбийке еди. Ол жағдайды бирден түсинди де, Бийбижамал менен Ҳүрзаданы тез оятып, қолынан жетеклеўи менен өзин жүўериге урды. Олар жуўырысыўы менен екинши атызға, соңынан қалың ақбаслықлар арасына кирип кеткен еди. Болған ўақыялардың ҳәммесинен хабардар болған булар, енди аўылға қайтыў қәўипли екенлигин түсинди де жөн алды қарабарақ, алдына қарай қаша берди.

Дәслеп Бийбижамал да Ҳүрзада да Гүлбийкениң усынысына көнген жоқ. Үйде қалған енеси менен Абдулланы ойлады.

— Еситиўимше олар кемпир-ғарры менен ер адамларға онша тиймейтуғын усайды, — деди Гүлбийке.

— Сонда кимлерде жини бар екен?

—Ҳаял-қызларда дейди. Кемпир менен жас баланы писирип жерме еди? Әсиресе мына бийкешти айт-сеш.

—Бийбижамал егер сен разы болсаң «Шортанлы көлге» қашамыз. Билесең ғой ол жерге басқыншылар түўе, еле хан адамларының да изи түспеген.

— Жол азығымыз жоқ, қалай болар екен?

— Еки күнге өлмеймиз. Қала берсе жолда ел бар. Аш қалмаспыз. Ал мына жыртқышлардың қолына түстик бар ма, өзиңди қәпесте қалған қус орнында көре бер. Сейитжан менен Әжинияз ол жерди биледи ғой. Ақыры бир таўып алар.

— Кеттик онда.

Басқыншылардың ашшы даўыслары менен қызлардың зарлы сеслери кешке шекем аўыл арасында тынбағаны ушын Бийбижамал ҳәм Ҳүрзада Гүлбийке менен бирге қашыўға келисим берди.



Өмирдиң өксиўин баса алмай, тәғдир тарпыўына жолыққан жас қыз бенен еки келиншек, айлы ақшамда жер танабын қуўырып киятыр. Бағыты — Жиңишкениң тоғайының арғы жағы, «Шортанлы көл» әтирапы. Жолсыз киятыр. Оның үстине тоғай қалың. Қолларына алған кеспелдек таяқларынан басқа қураллары жоқ. Егер усындай жағдайда алдыларынан қасқыр шығып қалды бар ғой, онда ис тамам. Үшеўи де ентигип, ҳаплығып, қорқып киятыр. Түйесиңир ме, әлле бир нәрселер аяқларына оратылып, адым жерде жығыла береди. Жулдызды бағдарлағаны менен «қорыққанға қос көринип», жолынан да адасып киятыр.

— Тоқта, бир нәрсениң даўысы!

— Ийт пе, қарақулақ па?

— Қудайға шүкир, ийт екен.

— Бул жерде ел жоқ сыяқлы еди...

— Енди не қыламыз?

— Тәўекел барыў керек.

— Басқыншылар болса-ше?

— ...

— Тек жалғыз үй усайды, айнасында жақты бар.

Қызлар барыўға қорқып турған бул жалғыз үй Айтжан бажбанның үйи еди.

Еки ийти бирден тынымсыз үрип, шаўқым сала бергеннен кейин, қос аўыз мылтығын алып, үйден бажбанның өзи шықты. Қараңғыда ол да ҳеш нәрсени көрместен, мылтығын қолына алып тоқтап қалды. Ҳайўан болғанда ийттен қашар еди. Булар адам болыўы итимал.

— Кимсизлер?

— Бизлер, адасып қалдық.

— Ҳаялдың даўысы ма? Булар не қылып жүр? Жети түнде...

— Мына аўылдан шығып едик, адасып киятырмыз.

— Қорықпай келе бериң. Ийтти байлайман.

— Бул жерде баспашы жоқ па аға?

— Яқ.

Қызлар муқыятлап салынған кишкене ғана қақыраға кирди. Есик бетте орта жасларға барып қалған ҳаял қазанға бир нәрсени қайнатып, гүйбенлеп жүр. Әташтан дөгерегинде отқа тигилип, бес-алты кишкене бала отыр.

Пеш әтирапына орналасып алғаннан кейин қаш-

қынлар өз басларына түскен ўақыяларды бажбанға сөйлеп берди.

Ўақыя қатты тәсир етсе керек, ҳәтте қазан басындағы ҳаял көзине жас алып жиберди.

— Қандай күнлерге қалдық өзи? Әтирапымыздың бәри басқыншылық, зорлық. Кеше де қашып жүрген бес-алты ҳаял-қыз қонып кетти.

«Басшың сырнайшы болса, нөкери зорлаўшы болады» деген. Қоңырат өз алдына ханлық болып, енди теңлик аламыз десек, изинде бала-шағалар менен жаға жулысып кетти ме бул хан, қалай-қалай? «Қаршыға қартайса шымшық аўлайды» деген усы екен-дә.

—Әй сампылдамасаң-ә!—деди бажбан,—Ханға қарсы сөз айтыўды саған ким қойыпты? Оннан да алдыңдағы жармаңды писир.

—Айтқанда не, қаршығаң үрке ме? Ел тоз-тоз болып баратырғаннан кейин жаным шыдамай баратыр. Хан не, сени басына көтерип отыр ма? Ҳәккедей жалғыз өзиң тоғайда жүргеннен кейин, елдиң басына түскен азапты билмейсен.

Бажбан ашыўланып, есикте илдириўли турған қамшыға қол апарған еди, балалары азар-безер болып, шуўлап қоя берди. Келген қонақлардан уялған да болыўы керек, ашыўы тез басылды.

Олар бул жерде қонып, ертеңине және жолды даўам етти. Баратырған бағытын сыр тутып, бажбанға да айтпады. Усылайынша олар арадан үш күн өткеннен кейин «Шортанлы көл»ге жеткен еди.

Атамурат хан нөкерлериниң мәкан басқан жери Қоңыраттан онша узақ болмаған Жийдели деген аўыл. Олар узақ-узақ аўылларға ҳүжим жасап, қолға түскен дән, мал ҳәм ҳаял-қызларды Жийделиге алып келип, ўақты-хошлық жасайтуғын еди. Бул аўыл адамлары пүткиллей посып көшип кеткен болса да ел иши алағула гирес-гирес мал дүнья менен қыз-келиншеклерге толып кеткен.

Пана ханның нөкерлери негизинен аўыл арасынан жыйналған орта ҳал адамлар менен дийқан балаларынан қуралған. Хан олардың хожалықларын салықтан азат етип, ат, кийим-кеншек ҳәм азғана муғдардағы аўқат пенен тәмийинлеген. Сарай әтирапындағы қараўыл



жайда жасап, көбинше жүўери гөже, гейде гөш пенен де тамақланатуғын еди. Сонлықтан да олар Атамурат хан нөкерлериниң турмысынан пүткиллей хабарсыз болды.

Жийделини мәканлаған Пөкки сардар бир күни Қоңыраттағы Турғанбай сәрдардың еки жүздей нөкерин бирден қонаққа шақырды. Олардың ҳүрметине бир нешше қой сойылды. Пөккиниң миймандослығын ҳәмме мақтап, Қоңыратқа атланар алдында және де таңқаларлық ҳәдийсе пайда болды.

— Еки жүз нөкер еки жүз қыз бенен қонақта болсын! — деп пәрман берди Пөкки.

Нөкерлер ҳәр үйге он адамнан бөлинген еди. Аўқатқа пәтия етилип, қол жуўылғаннан кейин, ҳәр үйге он қыздан айдалып келинди.

Мәўленберген он басының жигитлери негизинен Сәбик аўылынан болып, Жийделиниң берги басындағы Султанбай жуўазшының үйине түскен еди. Мәўленберген негизи палўан болып, бас байрақ алып жүргени ушын көпшилик нөкерлер оны сыйлайды. Өзи жүзбасы болыўы керек еди-дә, бирақ оның гедейлигин есапқа алып, онбасы етип тайынлады. Үйинде ғарры анасы менен қарындасы қалған. Хан салығын төлей алмағаны ушын да өзи нөкер болып жалланған еди. Ҳәр күни жүўери гөжеге мейили болмағаны ушын, ол бүгин ҳәммеден де көбирек Пөккиниң миймандослығына миннетдаршылық билдирди.

Ал қызлар мәселеси болса ол ушын оғада таң қаларлық ўақыя еди.

Есик ашылып, көйлеклери жыртылып алба-далба болған, көзлери қызарып, нурсызланып кеткен қызлар топары кирип келди. Биринши кирип келген қыздың шашлары уўдар-дуўдар болып кеткен. Оң жақ шекесине бир нәрсе менен қатты урған болыўы керек, көк-көңбек болып исип кетипти. Көйлегиниң көкиреги жыртылып, қыздың анары аппақ болып бүлкилдеп көринип, оның жалаң аяқлары қып-қызыл қан, пышақ менен жыртылған кийиминен аппақ сатанлары қалай болса солай көринип тур. Қызлар бул жерге ўақты хошлық ушын емес, бәлки айыплаў ушын алып келинген жапакешлерге усар еди. Олардың бир нешшеси есиктен

атлап өтти. Аўҳаллары бир-биринен жаман ҳәм аяныш-лы еди. Сөзди биринши қыз баслады.

Саў барсызлар ма, Қоңырат елиниң қатыппаз батырлары? Ел басына күн туўғанда саясы түспеген жаў шымшықлар! Ал, басқыншылар жаў болсын, сизлер-ше? Бизлердиң жүзимизди көриўге қумар болып қалдыңлар ма? Еситиўимше, дүньядағы ең реймсиз ҳайўан пышық. Олар өз олжасын ҳеш ўақыт бирден өлтирмейди. Өлтириў алдында оны масқара етип, ойнайды. Мениң пикиримше сизлер пышықтың ең ғарры түри. Жас пышықлар тышқанды тутып алып шала жансар болған ўағында ғарры пышықларға узатады. Сизлердиң аўҳалыңыз маған усы ўақыяны еслетеди.

—Өтинемен, тоқтат!—Көзи қанасынан шығып кеткен Мәўленберген ызаға буўлығып, егил-тегил жылап турған еди.

—Тоқтатылмайды!

Қызлар ортасынан бир қыз және алдыңға өтти. Оның көйлеги дерлик жоқ, жалаңаш. Бетлери, көкиреклери қанжар менен тилинген. Көзлери гүп болып исип кеткен. Ол Мәўленбергенниң жалғыз қарындасы еди. Қызды таныған Мәўленбергенниң көзи жер көрмей қалды.

—Уай, аллатаала! Және қандай көрсетпекши болған жәбирлериң бар еди!? Мен бул дүньяда жоқпан! Өзиме өлим тилеймен!

—Жигитлер! Бул ана топырақты басып жүриў бизлер ушын өлим! Қолға қурал алыңлар! Ел ушын өлетуғын ўақыт келди! — деп қылышын көтериўи менен сыртқа атылып шықты.

Атылған мылтық, сарт-сурт еткен қылышлар басқа үйлерде де басланып кеткен еди. Усылайынша ўақыт ярым ақшамнан аўған ўақытта Жийделиде Пөкки менен Турғанбай сәрдар жигитлери арасында қанлы саўаш басланып кетти.

Бул қырғын саўашта Турғанбайдың жигитлеринен қанша адам аман қалғаны белгисиз. Пөккиниң бес жүз нөкеринен ҳәммеси болып тек отыз еки адам ғана аман қалған еди.

Атамурат хан Пөкки нөкерлериниң қаны ушын елди талаў ҳәм басқыншылықты күшейтиўге және де пәрман



берип жиберди. Усылайынша журт тәғдири және ала-сапыран болып кетти.

Непес жүзбасының жигитлери Балғалы аўылына келгенде атларының жүўенлерин тартты. Буған жүзбасының өзи себепши болды.

—Жигитлер!—деди ол.—Биз өзи не қылып жүрмиз? Биз шәўкетли нөкер едик, соңынан шағалға айланып кеттик. Шағал күшли болғаны менен ҳийлекер ҳайўан. Көбинше қораға шабады. Таяр асты жейди. Бизлер шағалдан бетер болдық. Қойдай жуўас бул бийшара халықтың не жазығы бар? Неге оларды гүнасыз өлтиремиз? Мал-мүлкин тартып аламыз? Бала-шағаларына азап беремиз? Егер бундай аўҳал бир күни бизлердиң басымызға түссе-ше? Ҳәммемиздиң де перзентлеримиз бар. Бул — ҳүждансызлық. Соның ушын да Гөне Үргенишке қайтыўды мәсләҳәт беремен.

Бул ўақыядан кейин Непес нөкерлери изге қайтты. Бирақ буннан хабар тапқан Атамурат хан олардың изинен Берди инглиздиң адамларын жиберип, Мамый даласында бирин қалдырмай қырып таслады.

## 5

Аўылға намазлыгер ўақтында жетип келген Әжинияз бенен Сейтжан өз көзлерине өзи исенбей қалды. Кеше ғана пүткил тәбиятқа көрик берип турған бул гөззал аўыл бүгин қарабаханаға айланған еди. Жайлардың көбиси өртенген, еле ҳәўири басылмастан пысқып жатыр. Жанлы мақлуқаттың изи сезилмейди. Оқ тийип жарадар болған әллеқандай бир ийт өлими алдынан ашшы үн шығарып улыйды. Егинлер ат туяғында езилип, ойран болған. Басқыншылар оларға ат қойып жиберген болса керек, атлар жегенин жеп, жемегенин езгилеп таслапты. Олар бул жерден жақын арада шыққан болыўлары итимал. Қоңыратқа кететуғын жолда, көйлеклери жыртылып, беденлери тилинген еки жас қыздың өлиги жатыр еди. Оннан бес-алты қәдем арыда қолына белдиң дәстесин беккем қысып алған Сулайман уста, көзин бақырайтып ашыўы менен өлип қалған. Оннан арրағырақта және бес-алты жас жигит пенен бир кемпирдиң өлиги табылды. Қыйсық торańғылдың астында жақында ғана тойы болып өткен Қәриймә менен

Сәрсенбайдың өлиги жатыр. Шамасы, өз сүйиклисинен айрылғысы келмеген жигит қарсылық көрсеткен. Басқыншылар оны атып таслапты. Бул мүсийбетти өз көзи менен көрген қыз көксине қазан пышақ урыпты. Пышақ әззилик етип, оны бирден өлтире алмаған усайды. Көринисинен жүдә қыйналып өлгенлиги сезилип тур?— Салысы суўға кетип, олар аўыл арасында узақ турып қалды.

— Бул қайғылы ўақыяны көз бенен көргеннен кейин, мениң ушын бул дүньяда жасаўдың ҳеш қызығы қалмады,—деди Сейтжан.

—Сен ҳақсаң, достым. Бирақ өмир—бул гүрес. Соның ушын тек бийкар ғана өлместен, гүресип өлмек дәркар.

— Гүрес! Қолымда қылыш яки мылтық болғанда еди. Мына нәлетий кеспелтек пенен қалай гүресип боламыз. Қолымызда қурал болмағаннан кейин, бизиң бул дүньяда қойдан қандай айырмашылығымыз бар?

—Дүньяны биреў бузады, биреў дүзейди. Ал, бизлер бузыўшы емес, дүзеўшилер болмағымыз керек.

—Сонда не қыл дейсең?

—Ҳәмме өлип кете бергенде, бул басқыншылардың гүўасы ким болып қалады?

— Гүнасыз адамларды ийттей сойып атырғанда бул бийшара гүўаның не кереги бар?

—Керек достым, керек.

—Ҳәзир болмаған менен соңынан мүмкин бир әдалатлы заман болар. Әллеким бул қайғылы өмир менен қызығар. Сен палўансаң, батырсаң. Босқа өлгеннен гөре, қолыңа қурал алсаң он, жигирма душпанды жоқ қылыўың мүмкин. Мен шайырман. Соның ушын да бул қайғылы өмирди халық жүрегине хат етип жазып таслаўым керек.

Екеўи де аттан түсип қыйсық тораңғыл астында отырып қалды.

—Бийшара Ҳүрзада, Бийбижамал, ғәрип анам ҳәм иним Абдулла тәғдири не болды екен?

—Мен де Гүлбийкениң тәғдирин ойлап отырман.

—Қандай қайғылы күнлерге қалдық достым. Ойлап қарасам, дүньяда адамнан шыдамлы нәрсе жоқ екен. Бундай қайғыға тас та шыдам бере алмайды.



—Дурыс айтасаң, Әжинияз.

—Билесең бе, Сейтжан, қолына белдиң дәстесин услап қайтыс болған Сулайман уста Әбдирахман Саадийдиң бир бәйитин ядыма салды.

—Ол қандай бәйит?

—Илажсыз дус келсең гелле кесерге,
Сөзсиз қолды узатарсаң семсерге.
Өлимниң зардабы жеткенде етке,
Ҳәтте ҳәлсиз пышық тасланар ийтке.

—Туўры айтылған сөз.

—Қызы басқыншылар қолында шырлап баратырғанда ҳәрқандай ата да солай ислер еди.

—Жүдә рейимсиз екен-аў, бул жаў!

—Оның басшысы Атамурат хан рейимсиз. Ҳеш ўақытта халық жаман болмайды. Жаман басшы халықты жаман әдетлерге тәрбиялай баслайды. Мен көп түркмен жигитлери менен Хийўада бирге оқыдым. Олар сондай мәрт, ҳүжданлы адамлар еди.

—Билесең бе, бул халық дүньядағы ең данышпан шайыр Мақтымқулыны тәрбиялап шығарды. Түркменлер де бир жақсы әдет бар. Егер бир нәрседен жәбирленип, олардан жәрдем сорап барсаң душпанына алдырмайды. Соның ушын да бирин-бири сүйип қалған қарақалпақ жигит-қызлары Түркмен кәтқудаларының жәрдеми менен бахытқа ерискен.

—Енди не қыламыз, күн батып баратыр ғой, Әжинияз?

—Еки бел таўып, иләт қазып, мына гүнасыз бийшараларды жерлейик.

Олар екеўи аўыр жатарға шекем иләт қазып, мархумлардың ҳәммесин жерледи. Соңынан бул жерде түнеп қалғысы келмей, таң алдында жәнe жолға рәўана болды. Булар екеўи қайсы аўылға барса да тап усындай қайғылы ўақыялардың үстинен шыға берди. Олар усылайынша жол жүрип, өлимге бас байлап, бийдәрек кеткен аўылының изин қуўып, ертеңине намазлыгер ўақтында Жийделидеги қанлы қырғынның үстинен шыққан еди. Аўыл иши мыңнан аслам нөкер өликлери менен қан сасып, аспан ғарға менен қузғынларға толып кеткен. Қоңыраттан жетип келген әскер еле өликлерди

9—56

көмип болмаған, пүткил әтирапты жағымсыз ийис қаплап кеткен.

Булар аўылға туўры кирип бара алмастан тоғай шетинде тоқтады.

—Көрдиң бе, достым? — деди Әжинияз. Бул жерде халық емес нөкерлер қырылыпты. Демек дүньяда ҳақыйқатлық деген бар екен. Шамамда пүткил халық бас көтерген болыўы керек. Бул бизиң аўылдың адамлары емес, әлбетте. Олар бул жерден емес, жасырын тоғай арқалы кеткен болыўы итимал. Қалай болмасын табыўымыз керек.

—Қаяққа кеткен екен? Мүмкин «Шортанлы»ға яки Шарлаўық жаққа кеткен шығар.

—Кеттик. Көп турып қалыўға болмайды.

Сәске ўақтында Қоңыраттың шығыс дәрўазасы ашылып, бес-алты атлы келип кирди. Атлардың ертурманлары алтын, гүмис пенен безетилип, жипек жопалар жабылған, булар Ҳәким бий, Асқар бий, Қутымбий, Жанназар аталық, Ҳәбийбулла беглер беги, Қасым султан сыяқлы Қоңырат ханлығының белгили кәтқудалары еди.

Қоңырат көшелери бурынғыдай гәўжим емес, адамлар аз. Кәрўан сарайлар пүткиллей босап қалған. Арғы ушы менен берги ушына зордан көзиң жететуғын базарда қатық сатып отырған бес-алты ҳаялдан басқа ҳеш ким көринбейди. Көшеден анда-санда өткен жеккесийрек пәренже жамылған ҳаялларды есапқа алмағанда, пүткиллей жым-жырт еди. Бийлер Ханжаптың көпирине келгеннен кейин, сарай дәрўазасына қарай бурылғанда алдыларынан бес-алты жигит шығып, шаққанлық пенен атларын жылаўлады. Олар аттан түсип сарайға қарай пыядалап кетти. Сарай да бурынғыдай емес. Уллы бөлмеде үш-төрт улама ғана көзлерин жумған ҳалында тәспи санап отырған еди. Олар сарай ўақыяларынан пүткиллей бийхабар сыяқлы, келген адамлар менен сәлемлеспеди де, көзин ашып қарамады да, тап баяғы қәлпинде отыра бергени ушын, бийлер иркилместен жоқары қарай өтип кетти.

Жоқарыға барғаннан кейин бийлер жасаўыл рухсаты менен ғана ишке кирди. Хан тахта емес, ал гилем үстиндеги шайы көрпешеде Қулман екеўи қарама-қарсы отыр еди. Бийлер ҳәммеси бирден:

— Ассалаўма әлейкум, ҳүрметли ҳәзиретим! Елдиң көрки, тахтың жаҳангери!—деп тәңир сәлемин берди.

Пәйнекке қашып отырған хан, бир шоршып түсти де, нурсыз көзлерин бир ашып, аўырласып кеткен қабағын және жаба қойды.

Ханнан сес шықпағаны ушын бийлер топарласып ортада турып қалған еди. Пана хан екинши мәртебе көзин ашқанында алдында турған бир топар адамды көрди де:

—Отырынлар, — деген билинер-билинбес сес шығарып, гилемге мирәт еткендей болды. Бийлер гилемге дизе бүкти.

Соңғы ўақытлары хан да, ўәзир де боза менен тирийекке берилип, өзлерин әдеўир жоғалтып алған. Соның ушын да Атамурат хан Пананы толығы менен дерлик өз қолына алған сыяқлы еди.

—Хош келипсиз, Ҳәким бий!—деди хан тап оны масқаралағандай, көзин тарса жумып алып.

—Өмириңиз узақ болсын, хан ийем! Биз халық атынан сизге бир өтиниш пенен келген едик. Егер бир қасық қанымыздан кешсеңиз сол өтинишимизди айтсақ?...

—Ең дәслеп соны ойлап қойың. Халық сизики емес, хандики. Демек, бий де хандики болмағы лазым.

—Дурыс айтасыз хан ийем, биз пухараларыңызды өз қанатыңыз астында сақлағайсыз!

—Қандай өтинишиңиз бар?

Атамурат ханның ләшкерлери елди пүткиллей постырып жиберди, хан ийем. Мал-мүликлерин тартып алды. Панасыз қалған халық, тоғай ҳәм көл әтирапына қарай қашпақта. Ләшкерлер енди бизлерди де талаўға қарады. Күнимиз қәреп болды. Бизге жәрдем бериң, хан ийем!

—Ҳеҳ! — деди хан жағымсыз күлген болып. — Атамураттың ләшкери, бул мениң ләшкерим. Хан ләшкери азық-аўқатты халықтан алмаса қаяқтан алады?

—Ол айтқаныңыз дурыс та тақсыр, бирақ ҳәддинен асып кетти-дә...

—Сиз ҳәддиңизден асып баратырған, Ҳәким бий. Халықтың тәғдири ҳаққында ойлаў, еле сизге ерте.

Ол көзин ашып, және маңлайын тырыстырды.

—Мәтмурат жүзбасы қайда?
—Ләббай тақсыр!
—Ҳәким бий ақылынан азып қалыпты. Оған қырқ дүрре инам қылың. Ақылы өз жайына келсин!
—Қуллық тақсыр!
—Ҳәзиретим, мениң қандай гүнам бар?
—Гүнаңыз көп, Ҳәким бий.
—Тақсыр!
—Алып шығың!
Таяқтың зарпынан еси аўып қалған Ҳәким бийди кешке жақын Асқар бий менен Қутым бий атқа өңгерип алып, дәрўазадан шығып кетти.

## 6

Байрам Гөне Үргеништен аррағырақтағы Лепес қум деген жерде туўылған еди. Бул жердиң әтирапының бәрри — қум. Бирақ бес танаптай келетуғын жер ғана ортада ойылып жатады. Бәҳәр болса ҳәр түрли өсимликлер өсип желкилдеп кетеди де, жаз ортасына барып бәлер қуўрап қалады. Себеби, бул жерде суў жоқ. Байрамның әкеси Дурдының қазған қудығы бир үйли жан ҳәм оның мал-ҳалын суўғарыўдан аўыспайды. Тақырға тигилген жалғыз отаў, бул үйдиң қысына да, жазына да төтепки бере береди.

Үйден онша узақ болмаған жерден малларға арнап қора дүзетилген. Онда елиўге жақын қой-жанлық пенен еки түйе, төрт ат ҳәм онлаған сыйыр бағылады. Маллардың падашысы да, ийеси де Суңқар атлы көриниси арысланға тәқабил ийт. Азанда маллар қорадан шығарылып жибериледи де, қумды етеклеп барып отлайды. Қумда шөп өспегени ушын маллар оның үстине де шықпайды. Гейде ешкилер дикилдеп, қум басына шығатуғын ўақытлары да болады. Бундай жағдайда олар Суңқардың қәҳәрине ушырап, тезирек қайтып түседи.

Байрам еси енгеннен кейин қумның басына шығып, ояқ-буяқты көрди. Бирақ, узыннан шубай созылып кеткен толқын тәрзли еспе қумнан басқа ҳеш нәрсе көзине түспеди. Қум арасында қалған жалғыз үй тап дүньядағы барлық тиришиликтиң көзи сыяқлы болып сезиледи. Ол есин билгели ең жақсы көретуғын адамы —анасы Қурбангүл. Дигирман тартады, нан жаўады, мал суўғарады, әйтеўир азаннан кешке шекем тынбайды. Ал, әкеси болса ат минип, мылтық асынып, шығып кеткеннен бир ҳәптеде бир айланады. Жақында қасына онлаған адам ертип келип, мал сойып бир ақшам күтти. Сонда Байрам бул жарық дүньяда өзлеринен басқа да адамлардың бар екенлигин билип ҳайран қалған. Ол адамлар қаяқта жасап атырған? Бул ҳаққында оның ҳеш қандай түсиниги жоқ.

Бир күнлери әкеси жүдә көп мал айдап келди. Бул маллар қаяқтан алып келингенине Байрам түсине алмады. Бирақ әкеси:

—Байрам, сен үлкен жигит болып қалдың. Мал да көбейип баратыр. Мен ҳәр күни бул жерде бола алмайман. Енди үйди өзиң бағасаң,—деп бир мылтық алып келип берген.

Байрам енди аўшылық пенен де шуғылланатуғын болды. Үйде анасы Қурбангүл менен еки кишкене қарындасы турады. Оларды таслап, узақ шығып кеткиси келмей, жақын жерлерден қоян аўлайтуғын еди.

Ал, бир сапары әкеси бир пада мал менен бирге бир жас қызды да алып келипти. Қыз жас жағынан Байрамнан үлкен емес еди. Сол күни әкеси жоқ жерден шатақ салып, Байрамның анасын сабап, бийшараның басын жарып таслады. Есинен тандырып, шашынан сүйреп далаға алып шықты.

— Сен енди мениң ҳаялым емессең! Талақ болдың. Кет үйден! Бул ўақыяны көрген Байрамның шыдамы кетти де, қораның бағанына илиўли турған мылтығын жулып алып, ишке атылып кирди. Қара үйде байғус қыз қояндай ҳәр тесикке қарай қашып жүр, оны услаў менен әўере болып, қара терге түскен әкесин көрген Байрам:

— Әке, мен саған разы емеспен. Сен рейимсиз жаўызсаң!—деди. Өз иси менен өзи машғул болып атырған Дурды, баласының сөзине қулақ асыў түўе қайырылып та қарамады.

—Сен әке емессең, ҳайўансаң!—деп мылтықтың қулағын қайырып тартып жиберген еди, ашшы мылтық даўысы арасында Дурдының:

—Уаҳ!—деген сести ғана еситилди.

Байрамның алдында қорыққанынан көзи қанасынан шығып кеткен әкеси өлип жатырған еди. Байрам не қы-

Ол ҳуўшынан кеткен екен, жерге қулап түсти. Усы ўақытта қыз есине енгендей болды. Жигиттиң қолларын ыссы суў менен жуўып, кийиз күйдирип басып, шүберeклер менен байлап таслады. Енди қыз Байрамнан қорыққанды қойды. Екеўи ең жақын дос сыпатында сырласа баслады.

—Атыңкимгөззал қыз?

—Жумагүл.

—Жумагүл енди маған бир арқан таўып бериўиң керек.

—Оны не қыласыз?

—Мени байлап таслайсыз.

—Неге?

Еки нөкер өлгеннен кейин, мениң булманда аман қалғаныма олар исенбейди.

Үйден үлкен кендир арқан табылып, жигит пенен қыз Байрамның аяқ-қолларын шырмап байлап таслады. Олар рахметлер айтып, күн батқаннан кейин үйден шығып кетти.

Бирақ олар нөкер қараўылларына дус болып, ярым ақшам мезгилинде тутып алып келинди.

Нөкерлер Байрамды жаздырып жерде жатырған еки өликти алып шығып кетти.

Қыз бул сапары бурынғыдай емес еди. Байрамның қушағына атылып өкирип жылап жиберди.

—Жаңабайды атып өлтирди,—деди қыз өксиўин баса алмастан. Сен ҳеш қандай басқыншы емессең. Булардың ҳеш биреўине де уқсамайсаң. Басқыншылық бар жерде ҳүждан да, муҳаббет та жоғалды. Бизлер Жаңабай екеўимиз бир-биреўимизди жақсы көрер едик. Мине, ақыбети солай болып қалды.

—Байрам айтшы, сен неге бундайсаң, булардың ҳеш биреўине де усамайсаң?

—Улыўма мен бундай исти жаман көремен. Мениң өзим де ҳайран қаламан. Неге адамлар бундай бир-бирине қасқыр болып кеткен екен?

—Енди мениң ушын бәри бир. Жаңабайдан айырылдым. Өмирдиң ҳеш қандай қызығы қалмады. Атып таслаўың да мүмкин.

—Неге ондай дейсең. Мен қанхор емеспен ғой ақыры.



—Дурыс, сен ҳақыйқый жигитсең. Бирақ саған усағанлар нөкерлер арасында дым аз-дә!

—Бул айтқаның орынлы.

—Байрам айтшы, сен неге бизлерди қутқармақшы болдың?

— Улыўма мен еле нөкер дегенниң мәнисине түсинбей атырман. Егер нөкердиң иси усындай болса пәдарына мың нәлет. Қылыш пенен мылтықларды асынып алып, тыныш отырған елди ойран қыламыз. Бала-шағаларын тартып аламыз. Неге олай? Өмир саўдасын масқараға айландырып атырған усы қатыппаразлардың кеминде ҳәр қайсысының үйинде еки-үш қатыны бар. Усы ақмақлардың ҳәр бирине бир қарап көр. Атамурат ханның жүзине ҳаял-қыздың тырнағы түспеген нөкери бар ма екен? Соның ушын да бул ҳайўанлықтан басқа ҳеш нәрсе емес. Туўры душпан бир-бирине рейимсиз болады. Ал, сизиң менен бизиң арамызда қандай душпанлық болыўы мүмкин. Үйиңизде еркин отырған сиз бийшаралардың қандай жазығыңыз бар. Егер яўмыт қарақалпақтан қыз алмақшы болса, мылтығын гөземей-ақ келсе болмас па еди?!

Қыз жуўырып келди де Байрамды қушақлады.

—Сен ҳақыйқый адамсаң.

—Жоқ, кеширерсең, мен еле ҳақыйқый адам емеспен.

—Мениң еки нөкерди өлтириўим, сизлердиң қашып кетиўиңизге жәрдем бериўим, бул адамгершиликтиң бир нышаны ғана деп билмеклик керек. Бул жақсылығым ушын сеннен ҳеш нәрсе талап етпеймен. Қоңыратта қорланған нашар тек сен емес, олардың саны нешше мыңнан асып кеткен. Мениң пикиримше олардың ҳәммеси жәрдемге мүтәж.

—Сонда бир өзиң олардың ҳәммесине қалай жәрдем бере аласаң?

—Сиз дүньяда ҳақыйқатлықты жақлаўшы яўмыт тек биреў деп ойлайсыз ба? Олар тек жүзбасылардың ҳайўанлық ислеринен ғана қорқады.

—Сонда не қылмақшысыз?

—Мен ҳақыйқат ушын гүресиўши адамларды әтирапыма топламақшыман.

Улыўма мен саған еткен жақсылығымды изине жет-

кизиүим керек. Өзиме исенимли бес-алты жигитим бар, қараңғы түскеннен кейин бирге қашамыз.

—Сиз өзиңизди жалғыз мен деп қәүип қәтерге салып атырсыз.

—Кеширерсиз, бул тек сизиң ушын емес, өзим ушын да ең туўры жол болыўы керек.

Мен бул жерге келгеннен бери, сизге усаған қыз-келиншеклердиң ғамлы көз жасларынан басқа ибрат аларлық ҳеш нәрсе көрмедим. Бул мени қанаатландырмайды, әлбетте. Егерде бул исти таслап аўылға қайтсам бәри бир өлтиреди. Тәғдир сондай екен, бул зулымлыққа қарсы гүресиўге туўра келеди. Болып өткен ўақыялардан кейин, сәркарда сени аман қоймайды. Демек, солай екен, сени де қутқарыўым керек.

Кеште қараңғы түскеннен кейин Байрам Жумагүлди аттың алдына алып сегиз жигит пенен қашып кетти.

## 7

Әжинияз бенен Сейтжан Шортанлыға түски мәҳәлде келип жетти. Бул жерде маллардың еркин жайылып, адамлардың көлде балық аўлап жүриўлерине қарағанда тынышлық ҳүким сүрген еди.

Еки жигит те бул жерди тек ақшам көргени ушын оншама итибар бермеген екен. Күндиз қарағанда адамға бул әтирап әжайып: дөгереги қалың тоғай, мөлдир суўлы «Шортан көл» жарқырап көринеди. Жағасы асыранды үйрек пенен ғазға толып кеткен. Көл ортасында дүркин-дүркин балықшы жигитлер қайықта жүзип жүр.

Сейтжан менен Әжинияз атты Жумабай ағаның үйине қарай бурды. Аттан түсер ўақтында екеўи де бир-бирине қарасып, ҳайран болып қалды. Үйден шыққан Бийбижамал менен Гүлбийке атларды жылаўлап турған еди.

—Хош келипсизлер!—деди еки келиншек те буларға иззет пенен.

Усының арасынша Ҳүрзада үйден жүўырып шықты. Қыздың асығыслы:

—Апам қаяқта? Абдулла қаяқта, әжаға? — деген сөзлеринен-ақ Әжинияздың шадлығы әлле бир жақларға жоғалып кеткендей, турған орнында сәррийип қатып қалған еди.

Әлбетте, Әжинияз қарындасының бул сораўына жуўап таба алмады. Өзлерин қуўаныш бийлеген келиншеклер де бийкешиниң бир аўыз сөзи арқалы қәйин енеси ҳәм қәйнисиниң дерексиз кеткенин сезип, ат жылаўын услаўы менен көзлери жаўтаңлап, бирден тоқтап қалған еди. Үйден кемпир-ғаррының шыққанын көрген Әжинияз бенен Сейтжан соларға қарай жүрди. Ҳал аўҳал сорасып, ишке кирди. Жигитлерде де, келиншеклерде де қуўаныш изин сезе алмаған Жумабай ғарры ақыры сораўға мәжбүр болды.

—Не болды Әжинияз, қапарақ көринесиз?

—Сейтжан екеўмиз Хожели бетте бир лазымға кеткен едик. Қайтып келсек аўылдан нәм-нышан жоқ. Шамамда баспашылар ҳүжим қылған болса керек. Ақыры ойланып, усы жаққа келиўге қарар еттик. Бул жерде Бийбижамал, Гүлбийке ҳәм Ҳүрзадаларды көрип қуўанып кеткен едик. Олар бизлерден анам менен Абдулланың қаяқта екенин сорайды...

—Баспашылар келген ўақытта бизлер «аппақ» пенен Гүлбийкениң үйинде едик.

Гүлбийке бизлерди жүўериниң арасы менен жасырып алып шықты. Ал, енем менен кишкенеге қайтып баралмадық. Қорыққанымыздан туўры усы Шортанлыға қарай қаша бердик.

—Булар негизинде дурыс жолды таңлаған, — деди Жумабай ғарры. — Баспашыларды ҳәзир көбирек дүнья мал менен ҳаял-қызлар қызықтырады.

—Дурыс, бирақ анам менен иним қаяққа кетти екен?

—Баспашылардың ҳәммени айдап кетпегени анық. Бәлки олар да бир жерлерде бас панала жүрген шығар.

—Қаяқта?

—Мәселен, Шарлаўық жаққа кеткен болыўы мүмкин. Себеби, ол жаққа еле баспашының изи түскен емес.

—Шарлаўыққа? Демек, Шарлаўыққа кетиўимиз керек, Сейтжан.

—Шай-пай ишип демлериңизди алың балларым,

ертең Шарлаўыққа пүткил аўыл көшпекши болып отыр. Ҳәмме бирге кетемиз.

—Неге?

Баспашылар бул жерге де жақынлап қалды, балаларым. Кеше Гүлмурат хожаның аўылын талапты. Гүлмурат хожа не? Шортанлы не? Арасы ат шаптырым жер.

— Онда сизлерге де қыйын болған екен-аў.

—Несин сорайсаң балам. Көп жыл қоныс басып, үйренисип қалып едик. Аш болсаң ғаўзаң-ғаўзаң ететуғын көлимиз де бар еди. Елге апат келгеннен кейин илаж қанша? Соңғы күнлери, баспашыдан қашқан адамлар келе берип, аўыл да әдеўир толықты. Бирақ, ақыбети усындай болып отыр.

Бул кеўилсиз ўақыялардан кейин Әжинияз бенен Сейитжан усы жерде дем алып, Шарлаўыққа ертең кетиўге келисти.

Бирақ та намазлыгер ўақытында: «Халайық қурып қалдық! Жаў келип қалды!» деген ашшы даўыстан аўыл арасы астан-кестен болып, кими қызын, кими баласын жетеклеп өзлерин тоғайға ура баслады. Биреўлер қызларына жаман кийимлер кийдирип атырса, биреўлер малларын жасырыў менен әўере болып атыр. Жигитлердиң биреўлери қолына пилте мылтық алған болса, биреўлери таяқ пенен қуралланған. Аўыл жигитлери: «Турдымурат төбеден тоқсаўыл қурамыз», деп талапланып аўылдан шығып кетти. Лекин арадан бираз ўақыт өтсе де еле жаўдың алды көринбеди.

Жаўды көрип қайтқан Султамураттың баласы Сәрсенбай «жыңғыллыда» балықты дузға алмастырып жүргенде әдеўир муғдардағы нөкердиң «Шортанлы» жолына түскенин көрипти. Буннан кейин балығын да, дузын да ылақтырып таслап атты шаба берипти. Аты еле ақ көбик болып тур.

— Сирә сениң көзиңе басқа бир нәрселер нөкер болып көринген шығар? — дейди Қыдырбай мерген оған исенбей.

—Олла! Өз көзим менен көрдим, — дейди оған бала шыжа-пыжасы шығып.

Нөкерлер ақыры көринди. Бирақ, ҳәммеси болып онлаған атлыдан артық емес еди.

—Бул қалай? — деди Қыдырбай мерген. — Алдында бир жалаңбас қыз киятыр ма қалай-қалай? Дәўлет, сениң көзиң өткирлеў ғой, қарап көрши иним.

Расында да алдындағы жийрен атта киятырған жалаңбас қыз енди ҳәммеге анық көрине баслады.

—Ҳаў, бул Қәдиримбеттиң қызы Жумагүлге усайма? — деди екинши биреў.

—Найманды жаў қамалап атырғанда бул бийшараның Жаңабай менен тойы болып атыр еди.

—Екеўин де баспашы атып таслапты деп еситип едик ғой.

—Рас, бул сол Жумагүлдиң өзи.

—Баспашыларға сатылыпты-дә.

—Нашар болғаннан соң ушқалақлық еткен ғой.

—Және пүткил аўылды қәреп етейин депти-аў бул саллақы.

—Мениң пикиримше, бул қыз ондай болмаўы керек.

—Енди қандай болады?

—Қойсаңа жора, душпанның алдына түсип киятырған қызды мақтама. Дым әжийнем тырысып кетеди.

—Қарақалпақтың қызының алды да, соңы да Гүлайым болды. Белине қылыш байлап, ел қорғады. Басқасын қоя бер, тамағын жылап ишетуғын қыйлы.

—Ал мына биреўи болса баспашыға жол көрсетип киятыр.

—Асықпа, «әлиптиң соңын бақ» деген.

—Соңы кеш болады.

—Нөкерлер неге аз?

—Булар еле барлаўшылары шығар. Изинде қаншасы бар екенлигин, ким билсин?!

Усының арасында нөкерлер жақынлап қалды да, Қыдырбай «булар доспекен, душпанбекен, билейикши» — деди де аспанға қарай бир оқ атты. Нөкерлер тоқтады. Таң қаларлық жери сол, олар мылтықларын атыўға қолайласпады. Қылышларын да қынабынан суўырмады. Атларының дизгинин тартыў менен кекшийип турып қалды.

Аўыл жигитлери ала ғаўырлы болып:

—Әне айтпадым ба, буларда бир сыр бар...

—Сыры сол, булар душпан емес.

—Баспашыны, дос болады дегенди қойса сен!

—Неге? Олардың бәри баспашы емес ғой?

—Ўәй, қойшы. Данышпан адамлар мылтықты ылақ-





тырып егин егип жүр. Усы нөкерлердиң ишинде ондай адам жоқ әйтеўир. Булар душпан менен де урыса алмайды. Тек өлимтик излеген ғарғадай қораға шаўа беретуғын қыйлы.

Усы ўақытта жийрен атлы қыз нөкерлерден бөлекленип жалғыз өзи келе баслады. Оның Қәдиримбеттиң қызы Жумагүл екенин енди ҳәмме таныды.

—Ҳүрметли ел ақсақаллары! — деди ол тоқсаўыл қурған аламанға жақынлап. — Сизлерге мына түркмен жигитлери жәрдем бермекши.

—Баспашының жәрдемине мүтәж емеспиз! Әўеле қорланған қарақалпақ қызларының қунын төлесин!

—Қан ушын, қан аламыз!

—Мениң сөзиме инаның, ағалар! Олар шынында да баспашы емес.

—Сениң кеўлиңнен шығыпты-дә қарындас. Қалай, баспашылар айрықша боламекен?

—Қысқарт!—деди орнынан турып кеткен Сапар зергер жигитлерге бақырып.—Душпан сеннен қорқып бас ийип келип турған жоқ. Сеннен күшли болса да дослық лебиз билдиргени — адамгершиликли болғаны. Жас жигитлер, алдына шығып атларын жетеклеп, аўылға алып барың!

Сапар зергер бул аўылдың ең итибарлы адамы болғаны ушын ҳеш ким оған қарсы шықпады. Жигитлер орынларынан турып, қонақларды аттан түсирип, аўылға алып келди.

Сапар зергер қонақларға мал сойып, таң атқанша күтти. Бул зыяпатқа Әжинияз бенен Сейтжан да шақырылып, Әжинияз Мақтымқулының қосықларын оқып берген еди. Бир-бирине унап қалған Әжинияз бенен Байрам усы күннен баслап-ақ, қыяметлик дос болыўға қол беристи.

## 8

Таң сәҳәрде «Шортанлы» аўылы мылтықтың ашшы даўыслары менен оянды.

Англичан мылтықлары менен қуралланған нөкерлер ел ишинен онша соққы көрмей тегин олжа ала бергеннен кейин аўылды бассынып, туўры кирип келе берету-

ғын еди. Әлбетте, малыңды, жаныңды тартып алып атырған жаўға қол қаўсырып тура алмайсаң.
Бирақ та оққа төтепки бере алмай, бес-алты адамды сулатып салғаннан кейин, халық серпилип пүткиллей жуўасып қалады да, нөкерлер қолынан келген жаўызлығын ислей береди.
Бүгин олай болмады. Байрамның жигитлери жақын жерден тоқсаўыл жасап, бес-алты нөкерди аттан қулатқаннан кейин-ақ баспашылар кейинге қарай қашты.
—Сапар аға!—деди ентиккен Байрам.—Жаў қашты деп исениўге болмайды. Олар және қайтып оралыўы мүмкин. Мына өлген нөкерлердиң қуралларын алып, исенимли жигитлерге бөлистирип бериң. Әсиресе Қыдырбай мергенниң бесатар менен қуралланғаны мақул. Ал, сиз болсаңыз халықты баслап Шарлаўыққа қарай ҳәрекет етиўиңизге туўра келеди.
—Мақул, — деди Сапар аға.
Күн жаңа ғана шығып киятырған ўақытта атлы, ешекли, түйели, арбалы, пыяда, әйтеўир ким қолына не илинсе соны арқалап, пүткил Шортанлының халқы посып, жолға раўана болды.
Байрамның жигитлери менен аўылдан жыйналған жигирмалаған адам тоғай ернегинде тоқсаўыл қурып қала берди. Оларда енди жигирмалаған англичан бесатары менен онлаған пилте мылтық бар еди.
Кеше ғана усы аўылға мийман болып келген Әжинияз бенен Сейтжан көшкен халық пенен бирге киятыр.
Шортанлыдан шыққан жердеги қалың тоғай бир мезгил жол жүргеннен кейин тақыр даланлық пенен аўмасты. Бул жерде сийрек өскен жыңғыл менен шеңгеллер ғана меңиреў даланың сырын шертип турғандай мүлгийди. Жер тарса жарылып, қатыўашланып, тозаңланып көпшип кеткеннен-ақ жақын жерде суў жоқлығы сезилип тур. Ҳәр путаның астынан жылт етип қашқан қоян, түклери таўланған түлки, шөлден ҳалықлап қалған гүмгүм менен кесиртке бул әтирапттың жергиликли жәниўарлары. Бул жерлердиң жыңғылы да, шеңгели де көкшил емес ақшыл. Соған қарағанда суў әдеўир теренде болыўы итимал. Тек анда-санда ушырасатуғын геўреклер ғана саҳра үстинде көк-көңбек болып пәлек жайып, әлўан түрге енген гүллери қулпырып, адамды ериксиз өзине қаратады. Жәниўардың түйнеклери де писип қалыпты. Көриниси жийде жапырақтың нәўшесине усаған болса да, өзи ширттай болып тарса жарылатуғынын қәйтерсең. Иши қып-қызыл лалаптай. Адамлар дүньядағы ең қан қызыл мийўе—анар деп есаплайды. Бирақ, геўрек алдында әнар өзиниң түси жағынан бәсекилесиўге әззилик етеди. Ел-журт жоқ жерде сондай тамаша өсимликтиң өсетуғынына ҳайран қаласаң.
Әжинияз ат үстинде усындай ойға берилип киятыр. Бийбижамалды миңгестирип алған. Ҳүрзада Жумабай ағаның арбасында киятыр.
Қарақалпақта жер көп. Егер жап қазылса бар ма, бул жерлерден қаншама өним алыўға болар еди. Жылқышының ат туяғынан басқа ҳеш кимниң табаны тийип көрмеген. Жол рәмәўзи бир қыйлы болғаны ушын қанша жүргенинди де билмейсең. Ҳәмме жақ көз жетпейтуғын дала. Гейде жыңғыл, гейде ақбас-жантақлар. Ал, айырым жерлерде гия өспеген мийдей тақырлыққа дус келесең. Шексиз даланың шетинде, көз ушында бир думандай ғана сағым көринеди, көк-көңбек. Сол Шарлаўық болыўы итимал.
Адамлар бир-биринен суў сорап ишип, нан сорап жеп, әйтеўир жолды өндирип киятыр. Көштиң изинде киятырған маллар шөлледи ме, аш болды ма, маңырап-мөңиреп, әйтеўир мазаны ала баслады.
Шубырып киятырған көш, жүриўди босастырмай намазлыгер ўақтында Шарлаўықтың тоғайына жетти.
Бул жерде Қудайберген баслаған жүз жигит тоғайға тоқсаўыл қурып жатырған еди. Киятырғанлардың нөкер емес, көш екенлигин билип, олар да жолға шықты, Бийбижамал:
—Әжаға! — деп бақырыўы менен өзин жерге таслады.
Тосаттан жоғалтқан қарындасын көрген Қудайберген өз көзине исенбей албырап қалған еди. Бийбижамал да, Әжинияз да Қудайберген менен қушақласып көристи.
Пүткил «Шортанлы» аўылы Шарлаўықтың қонағы болған еди. Әжинияз бенен Сейтжанлар Қудайбергенниң үйине түсти. Өтебийке кемпирдиң қуўанышында шек жоқ еди. Еки жыллықта жоғалып кеткен қызының бүгин табылғанына ҳеш қандай исенгиси келмеген сыяқлы. Қудайберген Әжиниязларды бир мал сойып күтти. Басынан өткен ўақыялардың ҳәммесин айтып бер-

ди. Бийбижамал да, Әжинияз да өз басына түскен ўақыяларды баян ете баслады.

— Бул жер де бизлерге мәкан бола алмайын деп тур,—деди Қудайберген.

— Неге?

— Душпан жақынлап қалды. Бул жер қәўипли. Алды бетимиз тоғай, арқамыз дәрья. Душпан бизди тез қолға түсиреди.

— Сонда не қылмақшысыз?

— Бозатаўға көшиўимиз керек.

— Бозатаў... Ол қайда?

— Ақ дәрья менен Әмиўдәрьяның арасы. Арғы жағы—Арал теңизи. Төрт тәрепи суў менен қоршалған. Сизиң Хийўада бирге оқыған достыңыз бар еди ғой?...

— Ким? Молла Пирим бе?

— Аўа. Сол жас үлкен ҳәзир ол жерден қорған салған. Ендиги исенимимиз—тек сол Бозатаў. Басқа жан сақлағандай жер қалмады.

— Молла Пирим жаман адам емес, оған исениўге болады.

— Бирақ тәжирийбеси аз. Әсиресе әскер топлаў исин жақсы қолға алалмай атыр. Солай болса да Муштақ батыр ҳәм Жәмекей батырлар менен келисип қойыппан. Ақ дәрьядан душпанға тоқсаўыл қурамыз.

— Бул пикириңиз орынлы.

— Әжинияз аға, бирақ сиз тезден Бозатаўға жетип бармасаңыз болмайды. Молла Пиримге жәрдем көрсетиўиңиз керек. Ол жерде Жумағул, Сейит пенен Жазлықбай батыр бар.

— Өзим де соны ойлап отырман,—деди Әжинияз.

Ертеңине Шарлаўыққа Байрам жигирмалаған жигит пенен жетип келди. Әжиниязлар кеткеннен кейин әдеўир саўаш болып, онлаған жигитинен айрылыпты. Қаза болғанлардың екеўи келген түркмен жигитлери екен. Тоғайдың ишине тоқсаўыл қурғаны тәўир болыпты. Отыздай баспашыны оққа ушырып, сол мурдарда қарыў-жарақ қолға түсирипти.

Бул ўақыялардан кейин «Шортанлы» менен «Шарлаўық» тың халқы биригип, Бозатаўға қарай көшиўге уйғарды.



## 9

1859-жылы жаз айында Қоңырат ханлығының сарайында тынышлық ҳүким сүрмекте еди. Бул жерге елдиң барлық кәтқудалары жыйналған болып, ҳеш биреўи «шурқ» етип сөйлемес, төрде жолбарыс териси үстинде жамбаслап жатырған Муҳаммед Пана бир нәрседен қәўипсингендей бир аўнап түсти.

— Қабыл беглер беги келди ме?

— Ҳүзириңиздемен тақсыр.

— Арзы аталық-ше?

— Усы жердемен тақсыр.

Пана хан булардың ҳәммесин жақында ғана шақыртып алған болса да, қарсы алдында саққа жүгинип отырған адамларды тап жортаға көрмей атырғандай түр билдирди. Болмаса бул жерде булардан тысқары Сержан найып, Маҳмуд аталық, Төремурат ҳәм Абулғазы бийлер бар еди. Хан еки көзин тарса жумып алып, жамбаслап жатырғанлықтан, уйықлап отыр ма, я бир нәрсени узақ ойланып атыр ма, ол жағы белгисизлеў болып, ҳәмме оның ойын бөлиўден қорқып, силтидей тынып отыр.

— Әзийзлерим, мениң сизлерди бул жерге шақыртыўымдағы мақсетим сол, «Сиз болайық, биз болайық, ҳәммемиз бир болайық» деген пикир еди. Елде алаўызлық көбейип кетти, Қабыл беглер беги. Бийлердиң көпшилиги қырсық шығып қалды. «Бөлингенди бөри жер» деген гәп бар. Елдиң көбиси бөлинип сыртқа шығып атыр. Әзберген бий болса табынларды изине ертип, Таллық дәрьясының арғы жағына өтип кетти. Молла Пирим болса қыятларды изине ертип, «Қыйсық Порхан» ға көшипти. Ел болмаса ханлықтың не кереги бар, шырағым? Гөне Үргеништен сонша әскер шақыртты. Ол қай жерде қыслайды, қай жерде жазлайды, белгисиз? Соның ушын да Арзы аталыққа бизден пәрман сол болсын. Қанлы көлден «Жаңа қала» қорғанын салсын.

— Қуллық тақсыр!— деп Арзы аталық орнынан ушып турды да ханға ийилди.

Пана хан бундай тәтәрриклти аталықтан күтпеген болыўы керек, көзин бир ашып шоршып түсти. Соңынан ҳеш нәрсе болмаған сыяқлы көзин ашып-жумып, сөзин даўам ете берди.

— Усындай қорған салыў ушын Өтепбергенге де тапсырдық. Бизге тоғай паналайтуғын қашақлардың кереги жоқ. Заман дүзеле берсин, еле олардың ҳәр бирин есигиңизге қул, ҳаялларын шоры етип алып келип беремен.

Усы ўақытта есиктен Шәнияз беглер беги кирип келди де:

— Тақсыр, Ғәний мәҳрем кириўге рухсат сорайды, —деди.

— Кирсин.

Ғәний мәҳрем кирип келип:

— Шәўкетиңиз уллы болғай, ҳәзиретим!—деп ханға тәңир сәлем берди.

— Ғәний мәҳрем, қандай жаңалықларың бар?—Хан азмаз жазылысыңқыраған түр билдирди.

— Дәўлетиңиздиң саясында жүрмиз, хан ийем.

— Бозатаўды сорап турғанымды пәмлеген шығарсаң?

— Бозатаў...—Ғәний мәҳрем әтирапындағы адамлардан гүманланғандай, жән-жағына жалтақ-жалтақ қарай берди.

— Булардың ҳәммеси де ханға қол берген адамлар. Хан алдында нәмәҳрем адамлар болмайды. Кеўлиңдегини айта бер, Ғәний мәҳрем.

— Молла Пирим елдиң дизгинин өз қолына алды, хан ийем. Шарлаўықтан өткеннен кейин, Әмиўдәрья екиге бөлинип ағады. Берги жағы Ақдәрья, арғы жағы Әмиўдәрья екеўи де теңизге барып қуяды. Ортада бир елди өз ишине сыйғызғандай үлкен атаў бар. Молла Пирим бул жерди Бозатаў деп атап, үлкен қорған салып атыр. Ҳәзир пүткил ел Пиримниң хызметинде. Қорғанның сыртына тереӊ-тереӊ қәндеклер қазылған. Әдеўир жерине пақса салып та питирди.

— Химм! — деп хан және бир аўнап түсти.

— Басшылары кимлер?

— Молла Пирим, Жумағул Сейит, Әжинияз шайыр, Муштақ батыр...

— Әжинияз! ... Әжинияз болғанда анаў сақыў ма?

— Аўа.

— Мен сарайға мырзабасы етип тайынламақшы болғанымда көнген жоқ еди. Онық да маған деген дығы бар екен-аў...

— Ол жердеги халық қанша?



— Бир ярым мың хожалықтан көбирек шығар.

— Ҳәммеси де қыятлар ма?

— Көпшилиги қыятлар.

— Сеннен гүманланбады ма?

— Ҳәзиринше гүманланған жоқ.

—Өз ҳәрекетиңди даўам ете бер, Ғәний мәҳрем. Хан бул жақсылығыңды умытпайды. Қыяттың келешектеги бийи сен боласаң. Молла Пиримниң барлық ҳәрекетин жиптен ийнесине шекем үйренип ал. Досым бақсыға да айт. Мийнетиң жерде қалдырмайман. Шәнияз беглер беги! — деди ол әллен ўақытта даўысын созып. Есиктен кирип келген Шәнияз жасаўыл хан алдында тәжим етти.

— Мына шәўкетли Қоңырат ханлығының исенимли адамларының ҳәммесине ғәзийнеден сарпайлар жаўып қайтар.

— Қуллық тақсыр!

— Илайым мәртебеңиз буннан да бәлент болғай, тақсыр! — деп ҳәмме орынларынан турды.

Арзы аталық денеси ғарбыздай ийкемсиз дуп-думалақ бир адам еди. Бабасы да адам қыйнаўда алдына адам салмаған рейимсиз болып, бул жолы Арзыға да өткен еди. Неше жыллар хан қазыўына басшылық етип, пара бергенлерди қазыўдан қалдырып, ақша төлей алмаған аш белдарларға әйдарҳадай зәҳәрин жайып, бир адамға еки-үш адамның пайын алдырып, жарамағанларды тирилей жерге көмип кететуғын нағыз залымның өзи еди.

Ханнан жаңа қала салыў ҳаққында пәрман алғаннан кейин-ақ оның тынышы кетти. Елден еки жүзден аслам арба жыйнап, бес жүзден аслам адам менен жаңа қаланың қурылысын баслағанына да әдеўир ўақыт болды. Өгизге от, адамларға аўқат жетиспей әўере-сарсаңлықта басланған бул қурылыс еле даўам етип атыр.

Қолында қулын териси менен сым темирди қосып өрген бузаў тил қамшы услаған Арзы күн-түни қурылыстың басында. Төрт мезгил тойып аўқат жеп тулыптай семирип кеткен аталық көзин май басып кеткенлиги сонша, тап аттың үстинде де уйықлап отырғандай көринетуғын еди.

Күни менен ылай арқалап, ҳеш болмаса түнде көз илдирип алмаған адамда ғайрат қаяқтан болсын? Усындай сергизданлықтың себебинен кеше ғана азаў-

ғазаў он сегиз жигит қайтыс болды. Бул да аздай, тап әкесиниң қуны кетип баратырғандай аталық, өлген жу-байы ушын көз жас төгип, қабырғасы қайысып, жүрек деб-дийүин баса алмай атырған келиншеклерди де ылайға әкетип басты.

Еки күнликте қайтыс болған Жуман деген жигит-тиң зайыбы Сапаргүл де усы жерде еди. Бийшараның үй-инде, бесикте емезиўли баласы қалған. Мың айтқан ме-нен аналық меҳрибанлық деген бар. Емшеги ийип, үй-индеги баласын көбирек ойлап турыпты. Адамды ийт-тен де бетер қорлайтуғын миршаблар адамгершилик дегенди түсинетуғын түри жоқ. Ақыры болмады. Сапар-гүлде ҳәдден зыят күш пайда болды да, қамбадан шығып Арзының алдына барды.

— Аталық ата! Сиз де бала болып, ана сүтин емген шығарсыз. Үйимде емизиўли балам қалды. Соны еми-зип келиўге рухсат бериң, — деген еди. Көк аттың үс-тинде турған Арзы бирден ширенип:

— Мине саған бала емизиў! — деп бузаў тил қам-шы менен салып жиберди.

Қамшы ҳаял көксиндеги қос анарды тең бөлип жи-берди де, атылып шыққан қан аралас ақ сүт ақсақал-дың бетине шашырап кетти.

Ҳаял болса кескен геллектей болып, сол орнында жығылған еди.

— Дәрҳал пақшаға басың, бул бийҳаяны! Қатын қарсы шыққан ис ҳеш ўақта да оңына баспайды!— деп пәрман берди аталық.

Бул сумлықты еситкен онлаған жигит аталыққа қар-сы шыққан еди. Оларды да миршаблар таяқ пенен су-лайтып таслады. Адамлар айтқанын қылмағаннан ке-йин ақыры миршаблардың өзлери ҳаялды пақшаға апарып басыўға мәжбүр болды. Оның үстине бир қам-ба ылай атып, дийўалға өрип жиберди. Хақ адамның қаны зулымлыққа да бойсынбас екен. Бул дийўал-дың кешке шекем бир жағынан қан, бир жағынан сүт ағып турды да, намазлыгер ўақтында ларс етип қулады.

Адамлар болдырып, өгизлер шаршап, пүткиллей жу-мыс өнбей қалды. Қамбадан арба менен ылай алып киятырған Асан деген жигиттиң өгизиниң бир аяғы батпаққа кирип кетип, шорта сынды. Өгизден айрыл-ған Асан не қыларын билмей турғанда аталық жетип келди де:



— Өгизди арбадан шығарып алып, бул жигиттиң өзин арбаға қосың! — деп буйрық берди.

Миршаблар аталықтың бул буйрығын да орынлап, Асанды кендир арқан менен арбаға таңып таслады. Арба ылай толы тереңқәндектен сыртқа қарай шығы-ўы керек еди. Асан арбаны бес қәдем жерге шекем тар-тып барды, ылай толы арба жоқарылаған сайын шү-йелме болып кетти де, жигитти аспанға көтериўи менен шөңкерилди. Арбаға байланған Асан ҳаўада дарға асылған адамдай сәлленлеп қалды. Бул ўақыяны көр-ген миршаблар ишек-силеси қатып күлисти. Усы ўа-қытта қамбадан басына шаршы таңып алған бир жигит белин қолына алып сыртқа шықты да:

— Халайық, қозғалың! Арзы аталықты жин урды! — деп бақыра баслады.

Қурылыс әтирапы азан-қазан болып кетти. Адамлар-дың кимиси бел, кимиси таяқ алып, миршабларды са-балай баслады.

Енди ашыўға минген аталық та, миршаблар да адамлардың ҳеш бирин тоқтата алмады. Пүткил халық болып аталыққа қарсы ҳүжим баслаған еди. Ҳаўлық-қан Арзы түсип қалған шөгирмесине де қарамай жалаң бас атын қамшылаўы менен Жылўан жапқа қарай ша-ўып кетти.

## 10

Әжинияздың Бозатаўға келгенине де бир ҳәптеден асып кетти. Бул аралықта Бозатаў арнасының да қазы-ўы питип, жап туп-туўры аўыл ортасынан өтип, ерне-гинде енди ғана жапырақлай баслаған терек нәлшелери пайда болып, адамлар есик алдыларына ҳәр қыйлы гүл-лер еге баслаған. Үйдиң қапталындағы қыйтақларда жү-ўери, тары, мәш, гүнжи, асқабақ, палаўқабақ ҳәм қа-ўын пәлеклери көринер еди. Анасы менен Абдулла душ-панлардан жәбир көрген халық пенен бирге Бозатаў қамалына келип паналаған екен. Шайырдың туўылып өскен аўылының барлық адамлары да, дос яраны да усы жерде. Бәринен бетер дүньядағы сүйиклиси Бий-бижамал менен бирге болғанына қуўанды.

Әжинияз молла Пирим менен Хийўада оқып жүрген күнлеринен-ақ дос еди. Бирақ хан менен Пирим бий арасындағы жансыз болып жүрген Ғәний мәҳрем еке-ўиниң арасына от таслады. Аңығына келгенде Әжини-

яз Ғаний мәхремниң ҳәрекетлеринен де гүманланар еди. Хийўада бирге оқып, ҳәзир хан сарайында хызмет етип атырған Әжинияздың жоралары шайырға мәхремниң жасырын сарайға барып туратуғынлығын хабарлаған. Буны Пирим бийге айтпақшы болып жүргенинде сарайдағы жас мырза өлтирилип, Ғаний мәхрем Әжиниязды хан менен байланысы бар адам деп бийге жаманлап барады. «Әжинияз елди сатып мырзабасы болмақшы» деген сөз тарқатып жибереди. Пирим бий ҳәр қандай сөзге исене беретуғын адам еди. Соның ушын да ол шайырдың Бозатаўды таслап шығып кетиўине пәрман береди. Бирақ, Әжиниязға исеними мол болған халық оны сақлап қалады. Бул қарама қарсылықлардан кейин Әжинияз Ғаний мәхремниң сатқын екенлигин айтса да Пирим бий исенбеди. Соның ушын да адам шыдап тура алмаслық бундай жалаға мунтаала болған шайыр:

Қала басы болдың сен молла Пирим,
Өзиң тәлиб илим, кеўлиңде кириң—

деп жазған еди.

Ҳәзир Пирим бийдиң Әжиниязға мүнәсибети жаман емес. Деген менен шайыр наҳақтан жала жабылғанлығына қорлығы келип жүр.

Оннан бери қосық жазыўды да тәрк етип, қолына қәлем алған жоқ еди. Буннан үш күн бурын Бозатаўға Сулайман деген киси көшип келди. Оның Мәҳийда деген қызы болып, гөззаллықта ҳеш қандай теңи жоқ еди. Шайыр болғаннан кейин ол қыздың сулыўлығы ҳәм әдеплилиги тәсир жасады ма, әйтеўир сол күни Әжинияз «Бозатаўлы нәзелим» деген қосық жазды.

Бозатаўлы гүлбинафша нәзелим,
Әселиң ҳәррени гүлден бездирер.
Кирпиклериң сүзип баққан нәзериң
Жулдызды жаўратып, түннен бездирер.

Қумырсқадек қыпша-қыпша беллериң,
Бармақ толы йўзик-йўзик әллериң.
Әсел қатқан сушук-сушук тиллериң,
Жыланды жылжытып иннен бездирер.

Бул қосықты Бийбижамал еситип қалып қатты өкпелеп қалды, ал, Әжинияз оған арнап «Йоқ мениң» деген екинши қосығын жазды.



Қара көзли, шийрин сөзли дилбарым,
Сеннен өзге сәўер ярым йоқ мениң.
Таза гүлистаным, маҳи әнўарым,
Ҳәсретиннен ҳеш қарарым йоқ мениң.

Сени көрсем болур мениң кеўлим шад,
Жәҳәнниң ғамийдан боларман азад,
Назакат бабында қәўметиң шәмшад,
Сеннен өзге улфикарым йоқ мениң.

Назлы дилбар сенсең опалы жанан,
Ҳүсниңниң рәўшине боларман ҳайран,
Шийрин жаным болса йолыңда қурбан,
Сеннен өзге сәўер ярым йоқ мениң.

Усылайынша Бозатаў, шайыр кеўлинде де үлкен из қалдыра баслаған еди.

Бир күни Пирим Әжинияздың алдына келди.

— Өзиң билесең достым, менде ел басқарыў уқыбы жоқ. Арамызда анаў-мынаў сөз өткен болса кеширгейлик болсын. Бул мүмкин мениң тәжирийбесизлигим шығар. Бозатаўдың халқы күннен күнге көбейип баратыр. Ҳәзир бир ярым мың хожалықтан асты. Сонда да жаў көп, биз азбыз. Хан сонша хожалықты сыртқа шығарып қоймайды. Бунын изинде сораўы да болатуғын шығар. Ел билимсиз қалып баратыр. Мектеп ашсаң деп едим. Буннан тысқары халық сени өзине жақын тутады. Елди басқарыўға жәрдем бер. Сени өзим кеңесши етип алсам деп едим.

— Бул пикириңизге қосыламан, — деди Әжинияз.

— Ҳәзир халықтың көбейип кетиўине байланыслы, қорғанның арқа тәрепин кеңейтсек деймен. Оннан кейин қорған пақсалары дым пәс, оларды бийиклетиў керек. Пақса үстине мылтық атыўға қолайластырып гезе орнатыў керек. Қорған алдына ҳәр бири он қәдем келетуғын еки дәрўаза буйыртып едим. Еле тайын болмай атыр.

— Әскердиң жағдайы қалай?

— Бәри бес жүзге жетип қалар. Бирақ қарыў-жарағымыз аз. Ҳәзиринше бес жүзбасы тайынладым. Олардан Кудайберген, Маштақ батыр, Жазлықбай батыр, өзиң менен бирге келген түркмен жигити Байрам, Ғаний қара...

— Ғаний қара?

— Аўа, Ғәнийге жүз жигити менен дәрўазаны қорғаўды тапсырғанбыз.

Әжинияздың Ғәний мәҳремге ҳеш қандай исеними жоқ еди. Соның ушын да және «ол жансыз» деп айтпақшы болған еди, бирақ Ғәний мәҳремниң Пирим бийдиң қарындасларының бирине үйленгенин есине түсирип, сөзи аўзында қалды. Әжинияздың бул сөзине бийдиң ашыўланып қалыўы да мүмкин. Ғәний қараның Әжиниязға өз өсегин өткериўи де сол ағайиншилиги себепли еди.

— Мениңше дәрўазаға Қудайбергенди қойған мақул болар еди,— деди Әжинияз.

— Әнекей, қарақалпақты ҳәмме ўақыт ағайинпазлық қуртады,—деди Пирим бий.—Сен қайнағанды қоймақшы боласаң, мен болсам күйеў баламды.

Әжинияз бул сөзге үндеген жоқ. Соңынан:

— Әй мейли, бизге ким болғанда не? Бирақ мениңше дийўал сыртындағы қәндеклер еле де тереңирек қазылыўы керек. Ат өте алмайтуғын болсын.

— Және қандай пикирлериңиз бар?

— Мениңше дМаштақ батыр менен Жәмекей батырдың жигитлерин жиберип Ақдәрьядан тоқсаўыл қурылған мақул болар. Душпанның келип қалғанын билместен, ғәплетте қалармыз.

— Оғада дурыс айтылған пикир. Онда сен бүгиннен баслап-ақ қорған ишиндеги халықтың аўҳалы менен шуғылланасаң. Қорғаннан сыртқа шығатуғын адамларды лизимге аласаң. Падашы, отыншы... Жүдә көп. Ел ишинде аўырыў-сырқаў да бар. Тәўиплерди жыйна. Балаларды оқытатуғын жай керек. Буннан тысқары елдиң той-садақасы бар. Оған да басшылық керек болады.

Ал, мен болсам қорған қурылысы ҳәм әскер менен шуғылланаман.

— Исенимиңиз әлбетте орынланады,— деди Әжинияз.

Пирим бий қорған дәрўазасына қарай кетти.

Бул ўақытлары Ғәний мәҳрем менен Досым бақсы Ақдәрья жағасында қоян аўлаў менен машқы етип жүрген еди.

Негизинен алғанда Ғәний де, Досым да өмиринде аң аўлап көрмеген адамлар. Пана ханға жалланғаннан бери қолларынан келмейтуғын усы талапты машқы ете



баслады. «Күн узақ дәрўазаның алдында турғаннан сыртқа шығып, бойымызды жазып, жер көрип, тың-тыңлап қайтамыз» деген Пирим бийге де унаған. Бирақ булардың тың-тыңлаўы көбейип кетти. Ийнине мылтығын асынып ҳәр күни Ақдәрья бетке барып жүр. Сонда да Пирим бий буларға ҳеш нәрсе деп айтпады. Ғәний мәҳрем менен Досым бақсы буншама бир-бири менен дос болып, өмиринше мылтық атып көрмей-ақ аўшылыққа берилгени елге ерси көринсе де ҳеш ким гүманланбады. Пирим бий Досым бақсыны жаман көреди. Сонда да Ғәний мәҳремниң арқасында ол да онлыққа басшы болып жүр.

Ақдәрья Шегеден өткен жерде азмаз арқаға қарай бағдар алып ағады. Сол жерде күни-түни дәрьяға шолпы салып бир букир ғарры отырады. Ғарры балықты қарық қылып аўламаса да, таң азаннан баслап орнынан табылады. Азаннан кешке шекем талабы балық аўлаў болса да, бир балық жеп отырған ўағын көрмейсең. Оның азық салып қойған кенеби жыртық-жыртық болса да ишине гилкий писken қойдың жилиги, таўықтың сатанлары салынған болады.

Ҳәр күни түске жақын бир дийўана келип, ғарры менен бирге аўқатланады. Өз-ара сыбыр-сыбыр сөйлеседи. Дийўана қайтып кетеди де, ғрры берги жағаға көз тигип, шекшийип отыра береди. Ҳәрекети дым қызық. Ғаррының талабы шолпыны бақлаў болса да ол ҳеш қандай шолпыға қарамайды. Гейде шолпыға шапырлап балық түсип атырғанда да көзи қыпылықлап, басқа жаққа қараў менен әўере болады. Ғарры сол отырысында тап күн батқанға шекем отыра береди. Гейде арғы жағадағы жыңғыллар арасынан Ғәний менен Досым бақсы көрингенде ғана қырқ жамаў болып кеткен кишкене қайығына минип алып, берги жағаға қарай жүзе баслайды.

Бүгин де сол ўақыя қайталанып Ғәний мәҳрем менен Досым бақсы бул жерге песинде жетип келген еди.

— Не жаңалығың бар, ғарры?

— Жаңарақта Ғайып келип еди.

Ғаррының «Ғайып» деп отырғаны дийўана.

— Не жаңалығы бар?

— Гелдиниң еки мың нөкери жолға шығыпты. Ҳәзиреттиң исенгени — тек сизлер усайды.

— Айт, бул жағынан қәтержам бола берсин.

— Ғайып сизлерге көп саўға алып келген еди. Мына ләгендей болған нәлетий менен оны берги жаққа алып өте алмадым.

— Кеште Досым келип алып кетер. Оннан кейин Ғайыпқа айт. Ертең песин ўақтында усы жерден табылсын. Сөйлесетуғын сөз бар.

— Әлбетте айтаман, төрем.

Усының менен сөз тамам болды да ғарры арғы жағаға қарай жүзип кетти.

Бозатаўға қарай атларының дизгинин бурған Ғәнийменен Досым биреўи өзин беглер беги, биреўи аталық санап ғарқылдасып күлисип киятыр. Екеўиниң де кеўли әл аспанда. Бозатаўды Гелдиниң жигитлери басып алғаннан кейин, биреўи Сулайманның қызы Мәхийда сулыўға үйленбекши болса, биреўи Әжинияздың қарындасы Ҳүрзаданы алмақшы. Бәң шеккен адамлардай сырдандай далада өзлеринен-өзлери дарқылдасып күлиседи.

— Ғам шекпе достым, еле пүткил Бозатаў бизлердиң қулымызға айланады. Пирим бий менен Әжинияздың аяғын бир етикке тығамыз, — деп бир-бирине тәселле берип қояды.

## 11

Петр Михайлович жасы жаңа қырққа келген узын бойлы сары сынлы киси еди. Жаслығынан қыйыншылықты көп көргенлиги себепли, сарғыш мурты да пүткиллей ағарып кеткен, бели азмаз бүгилиңкиреген, оң аяғын сылтыңқырап басады. Көринисинен бир ғарры адамға усайды. Өзи Одессада туўылған болса да әкеси Иван Михайлов декабрист П. И. Пестель басшылығындағы қубла жәмийеттиң «Рус ҳақыйқатлығы» аўқамының ағзасы болған белгили офецер еди. Декабристлер қозғалаңынан кейин ол Сибирьге айдалды да сол жақта өлип кетти. Баласы Петр флот өнерин жаслығынан қунт пенен үйренген болса да, үлкен қуўдаланыўға түсти. Ол дәслеп Финляндияда кеме соғыў өнерин үйренип, соңынан барлық жигерин теңиз саўашларын басқарыў ислерине бағышлаған еди. Бала қаншама зийрек болыўына қарамастан оны «декабристтиң баласы» сыпатында айыплап, кемелерди басқарыў исине руxсат етпеди. Ол енди Қара теңизде әпиўайы матрос сыпатында ғана хызмет ислер еди. Ақыры 1853-жылы Қырым урысы басланып кетти де, корабльлерди басқарыў ушын талантлы ҳәм ер жүрек офицерлер таңлап алынды. Адмирал Нахимовтың усынысы менен Петр «Александр I» кораблиниң капитаны болып тайынланған еди. Англия, Франция ҳәм Түркия бир тәрепте турып Қырым ушын басланған бул урыс негизинен теңиз урысы болып, анықлап айтқанда Россияға қарсы қаратылған еди.

Еки жылға созылған бул саўаш тарийхта «Севастополь қырғыны» деп ат қалдырып, рус матросларының даңқын дүньяға жайды. 1854-жылдың сентябринде «Александр I» корабли Евпатория жанында теңизге шөктирилип жиберилди. Көп ғана матрослар набыт болды. Теңизде жүзиў өнерин жақсы ийелеген Петр бул сапары тири қалған еди. Бирақ шексиз көгалай көк теңизде жүзип жүрип түрклер тәрепинен тутқынға алынған Петр, тәғдирге тән берип, тутқынлар менен бирликте Стамбулға алып барылды. Бул жерде оны Бухарадан келген бир саўдагер, қул сыпатында сатып алды. Бухараға келгеннен кейин, оның кеме устасы екенлиги мәлим болды да енди оны Хийўа ханы Муҳаммед Әминниң жақын адамлары нобайырақ пул берип, қолға түсирген еди.

Хийўа ханы Арал теңизи менен Әмиўдәрьяға өз үстемлигин орнатыў ушын Мойнақта үлкен порт жасаў нийетинде еди. Бул жердеги кемеши усталардың ҳәм қурылыс материалларының азлығы теңизде урыс кемелери түўе ҳәтте балық аўлайтуғын қайықлардың да жетиспеўшилигине себепши болған. Солай болса да хан кемешилик илимине жетик еллерден келген айырым тутқынлардың илимине сүйенип, өз портын еплеп жолға салыўдың нийетинде болып отыр. Петр де усындай себеплер менен Мойнаққа келип қалған.

Мойнаққа айырым себеплер менен бурынырақ келип, қоныс басып, балықшылық хожалықларын дүзип, өзлеринше завод ашып, балық дузлап ҳәм оларды кәрўанлар арқалы сыртқа сатып, әдеўир байып қалған урал казаклары да бар. Олардың көпшилиги мусылман динин қабыллап, намаз оқыйды. Хан мусылман динин қабыл еткен ҳәр қандай ғайры дин адамды кудайталаның елшиси деп билер еди. Айырымлары бай деген атаққа ийе болып, өз алдына шолан ҳәм балық кептиретуғын заводлары бар. Деген менен олар Хийўа хан-

лығына қараслы болып, ўақтында салық төлеп турады. Аў-дузағы, қайығы жоқ, жергиликли адамлар оларға жалланып ислейди. Хийўа ханы қолға түскен өнерментутқынлар арқалы олардың усталарының ҳәм жумысшыларының санын көбейтип барады.

Хан орыслардың дүньядағы ең бир билимли ҳәм өнермент адамлар екенлигин билсе де, оларды айтқаннан қабағы қарыс жабылып сала береди. Дүньядағы ең күшли халық болғаннан кейин, мени жаўлап алып қояр деп қорқа ма, соңғы шығарған жарлығының өзинде, ҳәр бир орыстың басы ушын жүз тилла беремен, деп ўәде етипти.

Бурын Мойнақта Қоңырат беглигине қарайтуғын еди. Ал, ҳәзир кимге қарайтуғынын ҳеш ким билмейди. Пана хан болса еле Шарлаўықтан арман өтип көрген жоқ. Бирақ солай болса да Хийўа ханның әмелдарлары Қутлымурат инақ өлтирилгеннен кейин-ақ Мойнақтан қашып кетти. Оралски байлары болса қаяққа қосыларын билмей, үлкен дағдарыста жүрипти. Бул жағдай ҳәр күни миршаблардың қадағалаўында жүрген Петр усаған жигитлерге әдеўир жеңиллик туўғызды. Теңиз арқалы елге қашып кетиўге, бул жерде я бир үлкенирек кеме болсеш. Гилкий лəгендей қайық. Толқынға төтепки бере алмайды. Солай болса да бәрҳама ағаш жонып отыра бермей, еплеп түнде болса да дәрья арқалы тоғайларға шығып, азғана бел жазып алғандай күн туўылған сыяқлы. Бәрҳама балық жей берип, ығыр болған айырым жигитлер айлы түнде ҳәр жер, ҳәр жерге барып аўшылық пенен де шуғылланып жүр. Онша узаққа бармаған менен Шарлаўыққа барып қайтса болады. Қудайберген менен танысқаннан бери Петрдиң қуўанышында шек жоқ. Жүдә батыр жигит екен. Ҳәр ҳәптеде «Петрге саўға» деп аң-қус атып қояды. Ал, Петр болса буны керекли оқ-дәри менен тәмийинлеп тур. Ел арасынан тесилип қалған қазан ҳәм шойын қуманларды жыйнап пытыра таярлайды. Әйтеўир қолынан келетуғын жәрдеми болса Қудайбергеннен аянып жүрген жоқ.

Петр усындай себеплер менен бүгин де Шарлаўыққа Қудайбергенди излеп келди. Бирақ қанша излеген менен бул жерден өз достын да, ҳәтте Қудайбергенниң аўылын да таба алған жоқ. Ол илажсыз изине қайтып киятырған ўағында ғана жолда Айтмурат дарғаны ушыратып қалды. Қудайбергенниң Бозатаўға көшкенин соннан еситип, бүгин усы жерге келген еди.

Жекен үзикли отаўда Қудайберген өз достын күтип алды.

— Не қыйын күнлерге қалдық, достым. Пышықтан қашқан тышқан сыяқлы ғана күнимиз бар. Баспашылар қуўады. Биз болсақ қашамыз. Ең ақырында жетип келген жеримиз усы болды.

— Бөлинип қашқан болмайды. Биригиў керек.

— Бириккенде қандай, пүткил қыятлар қолға қол бериспи.

Қыятлардың биригиўи, бул еле пүткил қарақалпақтың биригиўи емес ғой.

— Әй, достым, қарақалпқ деген де бир бийсәўбет ел, бирикпейди ғой. Шигинниң қамырындай ыдырайды да жүреди.

— Неге?

— Неге болатуғын еди. Өзи қурттай қарақалпақ тоқсан алты урыўға бөлинеди. Түркстанның өзинде тоқсан алты хан сайлаймыз деп таласқан.

— Онда қыйын екен. Бөлинген елдиң жаўға жемтик болыўынан басқа илажы жоқ. «Бөлингенди бөри жер» деп халық бийкарға айтпаған.

— Ҳәзир де аўҳалымыз қыйын. Мылтық жетиспейди. Оқ-дәримиз жоқ. Жигитлердиң көпшилиги бел кетпеннен басқа нәрсени услап көрмеген. Бес атар деген қарақалпаққа шыққан бәле болды. Қылыш, найза басқа гәп. Ҳеш болмаса алысып өлесең ғой. Жүрегинде шериң қалмайды. Ал, мылтық болса жасырынып турып атасаң. Жүзди жапырып жүрген батырыңның өзи бир оқ пенен тамам болады. Қуралсыз халықтың қойдан қаншама артық жери бар? Сонша душпанға жигирма, отыз пилтели мылтық не болады?

— Налымаў керек, достым. Урыстың да өз заңы бар. Ҳәмме ўақыт ҳақыйқатлық жағында турып урысқан адам жеңиўи тийис. Ҳақыйқатлық ҳәмме ўақыт адамларды бириктиреди. Наполеонның әскери қаншама күшли болғаны менен изинде тәбияттың өзи де оған қарсы болған жоқ па? Сен еле буны да билмейтуғын шығарсаң. 1812-жылы Россия менен Франция арасында урыс болған. Рустың қатты қысы қаншама әскерлерди тоңлатып өлтирди...

Қарақалпақлар ер журек халық, ақ көкирек ангөдек. Усыған қосымша азмаз ҳийлекерлиги болғанда бар ма, дүньядағы ең үлкен халық болар еди.

— Неге?

— Негизинде ҳийлекерлик дегенниң өзи де жаман нәрсе болса да, орынлы жеринде керек. Өзин отқа урған гүбелектей қуры аңғытқа шаба берген болмайды. Сизлердиң дүньяда тарийхыңыз үлкен болған менен азғантай болып қалғаныңыздың сыры усында болса керек. Досқа да, душпанға да көкиреклериңиз дым ашық екен. Мен сизлердиң бир дәстаныңызды еситтим. Онда еки елдиң батыры жети күн гүреседи. Басқа елдиң батыры алты мәртебе жығылады. Қарақалпақтың батыры енди мойнын кесейин деп атырғанда ол:

— Бизиң елдиң дәстүри бойынша жети мәртебе жығылғанша мойнын кеспейди, дейди. Буған инанған ақ көкирек батыр жетинши рет жыққанша мойнын кеспейди. Ал, басқа журттың батыры биринши жыққанында-ақ өз шәртин орынламай буның басын бирден кесип алады. Усыннан-ақ билинип турыпты, халқың ҳәдден тысқары ақ көкирек. Ал, урыста батырлық та, ҳийлекерлик те керек. Буны Суворов пенен Кутузовтың тәжирийбелеринен көрсе болады.

— Олар ким? Батыр ма?

— Батыр болғанда қандай! Кутузов душпанды аштан қақлатып, суўыққа тоңдырып жеңген.

— Олар үлкен әскербасылар шығар. Бизлердики мәзи бир қорғаныс ғой.

— Қорғаныў ушын да илим керек. Ҳәзир мине бул жерден үлкен қорған салыпсыз. Әтирапына қәндеклер қазыпсыз. Усының бәри де урыс илими.

— Бизлерге көп муғдарда оқ-дәри керек болып тур, достым.

— Орынлайман. Ҳәммесин де орынлайман. Қолыман келгенинше таўып беремен. Билемен, әскериңиз аз. Бирақ солай болса да «Ушқыннан жалын шығады» —деген гәп бар.

— Не дедиңиз?

— Ушқыннан жалын шығады. Бул декабристлердиң сөзи ғой. Усы сөзди әкем бийшара көп қайталайтуғын еди. Буның кең мағанасы сол—ҳәр қандай жақсылық ушын исленген ис жалынлап, пүткил дүньяға жайылады.



Мениңше қарақалпақлардың миллий-азатлық гүресиниң ушқыны тап усы жерде жалын шашатуғындай сезиледи. Мүмкин бул гүреске барлық урыўлар да келип қосылар.

— Әй билмедим-аў...

— Мени айтты дерсең, еле тап солай болады. Бирақ сизлерде саналы рабочий класы аз екен.

— Работшы класы деген не?

— Завод, фабрикада ислейтуғын жумысшылар.

— Бизлер-ше?

— Сизлер дийқанларсыз ғой. Мениңше бундай гүресте дийқанлар да шешиўши күш бола алады. —Басшыларыңыз кимлер?

— Пирим бий менен Әжинияз шайыр.

— Интеллигенцияның басшылық етиўи дурыс.

— Интелгиясы не?—деди Қудайбергенниң бул сөзге тили келмей.

— Өзиң айтып отырған оқымыслы адамлар.

— Яқшы, достым, ўақытта әллен мезгил болып қалды. Мен тезден Мойнаққа қайтпасам болмайды.

— Жаңағы өтинишимди орынлай-гөр, Пето аға. Болмаса бизлер оқ-дәрисиз набыт боламыз.

— Әлбетте, орынлайман,—деп Петр орнынан турды. Оннан кейин:

— Қудайберген иним, бизди Әмиўдәрьяға шекем шығарып сал. Сақшы нөкерлериңниң түри жаман ғой. «Биз бул қалаға басқа адам түўе, ушқан қусты өткизбей атырмыз»,—деп бадабат урды биреўи. Егер Айтмурат дарға болмағанда, мени де бул жаққа киргизбейтуғын еди.

— Пирим бийдиң пәрманы да солай.

— Түбинде сақ болған жақсы,— деди Петр есик бетке қарай жүрип.

— Бозатаўдың қоян, қырғаўылынан да татып көрерсең,— деди Қудайберген жыртық қапқа оралған қарамы әдеўир бир нәрсени достының қолына услатып.

— Рахмет! Бирақ қала қамал болып атырғанда сеннен қоян-қырғаўыл алмайман,—деди Петр.

— Сениң оқ-дәриң болмағанда бизге қоян-қырғаўыл қайда? Бул бир дийқаншылық. Өзиң менен дос болға-

лы бери арқамды тамға сүйегендей болып жүрмен. Буны алып кетпесең қапа боламан, достым.

Петр әри-бери ойланып турды да достының сауғасын таслап кетиуге қолайсыз көрип, қапшықты қолтықлап үйден шықты.

Уақыт әдеўир болып қалса да ай жақты еди. Хәр үйде жылтылдаған шүтик шыраның сәўлеси көринеди. Булар адымлап жүрип, қорған дәрўазасына келгенде әллеқандай ашшы даўыслы бақырыслар еситилди.

Петрлер ишке кирген ўақытта дәрўаза қараўылларының баслығы Ғәний қара бул жерде жоқ екен. Әллеким оған нәўбетши нөкердиң бир орысты ишке киргизип жибергени ҳаққындағы хабарды жеткизипти. Ғәний қара нөкерди жалаңашлап дүрре урып, жазалап атырғанның үстине келип қалған еди.

Булардан сәл-пәл бурынырақ бул жерге қорған басшыларынан болған Әжинияз да жетип келген екен. Ол да еле мәселениң неде екенлигине анық түсинип жетпепти.

— Қәне түсиндирип айтсеш Ғәний, не болып қалды?

— Не болатуғын еди. Мына әўмек, бир орысты қорғанның ишине киргизип жиберипти.

—Не жумысы бар екен?

—Әне сол жағын билмейди-дә!—Ғәний ағашқа байланған нөкерге және бир қамшы урды.

Нөкер бийшарада сес жоқ еди. Мәселениң төркинин түсинген Қудайберген усы ўақытта ғана тилге кирди.

—Бул мениң достым — Петр. Өзи Мойнақта турады. Бүгин меннен хабар алыўға келген екен,— деди ол Петрди нусқап.

— Ха-ха-ха! Енди қарақалпақ орыс пенен дос болып қалып па? — деди ашыўға буўлыққан Ғәний.

— Гәпти ойланып сөйле Ғәний! Дүньяда орыстан уллы халық жоқ. Сениң Хийўаң менен Қоңыратыңды Петербургтың бир көшесине алмастырыўға болмайды. Ал, бул жердеги орыслар болса бизлерге усаған ханның тутқынлары. Буннан не гүман етип отырсаң?—деди Әжинияз.

— Қайдан билейин, ханның жансызы болып жүрсе...

— Хан ҳеш ўақытта орысты жансыз етип қоймайды. Ақыры хәр орыстың басы ушын жүз тилла төлеп атырғанынан хабарың бар ғой. Булар да бизлер усаған жәбиркеш. Қорғанымызға кирип шығыўына рухсат етиледи.

Усының менен гәп кесилди де, байлаўлы нөкер шешилди.

Петр Әжиниязға басын ийзеп рахмет айтты да, Қудайберген екеўи қорғаннан шығып кетти. Булар дәрьяға жеткенше де бир-бирине үндеген жоқ. Тек Петр қайыққа минер жерде ғана азмаз кеўилсизленген түрде Қудайбергенди қушақлап сүйди.

— Өзиңди ықтыят қыл, достым. Сен ҳақыйқат жигитсең, мәртсең, адамгершиликлисең!—деди де қайыққа отырып алып, ескекти қатты-қатты есип жиберди.

Ертең усы жерде күт! Айтқаның орынланады!— деди даўыслап. Ыққа қарай жүзген кеме, теңизшиниң пәтли ескегине шыдамастан оқтай атылып кетти.

Қудайберген кемениң қарасы көринбей кеткенше, шексиз толқынларға тигилиўи менен жағада узақ турып қалды.

## 12

1859-жылдың июнь айында Қоңырат қаласында және мүсийбетли күнлер басланды. Хийўа ханы Сайд Муҳаммед хан он мың әскери менен Қоңыратқа топылыс жасаған еди.

Қалада айтарлықтай саўаш болған жоқ. Хийўа ханы тәрепинде Гүрленнен Мәтнияз сәрдар, еки мыңнан аслам нөкери менен, түркменниң Шаўдыр тайпасынан Гелди сәрдар үш мың әскери менен, дәрьяның берги жағындағы он төрт урыў қарақалпақларынан Ерназар кенегес бес жүзге жақын нөкер, қазақ Әзберген бий де соған шамалас әскер төгип, орны келгенде Қабыл беглер беги менен Ораз аталық та өз нөкерлерин Пана ханға қарсы қойды, саўаш пайыты келгенде искенжеге түсип қалған Атамурат хан ғана өз әскерлериниң бир бөлегин алып қашты. Дағдарысқа түскен Пана ханның енди Сайд Муҳаммед ханға бойсыныўдан басқа илажы қалмаған еди. Бундай сумлықтың боларын ойлап көрмеген ол:

—Ҳәзиретим! Мен ҳеш ўақытта сизге қарсы қылыш көтерген емеспен. Сизиң шәўкетиңизге қарсы қурал көтерген қыятлар менен гүресип атырман. Олардың уры-

ғын Қоңыраттан қуртыў ушын маған жәрдем бериң. Мен хан емеспен, сизиң Қоңырат ўаляятын қорғаў ушын қалдырылған қулыңызбан,—деп жалынды.

Сайд Муҳаммед хан бул қуўыршақ ханды ҳәзир ғана қылыштан өткериў рети болса да, ол асықпады. Буған ең баслы себеп болған Муҳаммед Пананың руслардан жәрдем сорап жазған хаты, оған жуўап ретинде Арал теңизинде пайда болған биринши рус пароходы «Перовск» еди. Пана ханды өлтириў қаншама аңсат болғаны менен, ол усы жуўапкершиликтен әдеўир қорыққан еди. Соның ушын да ол:

— Рахмет, Муҳаммед Пана ҳәзиретлери, мен сизге Қоңырат ҳәкимшилигин исенип тапсырдым,—деди.

Қабыл беглер беги, Ораз аталық, Ерназар кенегеслердиң Хийўа ханлығына садық болып турғанында Қоңыратта Пананың хан бола алмаслығын Сайд Муҳаммед анық сезген еди.

Соның ушын да бул жерде қан төгиспе саўаш та болған жоқ. Муҳаммед Пана ханнан ҳәдден зыят кеширим сорап, оның ең жақын адамлары менен Қоңыратта еки күн күтип зыяпат берди. Сайд Муҳаммед егерде Муҳаммед Пана руслар менен үзил-кесил қатнасықты үзсе, оның жанын сақлап қалыўға сөз берди.

Муҳаммед Пана өзиниң жанын аман сақлап қалыў нийетинде Бозатаў қорғанына бекинген халықты ҳәм оның басшылары болған Пирим бий, Жумағул Сейт ҳәм Әжинияз шайырды жаманлай баслаған еди.

— Мениң бул көтерилисте зәрре болса да айыбым жоқ, хан ийем!— деди ол мүләйимсип.— Сизге қарсы қол көтерген Қулман бий ҳәм араллы өзбеклериниң кәтқудалары. Буны қуўатлаған қыят пенен ашамайлылар. Олар дәрьядан өтип, Бозатаў деген қорған салып, еле бизиң менен қасарысып турыпты.

— Мәтнияз сәрдар!—деди ашыўға буўлыққан хан.

— Ләббай тақсыр!

— Қулман бий ҳәм оның тәрепдарлары ҳәзирден баслап дарға асылсын!

— Қуллық тақсыр!—деди ол қол қаўсырып.

— Қабыл беглер беги менен Ораз аталық жаныңызда болады. Олардың гүманланған адамларының ҳәммеси өлимге гирипдар!



— Әжеп болады, хан ийем!— деп Мәтнияз сәрдар сыртқа шығып кетти.

— Гелди сәрдар!

— Ләббай тақсыр!

—Еситип турған шығарсаң. Таллықтың арғы жағындағы «Бозатаў» деген жер, ханға бас көтерген гезенделер уясына айланған. Бир ярым мыңдай хожалығы бар екен, ҳәммесин қылыштан өткер. Аман қалғанлары саған саўға.

— Әжеп болады, тақсыр.

— Муҳаммед Пана, Гелди сәрдарға жол көрсетиўши адам тайынлаң.

— Бозатаўда Ғәний мәҳрем, Досым бақсы деген өз исенимли жансызларымыз бар тақсыр. Олардан жақын арада хабар келеди.

— Жүдә саз! — деди хан.

Буннан кейин сарай иши бир майдан тым-тырыс болып турды да жасаўыл басы Мойнақтан шабарман келгенин баянлады.

— Кирсин.

Есиктен ҳалықлап кирип келген шабарман еки ханның алдына келди де, бирден албырап қалды. Соңынан екеўиниң ортасына келип дизерледи де:

— Арал теңизине үлкен пароход келип тоқтады, тақсыр! — деди.

Руслардики ме?

— Солай болса керек.

— Буннан хабарым бар, — деди Сайд Муҳаммед хан. — Башарти солай екен, мен бул жерде көп турып қалыўыма болмайды. Руслар алдында енди өзиңше ис көресең, Муҳаммед Пана. Егер елди руслар ықтыярына берсең геллең кетеди. Сенде ондай ҳуқықтың жоқлығын өзиң де сезип турған шығарсаң. Ал, мен кеттим, әзизлер! — деп Сайд Муҳаммед хан орнынан турды.

— Жолыңыз болғай, ҳәзиретим! — сарай әмелдарларының ҳәммеси орнынан турып тәжим етти. Бес мыңнан аслам әскер менен бирликте хан асығыслы түрде атланды. Ханжаптың берги ернегиндеги алаңда көтерилиске қатнасқаны ушын айыпланған қырқ алты адамның өлиги дар астында салбырап тур. Булардың арасында ханның биринши ўәзири Қулман бий де бар еди.

Бозатаўшылардың истиң усы дәрежеге келип жеткенинен ҳасла хабары жоқ. Бул жерге биринши көшип келген тек ашамайлы-қыятлар ғана болғаны менен, соның ала бул қорған тап жарлыларға пана болғандай, қарақалпақтың басқа урыўлары менен бир қатарда қазақлар, араллы өзбеклер де көшип келип, қоныслана баслады. Ҳәтте булардың арасында Байрам баслаған бир неше яўмытлар да бар. Булардың ҳәммеси де хан зулымынан хорлық көрип, қашып келип, өзлерин еркин сезип атырған адамлар. Бул еркин атаўға ханның соншама дәрежеде қастын тигип атырғанлығын олар сезбеди.

Басқыншылық, ҳүждансызлық қай жерде болса да ырыққа қарамайтуғынын олар сезер, усы себептен түркмен жигити Байрамды шын кеўилден ҳүрметлейтуғын еди.

Бул теңсиз заманда биреўлер муҳаббетти қылыштың күши менен алмақшы болса, биреўлер жүрек ҳәмири менен алажақ. Жумагүл менен Байрамның Бозатаўдағы муҳаббети де тап усығаи мегзес еди.

Жумагүлдиң ата-анасы баспашылар тәрепинен Найман аўылында өлтирилген. Жазығы баспашылардан қызын қутқармақшы болған екен. Байрамның жәрдеминде өлимнен аман қалған Жумагүл енди жалғыз өзи не қыларын билмей жүр. Адамлар жатырқамастан төринен орын берди. Қалай да ақылы ҳайран, Байрамды жақсы көрип қалыпты. Биреўге мақул, биреўге мақул еместей. Негизинен қыз ата-анасының өлимине Байрам айыплы емеслигин биледи. Оны сум әжел тырнағынан қутқарып қалған да сол Байрам. Демек, Байрам ғана оның қәдирине жете алады. Жигит те сондай нийетте еди, бул алғаў-далғаў заман тарқаса екен деп, өзин шетке алып жүр.

Муҳаббет—адам сезиминиң ең әдиўли нуқтасы. Ол миллетке, байлыққа қарамайды. Дослық сыйласықлар ғана адамды муҳаббетке алып барыўы мүмкин. Дослықтан муҳаббет басланады. Муҳаббет — сондай күшли қамал. Оны патша да, батыр да күш пенен қолға киргизе алмайды. Соның ушын да Байрамның ислеген барлық жақсылықлары, адамгершилиги қыз жүрегин ерите баслаған сыяқлы еди.



## 13

Арадан бир нешше күн өткеннен кейин, Ақдәрьяның Әмиўдәрьядан саға алған жеринде және бир аўыл пайда болды. Бул Пирим бийдиң өтиниши бойынша Бозатаўдан кеше ғана көшип келген Маштақ батыр менен Жәмекей батыр аўылы. Аўыл Бозатаўға өтетуғын жолдың дәрбентинде болғаны ушын тоқсаўыл хызметин де атқаратуғын еди.

Маштақ Қоңырат әтирапындағы гүреслерде арқасы жерге тиймеген палўан болыўы менен бирге, оқ атыўда теңи жоқ мерген, қылышласыўда алдына адам салмайтуғын шәпик жигит еди. Душпанды көрсе арқасы қозып кететуғын әдети және бар. Бекиредей басы тасқа тиймесе қайтпайтуғын ер жүреклилиги жағынан айрылып турады.

Жәмекей батыр жас ҳәм қызба жигит еди. Егер аңлып жатып қолға түсирмесең, екеўи де әскерге араласа қойса тоз-тозын шығарыўы турған гәп. Буны Гелдиниң жигитлери де жақсы биледи.

Соның ушын да Ғәний менен Досымға Маштақ пенен Жәмекейди алдап өлтириў тапсырылған еди.

Жаздың басында Ақдәрьяға жақынлап қалған Гелдиниң әскерлери Жиңишкениң тоғайының шетине келип тоқтады. Күн батқаннан баслап, әскердиң айырым бөлеги Ақдәрьяны узағырақтан жағалап барып, ықлап Қайпан өткелдиң тусынан атларын дәрьяға салды да арғы жүзге өтип, орманның жыңғылларын паналады.

Маштақ батыр негизинен аңшылыққа көбирек қызығатуғын адам еди. Азанда ерте турды да көк атты ертлеп көсилип жатырған кең далаға қарай шаўып кетти. Алдынан шыққан қоянды атты. Оқ қалпал тийген болыўы итимал, қоян жығылмады.

Маштақ қоянның изинен қуўа берди. Усы ўақытта оның алдынан Досым бақсы гезлесип қалды. Маштаққа жәрдемлеспекши болғандай ол да қоянға тәп берди. Атлар бир-бирине қабатласа бергенде Досым қылышын қынабынан суўырды да Маштақтың мойына салып жиберди. Салт етип түскен гелле бирден думалап кетти де, батырдың бассыз денеси жүўенди қамтылаўы менен әдеўир жерге шекем шаўып барды да, бирден қулады. Ийесинен айрылған ат оқыранып, өли

—деп және ҳәўижге мине баслады.
аўылға қарай шаўып кетти.

Аттың ийесиз шаўып келип, үйди қайта-қайта айлана бериўи аўыл ушын жақсы ырым емес еди.

— Халқым-аў, батырдан айрылдық па екен? — деди үйден атылып шыққан Гүлсәўир.

Усы ўақытта Досым бақсы аспанға қатарына үш мәртебе оқ атты. Бул душпанға ҳүжим баслаў ушын берилген белги еди.

Ерманы жыңғылды паналап турған нөкерлер атларына минди де дәрҳал аўылға тәп берди. Булардан елиўлеген нөкер бөлинип, Бозатаў жолына қарай шығып кетти. Олардың мақсети Бозатаўға хабар бериўге талапланған адамларды жолда тутып өлтириў еди. Бул ўақытлары дәрьяның арғы жағында турған Гелдиниң нөкерлери де атларды дәрьяға салып өтип болған еди.

Ҳәр жақтан мылтық атылып аўылда қыян-кески саўаш болып кетти.

Аўылдағы нөкер жигитлердиң биреўи атына минип үлгерсе, биреўлери үзиңгиге аяғын салып атылып-ақ оққа ушты, биреўлер қынаптан қылышын суўырып атырғанда қулады. Әйтеўир аўыл арасын «Ўақ!», «Ўай-ўай!» — деген бақырыслар басып кетти. Душпан келип қалғанда ғәплетте қалып, үйинде болған Жәмекей көп ўақытқа шекем басқыншыларға берилмеди. Ақыры душпан көплик етип, оны атып өлтирди. Ең алды менен өзиниң басшыларынан айрылып қалған жүз адамнан сәл-пәл көбирек болған нөкер, еки мыңнан аслам күшке ийе болған душпанға ҳеш нәрсе қыла алмады.

Олардың көбисин өлтирип, айрымларын бенде етип алған еди. Бул теңсиз саўашта тек отызлаған ғана нөкерден айрылған душпан халықтың малы-мүлкин тартып алып, ҳаял-балашағаларын қул етип, Ақдәрьядан өткизип Дурды сәрдарға айдатып жиберди.

Басқыншыларды қызықтырып турған бул аўыл емес, еки мыңға жақын хожалықты жыйнап, үлкен бекинис қурған, мыңнан аслам әскерге ийе болған Бозатаў қорғаны еди. Басқыншылар бүгин Бозатаўға қарап ушқан қусты да өткизбеди.

Досым бақсы менен Ғәний мәҳрем турғанда ол қорғанды да аңсат қолға түсирип алармыз деген нийетлери бар. Ҳәмме жақ мийдей далаңлық болғаны ушын бул жерлерде күндиз жүрип болмайды. Гелди сәрдар барлық әскерлердиң күн батқанша дем алыўына руxсат берди. Маштақ аўылының душпанға олжа болған отаўларында есапсыз мал сойылып, басқыншылар шағал-мәслик қура баслаған еди.

Бүгин Бозатаўда үлкен той болып атыр. Қарақалпақлардың еркинлик ушын гүресине шын ықласы менен жәрдем берип атырған Байрамдурдыны Қәдиримбеттиң қызы Жумагүл шынында да жақсы көрип қалған еди. Бүгин сол екеўиниң тойы. Тойды усы елдиң атақлы адамлары Пирим бий менен Әжинияз шайыр басқарып атыр. Бул той қыз бенен жигиттиң қосылыў тойы ғана емес, бәлки пүткил халықтың дослық тойына айланған. Ҳәр жерде қазан-қазан аўқат асылып, бақсы-жыраўлар ҳәўижге минген. Көшелерден өңир моншақлары жуўдырласқан дүркин-дүркин қыз-келиншеклер гүмис күлки шашып өтеди. Көп үйлерде жигит жағы бир бөлек, қызлар жағы бир бөлек болып жуўап айтысыў, кесе алысыў қызып атыр. Бир жағында қошқар дүгистирип, бир жағында палўанлар гүрес тутып атыр. Жигитлердиң бир топары сыртқа шығып ылақ тартысып, маўқын басып келип атыр.

Жап ернегине қурылған үлкен шертектиң қапталындағы сыпада атақлы Шерназар бақсының ҳаўазы жаңлап еситиледи.

> Бозатаў дегениң әжеп жай екен,
> Урықлары ат отыға сай екен,
> Қызлары салланған, ели бай екен,
> Пүткил елге ырыс болды Бозатаў.

— Әй, яшай бер! — деп бақырысады әлле кимлер.

Шертекке изли-изинен дүркин-дүркин қызлар топары кирип атыр. Бақсы булардан тәсирленди ме, қосығының изин «Қызлар үйге кир» намасы менен жалғастырып жиберди.

> Әй, қаратал жағысы, бийдиң кемеси,
> Ғош жигиттиң болар әй, қыздан дәмеси,
> Алдында жол баслар сәрдар жеңгеси,
> Қыздыр мерекеңди қызлар үйге кир.

— деп және ҳәўижге мине баслады.

Оннан арраҒырақта бүкир ғобызға зибан ендирген Сейтмурат жыраўдың сести еситиледи.

Атаң күйеў болған жер,
Енең келин болған жер,
Ийилип сәлем берген жер,
Ели-халқың шад болып,
Не бир дәўран сүрген жер.
Ормамбет бий өлгенде,
Он сан ноғай бүлгенде
Себил қалғыр ордада,
Ул қалмады, қыз қалды,
Алғыр қустың пәнжеси,
Үш кызының генжеси.
Сарыша айым дер еди.
Гәўҳардан туўған қыяқсаң,
Сөнбейтуғын шырақсаң
Ҳасылдан қалған әўладсаң,
Жақсыдан қалған зүрядсаң,
Кенеси болса бер, — деди.
Саразбанлы Сары таў,
Тәўке ханның журты еди,
Қоқан деген уллы журт,
Ислам ханның журты еди.
Ел журтынан айрылып,
Етикли суў кешерсең,
Қайғылы ескек есерсең,
Бул көшкеннен көшерсең
Түркстанға жетерсең...

Жыраўдың ботадай бозлаған зарлы даўысы, түнги тынышлықта узақ-узақларға тарқалып турды.

Ай сүттей жарық еди. Қорғанның батыс майданшасында үлкен еки әткеншек қурылып, жигитлер менен қызлардың көйлеклери самалда желбиреп, белгили бир ырғақта тербелип әткеншек ушпақта. Әткеншектиң епкини менен қызды алып ҳаўаға көтерилген гейпара есер жигитлер «булдырықтан айланып түспегенше қоймайман» деп өжетленеди. Бундай жағдайда «қорқып баратырман» деп қызлардың өзи жигитке жалыныўы керек. Әткеншек ушыў шеңберинен жоқарылап баратырған болса да Нәзигүл Қулмуратқа қырсықты ма,



«қорқып баратырман» деп айтпады. Қулмурат оннан сайын есерленип, «сени жулдызға апарып қайтпасам, Қулмурат атым қурысын» деп тезликти күшейте түседи. Оған мәс болған жердеги жигитлер:

Қулмурат бос келме!—деп ғарқылдасып күлиседи.

Жеңгелериниң болса жаны шығып:

— Өйбей қәйним, түсе ғойың, бийкешти жығып аласаң, — деп шыжа-пыжа болып жалынады.

Оннан беррегиректе және қыз-жигит ойыны «Айқулаш» ҳәўижге минген. Қызлар, жигитлер ҳәр қайсысы бир бөлек болып:

Айқулаш! Айқулаш!
Айға қарай қулаш аш!
Айдан басқа не керек?
Айдан артық қыз керек!

деп жабырласқан қыз-жигит даўыслары кең даланы пүткиллей жаңғыртып жибермекте. Оның арғы жағында гилкий жас балалар жыйналып, «Ҳәкке қайда», «Ийт қуйрық», «Қус баласы», «Айкөрмек» сыяқлы ойынлар ойнап атыр.

Усылайынша Бозатаўдың халқы бүгин таң атқанша тик аяғында турып уйықламады.

Түни менен қонақ күтиў, ойын-заўық пенен машғул болған халық, азмаз көз илдирип алыў ушын таң алдында ғана төсекке жатқан еди.

## 14

Гелди сәрдардың нөкерлери Бозатаў қорғанына жетип келгенде пүткил ел сес-семирсиз уйқыға берилген еди. Көп ўақытлардан бери қорған қурылысынан басқа нәрсени ойламай жабығып қалған халық та, бәрҳама истиң аўыр жағын мойнына алып жүрген нөкерлер де бүгинги тойда әдеўир жазылысты. Байрамдурдының тойы қорғанның питкен тойы менен араласып кетип, Пирим бий нөкерлерге де, халыққа да дебдиўин басып алыў ушын үлкен еркинлик берип жиберди. Қорғанның сыртқы қәндеклери терең, пақшасы бәлент болғанлығы ушын, бул жағынан душпан кириўине қәтержам болды да, алдына жуп дәрўаза орнатып, оны сегиз

жеринен қулыплап, гилтин өзиниң исенимли күйеў баласы Ғәний мәҳремге тапсырған еди.

Ғәний негизи Үстирттен мал урлап келип, оларды сатып күн көретуғын қарақшы еди. Шеп қолына оқ тийип, жараланғаннан кейин бул талапты таслады. Сын келбети келискен адам болғаны менен ушына шыққан жалатай еди. Соңынан молла Пиримниң байдан қайтып келген қарындасына үйленди де, бий әўладларынан мийрас тийип, бирден байып кетти ҳәм мәҳрем дәрежесине еристи.

Тамағы тойған Ғәний буннан басқа да режелерди ойлай баслады. «Пирим бий бар жерде мен енди буннан жоқары мәнсапқа көтериле алмаспан. Оның үстине байдан қайтып келген қатын маған мүнәсип емес. Егер Пана ханға жантассам, ол өз душпаны болған Пирим бийдиң көзин жояды да, бийлик мениң қолымда қалады. Бахытсыз болған қайтпа қатынды үйден қуўып шығаман да, бир жас қызға үйленемен. Оннан кейин дәкең Қоңыраттың ханы болмаған менен, оннан берреги болмай ма?» — деп ойлаған еди. Усындай себеплер менен ол ханға сатылып, алдында турған сол «саадатлы» күнлерди күтер еди. Ҳәмме уйықлап қалған болса да ол бүгин уйықламады. Ғәний өзин халыққа ғамхор етип көрсетпекши болса да, бүгинги мақсети пүткиллей басқаша. Гелди сәрдар әскерлериниң бүгин Бозатаўға жетип келиўинен хабары бар. Пирим бий менен Әжинияз тойдан кейин дәрўазаны бир айланды да:

— Маштақтан хабар бар ма? — деп сорады.

— Ҳәзиринше тынышлық, — дегеннен кейин екеўи де үйлерине қарай кетти.

Оннан бери де әдеўир ўақыт өтти. Ғәний азап пенен түн уйқыны жеңиўге тырысар еди.

Сыртта әлле қандай ат туяғының дүрсилдиси еситилди.

Ғәнийдиң жүреги дүрсилдеп кетти де:

— Кимсең? — деп бақырды.

— Мен Досымман ғой.

— Ким дейди? — деди уйқылы- ояў жатырған екинши нөкер.

Өзимиздиң Досым ғой, бул бәрҳа биймезгил жүреди.

— Усыны бир тәртипке шақырып қоймадыңыз да,



жүз басы аға. Бәрҳа ярым ақшамда жүреди, — деди екинши нөкер тоңқылдап.

— Сениң не жумысың бар? Ол биймезгил жүрсе де бийдиң тапсырмасы менен жүр, — деп оған кейип таслады Ғәний.

Усы ўақытта Ғәний мәҳрем ҳәр бири гөш шабатуғын балтадай белине байлаған гилтлерин қолына алып, тасырлатып дәрўазаны аша баслады. Дәрўаза ашылғаннан кейин мәҳрем жийрен аттың үстинде турған Досым бақсы, оның аррағырағында узақтан қап-қара думандай болып жайылып кеткен есапсыз әскерди көрди. Досым:

— Буйрығыңызды орынладым, жүзбасы аға! — деп ғана үлгерди.

Жерди ләрзеге келтиретуғын үлкен сес пенен ат туяқларының дүбири даланы жаңлатып, узақтағы әскер қуйыны қорғанға жақынлап қалды. Бул есапсыз дүбир, уйқыда жатырған нөкерлердиң де қулағын шыңлатып, кими етигин, кими қылышын, кими атын излеп жүргенде жаўдың басы дәрўазаға келип кирген еди.

— Ўай-ўай! Сәррийип не қылып турсаң Ғәний аға, дәрўазаны бекитсоң-о! — деп есикке келип қалған үш-төрт нөкердиң де бирден басы жумалап түскен еди.

— Жаў келип қалды! Жаў! — Бозатаў қорғаның халқы бул зарлы даўыслардан гүңиренип оянды.

Дәрўаза енди қолдан кеткен. Қорғанның иши ақ шегирмели адамларға толып кетти. Таң пердесин жарып атылған мылтықтың ашшы даўысы, шақ-шақ урылған қылыш «Ўай-ўай, өлдим!» — деп бақырған даўыслар узақ-узақ жақларға тарқалып кетти.

Пирим бий нөкерлери де аяққа турды, лекин таң қараңғысында кимниң ким екенин билип болмайды. Гилкий ақ шегирме, араласып быған-жыған болып кетти.

Қорған ортасындағы алаң өликке толып, ат жүргендей жол болмай қалды. Бул жерде белине қылыш асынған нөкер, ақ шашлы ана, кишкене балалар бәри араласып, жарадарлар ыңыранып, өлим ҳалатында жатырғанлар ашшы даўыс шығарып, ел арасы зарлы сеслерге толып кетти.

Аўыл арасындағы орпаң топырақ қан менен ийленип былшырап қалды. Өлимтикке умтылған ийттей болған нөкерлердиң аяғы да, қолы да, аўзы да қан-

қан. Шала-жансар болып қалған жарадарлар, көзлери аларып «бундай өмирге мың нәлет» дегендей тислерин қышырлатып жатыр. Қылыш пенен шала қырқылған кегирдек қырылдап, тегинликте жанлары шықпай атыр. Жаны шықпай атырған адамлардың алдына келип: «Уай-ўай, аға!», «Уай-ўай, апа!» — деп ҳүрейи ушып еңиреп турған жас балалардың есап-саны жоқ. Шаўып киятырған нөкерлер олардың да басларын қылыш пенен шырпып кетип баратыр. Баланың геллеси әлле жаққа ушып кетсе де, бассыз қалған денеси тырбанлап, қоллары анасының билегин жибермейди. Тап басы болмаса да анасына жәрдем көрсеткиси келип атырғандай жулқылап тартқылап барып, сулық болып қалған дене ҳәлсиз анасы үстине қулайды.

Отаўдан шығар жерде оққа ушқан бир ҳаялдың денеси алдында көк-көнбек болып кеткен емшеклерин уўқалап, бир нәресте жылап отыр. Бул рейимсиз дүньяға нәлет айтқандай, жасқа толы көзлери көгалай көк теңиз.

Таң атыўға жақын душпан және де ҳәдиннен асып кетти. Үйме-үй кирип, қыз ба, келиншек пе, кемпир ме, ғарры ма — ҳәммесин қорған алдындағы алаңға жыйнай баслады.

Күни кеше ғана шадлық ҳәм қуўанышлардың гүўасы болған Бозатаў бүгин қайғы-ғам ордасы болып қалған еди. Жасы жетпис-сексенге келип, күш-қуўаты кеткен ғаррылар бир-бирине асылысып зордан турар, аяғында туралмай қалғанлар жүзбасылар тәрепинен рейимсиз түрде атылар еди.

Дәрўазаға жақын жерде екиге бөлинип кеткен Қудайбергенниң өлиги жатыр еди. Оны әллеким қылыш пенен белинен тең бөлип жиберген. Өликтиң аяқ бетин биреўлер жолдан ысырып таслапты. Бас бети болса бир нөкер менен алысқан түринде солайынша қалыпты. Оның қолы нөкердиң гегирдегине кирип кеткен. Басқыншы көзи аларып бығырлап атырған ўақытта биреў ашыў менен пәтли қылыш урған да, бели үзилип түскен. Душпан гегирдегине өтип кеткен қолы сол турысында қала берген.

Оның берги жағында Жазлықбай батырдың геллеси жумалап атыр. Үмбе-дүмбе өликлердиң арасынан денесин танып болмайды. Оннан бергеректе бет-аўзы қанға боялған Айтмурат дарғаның денеси жатыр.



Қолына қылышты услаўы менен шалқасына қулапты.

Жүзлери қан-қан болып, ҳүрреси ушып кеткен халықты топар-топары менен басқыншылар дәрўазаға қарай айдап өтип атыр.

Әсиресе қыз-келиншеклер көбирек хорлық көрген. Тап қасақана ислегендей, олардың көкириеклериниң ҳәммеси жыртылған, айырымларының көксине қылыш тийген. Жарқыраған қуяшта олардың көкирек алмаларының ҳәммеси көринип турар, уятсыз басқыншы нөкерлер, бул нәзелимлерге рейим келиўи орнына, бирин-бири түртип, ҳәр қыздың көксин көрсетип, ўарқыллап күлиспекте. Екинши сапта турып, тири қалып қолға түскен гейпара Бозатаў нөкерлери, бул дүньяда тири қалғанлығына налып, өзлеринен өзлери пушайман қылар еди.

Гелди сәрдар қолға түскен ер адамларды көзден кеширди де, жарадар болғанлардың ҳәммесин атып таслаўға буйрық берди. Ел арасында ата-анасыз қалып жылап жүрген жас балаларды да аттырып таслады.

Байрамның басшылығында бозатаўшыларға жәрдемге келген алты түркмен жигити де бүгинги саўашта қаза тапқан. Душпан олардың өлигине де тынышлық берместен, қорған алдына алты ағаш тиклеп, ағашларға мыйық пенен қақтырып таслады. Жумагүл Байрамның өлиги алдында жылаған еди. Және бир ағаш көмдирип, оны да тирилей ағашқа қақтырды.

Пирим бий менен Әжинияз кендир арқан менен мықлап байланған. Нөкерлер қатты сабаған болыўы керек, екеўиниң де бет-аўзы қан. Душпанға бенде болған халықтың аўҳалын көрип, екеўиниң де жүреклери езилип тур.

Ҳақ адамлардың қанына қалған еки сатқын Ғәний менен Досым бир үлкен исти бәржай еткендей басқыншылар алдында шарқы пәлек болып жүр. Пүткил халық оларға үлкен жеркениш пенен қарады.

Әсиресе мына еки түлкиге бек болың,— деди Ғәний қара Гелди сәрдарға жақынлап, Пирим бий менен Әжиниязды нусқады.

— Тилегиңизди әлбетте орынлаймыз, бий ҳәзиретлери.

— Бийлик буған түсип қапты,—деди әлле ким.

— Ҳеҳ, түлкилер... Түлкилердиң ким екени белгили болып тур-аў,—деди Әжинияз.

— Қасқырдың баласы ҳеш қандай ийт бола алмайтуғыны сыяқлы, сен де адам бола алмадың,— деди ашыўға буўлыққан Пирим бий.

— Сонша нәрестелердиң ҳақ қаны урар еле, бул ийтти!—деп шуўласып кетти ҳаяллар.

— Ийт болғанда да жақсылық пенен жаманлықты сезер еди. Мени тутқын етип алып атырғанда көк шолақ ийтим бир нөкерди талап таслады. Нөкер оны атып өлтирди,—деди Әжинияз.

— Әжинияз кешир достым, билмеслик менен болды. Мына сумырайдың душпан екенлигин айтқаныңда исенгеним жоқ еди.

— Өткен иске салаўат, енди пайдасыз,—деди Әжинияз.

Басқыншылар бенде болған халықты бириниң изинен бирин шуўлатып айдай баслады. Қолы байлаўлы, халық пенен бирге бенде болып киятырған Әжинияз шайыр көзине жас алып, ғамлы түрде Бозатаў менен хошласты:

Кетер болдық енди бизлер баш алып,
Хош аман бол, бизден қалдың Бозатаў.
Хошласалы қара көзге яш алып,
Хош аман бол, бизден қалдың Бозатаў.

Жер ҳәм ел билəндур, ел ҳәм жер билән,
Жерсиз елдиң күни дәрбе-дер билән.
Өмир өтер жүректеги шер билән,
Қәдириң сениң бизге өтти Бозатаў.

Йоқ едим, бар болдым кәмалға келдим,
Минип әреби атлар, дәўранлар сүрдим,
Наныңды көп жедим, рәҳәтин көрдим,
Хош аман бол, бизден қалдың Бозатаў.

Сен бағ едиң, бүлбил ушты, зағ қалды,
Пүткил сийнем жанды, иште дәрт қалды,
Қыйсық Порқан атаў сени жаў алды,
Басы қутлы, соңы ойран Бозатаў.

Сәҳәр ўақта қырлы дүпен атылды,
Бенде болып түстим, қолым шатылды,
Паридек қыз шоры болып сатылды,
Канизлик башына түшти, Бозатаў.



Кирпиги—оқ, аның қашлары қаман,
Йүзлары—қырмызы ҳүршийдин табан,
Лайли-Зулайхадай не гөззал жаңан,
Әсир болып қолға түшти Бозатаў.

Тәғдир—аллададур, себеп—Қоңыраттан,
Бийреҳим Сейилхан деген елаттан,
Айра түштиң ашамайлы-қыяттан,
Елатсыз, жайлаўсыз қалдың Бозатаў.

Зийўарың хошласар қәдириңди билип,
Көзини яшартып, бағрыны тилип,
Аман болса ҳал сорасар бир келип,
Хош аман бол, бизден қалдың Бозатаў.

—деп жүрек баўыры еңиреген шайыр көп ўақытларға шекем көзиниң жасын тыя алмады.

Басқыншылардың бир топары «Қыйсық Порхан»дағы жайылып атырған малды айдап келип аламанға қосылды. Нөкерлер ойнап-өскен жерин қыймай муңлы хошласып киятырған зарлы халықты Үргедеги теңиз етегиндеги жол арқалы айдай баслады. Үргеден өтер жердеги тар соқпақта күн батты, бозатаўшылардың аўҳалын сезген пүткил Мойнақ халқы жәрдемге келген еди. Олар таў басынан тас ылақтырып, тасада турып шаныпқы түйреп әдеўир қарсыласса да, жаў көпшилигин билдирип, алдырмады.

## 15.

Арадан еки күн өткеннен кейин Бозатаўдың аянышлы аўҳалға түскен халқы Қоңыратқа айдап алып келинди. Олар ҳәдден зыят қорланған, душпаннан көп азап көрип, бет-аўызлары қанға боялып, кийимлери жыртылып кеткен. Бул мүсәпир бийшаралардың усы дәрежеде азапланыўына не себеп болғанын ҳеш ким түсинип жетпес еди.

Жол бойында ушырасқан жарлы дийқанлар булардың аўҳалына қатты ашынған болса, байлар:

—Әне, еркинликти әрман еткен шабазлардың аўҳалына қараң. Ханға, байға қарсы шығыў қудайға кесек атқан менен барабар,— деп ғарқылдасып күлер еди. Дәўлети қайтқан пышық көз Пана хан да елден жуда болып баратырған бул бийшараларға саясын салмады.

— Мәртлигиңе қайылман, Гелди сәрдар!—деп ғарқылдап күлди, ол баспашыны марапатлап.

Пана хан бул турысында, ертең өзиниң аўҳалы булардан да бетерирек болыўын ҳасла сезбес еди.
Бенде болған халықтың алды Қоңыратқа келип кирген болса да, соңы еле қаланың сыртында киятыр.
Ханның жумылып кеткен көзлери енди ғана қоллары кендир жип пенен байланып, бетлерине қан қатып қалған молла Пирим менен Әжиниязға түсти.
Әжинияз ханға жеркенишли түрде бир қарады да:

Қасқалдаққа бир ағары май питсе,
Ғарқылдасып қонар көлин таңымас.
Патшаның дәўлети қайтайын десе,
Көзине май питип, елин таңымас!

—деп қосық оқып жиберди. Пана ханның жүзи қуўарып, дөгерегине жалтақлады.
Гелди Әжиниязды бузаўтил қамшы менен тартып жиберген еди, қамшының орны тилинип, қып-қызыл қан ағып кетти. Хан буған мәс болып күлди.
— Қыяттың жаңадан болған бийлери қайда?—деди Пана хан жән-жағына қарап.
— Ҳүзириңиздемиз тақсыр,— деди Ғәний мәҳрем менен Досым бақсы екеўи бирден тәжим етип.
— Рахмет әзизлерим, сизлер үлкен ис көрсеттиңизлер.
— Ғәний бий,—деди хан. Бенделер арасында ҳаялыңыз бенен еки балаңыз бар екен. Алып қалыўыңызға рухсат етиледи.
— Ол ҳаял енди маған керек емес,— деди Ғәний қара бирден. Бирақ еки баламды алып қалсам болады.
Усылайынша ол Гүлбазардың етегине асылып турған еки нәрестеге қол салды. Әкесин еки күннен бери басқыншылар арасында көргени ушын ба, баллар шыңғырып Ғәнийдиң қолын тислеп алқараған етти де қайтадан анасына барып жабысты. Буған ғәзеби келген ол:
— Гөр болың!—деп сөгинди де, бенде болған халық арасынан Мәҳийда сулыўды сүйреп шықты.
— Енди мениң ҳаялым усы гөззал болады, хан ийем.
— Өлсем өлермен-дә, бирақ саған ҳаял бола алмаспан ҳүждансыз!—деди буўлыққан Мәҳийда.



Гүлбазар шөжедей шүйкилдесип, етегине асылған балаларын баўырына басып:
— Досларым-аў, сур жылан қушағында болғанымды усы ўақытқа шекем билмеген екенмен ғой?!—деп ениреп жиберди.
Буларға тилеклеслик билдиргендей теңселисип, толқынласып кеткен халық енди Гүлбазарды да, оның балларын да Ғәнийден жасырған сыяқлы көрсетпей таслаған еди.
Тап усы ўақытта күтип турғандай Досым бақсы да Ҳүрзаданың шашынан сүйреп, сыртқа шығарды.
Булардың ҳәрекети ҳаял таңлаўдан көре, сойыслыққа мал таңлаўға көбирек усап кетти. Әжинияз бенен Пирим бий бул қорлықларды өз көзлери менен көрип турса да айқасыўға дәрмансыз еди. Емиренип, өз муштларын өзлери кемириўи менен зордан ортада теңселип турып қалды.
Тағангелди сәрдар бул бенде болған халықты Иранның қул базарына апарып сатыў ушын жарлық алды да, тоз-тоз болған халықты қаладан айдап шыға баслады. Өз туўылған жерин, елин таслап кетиўге көзи қыймаған халық зары менен пүткил Қоңырат гүңиренип кетти. Олардың арасында әсиресе қызлардың муңлы хошласыў қосықлары қулаққа тал-тал еситилетуғын еди. Қызлар жүрегинен шыққан:

Есаўаслар дәл бедеўди сабалар,
Жорға минген төрт аяғын тағалар,
Бизлер кеттик баспашының журтына,
Орнымызға пияз егиң ағалар!—деп айтылған

зарлы қосықлар жүреклерди езип жиберди. Пүткил Қоңырат халқы үйлеринен шығып, нөкерлер қоршаўында баратырған ериксиз халық пенен үнсиз хошласты.
Өз заманынан қорланып, муңлы аўҳалға түскен, теңиздей теңселген халық әстен-әстен жылжып, қаладан шығып кете берди. Ел басшысы болған бети шыжықтай Пана ханның бул зарлы халыққа ийнедей рейими келген жоқ...
Бозатаў халқы айдалып кеткеннен кейин Мәҳийда менен Ҳүрзада пүткиллей өзгерди. Олардың расы ма, яки жин урып кетти ме, ҳеш ким түсине алмады. Қыз-

лардың екеўи шақалақлап күлип, Ғәний менен Досымның мойнына алма-гезек асылып:

— Қәне беглерим, бизлерди отаўға баслаң!—деп илме султан сөзлер айтар еди.

Биреўлер:

— Бийшаралар ақылынан азыпты,—десе:

Екинши биреўлер:

— Қатынның ақылы аз болады, деген ырас-аў. Әкешешелери бенде болып айдалып баратырғанда булардики не, шағал мәслик?—деп ҳайран болмақта еди. Бирақ арадан бир күн өтпей атырып-ақ, бул ўақтыхошлықтың сыры ашылды.

Ғәний менен Досым бақсы Қоңыраттан өз алдыларына отаў тиктирип, еки сулыўды өз қушағына алған түни-ақ, көксилерине қанжар шаншылған ҳалда отаўдан өликлери алып шығылды. Өз мақсетлерин орынлаған еки қыз да ертеңине ушты-күйди жоқ болып кетти.

Усы қанлы ўақыялар даўам етип атырған мәҳәлде капитан Алексей Бутаков басқарған рус флотилиясы Мойнаққа келип лангер таслаған еди. Бир нешше мыңлаған Мойнақ халқы теңиз жағалаўына шығып, рус матросларына кими балық, кими гөш, кими отын алып келип берип, гүнасыз айдалып кеткен Бозатаў халқына жәрдем бериўди өтиниш ете баслады.

Капитан Бутаков тийкарсыз бенде болған халыққа жәрдем бериўге тилек билдирип, Әмиўдәрья арқалы Қоңыратқа қарай жол алды.

## 16.

1859-жылы 24-июльде. Бозатаўдың халқы айдалып кеткеннен кейин Қоңыратта үлкен ўақыя жүз берди. Әмиўдәрья арқалы Қоңыратқа капитан Алексей Бутаков басқарған «Перовск» пароходы келген еди. Дәрьяның жағасы шаўқым-сүренге, ояқтан-буяққа жүўырысып жүрген адамлардың бала-шағалардың қыйқыўларына толып кетти.

Капитан Бутаков елшилик дәстүри бойынша жағаға ақ байрақ қадаған еди, бирақ келип түскенине әдеўир ўақыт болыўына қарамастан Пана хан суднодан хабар алмады.

Дәрьядан бир шақырым аррағырақта басларына



гилкий ақ шөгирме кийинген нөкерлер сап тартып турар еди. Бул мыңға жақын нөкер Таллық дәрьясының берги жағында пайда болды. Бир нешше мәртебе пароходқа ҳүжим жасаўға урынды. Бирақ судноның топларынан қорықты ма, және кейинге шегинген еди.

Бул жағаның халқы корабльди биринши көргенлиги ушын ҳәммеси шегирткедей болып, дәрья бойына өрип шыққан. Оны ҳәдден зыят кәраматлы бир нәрсе есаплап, айрым адамлар қой, ешки жетеклеп келип, корабльге жақынлап баўызлай баслады. Бундай нәрсени өмиринде көрмеген рус солдатлары пүткиллей ҳайран еди. Корабль әтирапында жас балалар, кемпирғаррылар менен егеде адамлар толып кетти. Ҳәтте солдатлардан да жасқанбастан, жас босаналмай жүрген айырым келиншеклер, кемеге сыйынып, маңлайларын, еринлерин тийгизип, түсиниксиз бир нәрселерди тилеп атырған сыяқлы еди. Соңынан берилген буйрыққа байланыслы солдатлар адамларды кеме әтирапынан айдай баслады. Оренбург генерал-губернаторынан жәрдем сорап, Пана хан үш мәртебе хат жазған болса да, бүгин ол неликтен де пароходқа келмеди.

Арадан бир нешше саатлар өткеннен кейин, судноға Пана ханның исенимли адамларының бири Шанияз беглер беги бес-алты атлы менен бирге жетип келген еди.

Пароходтан ең дәслеп басына ақ шапка кийген, үстинде зер жағалы жипек кител, өңиринде жарқырап турған алтын крест ордени бар, белин жез қайыс пенен беккем буўған, қадди-қәўмети тик, көкшил көзлери ойшаң, жағы сүйирлеўден келген, кишкене ғана жарасықлы мурты бар, орта жасларға барып қалған бир офицер түсе баслады. Бул усы флотилия командири капитан Алексей Бутаков еди. Оның изинен азмаз аралық сақлаған ҳалда және бес-алты киши офицерлер түсип келе баслады.

— Қоңырат ханлығының сыртқы ислери бойынша арнаўлы ўәкили, Шанияз беглер беги.

— Капитан Бутаков,—деп офицер оның қолын қысты. Соңынан: Его превосходительство от генерала—губернатора,—деп айтты да Бутаков шыйыршықланған қағазды Шанияздың қолына тутқызды. Шанияз бул қағазды ашқан жоқ, шеп қолына аўыстырды да:

— Жақсы келдиңиз бе, капитан жанаблары?— деп күлимсиреди.

Бутаков бул сөздиң мәнисине түсинген жоқ. Жақын келип қалған офицерлер арасынан әлле кимди излей баслады. Офицерлер буны түсинип, изде турған қарапәреннен келген унтер офицерге жол бере басланды. Муртлары жаңа ғана тәп берген офицер формасындағы жас бир қазақ жигит ортаға шықты.

— Как приехали? Спрашивает ваше благородие.

— Аа... Хорошо! Хорошо!

Буннан кейинги сөзлердиң ҳәммесине жас қазақ офицер дилмашлық етип кетти.

Шанияз өз-ара сөйлесип болғаннан кейин, ханның офицерлерди қонаққа шақыратуғынлығын айтты.

Бутаков үш офицерди суднода қалдырды да, қалғанларын фаэтон арбаға мингизип, Қоңыратқа алып кетти.

Пана хан капитан Бутаковты кеўилли түрде күтип ала алмады. Бул жерлердиң Хийўа ханлығының қол астына өткенлигинен рус елшилери де хабарсыз еди.

Сонлықтан да аўқат үстинде арнаўлы сөйлесиўлер басланбастан, еки ел арасындағы елшилик пикирлер ертеңге қалды. Буның үстине Пана хан сөйлесиў апарыўға таяр емес еди. Ол бул ҳаққында сарай әмелдарлары менен пикирлесиўи керек еди. Өз-ара сөйлесиўлер ертеңине азанғы шайдан кейин басланды.

— Уллы мәртебели хан ҳәзиретлери, енди мәқсетке көшсек?—деди Бутаков.—Император ҳәзиретлери сизиң бизден жәрдем сорап жазған өтинишиңизди мақуллайды. Бирақ сиз бир нәрсеге ыразы болыўыңыз керек. Биз Мойнақтан рус саўда кемелериниң қәўипсизлигин тәмийинлеў ушын порт жасамақшымыз. Бул жерден Бухара, Бадахшан, Аўғаныстан ҳәм Индияға баратуғын суў кәрўан жолы ашылыўы мүмкин. Қарақалпақлар тийкарынан дийқаншылық, шарўашылық, балықшылық ҳәм аўшылық пенен күн көреди. Шығыс кәрўан жолы сизлердиң үстиңизден өтсе ҳәр қалай жаман болмаса керек.

Бул сораўға хан жуўап излеп атыр еди, Айтхожа бий жүйриклик етти.

— Ғәплетте қалмаң, хан ийем. Орыслар Мойнақты, Әмиўдарьяны алса, өзимизге не қалады?—деди.



— Аўа хан ийем, бий дурыс айтады,— деп сарай әмелдарлары шуўласып кетти.

Пана хан узақ ойланып отырды да:

— Капитан жанаблары, бул пикирге соңынан жуўап бериўге туўра келеди.—деди.

— Хан ҳәзиретлери, бизден жәрдем сорағанда қандай тилеклериңиз бар?

— Баслы тилегим, мениң бас душпаным болған Хийўа ханлығын жоқ қылып берсеңиз.

— Сонда бизиң ҳүкиметимизге қандай пайда келеди?

— Егер жеңип шықсақ, урыстан түскен олжаны бөлисемиз.

— Жоқ, бул келиспейди,—деди Бутаков.—Егер биз Хийўа ханлығының байлығына қызығатуғын болсақ, сизден рухсат сорамай-ақ урысқан болар едик. Саўашларда тең ҳуқыққа ийе болыўға сиз еле әззисиз. Сизиң ҳәммеси бир полктан ибарат ғана нөкериңиз не болады? Ал, биз болсақ сизге жәрдем берип, шығыс кәрўан жолымызды нығайтыў ушын келген едик. Оның үстине сизиң жерлериңиз еле изертленбеген. Жериңизден қазылма байлықлар табыўға жәрдем берер едик.

Пана хан бул усынысқа да жуўап бере алмады.

Капитан Бутаковты түстен кейин Атамурат ханның ўәкили қабыл етти.

Атамурат ханның ўәкили Пөкки сардар гәпти көп созып отырыўды қәлемейтуғын адам еди. Соның ушын да ол хан кеўлиндеги гәпти айтты да қойды.

— Мен дүньядағы үлкен ханлықлардан бири Гөне Үргениш ханлығын қурмақшыман. Маған Шаўдыр менен Текелерди бойсындырыўға жәрдем бериңиз. Рус патшасы егер бул тилекти орынласа көп муғдарда алтын, пада-пада мал, ҳәтте бенде болған халықлардан ҳаял-қыз ҳәм ер адамлардан қул айдатып жиберемен, деген Атамураттың пикирин айтты.

Капитан Бутаков Гелди сәрдар нөкерлерине бенде болған Бозатаў халқының тәғдири менен де қызыққан еди. Бирақ булардың ҳәммеси ханға жаман атлы болып, сырт еллерге сатылып жибергенлиги ҳаққында хабар берди.

Рус елшиси турмысқа көз қарасы оғада әззи бол-

ған бул еки хан менен де келисе алмаслығын сезген еди. Соның ушын бул жерде алты күн тоқтап турды да, Әмиўдарьяның өрине қарай жүзип кетти.

Халық Бутаковты үлкен ақ кеўиллик пенен күтип алған еди. Оның матросларын жетерли муғдарда азық-аўқат, сүт, қатық ҳәм гөш пенен тәмийинлеген еди. Пароход ушын бир неше арба сексеўил алып келип берди. Бул ўақыядан хабардар болған Пана хан русларға сексеўил алып келип берген жети адамды өлимге буйырды.

Қаншама ҳийлекер болғаны менен Пана хан узақ жасай алмады. 1859-жылы август айында оның геллеси алынып, орнына Мәтмурат бий Қоңыратқа ҳәким болып тайынланды. Және Ҳәбибназар жаршының:

Адамлар!

Таўға питкен бадамлар!

Еситпедим демеңлер, уллы хан, ҳәзирети Султан. Хийўа тахтының тиреги, Сайд Муҳаммед хан халыққа он тилладан салық салыўды буйырды!—деген сөзлери Қоңырат көшелеринде жаңлап еситиле баслады.

Бир неше ай даўамында «Бозатаў» жабынан қып-қызыл қан ағып турды да, бирден батыл болып қалды. Бул жерде өскен дақыл да, терек те, урық та, сүйрик те ҳәммеси узақтан тап қан менен суўғарылғандай қып-қызыл болып көринетуғын еди.

Еле елде «хан салығы» деп перзентлерин тартып алыў тоқтатылмаған. Ел арасы перзентлеринен пүткиллей айрылып қалған аналардың ҳәсирети, зарына толып кеткен. Муңлы ата, зарлы ана, қамсығып жылаған қыз, жәбирленген жас жигит—ҳәммеси енди Әмиўдарьяға қарай көз тигер. Баспашыны баспалатып, ханды албыратқан сол бир қудиретли пароходтың және айланып келиўинен үмит күткендей, долы дәрьяның жағысларына телмирип қарайтуғын еди.



# ПОВЕСЬЛЕР

МОСКВАДАН КЕЛГЕН ҚЫЗ
ИМТИХАН
МЕРЎЕРТ МОНШАҚЛАР
БАХТЫҢ БОЛСЫН, АРЫЎХАН

## МОСКВАДАН КЕЛГЕН ҚЫЗ

*Т. А. ЖДАНКОға*

Мен оның менен Ленинградтағы халықаралық симпозиумда ушырасып қалған едим. Сол күни дүньяның алпыстан аслам мәмлекетинен көрнекли илим ғайраткерлери жыйналып, бул тюркологиялық симпозиумда лингвистлер менен бир қатарда әдебиятшы ҳәм тарийхшылар да бар еди. Бурын бундай салтанатлы илимий мәжилисте қатнаспағаным ушын, әсиресе шет елликлер алдында сөз сөйлеп атырғаным есиме келип, әдеўир қысынғаным еле ядымда.

Кешқурын мийманханаға келгенимнен кейин, ресторанға барсам ба екен?—деген қыял ойымнан өтти. Мениң менен бирге жататуғын якут жигити, усы жерде оқып атырған инисин көрип келмекши болып, политехника институтының жатақханасына кеткен. Ал, мен болсам бөлмеде жалғыз өзим қалып пүткиллей зериккен едим.

Усылайынша коридорды жағалап киятырсам есикти ашып қойып, кофе ишип, китап оқып отырған бир ҳаялға көзим түсти. Ол да мени тап бурыннан-ақ күтип отырғандай түр билдирип, китаптан жүзин бурып, қолындағы стаканын столға қойды. Солай болса да оған қарай бериўди ерси көрип, жөниме кетип баратыр едим, ол бирден мени шақырды.

— Мүмкин бе жолдас, бери келиңиз.

Илим адамлары бир-бири менен сырласқанды жақсы көреди. Соның ушын да жасы тәўирақққа барып қалған бул ҳаялдың белгили илимпаз екенлигине гүманланғаным жоқ.

Әстен ғана кирип бардым. Өз көзиме өзим исенбеймен, шынында да бул Татьяна Михайловна еди. Оны дәслеп танымай қалғаныма әдеўир қысынып та қалдым. Бул данышпан ҳаялдың пүткил өмири Қарақалпақстан менен байланыслы екенлигин билетуғын едим. Ол барлық нитасын қарақалпақ тарийхы ҳәм этнографиясын изертлеўге бағышлаған болып, ҳәр бир тарийх китабында оның сүўретин көриўге болар еди. Соның ушын да бурын ушыраспаған болсам да оны дәрҳал таныдым.

— Сәлем Татьяна Михайловна.

— Сәлем.

Ол биринши ушырасыўымыздан-ақ, мениң илимий мийнетлери арқалы таныйтуғынлығыма гүманланған жоқ. Себеби, ҳәр қандай қарақалпақстанлы илимпаз оны таныўға тийисли еди. Татьяна апа әдеўир қартайыпты. Солай болса да жүдә қуўнақ. Үстинде жағасына қарақалпақша нағыш салынған көйлеги бар еди. Жақында университеттиң тарийх факультетиниң қызлары, этнография кружогин шөлкемлестирип, қызлар қолынан миллий нағыш ойылған көйлекти Татьяна Михайловнаға саўға етип жибергенлиги ҳаққында еситкен едим. Сол усы көйлекпекен?—деп те ойланаман.

Татьяна Михайловна, мени ең қәдирдан қонағы сыпатында қарсы алды.

— Қарақалпақстан қалай?

— Ол, тапып болмаслық дәрежеде өзгерип кеткен.

— Солай болыўы керек. Мен ол жерде ең биринши рет 1924-жылы болған едим.

— Билемен, шөгирме кийип түскен сүўретиңиз бар.

— Бай-бай, ол жыллары қандай қыйыншылықлар болды. Машина жоқ, жол жаман, пүткил Қарақалпақстанды ешекли гезип шықтық. Ешектен жығылып, ийиним шығып кетип, Төрткүлдиң больницасында жатқанман. Ҳәзирги әўладқа бул ҳаққында айтсақ тап ертектей көринеди. Нөкис болса ол ўақытта бир поселка типиндеги қала еди. Ал, ҳәзир белгили қалалардың бирине айланған. Қарып қалдық балам, ўақыт өте берер екен, ал адам қартайғанын билмес екен. Расын айтсам, мен қарақалпақлар этнографиясын изертлеп, жүдә дурыс ислеген екенмен. Ҳәзирде әдетим сондай, Қарақалпақстаннан ким келсе де, оның менен бир жазылысып сөйлеспей, кеўлим орнына түспейди. Бағана докла-

дынды тыңладым. Жақсы шықты, бирақ айырым кеңейтиў керек жерлери бар екен. Қарақалпақлар өзи кишкене халық болғаны менен тарийхы үлкен. Мен Қарақалпақстанды пыяда айланып, ҳәр бир үйинен дуз ишкен адамман. Олар сондай ақ көкирек. Соның ушында революциядан бурынғы дәўирде сыртқы душпанлар менен феодаллардың зулымынан әдеўир қорлық көрген.

Бул саўлатлы ҳаял шынында да қарақалпақлар тарийхының үлкен шежиреси еди. Мен оның сөзлерин үлкен дыққат пенен тыңлап отырған болсам да кеўлимде басқаша бир сезим оянды. Бул Татьяна Михайловна ҳаққында жазыў нийети еди. Татьяна апа қарақалпақлар арасына биринши келген рус қызы, соның менен бирликте ең дәслепки илим қарлығашы.

Сөз бүгинги тыңлаған илимий докладлар ҳаққында баратырған еди. Солай болсада оның сөзин бөлиўге мәжбүр болдым.

— Татьяна Михайловна, егер илажы болса, дәслепки Қарақалпақстанда болғаныңызда бастан кеширген ўақыялар ҳаққында айтып берсеңиз. Билесизбе? Бул жүдә зәрүр. Мен сиз ҳаққында жазбақшы едим.

— Оҳа, еле жазыўшылықтан да хабарыңыз барма? Онда жүдә жақсы болды. Шынында да бул қызық тема. Буннан он жыл бурын бир жазыўшы меннен бул ўақыяларды сораған. Неликтен де жазбай кетти. Ал, сизиң жазыўыңызға мен исенемен.

— Татьяна Михайловна, сизден өтинемен. Ҳәмме ўақыяны толық баянласаңыз. Бул детал ушын зәрүр.

Ол күлип жиберди.

— Жазыўшы ушын турмыстағы факттың ҳәммеси зәрүр. Жаслық, муҳаббат... Демек, сиз мениң ол ўақытта жас қыз екенимди нәзерде тутып отырсыз ғой.

— Таптыңыз.

— Солай екен, ҳәммесин айтып беремен, жасырмайман. Жазыўшылар ўақыяның керекли жерлерин ғана алады, оны түсинемен.

Татьяна Михайловна өзиниң жаслығы менен байланыслы болған ўақыяларды айтып бериўге асықпады. Ол дәслеп, әллеқандай қыялларға берилген ҳалында орнынан турды. Стол алдында бир ноқтаға тигилип бир майдан турды да, соңынан ояққа-буяққа жүре баслады. Айнаның бир қапталы ашылған болып, оннан



түнги Ленинград, Невский проспекти ап-анық көринип турған еди. Тап оның дыққат берип турғанын сезгендей сырттан шыққан музыка ҳаўазы ҳәўижге минер, соңынан кем-кемнен пәсеңлеп, скрипка ҳаўазы узақлап баратырған сыяқлы.

Ол узақ турды. «Бул жас жигитке бастан өткен ўақыяларымды баянлап не қыламан?»—деп ойланып тур ма, я болмаса сюжетлерди ретлестирип отыр ма, ол жағын биле алмадым. Көп ўақытларға шекем ол да үндемеди. Мен де «илла» деп аўыз ашпадым.

Ақыры ол стол әтирапына айланып келди.

— Демек жазбақшы екенсиз, мен айтыўға тийислимен.

Ол және өзинше күлимсиреди.

— Жүдә қызық ўақыялар болған...

Татьяна Михайловна усылайынша маған Совет властының дәслепки жыллары Қарақалпақстанда болған бул әжайып ўақыяны сөйлеп берген еди.

* * *

Расын айтсам Қарақалпақстанға келиўге мениң өзим қуштар болған едим. Университетте жазған лекцияларымыздың биринде: «Қарақалпақлар түрк тиллес халық. Арал теңизиниң бойында жасайды»,—деген сөзлер жазылған еди. Мен жаслайымнан теңизди көриўге ҳәўес едим. Сол себепши болды ма, яки басқа себеби бар ма? Ол жағын билмедим. Мениң илим дүньясындағы дәслепки адымым Қарақалпақстаннан басланған.

Бизлер үшеў едик, үшеўимизде уўыздай жас, жақында ғана Москва университетин питкерген едик. Биринshимиз орта бойлыдан келген, толық, қой көзли, қап-қара шашлары кейинге қарай қайтарылып, толқынланып туратуғын, бәрҳама күлимсиреп жүретуғын Дәўлет деген жигит—түр-түси де, келбетинде Орта азиялықлардан ҳеш бир аўмайды. Анасы рус қызы, әкеси түркмен. Ата-аналары айырым себеплер менен Ашхабадтан Москваға көшип барған. Түркмен ҳәм өзбек тиллерин жақсы билетуғын еди. Ол илимнен көре басқа жумысты жақсы көретуғын еди. Соның ушын да кейинги дәўирде пүткиллей илимнен суўысып кетти. Ол



бул ретте экспедициямыздың тил изертлеўши ағзасы болыў менен бирге, дилмашлық ўазыйпаны да атқарыўға миннетленген. Екиншиси бетинде билинер-билинбес ғана сепкили бар, жиңишкеден келген көк көз сары бала—Коля. Маманлығы бойынша түрк тилин изертлеўши. Ол жақында Стамбулға бармақшы болып жүр еди. Бирақ, неликтенде бизиң экпедициямызға қосылды. Коля минези жағынан Дәўлетке пүткиллей қарама-қарсы, көп сөйлегенди жаман көреди. Поезда да, пароходта да бөлегирек жер таўып алып, өзинше қыялларға бериледи. Ол ҳәтте бир күн удайына бир отырыста қыял сүрип отырыўға жалықпайтуғын жигит.

Экспедицияның үшинши ағзасы өзим, маманлық жағынан этнограф.

Төрткүлде он күн болғанымыздан кейин, және жолға шыққан едик. Төрткүл байларынан конфискаланып алынған гүлмыйықлы ат арбаның биреўи бизлерге тийискен.

Наркомның өтиниши бойынша биз экспедицияны Шымбай қаласынан баслаўымыз керек еди. Арбакештиң айтыўына қарағанда Шымбай жердиң түби. Оған жетиў ушын еле бир нешше күн керек усайды.

Қаладан шығыўымыз бенен-ақ орпаң топырақлы жол басланды. Жолдың еки әтирапы қалың тереклик, гейде тереклер сийрексип, узақ-узақлардан аўыллар көринеди. Бәри де ылайдан салынған там, есик алдында әўдийген шертеклери бар. Қапталында тап бизиң арбакештиң шөгирмесине уқсаған бирли ярым қойыў саялы тереклер көринеди. Бундай теректи олар «гүжим» деп атайтуғын усайды. Ол ўақытлар Қарақалпақстанның жолы тынышсыз еди. Кулаклар еле сапластырылмаған. Ел ишинде еле баспашылық, бандалық ҳәрекетлер бар еди. Экспедиция ағзаларын қәўипсизлик пенен тәмийинлеў ушын нарком қолына қурал берип, Төрткүл гарнизонынан бир Урал казагин қосқан еди. Аты Петр. Олда онша сөйлей бермейтуғын сөзге дым шорқақ киси екен. Не сорасақта тек «аўа», «жоқ» дегеннен басқа сөздиң басына бара алмайды. Өзи балықшы ма билмедим, гейде кеўли жәмленген ўағында:

Әй гөззал! Жағаға шық,
Балықшы ярың келди.—

деген русша қосықты өзинше ыңылдап айтып отыратуғын еди.

Төрткүлден бизлерди алып киятырған Мурат деген және бир арбакеш жигит бар. Өзи сондай сада, ҳәр қандай сөзге де исене береди. Жасы мениң менен қатар болыўы керек, үстине бөзден тигилген көйлек, басына ғаўдыйған шөгирме кийип алған. Өзи еле жас болса да кийген қурашы ғаўқыйып, узақтан әдеўир егеде адамға усатып көрсетип турады. Рус тилин жақсы билмеседе, ҳәзилкеш, қатты хош ҳаўаз, қарақалпақша қосықты әндазасын келистирип айтады. Жүдә қызық жигит, қамыстан сырнай соғып шертеди. Жаптан ат суўғарып атырған жерде муштай ылай алып, ушпелек дейме-аў, әйтеўир таңсық бир музыка әспабын соғып, шертип берип, бизлерди таң қалдырған.

Дәўлеттиң оның менен таныcқанына онлаған күн болыпты. Муратты ол ҳәмме ўақыт «шайыр» деп шақырады. Соған қарағанда шайырлықтан да хабары бар қусайды. Устазлар тапсырмасы бойынша мен Төрткүл қаласы жанындағы «Гүлдирсин» қорғанын көриўге тийисли едим. Бул ҳаққындағы аңызды Төрткүлден жазып алған едим.

«Ҳәзир дийўаллары унырап, қулап қалған бул жер, бурын Гүлстан атлы бир үлкен қала екен. Моңғолларға берилмеў ушын қалада алты ай қамал болған. Азықаўқат запаслары таўсылып, халық ашлыққа гириптар болса да, душпан менен қасарысып, алты айға шекем қаланы қолдан бермей қаҳарманлық пенен қорғап турған екен. Ел аштан қырылыў ҳалына келгенде, кәтқудалар ойланып, ҳәр үйде қалған бир ўўыс дәнди жыйнап, бир өгизге жегизип, дәрўазадан сыртқа шығарып жиберген. Дәнге жарылып өлген өгизди көргеннен кейин, моңғоллар «бул қаланы енди ала алмаймыз» деген пикир менен, әскерге кейин қайтыўға буйрық берген. Бул аўҳалды сезген патшаның қызы Гүлдирсин, моңғол шахзадаларының бириўине сыртынан ашық болып, пүткил елди сатыў дәрежесине шекем барады. «Және бир күн иркилсеңиз қала өз-өзинен бериледи»,—деген мағанада хат жазып, хатты садақтың жебесине орап, сыртқа атады. Буны оқыған Шахзада, әскерлерге және бир күн тоқтаўға буйрық береди. Ертеңине қала душпанға береди. Шахзада: «Әй, ата-анаңа, ўатаныңа опадар бола алмаған нәмәрт қыз, маған опадар ҳаял бола алармедиң»,—деп ат қуйрығына сүйретип өлтиреди. Соннан баслап, бул қаланы таслап, адамлар тумлы-тусқа көшип кеткен».

Арбамыз Гүлдирсинге жақынлағанда, усы ўақыя есиме келип, дым жылағым келип кетти.

Қарабаханаға айланып қалған бул ески қорған жүдә тыныш еди. Қапталларын тегислеп, пахта егип жиберген. Колхозшылар пахта кетпенлеп жүр.

Үстинен бир арба жүрип өтерликтей қалың дийўаллар, көп жыллардың тарийхын айтып, муң шертип турар еди. Гүлдирсин алдында мен узақ ойланып қалдым «Әй, ессиз қыз, қылыш көтерип келген душпанда қандай муҳаббет болар еди. Халық ҳәм ўатан муҳаббети алдында, сениң жеке делбешилигиңниң қандай қәдири бар. Елинди, ата-ананды, ар-намысыңды сатып, дүньядан қандай муҳаббет излемекшисең».—деген сөзлерди қайта-қайта сыбырланып айтқым келе берди.

Аўа, шынында да «Гүлдирсин» пүткил дүньядағы сатқын қызлар өмиринен қалған бир тамға еди. Қарақалпақ халқының бул атты жаман көргенлиги сонша, ҳәтте ярым әсир аўыл аралап жүрип, қызына «Гүлдирсин» деп ат қойған адам ушырата алмадым.

Екинши барып көрген ески қорғанымыз «Қырқ қыз» тарийхый шынлығы жағынан Гүлдирсинге пүткиллей қарама-қарсы. Бул жерде өзиниң қырқ канизеги менен душпанға қарсы гүресип, өз елин қорғаған Гулайым исимли перийзаттың атын еситтим. Таң қалатуғын жерим сол, бул ҳақыйқый амазонкалар дүньясы еди. Қарақалпақ халқының бул ҳаққында мийрас болып қалған үлкен «Қырқ қыз» атлы эпосы да бар.

Расын айтсам бул кең саҳараны жайлаған кишкене халықтың үлкен тарийхы төбе-төбе болып көз алдыма келер еди.

Шаббаздан өтемен дегенше онша қыйналғанымыз жоқ, бирақ Қара таў жолы әдеўир машақатлы болды. Қаладан шыққанымыздан соң ақ, тап аспанының арқа кеңислигин қаплаған қойыў бултқа усап, таўдың сүлдери көринди. Бир мезгил жол жүргенимизден кейин, ол тап қамары қозының терисиндей жолақ-жолақ болып ҳәр түске дөне баслады. Жақынлаған сайын бул тутас

көгис сызық жоғалып, тау жыралары ҳәм үңгирлери менен алмасты. Тау қол созса ғана жететуғын жерде турғандай, бирақ сонда да жеткизбей киятыр.

Усылайынша бизлер Қаратауға жетпей-ақ жолда қондық. Бизде дала шараятына ийкемленген палатка, азық-аўқат, қазан-ошақ, табақ-қасық, шәйнек-кеселер бар еди. Шынында да жаздың күни таза ҳаўада түнеў бизлер ушын да анағурлым қолайлы болса да бул ақшам Петр уйықлаған жоқ. Оған Султан Уәйс әтирапын мәканлаған Мәтназар баспашының тодасы ҳаққында хабар берилген. Баспашылар Қара таўда сонша көп пе? Ким билсин? Бирақ солай болса да, бизлер жүдә тыныш уйықладық.

Ертеңине азаннан баслап Қара таў сапары басланды. Бул жол тап «Әжел көпири» сыяқлы, ҳеш ким «илла» деп аўыз ашпады. Қосықты жаңлатып, жолды өндирип киятырған Мурат та сам-саз. Ал, Петр болса гезеде отырған мергендей жән-жақты шолып қараў менен отыр. Бизлерге таў қызық болғаны менен оның үстинен өтиў жүдә қараңғышылық болды. Таў бийик емес. Үсти қыйыршық тас болғаны менен, жанбаўыры күл рең топырақ, таў қапталынан ат шаўып өтиў де мүмкин усайды. Қара таўдың ең қорқынышлы жери «Уры сай» екен. Тап усы жерге келгенде таў таң қаларлық дәрежеде екиге бөлинген. Яғный үлкен аңғар таўды бөлип өтипти. Бурын бул жер дәрья болып, таў ортасынан ағады екен. Ҳәзир ҳеш қандай суў жоқ, дәл ортасы жол. Усылайынша дәрьяның аңғары үлкен сайды пайда еткен. Баспашылар усы жерде бекинис жасап, жолдан өткен адамларды талайды екен. Соның ушын да бул жер аты-жөни жоқ, «Уры сай» болып атанып кеткен.

«Уры сайға» жақынлағанда ҳәмме қорқа басладық. Петр қолына мылтығын алып, бес жүз метрдей алдында жүрди. Мурат та қолына қуралын алды. Ал, бизлер болсақ сес-семирсиз отырмыз. Сайға жақынлағаннан баслап-ақ, ат туяқларының даўысын еситип, оннан бетер ҳүрремиз ушты. Таў жанбаўырында шаўып баратырған үш атлыны көзимиз шалды.

—Бахтымыз бар екен, қашты,—деди Петр.

Шамамда Петрдиң қызыл әскер формасында болғанлығы оларға әдеўир тәсир жасаған. Оны қызыл әскерлердиң қараўылы болса керек деп ойлаған.

Күн сәске ўақтында Қара таўдан төмен түстик. Жүрип киятырмыз, жүрип киятырмыз. Жол сирә таўсылар емес. Меңиреў дала, еспе қум, шыжғырған күн. Арбаның гүпшеги де майланбаған екен, шыйқылдап мийимизди тесип баратыр. Бундай жағдайда Мурат та әдеўир қысынып қалады. Ал, бизлер болсақ оны қысындырмаў ушын, арбаға итибар бермеген болып, басқа гәп таўып гүрриңлескен боламыз. Арба бизлерге әжетленип, оннан сайын шыйқылдысын күшейтеди. Мурат бундай жағдайда арбаны тоқтатып гүпшекке суў серпеди. Арба азғантай ўақыт тынады да, қайтадан «ўаңғырлысын» баслай береди. Төрткүл жолында суў да қәҳәт. Таўдан түскеннен кейин, ушы-қыйыры жоқ жазықлық, жери бийик болғаннан кейин суў келмейди екен. Соның ушын бул жерлерде отырықшы ел көрмейсең. Тек анда-санда ғана шопанлардың қоқырайған отаўлары көринеди. Жолдағы қудықлардың арасы жигирма километрден аз емес. Суўы салқын, дәми жақсы, ишсең мийиңди қандырады. Жолда буншама көп суў керек болатуғынын ким билипти. Бир қумры суўдың бир мезгилге мурт май болатуғын түри жоқ. Ишкен сайын кеўип баратырмыз. Мурат суўды териден исленген үлкен бир қалтаға қуйып алады. Оннан бәрҳәма ашыған айранның ийиси келип турады. Ол жолда бир шопанның үйине иркилип, шерим қапшықтағы суўдың үстине бир табақ айран қуйып алды.

—Енди усыннан ишсеңиз, шөллемейсиз — дейди.

Мураттың айтқаны туўры болып шықты. Айран араластырылған суў шөлди басады екен.

Күнниң ыссылығына басымыз аўырып, арбаның ҳәр мүйешине жыңғылдан таяқша байлап, үстине шатырды жаўып, саяман етип алдық. Бул ақылдың бурыннан есимизге келмегенине күйип-писип киятырмыз.

—Бул ақыл бурыннан-ақ есимизге келген, — дейди Мурат. Арбаның үстине шатыр орнатсақ, баспашылар бизди сезип, изимизге түседи. Бул жерлерде баспашы жоқ. Соның ушында шатырлы арба менен жүрсе болады.

Және бир қызық жери, бизлер Петрден басқамыздың ҳәммемиз шөгирме ҳәм шапан кийип алған едик. Себеби бул кийимлер бизлерди айырым ишки душпанлардан

сақланыўға жәрдем беретуғын еди. Оннан тысқары шөгирме күн өтип кетиўден сақлар еди. Бизлер үшеўимиздиң басымызда да көк қозының терисинен тигилген шөгирмелер болып, оғада жарасықлы еди. Сөзден сөз шығып Дәўлеттен сорадым.

—Мурат ырастан да шайыр ма?

—Болмаса ше? Қаншама таланты бар. Егер бул жигит университетте оқығанда, Маяковский болмаған менен оннан берреги болар еди-дә.

Неликтен де Мураттың шайыр екенлиги мени көбирек қызықтырып қалды. Оның менен сөйлеским, пикирлеским келе берди. Ал, ол болса жүдә тартыншақ. Русша билмегенине уяла ма билмеймен, оншама ашылысып сөйлей бермейди. Соншама сөйлеспекши болғанымда, оннан еситкен гәпим:

—Сен очень красивый қыз болған, — деген сөзлер еди.

Оның бул гәпи маған унады, әлбетте. Сонда да оның менен және де сөйлеским келип, Дәўлетти дилмашлыққа шақырдым.

— Мурат, сени жигитлер шайыр дейди ғой, бир қосық оқып бериң

— Әй, шайырлық бизге қайда? Бабам үлкен шайыр болған. Еситиўимше үлкен шайырлар менен айтысқа түскен.

—Айтысқа.

—Аўа. Айтыс, билесиз бе, айтыс бизде өнер. Палўанлар күш пенен жығады. Ал, шайырлар болса сөз бенен.

—Сөз бенен. Сонда бир биреўине хат жазып айтыса ма?

—Жоқ. Мерекеде, сол отырған жеринде айтыса береди. Олар қосықты қағазға жазып отырмайды, дәсме-дәс айтысқа түседи. Және бир-бирине хат жазып айтысатуғын шайырлар да болған.

—Қызық екен.

—Ал, мени болса шайырлық емес, мәзи бир ермек ғой. Бизде қызға төрт қатар қосық жазып бере алмаған адамды жигит есапламайды. Соның ушын бизге усаған шайырлардың хәр аўылдан он-жигирмасын таўып ала бересең. Шайыр деп бизде жүдә данышпан адамларды айтады. Мәселен: Бердақ, Әжинияз... Олар менен жарысыўға бизге жол болсын.



—Хәр қандай қызға да қосық жаза бересең бе?

—Жоқ. Мәселен, унаса?

—Мен саған унайман ба?

Ол алтақтадан бурылып, маған жалт етип қарады. Көз нурынан әллеқандай шахмақ шағылып кеткенин көрип, ықтиярсыз жерге тигилдим.

Мурат сол турысында узақ ойланып қалды. Шамамда, ол меннен бундай сораўды күтпеген. Соның ушын да, боза ишип мәс болған бир меңиреў адамға усап қалған еди. Қулласы екеўмиз де қолайсыз жағдайда қалдық. Шынында да бул жерде Дәўлет епшиллик етти.

— Неге унамасын. Айнаға қарап өзиңди бир көрдиң бе Тоня. Айдын көлдиң қуўынан бир де кем емессең ғой. Бундай далада Мурат түўе, саған Демонның өзи де ашық болып қалар. Бос келме Мурат, Татьянаға қосық шығар.

Мурат бир майдан үнсиз отырды да маған қарап, бир куплет қосық айтты.

Жүрегим парт болды да күйип қалдым,
Гөззаллыққа басымды ийип қалдым.
Сулыўлықта теңи жоқ, рус қызы,
Татьяна мен сени сүйип қалдым.

— Молодец! Онегин болып кет достым.—Дәўлет қосықты қол шаппатлап қарсы алды. Қалай да бул қосық қасымдағылардың хәммесине әдеўир тәсир жасады. Ал, мен қосықты түсинбегеним ушын, не деримди билмей үнсиз отыра бердим. Соңынан Дәўлет қосықты аўдарғаннан кейин барып, оның мәнисине түсиндим.

— Енди жуўап қайтар,—деди Дәўлет.

— Мен не деймен, шайыр емеспен.

— Онда болды, этнограф, сен жеңилдиң. Енди Муратқа турмысқа шығыўың керек.

— Қалай?

— Қалай болатуғын еди, булардың дәстүри солай ғой. Қосық айтысында жеңилген қыз, жигитке турмысқа шығыўы керек.

— Хәзилиңди қой,—дедим, мен оған.

Усылайынша жолымыз да әдеўир өнип қалды.

Түстен кейин Петр менен Коля арбада киятырып уйықлап қалды. Дәўлет болса мүлгип киятыр. Ал, мен

болсам, улыўма күндиз уйықлап үйренбегенмен. Мурат та сергек.

Төрткүлден қиятырганнан бери бул жигит маған жумбақ еди. Биреў усыныс жасамаса өзлигинен сөйлемейди. Жүдә әдепли, бирақ билими аз. Өзин тутыныўы, кийиниўи таза, адамлар менен сөйлескенде жүдә әлпайым еди. Дәўлетти жәрдемге шақырдым да ойларымды баянладым. Себеби мен Муратқа саўға бермекши болдым. Ақыры ойланып оған көсемимиз В. И. Ленинниң сүўретин көрсеттим:

— Мурат, маған қара, мына сүўреттеги ким?

Ол көп ойланып турған жоқ.

— Ҳаў, бул Ленин атам ғой. Төрткүлде Наркомның кеңсесинде оның үлкен сүўрети бар. Мен ҳәр күни оны көрпүге барамаи.

— Мен бул сүўретти саған саўға қылмақшыман. Көсем дийдарын досларыңа таныстыр.

— Рахмет! Әлбетте таныстыраман,—деди ол сүўретке узақ тигилип ҳәм қол шаршысына орап, қалтасына салып қойды.

— Мен билемен,—деди ол. —Орыслар жүдә ақыллы халық болған. Бийшара, жайы жәннетте болғыр бабам байғус айтып беретуғын еди. Дүньяда орыс деген халық бар, илими кән. Оны бул дүньяда ҳешбир душпан жеңип көрген емес. Бабамыз Маман батыр да оның патшасынан жәрдем сорап, Петербургқа барған. Бабам бийшара: Бизге де кереги—сол «ҳақыйқатлық, ҳүждан» —дейтуғын еди. Соның ушын да ол орысларды «ҳүждәнлы адамлар» — деп талай мәртебе тәкирарлаған. Оның айтыўына қарағанда ҳақыйқатлықтың өзи де орыслар тәрепинде усайды. Сонлықтан да оған ҳәр қандай душпанды жеңетуғын қурал берген. Аспанды да, суўды да өзиң басқарасаң «айырпалан», «карабил» деген ушатуғын, жүзетуғын сыйқырлы затлар ислеп берген. Олар айырпаланда қустай ушады, карабилде балықтай жүзеди. Пүткил бир қаланы тийеп алып жер үстинде шабатуғын «темир тулпар» дегени де бар дейди. Сол ырас па?

— Ҳәммеси рас.

— Бирақ сениң түсинигиң басқаша.

— Неге?

— Неге болар еди, бунда ҳеш қандай сыйқыр яки қүдирет жоқ. Түсинесең бе, бул илим. Илимди тереқ ийелеген халық, ҳәмме ўақыт алда болады. Мурат, сен жүдә садасаң. Егер оқып билим алғаныңда сеннен әлбетте данышпан шыққан болар еди.

— Әй, бизге ондай данышпанлық қайда?

—Шын сөзим, егер оқып билим алсаң, сеннен оғада талантлы адам шығады.

— Таня, маған Ленин батыр ҳаққында айтып берсеңиз. Оның бир өзи мың душпанды жығады дейди ғой.

— Ленин мың емес, нешше миллионларды жыққан. Ол ҳәммеден де күшли. Билесең бе? Оның күши қайда? Идеясында. Аўа, идеясында. Мәселен, сениң атаң өмиринше қой бағып өтти. Бир мәрте қарны тойып аўқат жеди ме? Оның бир жыллық хызмети ушын жигирма қой тийисли болатуғын болса, неге тек бир ылақ берди. Не ушын, ол бай отырған жерде бирге отырыўына ҳуқықы жоқ. Мәселен, сен әпиўайы арбакешсең, неге өзиңди басқалардан төмен санаўың керек. Себеби, сениң бурынғы жасаған жәмийетиң солай үйреткен. Арбашы болсаң, арбакештиң қызына үйлениўиң керек. Басқа атақлы адамлардың қызына үйленсең жазаға гириптар боласаң.

Ал, Ленин ҳәмме адамлардың ҳуқықы теңдей деп есаплаған. Ҳәр қандай адам өз қәлеген кәсиби менен шуғылланыўға праволы. Қәлесең илим үйрен, данышпан бол. Егер оған уқыбың болмаса басқа маманлық пенен шуғыллан. Арбакеш бол, инженер бол, әйтеўир елге ҳадал хызмет ет. Қайсы кәнигени ийелесең ерк өзиңде, елиңди гүллентиў ушын хызметиңди аяма. Бул ҳақыйқатлық, соның ушын да ҳәмме қуўатлаймыз. Лениниң күши де сонда. Ол дүньядағы ҳақыйқат ушын болған гүрестиң жеңимпазы. Соның ушын да оның идеяларына пүткил прогрессив адамзат садық. Адамлар арасында бир-биреўин айырып туратуғын парық жоқ. Бирақ ҳәр қыйлы тәрбияланыў бар. Ал, сени терең билим берип тәрбияласа, келешекте бир академик болып шығыўыңа ким гүманланады.

Революциядан бурын халықтың үштен бир бөлеги мийнетсиз жатып ишетуғын байлар еди. Олар әлбетте саған усаған адамлардың мийнетинен күн көрди. Ал, Ленин болса, жасы жетпеген балалардан басқасының ҳәммеси мийнет етиўге миннетли,—деп үйретти.

Биз тарийхтан билемиз, көп ғана мәмлекетлерде артта қалған еллерге қызығыўшылық болған. Олар көп жерлерди күш пенен басып алып, халқын қул етип езген, жер асты байлықларын өзлери ушын пайдаланған.

Ал. Ленин болса бизге, өзиңнен кишкене халықларға дослық қолыңды бер, билмегенин үйрет, өмирдиң мазмунлы, раўажланыў жолларын көрсет,—деп үйретти.

Соның ушын да ҳәр қандай адам дүньядан өз орнын табыўы керек. Илимге уқыбың болса изертле, художник болсаң сүўрет сал, муғаллим болсаң басқаға үйрет, врач болсаң адам емле, қурылысшы болсаң жай сал, арбакеш болсаң арба айда, қулласы қандай кәсипте болсаң да ҳадал исле. Бул кәсиплердиң ҳәммесиниң түйини бар, Ўатанға хызмет етиў.

Бизде адамларды классқа бөлип қараў жоқ. Арбакеш пенен академик бир табақтан аўқат жеп, пикирлесиўге ҳақылы.

Ҳәр қандай халық өзиниң терең билимли интеллигенциясына ийе болыўы керек. Билимсиз дүньяның раўажланыў заңын билиў мүмкин емес. Билим жоқ жерде раўажланыў да болмайды. Биз сизлерде илимниң ашылыўына жәрдем беремиз. Оны даўам етиўши миллий кадрлар керек болады. Соның ушын да сизге усаған жаслардан бир нешшеси Москвада барып оқыса, билим алса шеп болмас еди. Соның ушын да сеннен өтинишим, Мурат, Москвада барып оқы.

— Мен-ә, меннен қандай илимпаз шығыўы мүмкин.

— Шығады. Москвада шығыс халықлары ушын таярлық курслары ашылған.

Мурат узақ ойланып кетти. Ол енди пүткиллей жолды көрмес, жолдың гедир-будырлары сезилмегендей өз ойлары менен бәнт еди. Аттың шылбыры да алтақтаға түсип кеткен, әлле жақларды шарлап, Москваның көшелеринде жүрген сыяқлы. Әтирапы зәўлим жайлар, қолына китап услаған қыз-жигитлер ағымына қосылып, мрамордан салынған бәлент бир жайға кирип баратыр. Соның арасынша артынан:

— Мурат,—деп әлле ким шақырды, қараса Таня екен. Ол күлимсиреўи менен енди ғана қызға қәдем таслаған еди, әллеқандай даўыс оның қыялын бөлип жиберди.



— Неге турып қалдық.—Бул Петр ағайдың даўысы еди. Мурат тап қалғып кеткен адамға усап есин жыйнады. Ат арба жолдың ернегине келип тоқтап қалғанын енди сезген еди.

Дәрҳал шылбырды қолға алды да:

— Әй, шуў жәниўар!—деп атқа қамшы урыўы менен болды.

Қыпшақта маған бир мезгил иркилиўге туўра келди. Тарийхта ири қәўимлерди өзине жәмлестирген IX—XII әсирде қыпшақлар, XII—XIII әсирде маңғытлар, қоныратлар деген ири қәўимлер бирлеспелери бар. Булар өз дәўиринде ҳәтте халық дәрежесине ерискен. Түрк тиллес халықлардың ерте дәўирдеги ата-бабаларынан болған бул үлкен үш қәўимниң Қарақалпақстанда үш районның атын ийелегенлиги мени әбден таң қалдырған еди. Мураттың еплеп хат жазатуғын саўатының болғанлығы маған жүдә жақсы болды. Оның жәрдеминде Қыпшақлар ураны Тоқсабаның» келип шығыўы ҳаққында аңыз бенен Бердақтың «Шежире»синен айырым үзиндилер жазып алған едим.

Неге екенлигин билмеймен, мен Муратты күннен-күнге өзиме жақын тута басладым. Баспашылар ҳәрекетинен қорыққанымыз ушын, биз көбирек аўылға жақынламастан тоғай арасында яки болмаса даланың көзге көринбейтуғын ойпат жерлеринде қонатуғын един.

Қонған жеримизде шөпшек терип, отын таярлаў Мураттың ўазыйпасына кирер еди. Соңынан мен де оған жәрдем бере басладым. Гейде тоқтаған жеримизде отын табылмай алыслап кететуғын ўақытларымыз да болды. Бундай жағдайда Мурат оғада кеўилленип кетеди. Тап мени көрип жүрмесе, пүткиллей жасай алмайтуғын адамдай телмирип, неге екенин билмедим, маған бир аўыз сөз айтыўға да батына алмай атырғандай түр билдиретуғын еди. Шатырға келгенимизден кейин, ондағы бул көринислер пүткиллей жоғалады. Дәўлет пенен Коляны көргеннен-ақ ол ҳеш нәрсеге қызықпайтуғын меңиреў бир адамға усап қалар еди.

Күн батайын деп турғанда дала тәбияты қандай гөззал болады. Бундай ўақытларда Дәўлет, Коля үшеўимиз бир-биреўимизди қуўып ең қызықлы

ойынлар ойнаймыз. Жас жигит болғаны ушын Мураты да ойынға шақырамыз, бирақ ол көнбейди.

— Жүр, бирге ойнаймыз. Оның қолынан тартаман. Ал, ол болса, тап қолын темир пешке басып алғандай бирден секирип кетеди. Соңынан ортада лал болып турып қалады. Буны мен соңынан билдим. Шығыс халықларының тәртибинде қыз бенен, ер баланы он жасынан баслап, бир-биреўине қоспай бөлек сақлайды екен. Соның ушын да жигитке қыз қолын услаў, ең үлкен әрман. Бул хәр қандай жигитке тек үйленген күни ғана несипететуғын бахыт екен. Мураттың еси енгели берли услап көрген қыз қолы да мениң қолым болып шықты.

Ел тәртиби бойынша атастырып қойған жигити алдында, қыздың қолынан басқа жигиттиң услаўы, ямаса мағаналы түрде қараўына хеш қандай ҳақы жоқ екен.

Мурат Төрткүлден шыққанымыздан баслап-ақ, қасымдағы еки жигиттиң қайсы бирине мениң атастырылғанымды билмей ҳайран еди. Екеўи де бирге оқыған досларым болғаны ушын бир мәмледе ҳәрекет жасар еди.

Муратта хеш бир түсинип болмайтуғын әллеқандай жасырын бир муҳаббеттиң оянып атырғанлығын сезер едим. Ол неликтен де өзиниң маған болған муҳаббетин Коля менен Дәўлеттен сыр сақлаўға урынар еди. Жазыўшылар: «Муҳаббет—дослықтан басланады»,—дейди, дурыс гәп. Ал, мениң Муратқа болған ықласым дослықтан көре жоқарылап баратырған сыяқлы. Бирақ, не деген менен, Қарақалпақстанға келе сала, бир арбакеш жигитти сүйип қалыўыма сирә исенгеним жоқ. Бул муҳаббет емес, бәлки жулдызы бирге келип қалған қыз бенен жигит арасындағы өткинши самал болса керек,—деп ойладым.

Бирақ «айды етек пенен жаўып болмас екен». Бул ҳәдийсени бизиң жигитлер де сезип:

— Алла бәрекелла,—деди бир күни Дәўлет мени шетке шығарып алып.—Мурат сени жақсы көрип қалыпты.

— Қойшы сен де, қаяқтағыны таптың-аў. Саған айтты ма?

— Жоқ. Ҳәммемиз бир жерге жыйналып, шай ишкен ўақытларда бир итибар берип көрдиң бе? Не ишип,



не жеп атырғанын өзи де билмейди. Сеннен көзин ала алмайды, бийшара.

— Сонда неге, бир аўыз сөз айтпайды?

— Орта Азияда муҳаббет хеш қандай сөз бенен аңлатылмайды. Олар муҳаббет сөз бенен айтылса, қәдири кетеди,—деген түсиникке ийе. Соның ушын да олар көбирек көз-қарасы, сыртқы ҳәм ишки эмоциясы арқалы аңлатады.

—Қызық екен?!

— Не қызығы бар, сени жақсы көрип қалған, ўәссалам!

Қарақалпақлар—көп ғана турмыс даўылларын басынан кеширген, бирақ жазба тарийхы сақланып қалмаған ел еди.

Нөкисте халық шежиресин билетуғынлар әдеўир көп болып шықты. Олардың айтыўына қарағанда бул халық әййемги дәўирден баслап-ақ, Хорезмде жасаған, соңынан Дон дәрьясының бойына көшкен. Едил менен Жайық дәрьясы жағаларын жайлаған. Қырымда болған, әйтеўир шым-шытырық ўақыялар менен араласқан еди. Түп бабамыз ноғайдан айрылады, бабамыз Ормамбет бий өлгеннен кейин ата журты Түркстанға көшкенбиз, оннан және айланып Хорезмге келдик,—дейди. Ал айырым шежирешилер өзиниң бабаларын Огуз ханның уллары Сейилхан менен Жайылғаннан айырады. Сейилханнаң—түркмен, Жайылғаннан қарақалпақлар тараған дейди. Гейпаралары: «Түп бабамыз Майқы бий, оннан Қазақ, Созақ, Узақ деген балалар туўылған. Қазақ ҳәзирги қазақлар, Созағы—бизлер, Узағы—қырғызлар деп шубыртып кетеди. Үшинши бир ғарры қызыл кегирдек болып оның сөзин бөледи.

— Садаған кетейин, Майқы бий ҳәзирет еки ҳаял алған. Биринши ҳаялынан Қоңырат пенен Мүйтен, екинши ҳаялынан Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт деген балалар туўылған, қарақалпақтың еки арысқа бөлиниўи соннан,—деп шыр-пыры шығады.

— Бабамыз Печенег болған, саўашта душпанынан жеңилип, көп қырғын болғаннан кейин, басына қара кийипти, соннан «қарақалпақ» болып кеткенбиз—дейди және биреўлери.

Әйтеўир аты қарақалпақта шежире көп. Оның

қайсы бири дурыс, қайсы бири надурыс, аңлаў қыйын. Қайсысын көрсең де бабасының төркинин жүдә узақтан баслап, қыян-кески болып атырғаны.

Шежирешилердиң екинши топары өзлериниң келип шығыў тарийхын Ҳаўа енеден баслайды. Қарақалпақларда бурын аналық заманының ҳүкимранлығы болған усайды. Олардың айтыўынша қарақалпақтың тийкарғы теги Арыўхан менен Айшолпан. Халықтың ерте дәўирдеги ханы менен бийи де, әскери де ҳаяллардан болған. Буған мысал ретинде «Қырқ қыз» дәстанын көрсетеди де, еркеклер ҳүкимранлығы жақын жылларда болған деп баянлайды. Тарийхта матриархат заманының естелиги «амозонкалар» болған. Ал, амозонкалардың қарақалпақлардың түп дәреги екенлигине ҳеш исенгим келмейди.

Халық арасындағы ҳәр қандай орта жастағы адам жети атасын билетуғын болып шықты. Бул демек еки ярым әсирге шамалас тарийхты биледи деген сөз. Мениң сезгеним сол, бул халық еки арыс, алты қәўим ҳәм тоқсанға жақын майда урыўларға бөлинеди екен. Және бир характерли жери, урыўлар өз-ара қыз алыспайды. Бул биологиялық жағынан жақсы. Сонда бул халық дарвинизмди түсинген бе екен? Әй, яқ олай емес шығар деп ойлайман. Усылайынша бул халықтың өтмиши мени әдеўир қызықтыра баслаған еди.

Нөкисте бизге көп иркилиўге мүмкиншилик болмады. Ол ўақытлары Қарақалпақстанның ең ири қалалары Төрткүл, Шымбай, Қоңырат ҳәм Хожели болып, Нарком бизге экспедицияны Шымбайдан баслаўға өтиниш еткен. Буның бас себеби, Шымбай ески қала болыўы менен бирге, жергиликли халықтың орайласқан жери болып, тил ҳәм этнографияға тийисли материаллардың көпшилиги сол жерде еди.

Нөкис әтирапы қум араласқан шыйыршық тас. Арбаға әдеўир жеңиллик пайда болады. Бир мезгил жүргенимизден кейин-ақ тәбият пүткиллей өзгерди. Қаратаўдан шыққаннан бери көзимизди қамастырып киятырған тас аралас қум кем-кемнен жоғалып, көп-көңбек егисликлер менен алмаса баслады. Жол ат омбалап жүретуғын борпаң топыраққа айланған. Арбаның дөңгелегинен топырақлар суўдай болып ағады. Узақ-узақларда ырғалысқан қамыслықлар көринеди. Соған



қарағанда бул жерлерге көл жақынболыўы керек. Бир қапталдан пышық мурны батпайтуғын қалың тоғай басланды. Ишинде қандай аңлардың бар екенлигин ким билсин?! Жолдың оң жағы егисликлер, гейде баслары шөгирмедей болып, қара думан қаплаған гидиман қара таллар, оның астына сыбайласып қонған шоқ аўылларға көзиң түседи. Аўылдың ҳәр жер, ҳәр жеринде әндамлы нағышланып тигилген отаўлар бар. Үйлерге кирип, материал жыйнайық десем, Петр рухсат бермей киятыр. Отаўдың дөгерегинде басына пөпекли тақыя кийип алған кишкене балалар өрден-ыққа жуўырысып жүр. Аўылдан узағырақта жайылып жүрген мал, қозы, ылақлар көзге тасланады. Атызларда болса қолына бел, кетпен алған шөгирмели адамлар ағараңлап көринеди. Бул жердиң суўы жүдә мол екен. Ҳәр жер, ҳәр жерде салма, ояқтан-буяққа ағып, ғарқаллэзий болып атыр. Суўы мазалы, бирақ қарақоқшыл, ылай араласып ағады екен. Мурат ылай суўды да тартынбай ише береди. Ал, бизлер болсақ бурыннан соңғы бундай суўға үйренбегенликтен ише алмаймыз. Төрткүлден алып шыққан қумырымызды суўға толтырып алғанбыз. Арбаның шайқатылыўы менен ылайланып, ол да қара батпақ болады да турады. Гейде арбаны тоқтатып, тындырып ишиўге мәжбүр боламыз.

Балықшы қыз ҳаққында қосық айтыўында гәп бар екен. Петр ағай нағыз балықшы болып шықты. Төрткүлден алып шыққан кишкене ғана торы бар. Атқа дем берген ўақытлары Мурат екеўи салманы бир майдан сүзеди де, бирталай балық алып келеди. Нағыз сазан балықтың қандай болатуғынын мен сол сапары Қарақалпақстанда көргенмен. Тутқан балықларды тазалап, гейде кишкене қазанға асамыз, гейде қақ жыңғылға илдирип алып, дузлы шеребе қуйып, отқа иселеп кабап етип жеймиз. Расын айтсам, мен өмиримде бундай мазалы балық жеп көрмеген едим. Айырым ўақытта, жол бойында көл көринип қалса, Петр әлбетте арбаны тоқтатады.

— Несийбени таслап кетиўге болмайды,—дейди ол күлимсиреп. Расында да барып көрсек, бул көл емес, балық сақланатуғын ҳәўиз сыяқлы, көл ернегинде-ақ арқасын көрсетип жүзип жүрген ыбыр-жыбыр балық-

ларды көресең. Петр бундай жағдайда бир қулаш ғана келетуғын кишкене шанышқысын алып, иске киритеди. Балықлар жүдә көбейип кетип, гейде дузлап алған ўақытларымыз да болды. Арбаның соңына кесе ағашлар қойып, жайып таслаймыз. Арқадан самал болса, арбада балық ийиси сасып, бетлетпейтуғын еди. Базда балықтың қызығына берилип, бир мезгил қалып кеткен ўақытларымыз болған.

Сол жыллары Қарақалпақстан қусларға дым бай еди. Жолдың бойы сары шымшық, мәдде ҳәм бөденелерге толып кетеди. Олар неликтен де адамлардан қашпайтуғынына ҳайран қалатуғын едим. Тоғайдың суўға жақын жерлеринде шоқтай ғыжлап қырғаўыллар жайылып жүретуғын еди. Я адамларда қурал жоқ па? Қырғаўыл атып атырған кисини көрмейтуғын едик. Қырғаўыл деген қус мениише таўыстың бир түри болса керек. Сондай сулыў жәниўар, мергенлердиң қалайынша көзи қыйып, ататуғынына ҳайрансаң.

Бизиң Петка ағай да аңшы екен. Бир сапары тоғайға кирип кетип, еки қоян, үш қырғаўыл атып алып келген.

— Қандай сулыў қус, қалайынша көзиң қыйып аттың?—деп жылап жибергенмен сонда.

— Дүньяда гөши буннан мазалы қус жоқ,—дейди Петр. Мазалы болса мазалы шығар. Бирақ мен сол сапары қырғаўыл гөшин жемегенмен. Ол қусты жақсы көрип қалғанлығым соншелли, пәрлерин жыйнап, Москваға алып барған едим. Айтпақшы, мен соңынан қырғаўыл гөшин жеген екенмен. Бул жерде маған қырғаўыл гөшин, таўық гөши деп палаўға салып берген. Сонынан билсем баратуғын жеримизде қырғаўыл асылатуғын болса, Дәўлет пенен Коля үй ийелерине «таўықтың гөши»,—деп айт,—деп ескертеди екен.

Халқабадтан өткеннен кейин, жол ҳәрекети көбейди. Арбаларына өгиз, ешек қосқан дийқанлар, арқасында қоржын бөктерип алған селкилдек шөгирмели ғаррылар, гә пыяда, гә атлы, ешекли жол тартып киятырған жаслар көзге түсетуғын еди. Гейде арбаларды толтырып, көкireклерине үўдыр-жуўдыр теңге тағып алған қызлар топары өтеди. Олар тойға ма, яки әллеқандай жыйынға ма баратырған сыяқлы. Теңгелер гүмис күлкилерине қосылып сыңғырлайды. Ор-



тасында узын ҳалқа таслап, басын ҳайўанқаслап ораған қыз женгеси, дүркин-дүркин қызлар қоршаўында өтип баратырғанын көрдик. Гейде үстине ақ көйлек кийип, белине пөпекли жипек жип белбеў байлаған, аяғында сықырлаған хром етик, басына шапка кийинген жигитлер өтетуғын еди.

Бизлер Халқабадқа жақынлағаннан баслап-ақ басларымызға тағы сол қурашларды кийип алғанбыз. Себеби, бул жерлерде Хан мақсым менен Бала бийдиң бандалары бар екенлиги ҳаққында Төрткүлде хабарландырылған. Соның ушын да бизлер Төрткүлден Зайырға кетип баратырған бир урал казагиниң семьясы сыпатында едик.

Қәўипли жағдайлар көп ушырасты. Гейде большевиклер бизлерди Зайырдағы Анненков тодасының қалдығы сыпатында тутты. Бундай жағдайларда ҳүжжетлеримизди көрсеттик. Ол ўақытларда ел арасы алғаў-далғаў болып, большевиклер арасына кирип алған айырым кулаклар жасырын ҳәрекетететуғын еди. Соның ушын да ел арасында бирден сырды ашыў қорқынышлы еди. Биз Халқабадқа жақынласқанда усындай бандалардың бир группасына жолыққан едик. Бесатар асынған гилкий шөгирмели адамларды көргенимизде жанымызды қоярға жер таба алмай қалдық. Арба тоқтағаннан кейин, олардың дәслепки сораўы:

— Қай жақтан шықтыңыз, қай жаққа баратырсыз?—деген сөз болды.

— Төрткүлден шықтық, Зайырға баратырмыз,—дейди Дәўлет.

— Не мақсет пенен?

— Заман натыныш болып қалды, мал-мүлкимиз конфискаланды. Енди ағайин излеп Зайырға баратырған ноғайлармыз,—Дәўлет өзлерин «Уралский» деп атаған менен бандалардың исенбеслигин сезер еди.

— Абулғазы Баҳадырхан өзиниң «Шажраий таркимасы»нда қарақалпақларды ноғай менен ағайин халық деген. Соған бинаан туўысқанларды излеп киятырмыз,—деп қосып қойды.

Баспашылар баслығы әдеўир ойланып қалды да, бир нәрседен сетем алды ма, тез атларын жылаўлады.

Тазғарадан өткеннен кейин бир белсендиниң үйин-

де азмаз тынығып дем алғымыз келди. Белсендиниң аты Жумабай болып Қарақалпақстанда совет властын орнатыў ушын гүрескен ески большевиклерден екен. Наркомның өзиниң хат жазып бериўине қарағанда исенимли адамлардың бири болса керек.

Соншама жол жүрип шаршағаннан кейин, ҳәммемиз де бир қолайлы жер таўып, тынығып алғанды жақсы көрер едик.

Жумабайдың үйине келгенимизде күн батыўға жақынласып, аспанның батыс жийеги, тап өрт тийгендей қып-қызыл болып сағымланған, өристен киятырған маллардың мөңиреўи, қозы-ылақлардың маңыраўы, аўыл ишин улы-шуў қылып жиберген еди. Күн азмаз салқын тартқан, батыстан жағымлы самал есип, қара тал шақаларын ояқ пенен буяққа шайқалтпақта. Ылайдан орташа етип салынған жайдың алдындағы шертек қапталындағы ошақта бир кемпир қолына шөмиш пе, кепкир ме бир нәрсени алып гүйбенлеп жүр.

Үйдиң қарсы алдында салма. Еки бойы сығасқан қатара тал. Жайдың қапталы көп-көңбек егислик. Қара тал саясына, аўзы жолға қаратылып орташа бир отаў тигилген. Отаўдың жабығы түрилген болып, ыбыр-жыбыр нағыслары көзге тасланады.

Арба үйдиң алдына келип тоқтады. Қорадан бир үлкен көк ийт шығып, шабаланып үре баслады. Кемпир арбадан түсип атырған бизлерди көрди де:

— Қутлыаяқ! Жит, жит!—деп ийтти қуўған болды. Соңынан қолын гөлегейлеп, бизлерге қарады. Ҳеш биреўимизди танымағаннан кейин, ҳайран болып, бир орында турып қалды.

— Саў барсыз ба, шеше?—деди оған Петр ағай.

— Саламат бол, балам.

— Жумабай қайда?

— Ҳәзир ғана усы жерде еди.

Соның арасында Жумабай аға да келип қалды. Ол орта жасларға барып қалған, көринисинен жүдә айбатлы, муртлас киси еди. Петрди бурыннан таныйды екен. Екеўи апақ-шапақ болды да қалды. Бизлер менен сәлемлесип болғаннан кейин отаўға баслады.

— Хош келипсиз мийманлар, отаўға мәрҳамат,—деп атыр.

Бул мениң қарақалпақ отаўында биринши болыўым еди. Отаў иши салқын. Түңлик пенен сыртқы жабықты ашып таслаған. Шаңарақтан аспан тап көккөңбек гүмбездей болып көринеди. Төрдеги ашық керегеден узақ-узақлардан булдырап дала сахнасы көринер еди. Долы самаллар жағымлы көк шөп ийислерин алып келди.

Ортада әташтан, қыр дөгерек шыпта, оның үстине кийиз, оның үстине ҳәр қыйлы қурақ көрпешелер төселипти.

Жумабай аға бизлер менен бир майдан сөйлесип, сорасып болып сыртқа шығып кетти. Жигитлер өз-ара сөйлесе баслады. Ал, мен болсам өз пикирим менен өзим бәнт едим. Ырасын айтсам мени ҳәр қыйлы нағышлар қызықтыра баслаған еди. Отаўды ким соққан болса да жүдә қунт пенен соққан. Кереге ҳәм уўықлары тегис, бир қыйлы ағаштан жонылыпты. Үстиниң ҳәммеси кийиз бенен жабылып, сегиз жерден жипек пөпекли шашбаў салбырап тур, төртеўи жоқары, төртеўи төмен. Керегениң сыртынан еки қатар нағышлы белбеў жүргизилген. Усындай белбеўлердиң енли биреўи, уўықтың тутасқан жеринде де бар. Сондай әпиўайы, бирақ нағышлары қудирет, қараған сайын көздиң жаўын алып баратыр. Петр «ақ басқур», «қара басқур» деген сөзлерди айтады. Оны мен онша түсинип отырғаным жоқ.

Оң қапталында көрпе-төсек тақланған сандық. Ондағы нағышлар өз алдына. Буны қандай устаның соққанына ақылың уғрас келмейди. Үстинде қампыйған гилемге усаған бир нәрсе тур. Оның нағышының да есап саны жоқ. Тап соған усаған гилем түслес алашаны есик жақтағы керегеге керип қойыпты. Әташтаның жанында қырғаўылдың пэриндей түрленип, шай қалта жатыр—бул да нағышлы.

— Бул қалай? Бир музейге келип қалғаным жоқ па?—деп өзимнен өзим ҳайран боламан. Әсиресе қурақ көрпешелерди айтсеш, материалы дым әпиўайы, қыйықшалар, соларды еринбей қурастырып, үлкен бир көрпеше дүзетипти. Таң қаларлық жери сол, бул қыйықшалардың ҳәммеси бир мақсетке бойсындырылған. Бизлер отырған кийизге де шаўып баратырған бир тулпардың сүўрети нағыш пенен салыныпты.

— Булардың ҳәммеси ҳаяллардың искусствосы,—

лейди Петр,—Қарақалпақ ҳаял-қызлары талантлы ҳәм мийнеткеш болады.

Усы ўақытлары қыялыма революциядан бурын қарақалпақлар арасына келген А. И. Беляевтиң қолжазбасы түсти: «Қарақалпақлар дүньядағы ең ақ көкирек халық, мийманға иззети зор. Жақсы аўқатын баласынан жасырып, қонағына береди. Шежиреге жүдә бай, өзлериниң тарийхын тап адам атадан баслайды».

Қызық... Бул халықтың тарийхы елеге шекем неге үйренилмеген екен? Ҳәр нәрсеге исене береди. Бирақ алдағанды өлердей жаман көреди. Бес-алтаўы қосылса, ғаўқылдасып кететуғыны және бар. Не деген нағыщқа бай халық. Ергенек—нағыш, кереге—нағыш, сандық—нағыш, керги—нағыш, кийиз—нағыш, көрпеше—нағыш, дастық—нағыш, кийим—нағыш, ҳәммеси нағыш!

Усы ўақытта қолына ләген менен мыс қуман алып, үй бийкеси кирип келип, қонақларға сәлем берди. Оның да көйлегиниң жағасы менен, камзолының қалталары нағышқа дөнип тур.

— Мийманлар, еркин отырып шай ишип, таяр машаба да бар екен, оннан да татып көриң. Ал, қонақ асыңызды болса енди таярлап атырмыз,—деди үйге кирген Жумабай аға.

— Бизге машабаның өзи-ақ болады, ҳәлекленбең,— деди Петр ағай.

— Ондай гәпти қой, Петр, билесең ғой, каракең «тапса биреўин, таппаса екеўин сояды»—деди де сыртқа шығып кетти.

— Таппаса екеўин сойғаны қалай, дедим мен.

— Булар қонақты мал соймай қайтармайды. Ең қәдирли мийманлар келгенде буўаз қойларын да сойыўға мәжбүр болған. Қысыр малы болмай, буўаз мал сойылса екеўин сойғаны болып есапланады.

— Ой-бууў...

Шай ишилип болғаннан кейин, үй ийелериниң ҳәммеси сыртқа шығып кетти де, үйде тек кемпир қалды. Усы пайттан пайдаланған Дәўлет кемпирден қарақалпақ тили ҳаққында мағлыўмат алмақшы болды.

— Бизлер тил излеп жүрмиз, шеше,—деди Дәўлет,



— Тил! Жоқ, бизлер тилди көргенимиз жоқ шырағым.

— Жоқ, Тил! Ягный язык, адамның сөйлеў тили.

— Адамның тили. Ҳе, сизлер тәўипсизлер ме? Арқада Өтепберген деген бир киси бар, тили байланған гүн.—Ҳәммемиз күлисемиз. Кемпир оннан сайын ҳайран.

— Жоқ шеше. Бизлердиң айтып отырғанымыз қарақалпақлардың сөйлеў тили. Мәселен, дәстан, ертек айтып берсеңиз.

— Ҳее, солай ма? Дәстанды, балам, бизлерде жыраўлар айтады. Ал, ертек деген ызғып атыр. Оны кишкене балларға айтып беремиз, балам.

— Бизлер де баламыз ғой, айтып бериң шеше?— деп жалынамыз.

Кемпир ертекти жүдә көп билетуғын болып шықты. Коля менен Дәўлет онлаған ертек, ал мен болсам Шымбай ҳаққындағы аңызды жазып алдым.

Соның арасынша еки табақта үлбиреп пискен қойдың гөши келди.

Уақыт әллен мезгиллер болып қалған. Мен қыз бала болғаным ушын Жумабай ағаның төрги бөлмесинде оның қызы менен бирге жататуғын болдым. Он бес, он алты жаслар шамасында болыўы керек. Гүлайым деген бир сулыў қызы бар екен. Қараған ўақытта қара көзлери ойнақшып, кирпиклери дирилдеп туратуғын еди. Оның менен бурынырақ таныспағаныма өкиндим. Орыс тилин билмегени ушын жөнли сөйлесе алмадық. Экспедиция дәўиринде жергиликли халық пенен жақыннан танысыў нийетинде, кәнигелер менен мәсләҳәтлесип, Москвадан шығарда бир неше пачка ийне, жипек жип, бояў ҳәм гезлемелер алып шыққан едим, олардың ҳәр биреўинен Гүлайымға бердим. Ол жүдә қуўанып қалды.

Мен күни менен жол жүрип шаршап, қатты уйықлап кеткен екенмен. Азанда оянып қарасам, дастығымның басында көздиң жаўын алатуғын бир нағышлы орамал жатыр. Орамалдың қыр дөгерегине шеберлик пенен нағыш ойылып, ортасына гүлдиң сүўрети салынған. Астына Гүлайымнан Таняға естелик деп жазыпты. Бийшара қыз түни менен уйықламай мен ушын





орамал тиккен екен. Таң атқан соң және жумысқа кетип қалыпты.

Мен буның ушын үй ийелерине рахмет айтып, Гүлайымға миннетдаршылығымды билдирдим.

Азанғы шайды ишип болып және жолға шықтық.

Жигирмаланшы жыллардағы Шымбай усы күндеги Шымбайға ҳеш қандай усамас. Қыйыр-шыйыр көшелер, айқуш-уйқыш тәртипсиз салынған жайлар, бирбирине мингесип жататуғын еди. Қаланың арғы шетинен басланып, берги шетине шекем созылған, ийнеден тартып, түйеге шекем сатылатуғын қысқа базар, узын базарды, нағыз шы ғыс базарын сол жерде көргенмен.

Қалада еки интернат пенен бир мектеп бар еди. Олардың да толық программасы жоқ, Оренбургтен алып келинген татар муғаллимлери сабақ берер екен. Бул жерде еки әскерий гарнизон болып, халық әдеўир тыныш жасап атырған еди.

Мен Шымбайда бир кемпирден «Барақ там ҳаққында аңыз»ды жазып алған едим.

«Әййем заманда, бул жер Сасўар патшалығы болып, Барақ деген шәўкетли патша ҳүкимран болған екен. Патшаның қашқан аң қутылмайтуғын бир бүркити болыпты. Бир күнлери бүркиттен хабар алыў ушын, оның анасы «Анхка» деген қус ушып келипти. Патша ҳәкисине усы күни аңға шығыўға таярланып атырған екен. Патшаның жақын адамлары аң аўлаўды басқа күнге көшириўге мәсләҳәт берипти. Бирақ, қайсар патша буған көнбепти. Ақыры анасы менен дәртлестирместен аңға алып шыққанына ашыўы келип, бүркит патшаны аты менен бирге аспанға алып ушып, диң ҳаўадан жерге таслап жиберип гүл-опат етипти. Адамлар Бaрақты сарайға жерлеп, өзлери қаладан қашып кетипти».

Бул төртинши әсирден қалған естелик, Тахтакөпир районынан қырқ километр узақлықта сақланады екен. Мениң еси дәртим усы қорғанды көриў болды да турды. Буннан тысқары «Қамсарықта» туратуғын бир ғарры Тахтакөпирден жигирма километр арраѓырақтан қарақалпақ эпосы Қобланның қорғаны бар екенлигин айтты. Енди мени көбирек Тахтакөпир зонасы қызықтыратуғын еди. Бул пикиримди Қоля менен Дәўлетке айтсам:

— Бизлер тилшимиз, бизлерди халықтың сөйлеў тили, яки болмаса ески қолжазбалар қызықтырады. Адам баласы аяқ баспаған ески қорғанда немиз бар, —деп айтқаныма көнбеди.

Петр ағай Төрткүлге қайтып кеткен. Бизлерди алып жүриў ушын арбасы менен тек Мурат ғана қалдырылған. Мен қыз бала болғаным ушын, арба маған тийисли болып. Мурат пенен бурыннан да жақын болып қалғанедик. Соның ушын да Тахтакөпирге барыўыма Мурат бирден-ақ келисим берди.

Сол күни Шымбай базарынан анаў-мынаў затлар алып, әнжамлап қойдық. Мураттың кеңеси бойынша бир пәренже таўып алыўымыз керек екен, бул бәринен де қыйын болды. Пәренже дегенимиз революциядан бурын шығыс ҳаял-қызлары жамылып жүретуғын, алды бети қыл менен майда етип торланған шапанға мегзес кийим. Сыртынан қараған адам ҳаял-қыздың жүзин көре алмайды. Бирақ буны қарақалпақлар жүдә аз қолланады екен. Тийкарынан дин ийелериниң елтилери кийеди екен.

Тахтакөпирде Ғарғабай тодасының бар екенлиги анық еди. Соның ушын да бул жолдан мени тек ийшанның елтиси сыпатында алып өтпесе, орыс қызы түўе кемпир алып өтиўдиң өзи мүшкил екенлигин екеўмиз де сезип турар едик. Ақыры пәренжени излеп таптық.

Ертеңине мен пәренже кийинип, айнымаған бир ийшанның елтиси болдым да, арбалы Мурат пенен Тахтакөпирге кеттим.

Ядыма түскенде еле де ойланаман, егер үлкен қылмысқа дуўшар болған ҳәр қандай ҳаялға қандай аўыр жаза бериў керек болса, мен айтар едим, әлбетте: жаздың ең ыссы күнлеринде пәренже жамылыў! Қапылып қалғыр пәренже деген самал өткизбейди екен, ал төбемде болса мыс қайнап баратыр. Адамды қәпеске салатуғын бул жиңишке торға алдын үйренбесем де, соңынан көнлигиўге мәжбүр болдым.

Дала тәбиятының Халқабад жолынан онша парқы жоқ сыяқлы еди. Қыр дөгеректе сол егисликлер, сол жолаўшылар, бир-биреўине жүдә уқсас салынған жайлар бирин-бири- қайталайтуғын кино картиналардай көзден өтип атыр. Қасымда ҳәр нәрсени емизиклеп



сорай беретуғын Дәўлет те, жоқ жерден сөз таўатуғын Коля да, балық аўлап кәбап ислейтуғын Петр ағай да жоқ. Соның ушын да бул анаў күнги сапарға қарағанда әдеўир кеўилсиз болып көринди маған.

Мурат болса, баяғы турысы. Арбаны мениң кеўлиме бағып айдап киятыр. Жоқ жерден қылық шығарып, Шымбайдан шыққаннан баслап нәрсе үндемейтуғын болып алдым. Мурат бир-еки жерде қосық айтпақшы болған еди. Және мениң сиркем суў көтермей киятырғанын байқап, үндемеди. Дәўлет пенен Коляның Тахтакөпирге бармағанына өкпеледим бе, әйтеўир бир менде ашыўланған кейип бар еди. Сол себепши болды ма, арбаның ортасында қаққан қазықтай тикке отырып алдым.

Соңынан усы отырысымның өзинде де үлкен бир мақсет бар екенлигин ойлай басладым. Қарақалпақлар арасына келген туңғыш илим қарлығашы екенлигим ойыма келди. Бул жерлер еле тың үлке, ўақты келип, том-том китаплар шығараман. Бул жерлерди пүткил дүньяға танытаман.

Жас балаларға усап, өзиме-өзим өкпелегенимди ядыма алып уялып кеттим. Пәренжени түрип сыртқа қарадым. Ана тәбият та, арба айдап киятырған Мурат та шексиз гөззал көринер еди маған. Өртенген тандырдай болып жалынланып, соңынан ҳәўири өше баслаған сыяқлы болып уясына кирип баратырған күнге узақ тигилдим.

Күн бата баслапты, демек қонақ жер излеўимиз керек. Бул жерлерде де аўылға қоныў қәўипли. Бөрши таўдың геологиясын изертлеўге келген бир рус жигитиниң «Қара ойда» баспашылар тәрепинен өлтирилгенлиги ҳаққында мағлыўмат бар еди. Соның ушын да Тахтакөпирге баратуғын болып, Наркомнан рухсат сорағанымызда, ол дәслеп қарсы болған еди.

«Тахтакөпир ең қәўипли зоналардың бири. Аўыл араларында Ғарғабайдың тодалары бар. Ықтыят болыў керек. Милиционерлер жетиспей атыр. Өзлериңиз ис көриниз, Сейилбеков»,—деп жазылған еди, телеграммада.

Негизинде «Барақ там» мәселесин кейинге қалдырып турсақ та болар екен. Ҳәммесине айыплы өзим. Жаслықтағы өжетлигим, бир нәрсени ислеп болмағанша тынбайтуғын өр минезим басыма бәле болды.

Мине ақыбети, сырдандай далада жулдыз санап киятырман. Нашар басым менен сан мың баспашы уялаған Бөрши тауға кетип баратырман. Усыннан баспашылар қолында өлип кетсем, қандай қаҳарманлық болар еди? Жоқ, жоқ! Олай болыўы мүмкин емес, дедим өзиме тәселле берип. Бирақ айды етек пенен жаўып болмайды. Мен шынында да қатты қорқып киятырған едим. Баспашыдан тысқары дүздиң қасқыр деген жаўы және бар. Этнограф қасқырға таланып өлсе? Және де баспашының излейтуғын душпаны большевик, ал мен болсам анаў-мынаў емес, москвалы большевик едим.

Мурат арбаны гүзар жолдан шепке қарай бурды. Сезип киятырман, енди ол қонатуғын жер излеп киятыр. Алдымызда булдырап бир шоқ торańғыл көринеди, шамамда сол жерди нәзерлеп киятырмыз. Расында да шоқ теректиң қапталында үлкен аңғар бар екен, тереңлиги бес-алты метр келип қалар. Арба аңғардың ултанына келип тоқтады.

— Тазагүл, арбадан түс, келдик.—Ол мени Шымбайға келгеннен бери Тазагүл деп атайтуғын болды. Бул қарақалпақша сөз Таня деген аттың «Т» ҳәрибинен алынып айтылса керек. Дәўлеттиң айтыўына қарағанда Тазагүл русша «Чистый цветок» деген мағананы билдирер екен. Мениң бул жерге келген биринши рус қызы екенимди еске алып, Мураттың «таза ашылған гүлге» мегзетиўине онша өзим исенбеймен. Шамамда ол негизинен ҳәрипке тийкарланып, мениң атымды өзгертип айтқан болыўы итимал. Не деген менен бул ат маған оғада унайды.

Күни менен дизерлеп отырып, аяқларым уйып қалған екен. Тентиреклеп барып, зордан орнымнан қозғалдым. Жанымызда басқа адам болмағаны ушын ол меннен тартынған жоқ, арбадан түсиўиме көмеклести.

Арбада бир үйге жетип қалғандай дәскемиз бар еди. Мурат кийизди сайдың ултанына жайып таслап, үстине көрпеше салды. Илмекли темирди тарқатып темир шәйнекке суў толтырып қуйып илди де астына от жаға баслады. Қуўрақ жыңғылдың пәтли жалыны шайды бир майданда ақ қайнатып жиберген еди. Мен от жаққанымызды баспашылар сезбегей-дә,—деп жаным шығып отыр. Мурат ҳәкисине қуўрақ жыңғылларды омырып әкелип, бес-алты жерге үлкен етип от жағып жиберди.

— Бунын не?—дедим мен ҳайран болып.

— Баспашылар бизлерди қызыл әскерлер,—деп ойласын .Олар тек қызыл әскерлер бекинисинен қорқады.

Шай демленгеннен кейин, ортаға дастурхан жайып, қант-нанымызды қойдық. Ашшы демленген шай шаршағанымызды пүткиллей тарқатып жиберди. Енди екеўимиз де кеўиллене баслаған едик. Бир ўақытлары ол маған сораў таслады.

— Сен Коляны жақсы көресең бе?—Мен ҳайран болып қалдым.

—Қайсы Қоляны?

— Коля Иванов та, Шымбайда қалған.

— Яқ, Колянын сүйген қызы бар, Москвада қалған, аты Лариса.

— Онда неге Коля менен ойнайсаң?

— Билесең бе, бизлер доспыз, бирге оқығанбыз.

— Ал, бизлерде қызлар жигитлер менен ҳеш қандай дос бола алмайды. Дос болып қалса, бир-биреўине үйлениўи керек.

— Неге?

— Тәртип сондай. Жигитлер тек атастырып қойған қызлары менен ғана ойнай алады.

— Бир-биреўин сүймесе-ше?

— Бәри бир.

Мениң басымнан күн өтип кеткен болыўы керек, бул күни онша мәнисим болмады. Көз алдым тынып, уйқым келе баслаған еди.

— Яқшы онда, Тазагүл, шаршапсаң, дем ал, мен төсек салып беремен,—деди. Мурат. Ол солай деп айтты да, Шымбайдан алып киятырған кишкене еки тахтаны арбаның арысының астына қондырып, арбаның үстине төсек сала баслады.—Далада қыз балаға жерде жатыўға болмайды,—деген сөзди қосып қойды.

— Ал, сиз-ше?

— Маған еле жатыўға ерте. Аттың жағдайларын көриўим керек. Оннан тысқары билесең ғой. Мен саған қараўыллықта етиўим керек, қулласы жуўапкершилигим үлкен,—деди де, мылтығын қолына алып, жанымызда тусаўлы отлап жүрген атына қарай кет-

ти. Адам шаршаса, ҳәр қандай қорқыныш та көзге көринбейди екен. Мен сол күни түнде қатты уйықлап қалған екенмен. Ярым ақшамлар шамасында атлардың дүрсилдисинен оянып кеттим. Ат туяқларының дүбири әдеўир узақта еди. Солай болса да жүрегим дүрсилдеп қатты урып атырғанлығын сездим. Бул ат туяқларының сести ме, я жүрегим бе, аңлаў қыйын еди.

Мурат орнында жоқ. Дәслеп оны көрмеген екенмен, соңынан оның тораңғылды паналап, узаққа қарап турғанлығын байқадым.

— Сизди оятып жиберди ме? Бахтымыз бар екен, бизлерди қызыл әскер, деп ойлап қалған болыўы керек, узағырақтан өтти,—деди ол.—Баспашылардың барлаўшысы усайды.

Мен буннан кейин ҳеш қандай уйықлай алмадым. Таң саза бергеннен баслап-ақ жолға шығып кеттик.

Тахтакөпирге жақынлағанымызда және бир таң қаларлық ўақыя жүз берди. Дәслепки күнлери мен арбада күни бойы тик отыра берип, тәжирийбесизлик еткен екенмен. Соңында арбаның ишине қалың төсек салып, жатып дем алатуғын болдым. Арбаның ҳәрекети бесиқ шайқағандай барып келип адамды уйықлатып таслайды екен. Усылайынша жатып, күн аўып, салқын түскеннен кейин, көзим илинип кетипти. Қатты даўыслардан шоршып оянып кеттим.

— Арбадан түс, Жуман молланың жуўындыхоры, —деп бақырады бир жигит.

Бул ўақыяның оңымда, яки түсимде болып атырғанлығын ҳеш айыра алмайман. Арба тоқтап қалған. Бир шөгирмели жигит Мураттың жуп жағасынан тутып алыпты.

— Жигитлер! Мени басқа биреўге усатып турыпсыз, жибериң, мен басқа адамман.—деп атыр ол.

Пәренжеден сығалап қарасам аўҳал шатақ. Бир аўылдың адамы толық жыйналыпты. Қолларында темир жаба, бел, кетпен.

— Жуман молла қайда! Бетине тамға саламыз оның,—деп, Муратты бир жигит қамшы менен тартып жиберди.

Бетинен қан аға баслағанын көрип, оннан бетер ҳүррем ушты.



Соның арасынша жаңағы шөгирмели жигит, маған жақынласты.

—Жумагүл! Арбадан түс жаным, мен Айтмуратпан. Совет ҳүкимети Жуман молла усаған жәдигөйлердиң жилигине балта урады, — деп бақырады.

Истиң шатаққа айланғанлығын сездим де, басымдағы пәренжени жулып алдым. Шашларым самалда толқынланып кетти, бассыз аламан ҳаўлыға баслады.

—Астаўпыралла! Орыс па, пери ме, жин бе, шайтан ба?

Енди ғаўырлы әбден күшейип кеткен еди. Тәўир-ақ жасларға барып қалған бир ақ сақаллы киси ортаға шықты.

—Халайық! Биз қурыдық, қызыр көрген Жуман уламаға тил тийгизип, оның елтисин тартып алмақшы болғанымыз ушын, ҳәзиреттиң кәраматы Жумагүлди орыс перисине айландырып жиберди. Халайық, қурыдық! Тезден тарқалың!

Бассыз аламан аяқларына шоқ басқандай, жәнжаққа тарқала баслады.

—Мен пери емеспен! Москвалы этнограф Таня Владимировнаман, — деп бақыраман мен. Адамлар оннан сайын жән-жаққа қашады.

Бирақ бул адамлардың арасында тек бир ғана жигит өткен ҳәдийсени түсинди. Бул Жумагүл деген қызға ашық болған комсомол Айтмурат еди. Алпыстан асып кеткен Жуман молла бул қызды екинши ҳаялы етип алып, той берейин деп атырған усайды. Молла Жумагүлди усы жолдан алып өтетуғын болғаны ушын пүткил халықты баслап, сүйиклисин ески заман шырмаўынан қутқарыўға шыққан екен. Ақыбети усындай болып қалыпты. Түсинбесликтен туўған бул ҳәдийсе ушын ол меннен ҳәм Мураттан кеширим сорады.

—Адамлар буншама сада, бәри илим көрмегенликтен болса керек, — деп ойладым мен.

Жолда киятырғанымда Мурат меннен сорады:

—Айтшы Тазагүл, нешше мың жыллар адам аяғы тиймеген бул гөне қорғанның бизге не кереги бар?

—Сиз маған жүдә үлкен сораў бердиңиз. Мәселен, сиз ата-бабаңыздың ким болғанын билесиз бе?

—Әкемди ҳәм оның бабасын билемен. Жүдә шебер зергер болған.

—Онын әкеси-ше?
—Билмедим.
—Басындағы шөгирме қашан пайда болған?
—Билмедим, әкем де шөгирме кийип жүретуғын еди.
—Бизлер минип киятырған арба қашан пайда болған?
—Билмедим.
—Әне, билмейсиз. Ҳәр қандай нәрсени үйрениў ушын оның тарийхын билиў керек. Сизлерде жазба тарийх раўажланбаған. Мәдений мийрасыңыз үйренилмеген. Не ушын сизлерде «анасын көрип қызын ал» деген нақыл бар. Себеби, ананың өзи де көп ҳәдийселерди көрген тарийх. Түсиндире алдым ба екен саған, билмедим. Тарийхыңды билмесең ҳәзирги бахытлы заманның да қәдирине толық жете алмайсаң.

Мурат узақ ойланып қалды.

—Бирақ бәри бир биз сизиң сол узақ тарийхыңызды ашып көрсетемиз. Бизде неше мың жыл бурын болған халық турмысын ашып бере алатуғын «археология» деген илим бар.

Қарақалпақстанда «Бес төбениң таўы» деген тас деп тас емес, қум деп қум емес, шыйыршық таслы топырақ араласқан бийик бес төбешик еди. Тахтакөпирден шыққаннан баслап-ақ бул бес таў, үлкен кеңисликте шөгип жатырған бес нар түйениң өркешин еске түсиретуғын еди. Соның ушын да биреў бул жерди «Бес төбе» десе, биреў «бес таў» дейди, биреў «Бөршинниң таўы» деп те атайды, әйтеўир түсинбейсең.

«Барақ тамға» өтетуғын жол, тап усы «Бес төбениң» ернегинде. Бул таў таслы болмаса да, түсерлиги менен минерлигинде жолаўшыны әдеўир қыйнайтуғын еди. Арба болса ғой жолының болып болғаны. Қумлы топырақ жоқарыға өрлетпей, диңкеңди қуртады да турады. Ат шаршап киятырғаны ушын, таўдың шығарлығы Мураттың есине түсип, ыңжылып киятыр.

«Бес төбе»ге өрмелейтуғын жолдың арғы қапталы «Қара тереӊ» деген үлкен көл. Жағасының бәрин қамыс басып кеткен. Балығы да наятый мол. Сол көлдин арғы жағын баспашылар мәканлаған. Мурат «Барақ тамға» барыўға өзи келисим берген болса да, бул хабарды еситип, сам-саз болып киятыр. Шынында да ойланып көрген адамға, бул қәўетерли сапар баспашыға өзин тутып бериўден басқа ҳеш нәрсе емес. Шынында «Қара тереӊ»нен таўға өрмелеген арба түўе ҳәтте өрмекшиниң өзи де ап-анық көриниўи мүмкин еди. Тек өзлеримизди алдарқатқандай бир ғана хабар еситтик. —Жүз адамнан ибарат бир эскадрилиялы Қызыл Армия «Қара терең»деги баспашыларға қарсы жиберилген усайды. Бирақ, олардың қайсы туста екенлиги белгисиз. Бес төбениң етегинде тынышлық ҳүким сүрмекте еди.

Жасыратуғын жери жоқ, биз «Бес төбе»ден өтер жерде әбден қыйналдық. Бириншиден, бул баспашыларға жүдә жақын зона, екиншиден шаршап киятырған ат, таў ортасында төрт аяқлап турып қалып, Мурат жерге түсип арысын төбелеп, тап арбаны өзи тартқан есабы болып, таўдың басына зордан шығарды. Таўдың басында турып қалыў және қолайсыз. Соның ушын да таўдан кейинги он километрдей жол да қараңшылық болды. Ат пүткиллей болдырып манаўсыраганнан кейин, мен де пыяда жүриўге мәжбүр болғанман. Тоқтап дем алайық десек баспашылар жақын, әйтеўир ийттиң азабын көрип, күнди батырдық.

Расын айтсам, енди бул жарық дүньяда мен ушын Мураттан әзийз, сүйкимли ҳеш адам қалмаған еди. Шексиз шөлистанда жападан жалғыз жүрип ушырасқан қыз-жигитте ғана усындай толғаныў болыўы мүмкин. Жүрегимди жол азабы менен өмир қорқынышына араласқан ҳәсирет қарса жарып жиберип, бул дәртти тек Мураттан басқа адамның түсиниўи мүмкин емеслигин сезип, оны қатты қушақлап баўырыма бастым да еңиреп жылап жибердим. Бул менде толқынланып атырған муҳаббет пе, қорқыныш па я әззилик пе, ол жағын түсинсем қара кешки?! Мен усылайынша Муратты өз қушағыма алдым. Оның ыссы леби еринлеримди, қыздырып атырғанлығын сездим. Ол итимал менде бирден бундай ҳәдийсениң болыўын күтпеген. Сонындай сүйкимли, соныдай көркем, мисли жаңбыр астында қалған бир тайыншақ киби дир-дир қалтырар еди. Бул тоңыў да, қорқыў да емес, бәлки оның мениң дийдарыма жетиўге қумарлығы, гиршиктей таза муҳаббетиниң елеси еди. Ол өксиген баладай ҳаплығып, демигип, ләблеримди, көзлеримди үсти-үстине сүйе берди. Билмедим

бизлер сол ҳалатта қанша турған екенбиз, әлле ўақытларда қушақларымыз жаздырылды. Шаршағанымыздың бәри әлле қаяқларға жоғалған, ҳәўиримиз еле сөнбеген. Бир-биреўге мағаналы түрде узақ тигилип қалған едик.

Бул түнде Мурат екеўмиз Қызыл қум сахрасында қондық. Уйқымыз келмей узақ түн бойы сөйлесип жаттық. Ол ата-анасы қайтыс болып интернатта тәрбияланған екен. Мен оны Москвада оқытыўға көндирдим. Екеўмиз бирге қосылып, Москвада той жасамақшы болдық. Усылайынша уйықлап кеткен екенбиз. Сәҳәр ўақта мылтықтың сестинен ояндым. Арбадан бес-алты метр жерде қанға боялып жатқан Муратты көрдим.

—Мурат, — деп үстине бойымды таслағанымды билемен, дөгереклеп турған жигирмалаған адамнан еки адам аттан түсип, қолымды қайырды.

—Оҳо, гөззал екен. Өзи жас, қалай көресиз сәрдар, ықласыңыз бар ма? Я атып жибере берейик пе?

—Атыўға еле үлгеремиз. Ҳәзирше арбаға салып «Қара тереңэге алып барын.

Мен басыма қандай мүсийбет түскенин аңлаған едим. Бахтияр жаслығым, ата-анам, ойнап өскен яр-досларым көз алдымнан өте баслады. Паянсыз шөллерде ушырасқан дәслепки муҳаббетим менен үнсиз хошласпақта едим.

Баспашылар арбаны айдап кетти. Кеше бир күнлик жолға усап атырған еди. «Бес төбеге» демде-ақ жетип келдик. Таўдан түскен жерде мени үлкен бахыт қарсы алды. Сийрек тораңғыллар арасында бир эскадрилия қызыл әскер жасырынып турған екен.

—Ура! — деп жән-жақтан баспашыларға ат қойды ма дейсең. Нешшесин қылыш пенен шаўып, айырымларын оққа ушырып гезенделердиң ҳәммесин қыйратты да таслады.

Мениң қуўанышымда шек жоқ еди. Қызыл әскер командирине болған ўақыяны баянладым. Командир Мураттың өлигин алып қайтыў ушын он әскер жиберди. Совет власты ушын гүресте қайтыс болған большевик сыпатында таўдың етегине жерледик.

Мен бул сапары «Барақ тамға» бара алмастан Шымбайға қайтып кеттим.

Буннан соңғы жыллары бир неше мәртебе ол жерлерге барғанман. Бирақ таў етегиндеги жалғыз қәбирди көргеннен баслап көзиме жас қуйылып келе береди...



## ИМТИХАН

Дүньяда имтихан алғаннан жаманы жоқ-аў сирә. Ҳәмме бирдей билип кете берсе не жақсы. Аўзына сөз түспей мөнтеңлеп қалған айырым балаларды көриўден-ақ бир түрли болып кетесең. Ақыры, ҳәмме имтиханнан жығылмай, сүринбей өтиўди талап етип келген. Экзаменнен жығылғаннан кейин оның шадлықлары-да сөнип қалады. Әне, енди өзиң де бир қолайсыз ис қылып қойған адамдай кеўилсизленип жүргениң. Оннан тысқары өзи дым билмейтуғын балаға жақын досларының қәтере салып келетуғын қорлығы бар-аў. Қулласы бул да қыйын мәселе.

Соның ушын да быйыл илажы болғанынша имтихан алмаслыққа қарар еттим. Бул пикиримди жумыстан келген бойы келиншегиме айтқан едим. Оған да жүдә мақул түсип кетти.

— Имтиханы қурысын. Азаннан кешке дейин қәтерешин күтип отырғанымыз. Отпусканың да қалай өткенин билмей қаламыз. Ҳаў, оннан-да Кавказға барып қыдырып қайтайық. Бес балалы болғанша Кавказ дегенди билмеймиз. Анаў, Жуман жуўқылдақтың қатыны күйеўи доцент болмаса да, әнедей Қырымға барып қайтыпты.

— Яқшы,—дедим мен салмақлы түрде.—Быйыл әлбетте барамыз.—Мен усылайынша өз жумысларым менен машқул болып атырған едим. Бирден телефон сыңғырлап қалды. Трубканы алыўым менен-ақ секретарь қыздың:

«Қасым Мурадович, Сизди қыстаўлы түрде ректор шақырып атыр. Тез жетип келмесеңиз болмайды» деген даўысын еситтим.

— Ҳәзир,—дедим де кийине басладым.

— Ҳаў, не болып қалды? Келгениң жаңа емес пе? —деди келиншегим ҳайран болып.

— Билмедим. Ректор қыстаўлы түрде шақырып атырған екен. Шамасы экзамен мәселеси болса керек.

— Имтихан. Ҳасла имтихан алыўға келисим бере көрме? Адамның абыройын төгетуғын нәрсениң өзи —

имтихан. Соныша адам қәтере салады. Өйтип жанынды отқа салып, не хәлек.

Мен әлле қандай пишинде үйден шықтым. «Егер шынында да Шамурат Әбдимуратович мени экзамен алыў ушын шақырып атырған болса» деген пикир қыялыма келди. Ондай жағдайда әлбетте келисим бермеймен дедим өзимше.

Ректордың қабыллаў бөлмесинде адамлар быған-жыған. Мәселе имтихан ҳаққында екенлиги аттан-анық мәлим болды. Бул жер ректор шақырмаса да өзлери экзамен алыўға тилек билдирген базы бир муғаллимлерге де толып кеткен екен. Секретарь қыздың:

— Ректор, сизди күтип отыр,—деўи мәттәл, иркилместен туўры кабинетке кирип бардым. Шамасы, ректор бизлерден алдын да басқа кафедралардың ағзаларын қабыл еткен болыўы мүмкин. Кабинеттиң киши тандырдай, хәўирленип кеткен. Стол әтирапында деканымыз Султан Алламуратович ҳәм еки доценти менен бирликте кафедра баслығымыз Жумабай аға бир қысым болып отыр . . . Ректорымыз Шамурат Әбдимуратов та көп ҳәдийселерди басынан кеширген бир салдамлы адам еди. Ол өз хызметкерлерине қатты талапшаң болып, ҳәттеки оның алдына бирден кирип барыўдың өзи: әмри мәҳәл. Әтирапта оның төбеси көрингеннен-ақ, тап әскерий гарнизонның баслығы келип қалғандай, бир қатар муғаллимлер албырап қалатуғын еди. Усы сапары мен де кабинетке еркин киреримди кирсем де, ректордың суғы басып кетти ме, тап генерал алдына кирип қалған киши офицердей өзимди қанша усласам да, аяғым қалтырап, бирден босасып кеттим. Мен әдеттегише олар менен сәлемлестим. Сөзди ректордың өзи баслады.

— Кафедрадан сизди экзамен алыўға усынған екен. Өзиңиз қарсы шығыпсыз?

— Шамурат Әбдимуратович, мен қатты шаршағанман. Дем алыўым керек.

— Басқалардың дем алғысы келмей ме?

— Ол жағын билмедим-дә. Мен қатты шаршадым. Буннан тысқары конкурс жүдә көп. Он балаға бир орын. Бундай жағдайда төрелик етиў жүдә қыйын.

— Соның ушын да биз сизди шақырып отырмыз.



Конкурс қаншама көп болса, соншама әдил баҳа беретуғын адамлар керек болады.

— Исенимиңиз ушын рахмет! Бирақ басқа да экзамен алыўға талапкерлер көп. Солар..

Шамурат Әбдимуратович қызып кетти.

— Мен муғаллимлер жетиспейди деп атырғаным жоқ. Быйыл институт тарийхында ең уллы жыл. Университет ашылайын деп атыр. Соның ушын да имтиханға өзиңиздей тәжирийбели муғаллимлердиң қатнасқаны мақул. Имтихан—бул биздеги ең қыйын мапаз. Мен бул әҳмийетли жумысты жас муғаллимлерге тапсырып отыра алмайман. Коммунист екенсең, ҳүждан менен жуўап бересең. Баслы мәселеге келгенде ҳәмме өзин шетке алса, ол қайсындай ҳадаллық болады. Пахта терим басланғанда курортқа кеткен бригадирдей, имтихан ўақтында өзин шетке алатуғын муғаллимниң маған кереги жоқ.

Енди сөз қайтарыў мүмкин емес еди, соның ушын да:

— Яқшы,—дегеннен басқа аўзыма сөз келмей қалды.

— Бул басқа гәп, — деди Шамурат Әбдимуратович.— Бирақта,—деди ол узақ ойланып.—Имтихан ушын ең баслы мәселе — ҳүждан. Заводлар жарамсыз затлар шығарыўы мүмкиндағы, бирақ та бизлер жарамсыз адамлар шығарыўға ҳасла ҳақымыз жоқ. Себеби, жарамсыз заттың өзин билимсиз адам шығарады. Сол жерин тереңирек ойлаңлар. Егер биз бир ғана жарамсыз адам шығарсақ, ол келешекте отыз баланың билимсиз өсиўине себепши болады. Қулласы, устазлар тәрбиялаўда қандай адамлардың зәрүр екенлигин өзлериңиз билесиз.

Бизлер кабинеттен шыққанымызда ректордың қабыллаў бөлмеси, өзлери экзамен алыўға тилек, билдирип, кандидатурасы өтпей қалған муғаллимлер менен лыққа толы еди. Ректор бир өзимди айырып шақырғанынан-ақ, экзаменатордың ең үлкени усы екен деп уғып қалған базы биреўлери ҳәрредей ғаўлап изимнен ере шықты. Әсиресе, «физвос» та ислейтуғын, мени шалама-шекки таныйтуғын бир муғаллим:

— Пай достым, өзиңниң болғаныңды айтсаң-ә,— деп, тап жумысы усы жерде питетуғындай ғарқылдап күле береди.

15—56

— Бери кел, Қәдиримбет аға, — деди ол қалпағын қолына алып, салманың бойында отырған бир кисини шақырып.

— Жумысың тап усы жигиттен питеди. Өзи де өл деген жорамыз. Пай, жақсы болды-аў, деди ол мени қияметлик жорасы сыпатында тәриплеп.

Мен болсам, ректор шығып қалып «қойды қасқырға тапсырған екенбиз» деп ойлап қала ма деп жаным шығып баратыр. Ол жигиттиң пәрўайы пәлек. «Ресторанға барамыз ба? Үйге барамыз ба?» деп дарқылдаўы зор.

Қалпақлы киси болса нағыз аңқылдаған аўыл адамы екен.

—Танысқанымыздың алды болсын, иним,—деп әлпайым сәлемлести.

Сер салып қарасам, таныслаў муғаллим азмаз ишип алған ба, билмеймен.

— Хаў, қорықпа деймен. Жақын жорамыз болады,— деп дарқылдап күле береди, болғаны. Ол кеўлинде бир қупия сөзи бар адамға усап, мени қолтықлап, шетиректеги тереклердиң саясына алып келди.

— Үйде бағып қойған бағлан қозы бар жора. Шашлик пенен қалайсаң? Бизиң коньяк қуйып писирген шашликлерден еле дәм татып көргениң жоқ. Аўзыңа салғаннан ерип кете береди.

— Рахмет!—дедим мен,—өзим шашлик болыўға сәл қалып турман.

Ол мениң жуўабымнан қапа болыңқырап, бир майдан үнсиз қалды. Соңынан кетип баратырғанымды сезип:

— Хаў, тоқта! Бизлер де талай мәртебе экзамен алғанбыз. Өйтип мурнынды аспанға көтере берме.

Мен оған қаттырақ бир сөз айтпақшы болдым да, бирақ, арақ ишип алғанын сезгеннен кейин үндемедим.

Соның арасынша екинши муғаллим билегимнен сүйреп алып кетти.

— Ең қәдирдан дослар да бирин-бири умытар екен дә, — деди ол жүдә сөзиниң андазасын келистирген болып.

— Ал мынаў курдасыңның сиңлиси,—деди ол кишкене ғана шөжедей бир қызды нусқап.—Усы быйыл оқыўға кире алмай қалса аўҳал шатақ!



Мен ол сүйсингендей дужырымлы бир пикир айта алмадым. Аўзыма келген сөз сол:—Буны имтихан шешеди. Билими терең болса әлбетте киреди.

Қулласы тап РесПО ның складшысы болып тайынланғандай, адамлар адым жерде тоқтата берип үйге зордан жеттим.

Үйге де жасы тәўнраққа барған бир кемпир қыдырып келип отырған екен. Мойнымнан қушақлап алып, қәне жиберсе.

— Қутлымурат ағам қандай еди-аў. Соннан қалған жалғыз туяқсаң,—деп бир егил-тегил жылайды дейсең. Кеўлим қатты бузылып кетти.

Бул отыз жылдан бери көрмей, қатнаса алмай жүрген ағамның немере апалары екен. Быйыл ақлығы оныншы классты питкерип оқыўға алып келипти.

Келиншегим қулағыма әстен сыбырлады.

— Қоңсымыз Жумамурат аға шақырып кетти.

— Мен бүгиннен баслап ҳеш кимниң үйине бармайман.—дедим ашыўланып.—Имтихан алатуғын болдым.

— Хаў, есиң дурыс па?—деди ол маған ҳайран болып.—Былтыр қайтыс болған Шынығүл шешемниң жылына айтып келди.

## 2

Имтихан аламан деп басыма көп бәлелерди арттырып алдым. Ертеңине таң азан менен қәтерешилердиң қоңыраўлары оятты. Олардың көпшилиги мени онша көп танымайтуғын адамлар болып, жақыннан танысып алыў ушын ҳәр жаққа мирәт ете баслады. Биреўлери Грачевкаға, биреўлери Ашшы көлге барыўға өтиниш жасап, мийимди ғыр айландырған еди. Бүгин дем алыс күни болғаны ушын да бундай мирәтлердиң орынлы екенин сездим де, айырымларына келисим бере жазлап қалдым. Бирақ та бүгин буншама қәдирли болғанымды ойлап, экзаменатор болғаным есиме түсип кетти. Сонлықтан да дәслепки қуўаныштың изин қайғы басып, кеўлимлал болып қалған еди.Саўда мәкемелеринде ислейтуғды. жолдасларымның айтыўына қарағанда адамды қотлатүсириўдиң бирден-бир жолы ас пенен урыў екен. реди. рақ мен оған қосылмайман. Адамлар ишкен аўқымлар есапласып жүрсе, миймандослығымыз қаяқта қал бас-Қалай да буны ойлап жүргенлер тар көлемдеги

лар шығар. Не деген менен айырым адамлардың тап усы бүгин миймандос болып қалғанынан-ақ бул мәселе белгили болды.

Дүньяда адамның ҳүжданынан әзиз нәрсе болмаса керек.
Олардың маған қәтере қылып отырған адамы жақсы оқыйтуғын бала болса не жақсы? Бир билимсиз өскен бала болса қалайынша ўәде бересең? Билими сайыз бала биринши курстың өзинде-ақ шүйелдей болып көзге көринип қалады. Оннан кейин «бул бала қалай кирип қалған? Имтиханды ким алып еди»—деп улы шаўқым болып жүргени. Он адамнан бир бала сайлап алынатуғын болғаны ушын да, жаман оқыйтуғын баланы жақсы оқыйды деп айтыўға да ҳүжданың бармас екен...

Бирақ, иләж қанша. Гейде сондай балалардан да бирди ярымы кирип қалады. Олар сондай санаўлы балалар болып, студентлер де, муғаллимлер де өлердей жаман көреди. Муғаллимлердиң шашын ағартатуғын солар. Соның ушын да, экзамен алған адамды еки нәрсе қыйнайды. Бириншиси билим жолына атланған жасларды дурыс баҳалаў. Екиншиси, жора-жолдас, досларынан айырылып қалмаў. Бир екеўин де оғада мүшкил. Соның ушын да ең ҳадал адам бириншисин таңлайды. Өзиң пәк болсаң жора жолдасларың да жүз үгире алмайды.

Сонлықтан да телефон еткен жораларыма университетте консультациям бар екенлигин ескертип, келисим бермедим. Тап өзим ойлағандай-ақ ярым саат өтпестен деканатқа шақыртылдым.

Көз көрип, қулақ еситпесин, университет алдындағы майданша адамларға лыққа толған. Жолдың еки қапталын қаплап алған аламан космонавтларды күтип турғандай быған-жыған. Дәл ортадан маған жол берип, «усы», «усы» деп сыбырласады. Тап мен космосқа барып келгендей биреўлер еки бүкленип сәлемлесип атыр. Усылайынша зордан деканатқа кирип бардым. Деканымыз Дәўлтан Алламуратович столға шығанағын тиреп, узақ бол[illegible]нып отырған еди.

— Ҳаў, экзаменатор, қалайсаң,—деди ол ҳәзил аракене оқыўға [illegible]

— Экзамени де бар болсын аға,—дедим кеўилсиз-[illegible]. Ол мәселени түсинди.

— Сеники еле ҳалўа,—иним,—деди маған дыққат



пенен тигилип.—Бизлердиң жағдайымызды бир көрсең еди.

— Асылсаң үлкеннен асыл деген. Декансаң, профессорсаң. Ҳәммесине қәтерең жүреди деп адамлар үйимизден шықпайды. Имтихан деп ағайин-туўғаннан да журдай болдық.

— Шақырған екенсиз,—деди, профессордың аппақ болып кеткен шашларына тигилип.

— Аўа,—деди ол қалтасынан сигарет алып тутатып. Профессор оғада сабырлы адам еди. Биз ҳәтте мектеп парталарында оқығанымызда да оның аты сабақлықларымыздың ең басында турар еди. Сонлықтан да бул киси менен биринши ушырасқанымызда-ақ әллеқандай ишки жыллы сезим бийлеп алған болса да, тап бир нәрсе жетпей атырғандай қолайсызланар едик. Соңынан бул кисиниң ондай тәтәррикти жақтырмайтуғынын сезип қалып, оның киши пейиллигине де тез үйренип кеткенбиз. Ол басқа деканлардай адамды биримлеп қабыл етип, қабақ үйип отырмағаны ушын, гейде деканат тап, автобазаның диспетчерлер бөлиминдей ғаўлап кететуғын еди. Сонда да бир адамға есикке шығып тур деген сөзин еситкен емеспиз. Ол өз пикирлерин ҳеш кимнен сыр тутпайды да, келген адамларды өз нәўбети менен қабыллап жибере береди. Соның ушын да мени шақырғанын қасындағы отырған бир еки доценттен сыр тутқан жоқ.

— Консультация бермесеңиз болмас,— деди бир майдан ойланып отырып. Мен профессордың «Консультация бересиз» деген сөзинен кейин-ақ жүрегим «суў» ете қалды. Экзаменди бес адам алғаны менен ишинде консультация бергеннен қыйыны жоқ. Консультация бердиң деген сөз, «көзге түстиң» деген сөз. Гәп консультацияның берилиўинде емес. Биринinformationшиден консультация берген муғаллим реклама характерине кирип қалады. Консультацияға келген абитуриентлер, барлық жанашырлар сол муғаллим менен қызығып қалады да, кеште үйине барып муғаллимниң сын-сымбатын, аты-жөнин дәстан етип айтып берип отырады. Әне, оннан кейин, ертеңине Гөне Ургеничке зияратлағандай адамлар үйине ағып келе береди, келе береди. Әлбетте, олардың ишинде гейпара таныс емес адамлар да ушырайды. Кел деў бар, кет деў жоқ. Азаннан бас-

лап кешке шекем қонақ күтип отырғаның. Гәп қонақтың келиўинде емес. Бәлким оның өтинишлериниң орынланбай қалыўында. Соның ушын да ҳеш ким бундай иске реклама болып қалыўын қәлемейди. Усындай себеплер менен консультация өткизиўге ҳеш қандай табым болмай отыр. Декан айтқаннан кейин көнбеўге иләж жоқ. Бир майдан егленип турдым да, ақыры консультация болатуғын он үшинши аудиторияға кирип бардым. Ҳәрренин уясындай ғаўлап турған аудитория мен кирип барғаннан бирден тынып қалды. Консультация тийкарында үш бөлимнен ибарат еди. Биринниси: шығарма жазыўдың қағыйдалары. Екиншиси: Революцияға шекемги әдебият, үшиншиси қарақалпақ совет әдебияты. Үш саат даўам еткен консультациядан үйге зордан шаршап қайттым.

Үйге келип, жаңа ғана чай ишейин деп атырған едим, чемоданларын тасырлатып, қасында еки ғарры менен үш баласы бар дайым кирип келди. Төрги жайға төсек салып, жалбырақлап атырмыз.

— Мынаў жаман жийеним,—деди дайым, бәшбентин шешип атырып,—«Өзи наук болады, дәстентлиги де бар»,—деп қосып қойды. Жанындағы қурашлы киси дастурханға жақынласып отырып, пәтия оқыды. Соңында: «Илайым, балаларымыз жығылмай, сүринбей өтсин» деп қосып қойды.

«Бизиң дайымның усындай пańқылдақлығы бар-дә» деймен өзиме өзим. «Еки жылдан бери өзиниң бир баласын өткизе алмай жүрип, буншама адамларды ертип жүргенин қәйтерсең».

Шай ишилип атыр. Холодильниктеги гөшти қазанға салып атырғанын көзи шалып кеткен дайым асханаға келип даў салды.

— Мынаў улама адам,—деди басына сәлле ораған кисини көрсетип.—Сениң тоққа сойған гөшиңди жемейди.

— Бүгинше таўық сойсақ қалай болар екен дайы, дедим.—Күн де кеш болып қалды. Нөкисте сойыслыққа мал табыў қыйын ғой.

— Әкеңе усағансаң,—деди ашыўға бүўлығып дайым.—Сықмарсаң. Қасымдағы киси ҳәзиреттиң тұқымларынан. Аўылда елеге шекем ол кисиге ешки сойып көргенимиз жоқ. Сениң бизге наук болғаның не? Қасымдағы ерип келген кисиге бир қой таба алмасаң?!



Гәпти көп созып отырмастан, қаланың сыртына мал излеп кеттим. Бизиң үйлерден шығыста жети километрдей жерде шарўаның үйлери бар еди. Нәзерим сол. Кимниң есигиниң алдында қора көринсе, сорап киятырман. Мал сататуғын адам табылмай атыр. Әллен ўақытта жумысымның жағдайын түсингендей бир муртлаш кисиге жолықтым.

— Аға, сойыслыққа қой излеп киятырман,—дедим оннан жасырмай.

— Егер, қымбатына қыйналмасаң, Тәкеңниң үйинен табылып қалар,—деди ол маған жақын жердеги қара үйди нусқап.—Мал менен сол киси саўда қылады.

Тәкең деген орта бойлыдан келген, бир семиз киси екен. Қой қораға ергенек жасап атырған жеринде гезлестим.

— Аўа бала, шарўаңды айт,—деди де ол, өз жумысы менен бола берди. Мен жумысымның жағдайын түсиндирген едим:

— Қой жоқ. Тоқлы табылып қалар,—деди ол кескин түрде.—Бирақ, жүз сомнан кейин болмас.

— Болады,—дедим мен, еле оның сататуғын тоқлысының түрин көрмей-ақ, дәреги табылғанына қуўанып.

Ол өз жумысын қойып маған көз әйнегиниң астынан бир қарап қойды. Шамасы «саўданың мәнисин түсинбейтуғын бир бала болды-аў» деп ойлады. Соңынан қой қорасына кирип кетти де жүнн сабалақ-сабалақ болып үрпейип кеткен, қояндай ғана ҳәли бар, бир пәжмүрде қозыны сүйреп келди. Оның арық-семизине қарап отыраман ба? Әйтеўир аты мал болса болар, дайымның табасына қалмасам болғаны. Соның ушын да, мал алатуғын адамлардай оның ол жер, бул жерин түртип көргеним жоқ. Қалтамнан ақша алып санай басладым.

Соның арасынша Тәкен ағайды үйден жеңгей шақырып қалды. Келискен саўдамызды енди жеңгей бузатуғын болды—жаным қалмай тур. Тәкен ағай үйден кеўилленип шықты.

— Ой, өзимиздиң инишек екенсең ғой... Үйге жүр, суўсын иш.

— Рахмет аға... Үйде қонақларым күтип отыр.

— Онда тоқлыны жетекле де тарта бер.

— Пулын умыттыңыз-ғо.

Мен қалтамнан жүз сом шығарып берген едим. Тәкен аға алмады. —Ер мойнында қыл арқан ширимейтин, дейтин. Осы тоқтыны саған сыйладым.

— Қалайынша,—дедим мен ҳайран болып. Аты жолымды билмейтуғын адамның бирден маған меҳрибан болып қалғанына ҳайран болып басым қатты. Тәкен сөздиң анығынан келди.

— Алты атамыздан бери шарўамыз. Қой изинде келемиз. Осы жылы бир қызымды оқытып ғалым қылмақшыман.

— Дурыс ислегенсең,—дедим мен,—ғалым болыў ушын қой бериў шәрт емес. Көкирегинде бир нәрсе болса өзиде ғалым бола береди. Ҳәзир журттың бәри бәйгиге ат қосып атырған ўақыт. Сиз де қосың өз атыңызды.

— Ол айтқаның да жөн-ғо. Ҳәзир қоңсымыздың еки баласы теңнен оқып жатыр. Байғустың әкелери ертеде қаза тапты. Жалғыз шешесиниң не пулы, не қәтереси бар. Соған қарап оқыўда әдиллик бар екенин билемен. Бирақ, бизиң қыздың күйи төменлеў көринеди.

— Ондай балаға шарамыз жоқ. Билими сайыз адамды, пул яки қәтере менен билимли етиў қыйын. Соның ушын да меннен өз ҳақыңызды алың,—деп пулды қалтасына салдым. Тәкен оған:

— Ой-бай иним, бул не қылғаның. Буны мен әдейи қызымның көңли ушын тартыў қылған едим. Бала байғус танып-ақ тур. Бүгин...—Мен кескин түрде, оған тикленип қарадым да,—Қызыңыздың оқыўға кириўине тилеклеспен, аға, бирақ мына талақтай жабысқаныңызды қой, — деп тоқлыны жетекке алдым.

Тәкен ағай шынында да мениң қозыны пулсыз алмайтуғынымды сезди. Ол турған жеринде бир майдан үнсиз қатып қалды да:

— Ой-бай тоқта!—деди мениң изимнен жүўырып. — Иним саўда деген жаман. Бул мәселеде гейде ҳүжданыңды да умытасаң. Мынаў тоқтының қымбат базарында алпыс сомнан асып түсиўи шамалы. Туўры жигит екенсең. Мениң қызым институтқа кирсин деп айтып атырсаң-ғо. Қызымның бахтына тосық болып жүрер. Мен дузақ салмақшы болған қырық сомыңды алып кет.

— Бул пикириңе қосыламан, — дедим мен. Сөйтип



қозыны алпыс сомға алып, әлле немирде зордан үйге жеттим-аў. Қозысы қурығыр да жетекке жүрмей тәўирақ қыйнап таслады. Сөйтип, қаралай өшип келсем, ғаррылар көкнар таўып бересең деп шатақ салып атырған екен. Қозыны қоңсымыз Айтмурат ағаға сойып берегөр деп жалындым да, өзим көкнар излеп кеттим. Түнги саат он болып қалған. Қәне, бул Нөкистен ол табылса. Өлдим азарда гөне Нөкистеги бир кемпирден қурттай көкнар таптым. Сол күнги аўқатты түнги саат екиде жеп болып уйқыға жаттық.

### 3

Түни менен шаршағанлықтан азаңғы саат сегизде зордан ояндым. Көзлерим домбығып исип кеткен. Аяқларым сиресип қалыпты. Узақ кеселден турған адамдай болып қалыппан. Сыртқа шығып қарасам сақшыдай жайдың ҳәр мүйешинде бир адам. Кимди көрсең қолына биреўдиң фамилиясы жазылған иширткидей қағаз. Гилкий «усыны еплеп жибер» деп жүрген биреўлер.

Бүгин имтиханлардың басланатуғынлығы есиме түсти де, даладағы қол жуўғышқа тез-тез жуўына басладым. Соңынан кийиндим де, шайға да қарамай университетке кетип қалдым. Жолда киятырып ойланаман. Өзи бүгин жүз адамнан экзамен алады екенмен. Оның қырық адамына қәтере қағазы келипти. Ҳәммеси болып үш жүз баладан экзамен алады екенбиз. Соннан қабыл ететуғыны тек жигирма бес. Демек, он еки баладан биреў. Бундай үлкен конкурста тек ҳадаллық керек. Ҳадаллық...

Қәтере қағазлардың бәрин жыртып тасладым. «Тап әкемниң баласы болса да қәтереге қарамайман. Өз күши менен кирсин...» Жазба имтиханлардың қәтереге бойсынбайтуғын бир жерлери бар. Ҳәр бир баланың жазып тапсырған жумысы өз алдына документ. Оның жазалмай қалған жерин толтырыў, қәтесин дурыслаў ҳасла мүмкин емес. Буннан тысқары жазба жумыс шифр арқалы бериледи де, оның кимниң жазғанын билмей де қаласаң. Соның ушын да жазба жумыста қәтерениң болатуғынына өзим исенбеймен.

Университетке келдим. Тап гүзги пахта байрамына жыйналғандай адамлар сеңдей соғысады. Сирә жол бермейди. Адамлардың арасынан жолды зорға таўып

есикке келип жеттим де, аўызда нәўбетшилик етип турған ассисентлерге экзаменаторлық билетимди көрсетип ишке кирдим. Екинши қабатқа көтерилип, кириў имтиханлары болатуғын аудиторияға келгенимде декалебир нәрселер ҳаққында пикирлеспекте еди. Мениң нымыз Султан Алламуратович бир ассисент пенен әлкешигип келиўим шынында да профессорға унамады.

— Ҳаў, Қасым иним, усындай күнде де кешигиўге боламекен? — деди маған ҳайран болған пишинде қарап. Сол тигилип қарағанында-ақ мениң жағдайымды түсинген болса керек. Басқа үндемеди.

Мен сораўлар жазылған конвертти балалардың алдында аштым да, ондағы сораўларды доскаға жаза басладым. Онда аңсат ғана үш сораў жазылған еди.

Кең ҳәм жарық аудиторияда жүз бала шығарма жазып атыр. Биреўлери узақ ойланыўы менен ийегине бармақларын тиреп алған. Екинши биреўлери ядына ҳеш нәрсе түспей қалып, тәғдирге тән берген адамлардай дым қапа болып отыр. Үшинши биреўлери өзине қолайлы тема түсип қалғанына рәҳәтленгендей сытырсытыр жазып атыр. Булар араны ашып киятырған тулпарлар сияқлы бирден-ақ көзге тасланады.

Мениң өзим баланың әдил сыншысы муғаллим екенине исенемен. Бирақ та муғаллимлер балаларға баҳа бергенде де улыўма республикалық масштаб пенен баҳалай алмайды. Мәселен, гейпара аўыл мектеплеринде бес алып жүрген бала республикалық конкурста төмен баҳа алып қойыўы да мүмкин. Бундай жағдайлар ҳәтте республикалық олимпиадаға жиберилген оқыўшылар арасында да болып жүр. Усындай жуўмақлар оқыўшы ҳәм оның ата-анасының наразылығына да алып келеди. Соның ушын ҳәр қандай муғаллим баланы республикалық сынаққа тәрбиялаўы керек. Себеби, гейпара мектеплердиң қайта-қайта бес қойып хошеметлеген балалары, айырым мектеплердиң үш алып жүрген балаларына зорға теңлесип қалады.

Белгиленген мүддет өткеннен кейин ҳәмме өзлериниң жазған шығармаларын тапсырып атыр. Олардың айырымлары жазыўшының шығармасын таллаўдың орнына тек автордың өмирбаянын жазып жиберипти. Ал, бундай жумысларды қалайынша баҳаларсаң. Ол өзиниң еки бет жазғанына кеўли тасып, үйине қуўанышлы



қайтып баратыр. Темадан тыс кеткенлигин аңламайды. Усы тийкардан көп ойланып отырдым. Қабыллаў комиссиясының секретары келип барлық жумысларды санап алды. Шифрлап бериў ушын өз кабинетине алып кетип қалды. Мен папиросымды тутандырып сыртқа шығып кеттим.

Сеңдей соғысқан аламан еле тарқамапты. Бир қаҳарман менен ушырасып атырған сияқлы мени орап алды. Бәри балаларының қалай жазғанын сорайды. Мен не деп айтыўым мүмкин. Кимди көрсең «бизиң баланы еплеп жибер» деп жүрген биреў. Геллем ғуўлап тап усы аўҳалда үйге қайттым. Бирақ, жолда тағы бир қәтерешиге тап болдым.

— Тоқта иним,—деди ол маған жақынлап.—Қурбанбай ғарры деген атаң мен боламан. Ески партизан болып, қарақалпақты баспашылардан тазарттым. Ҳәзир атақлы пахтакешпен. Қартайған ҳәлимде көрген бир балам бар еди. Соны мына институтқа алып келип едим, жәрдем бер шырағым.

— Ой-бу ата, бизде шифр деген болады. Тексериўде ол кимниң жумысы екенин билмей қаламыз. Оның үстине жазба жумыс деген документ. Жазғанынан артық баҳа қоя алмаймыз.

— Шифр, цифрыңды билмеймен, соны еплеˇ шырағым,— деди ғарры. Мен аңсатлық пенен түсиндире алмайтуғынымды сездим де:

— Яқшы ата, жәрдем беремиз,—деп қояғойдым. Ғарры рахметин айтты да жөнине кетти.

Түни менен сабылып шаршағанлықтан түсте азмаз дем алайын деп үйге келсем, үйдиң иши де быж-жыж екен. Бурынғы қонақ қонақ па. Дайымның дайысы, жийенниң жийени дегендей, пүткиллей сығасып отыр.

Асханаға бир басымды суғып едим. Күйип парты шығып отырған ҳаялым жағамнан ала кетти.

— Мен саған имтихан алагөр дегенбедим. Отпусканың пулын да еки күнде-ақ жеп болдыңғой. Мына абысынлардың дастурханына не саламыз. Анаў «шуба» аламыз деп отырған ақшамыз да атамның аяқ ушына кетти. Ҳәр күни бир қора адамға аўқат писирип отыраман ба?

— Тек сениң гәпиң жетпей турып еди, — дедим мен қатты ашыўланып. Бардым да өзимниң жумыс кабине-

тимдеги диванға қуладым. Ол жерде де тындырмады. Үш минуттан кейин есик қағылды.

— Кириңиз, — деп есикти аштым. Маған онша таныс болмаған биреў:

— Сыртыңнан таныймыз иним, — деп күле береди. Мен бул кисиниң жумысының жағдайын түсинген болсам да:

— Жасыүлкен, қандай жумысыңыз бар еди,—деп сорадым. Ол өзи күлкиси келмеседе өзин оғада кеўиллы етип көрсетпекши болар еди. Қалай да, ол келген жумысының жөнин күтә узақтан баслап, бөлмениң ишине көз жуўыртып:

— Иним, сонша жылдан бери ислеп бир гарнитур яки гилем ала алмапсыз-дә. Китаптан басқа дүньяңыз жоқ ғой.

— Гарнитур ўақты сәти менен бола берер. Бирақ китап мениң ушын ең үлкен дүнья, — дедим оның сөзлерин жақтырыңқырамай.

— Сырт ел гарнитурын мен саған саўға етпекшимен, — деди жаңағы киси бир майдан үнсиз қалып.

— Не ушын?

— Мениң баламды университетке киргизсеңиз болғаны...

Мен әллеқандай бир пишинде лал болып қалдым да:

— Кеширерсиз, сиз жаңылыстыңыз, — дедим сигарета тутандырып. — Мен өзимниң ҳадал пулыма гарнитур алыўды мақсет еткен адамман.

— Бирақ, сиз жаңылысып атырсыз,—деди ол адам маған өз идеясын өткизбекши болып.—Мен сизге болмаған менен басқа биреўге мақсетимди орынлатаман.

— Қолыңыздан келсе, орынлат! Бирақ мен усы жасыма келип илимниң пулға сатылыўынан хабарсызбан.

— Соның ушын да еле жассаң, — деди ол киси маған жүзин әллеқандай тыржыйтып.

— Айтпақшы, айлығыңыз неше сом жасы үлкен?

— Бир жүз қырық.

— Ал, мен үш жүз жигирма сом.

Ол және жанланып кетти.

— Соның ушын да сеннен ғурғын тураман-дә. Меншикке машинам бар. Ғалы-гилемлерди тротуарға төсеп қойыппан.



— Қандай пулларға алынған? — дедим мен қосып. Оның түри тәўирақ өзгерип кетти. Ҳәтте ашыўланды.

— Мен қандай болғанда да сеннен бай тураман. Китапларың закуска бола ма? Қолың келип турғанда пайдалан-сеш. Өмириңше экзаменатор боламан дейсең бе?

Китапларымды жерге урғаннан-ақ денем түршигип кетти.

— Ҳарам дүнья маған жақпайды. Шығып кетиўиңизди өтиниш етемен.

Ол дәслеп мениң бирден қызғаныма ҳайран болып турды. Соңынан әсте орнынан турды.

— Кешир,—дедим мен.— Кел деў болғаны менен кет деў жоқ. Бирақ, сизиң өзиңиз мени сол жағдайға түсирип отырсыз.

Ол әстен есиктен шығып кетти. Мен сигаретимди пысқытып шегиўим менен өз орнымда отырып қалдым. Отырып ойланаман. Имтихан институтқа кириўши абитуриентлер ушын ғана керек емес. Бәлким, адамлардың ҳүжданын сынаў ушын да керек. Жаңағыдай ҳарамылардың Ҳадаллық сабағы бойынша неге имтихан алынбайды екен?... Мен усыларды ойлап бөлмеде арман-берман жүре басладым.

## 4

Ертеңине жазба жумыслары басланды. Тек ҳәр бир жумысқа номер қойылғаны болмаса, кимниң жазғанын билмейсең. Тексериў нәтийжесинде кими жығылды, кими төрт дегендей... Жумыслар соңынан салыстырмалы түрде көрип шығылды. Усындай салыстырмалы тексериўлердиң биринде, мен өзимиздиң пар муғаллимниң биреўи менен шатастым да қалдым. Ирсек-тирсек етип жазылған бир бетлик жумысқа тил муғаллими «мазмуны жақсы, сөзди қураўы ықшам» деп төрт қойып жиберипти. Оқып көрсем қәтеси көп. Дәрҳал қайтадан тексерип «еки» қойып жибердим. Сол, сол екен, пар муғаллимим менен келисе алмай-ақ қойдым. Ол экзамен алып турған ўақтымызда баланың жанына барып жумысын белгилеп жиберген екен. Жумыслар титульный листке салынып, ведомстьқа қойылып келгеннен кейин қарасам, пүтин масқарашылық.

«Жийеним экзаменатор, баламды институтқа киргизеди».—деп үйде жамбаслап жатырған дайымның баласы бириншилер қатарында ушып кетипти. Қасындағы жатырған ғаррылардың биреўиниң баласы еки алыпты, екиншиси үш. Тақыркөлде бир апайдың баласы бар еди. Ол да еки. Келиншегимниң бир ағаларының баласы төрт алыпты. Ол да үш жылдан бери республикалық олимпиадаға қатнасып жүрген бала. Үйде әлбетте мени үлкен кеўилсизликлер күтпекте еди. Келсе көрермен деп дайым мушына түпирип отырған болыўы керек. Апай да баласының жығылыўын қәлемейди. Усылардың бәрин ойланып аудиторияда бираз отырып қалдым.

Сыртта радио микрофон жазба жумысына қатнасқан балалардың бахасын еситтире баслады. Төрт, бес бахасын еситтиргенде балалар қуўанар, ал еки бахасына келгенде... диктордың өзи де даўысы дым қарлығыңқырап, қапа болып оқып турған еди. Шадлық хэм қуўанышларға толы турған майданшадағы жаслар арасында енди салқынлық араласа баслаған сыяқлы еди. Портфелимди алып сыртқа шықтым. Ҳаўа бираз өзгерипти. Жамғыр сипшилепти. Есик алдындағы скамейкада бир қыз көз жаслары дәрья болып жыламақта. Оған әллебир нәрселерди айтып қурдасы жубатпақшы болады. Бирақ қыз қурдасының сөзлерин ҳеш қандай тыңламас. Оның әндишели ғана бир қыз екенлигин көрип дым аяп кеттим.

Адам өмиринде ҳеш қандай қыйналмаса, жыламаса екен. Бирақ өмир ондай емес. Оның өткеллери көп. Соның ушын да «турмыс бир қолы менен басыңды сыйпаса, екинши қолы менен шаппат урады»—деген туўры гәп. Адам өз әрманына жетиў ушын көп ғана машақатлы жоллардан өтиўи керек. Барар жолыңның бәри тегис болса да қызығы болмайды.

Мен университеттиң арғы дәрўазасында жәнe сол ғарры менен ушырастым. Ғарры меннен оғада қуўанышлы еди.

— Рахмет балам! Төрт қойыпсаң,—деди мениң қолымды қысып. Ғарры бийшара баласының төртти өз күши менен алғанлығын билер ме екен!!

— Рахметти балаңызға айтың,—деди мен оған,



Ғарры мениң шын мәнисте айтып атырғанымды түсинбеди, шамамда:

— Рахмет балам! Мениң ғаррылығымды, Уатанға еткен мийнетимди сыйладың. Мен оған басқа үндемедим.

Үйге киятырып ойланаман. Халық арасында сондай ақ көкирек адамлар да көп-аў. Болмаса сол киси маған ҳәтте баласының фамилиясын да айтқан емес. Сонда оның баласына не жәрдем көрсеткен боламан. Гейпара зағзақылар усындай адамлардан да пайдаланадыаў.

Үйге келсем «спектакльдиң» ең үлкени басланып атырған екен. Бахалар радиода дағазаланғаннан кейин, баллардың бәри үйге келип жағдайын айтқан. Пәйикке қашып отырған ғаррылардың бәри сапиклярын жыйнастырып шаўқым салмақта еди. Ашыўға минген дайымның даўысы қатты буўлығып шықпақта.

— Усыннан да адам болып... Буны адам деп келип жүрген бизлердиң есимиз жоқ. Буннан аўылдың муғаллимлери инсаплы. Аттестаты үш болып баратырғанда әнедей бир қойды сойып, арақ-шарабы менен бес қойғыздық та алдық. Сонша ағайин болып отырып, бул жаман бундай қылады деген есимизге келмепти.

Екинши ғарры да сөзди илип кетти:

— Айландырған үш баланы киргизе алмаса инстотта ислеп не қылады?!

— Өзи билими сайыз болса институтқа кириў қыйын усайды,—деп апам сөзге араласқан еди. Дайым кейип таслады.

— Қойсаң-ә! Өзи адымсыз. Болмаса аўылдағы Сейтмурат муғаллимнен бес дегенди бир түйе таўыққа алып жүрмиз. Ҳеш болмаса бизлердиң ҳүрейимиз ушын төрт қойсын!

Дайымның ашыўлы екенин сезген апам үнсиз қалды. Шамасы шаўқым тәўир-ақ ўақыттан берли болып атырған болыўы итимал. Үйге кирсем ҳаялым қуўыста бир қысым болып отырған екен. Күйип парты шығып отырған дайым жағамнан ала кетти.

— Сениң адымсыз екенлигиңди бурыннан-ақ билетуғын едим. Әкеңе усағансаң ақыры, әкеңе! Жаман адам қайыншыл деген. Келинниң иниси өтеди де, би-

зиң бала өтпейди. Бир балаға қәтереӊ өтпесе, институтта ислеп не қыласаң?!

Бийшара қәйиниминиң экзаменде төртти өз күши менен алғанын, қәне енди бул ғаррыға түсиндирип бере алсам.

— Дайы, ол бала төртти өз күши менен алған. Үш жылдан берн республикалық олимпиадаға қатнасады екен.

— Олимпиа, паламппяңды билмеймен,—деди қатты ашыўланған дайым.—Өзиң экзамен алып, дайыныңбир баласын институтқа киргизе алмағаның уят!

Мен қатты қолайсыз аўҳалда қалдым. Дайымның баласының еки алғанына апам да қапа болайын деди. Фронтта ағам қазаланғаннан берн апамның кеўлин жыққан емеспен. Мениң дурыслығымды талай сынап билген апам, жынаятқа қол урмаслығымды сезер еди. Соның ушын ол да тис жарып бир нәрсе айтпады. Анам саўатсыз болса да ҳадаллық сабақларына қанық адам еди. Ҳәтте оның жаслығымда айтқан нәсиятлары да есимде қалған:

— Адам баласы терекке тырмасып өскен сүтилмек болмаўы керек,—деп айтыўшы еди анам.—Егер теректи қырқыў зәрүр болған ўақытта, сүтимликти де қосып қырқып жибереди. Соның ушын да сениң нам-нышаның терекке қосылып кетип изсиз қаласаң. Дүньяға шыққаннан кейин, тың жерге шыққан тораңғыл сияқлы қәддиңди тикле. Ҳадал мийнетиң менен келген бахыт жақсы. Адам көп орында қәтеликке жол қойыўы мүмкин. Бирақ, билим жолында адамның қәтеликлерге жол қойыўына ҳақысы жоқ. «Арық қойды сақласаң аўзымурныңды май етер, жаман адамды сақласаң аўзымурныңды қан етер». Бирақ, жарамсыз адамлар тәрбиялаў ҳәммесинен жаман.

Соның ушын да анам маған иләә деп аўзын ашпады.

Дайым ҳәм оның жолдаслары қайнап турған шайға да қармастан балаларына чемоданларын тасырлатып көтертиўи менен үйден шығып кетти...

## 5.

Бүгин алты күннен бери үйде отырып берекетим қалмады. Үйимиз тап тәўиптиң үйиндей, азаннан кешке



шекем қурдай қатнаған адам. Жумысы питип атырғаны жоқ. Бирақ, солай болса да адамлардың изи үзилмейди...

Бүгин әдебияттан аўызша экзаменниң бар екенлиги есиме түсип ерте ояндым. Экзамен алынатуғын аудитория сазланып, балалар коридорда нәўбет күтип турған еди. Мен келиўден-ақ секретарь қыз пакетке салынған билетлерди алып кирди. Имтиханды баслап жибердик. Мениң қасымдағы пар муғаллим, маманлығы жағынан тилши болып, жақында ғана институтқа алынған. Соның ушында кириў экзамениниң машақатларын онша сезбес еди.

Әдетте, аўызша имтихан алыў оғада қыйын нәрсе. Ҳәтте ҳеш нәрсе билмей қалған баланың өзи де, сеннен үлкен үмит күткендей телмирип қалады. Гейпаралары өксиўин баса алмастан жылаўы менен шығып кетеди. Айырымлары әкесинен жетим қалғанлығын айтып кетеди. Усындай жағдайлардың ҳәммесин баҳалап көрши? Улыўма бул қыйын нәрсе?

Биринши болып имтиханға кирген жигит, қызлардың ҳәммеси билими жағынан тәўир-ақ мықлы екен. Олардың ҳәммесине де төрт-бес баҳаларын қойып, жүдә кеўилли отыр едик.

Шатақтың үлкени екинши группадан басланды. Нәўбет шашын диўдендей етип қойған, бир дуғыжым жигитке жеткен еди. Мениң қасымдағы отырған пар муғаллим жүдә активлесип кетти. Абитуриент билеттиң биринши сораўын билмеди. Екинши сораўға да тиси батпады. Үшинши сораўға ҳеш қандай түсиниги жоқ еди. Солай болса да пар муғаллим оның сөзин мақуллаған болып, ҳәр бир сөзинде «дурыс айтып атырсаң» деген сөзлерди қосып айта баслады. Ал, енди қосымша сораўларға келгенде «Баслаўыш деген не?», «Муғаллим келди» деген сөздиң баслаўышы қайсы?», «Бердақ қайсы елдиң шайыры?» дегенге усаған сораўларды берип атыр. Мен оған артық шыдап тура алмастан, имтихан қағазына еки қойдым да жибердим. Жәрдемши муғаллим бурыштай болып қызарып кетти.

— Узақ ағайинлеримиз еди. Не қылып қойдыңыз?
—Ҳаў, өзиңиз ойлап көриң? Бердақ пенен баслаўышты билмеген бала, оқый алама? Ал, оған жақсы баҳа

қойып оқыўға кирди деп ойлайық. Студент болғаннан кейин отыздан артық муғаллим сабақ береди. Имтихан алған ўақытта сениң бул қәтелигиң ушын отыз муғаллим нәлет айтады. Қабыллаў экзаменлерин аларда адамның абыройының түсиўи де усыннан.

Енди ол маған ҳеш нәрсе айта алмас еди.

Усындай келиспеўшиликлерден бир баланың еки алыўына сәл қалды. Ол имтиханға жақсы таярланыў менен бирликте өзиниң жазған қосықларын да алып келген еди. Оған төрт қоймақшы болғанымды байқап қалған пар муғаллим, мениң бир жақын адамларым деп ойлап қалды ма, билмедим сораўды қардай боратты.

— Достоевскийдиң қандай шығармасын билесең? Есениниң қандай қосықларын билесең?

— Бул программадан тысқары,—дедим мен.—Ақыры биз рус әдебиятынан имтихан алып атырғанымыз жоқ ғой?

— Мен қәлеген сораўды бериўиме ҳақым бар.

— Олай болса, бул бала менен бағанағы баладан комиссия арқалы экзамен аламыз. Пар муғаллим қорқып кетти.

— Яқшы, яқшы бул балаға төрт қойыўға қарсы емеспен,—деди ол мәселениң кескин баратырғанлығын сезип.

Буннан кейин нәўбет өлпең шашлы кишкене бир балаға жеткен ўақытта баяғы физвостағы муғаллим сүўменлеп кирип келди.

— Мынаў бир ағайдың баласы еди, достым. Жақында әкеси өлип қалды. Қеўли қабарып кетпесин, бир әмеллеп...

Бизлер бир-биреўимизге қарасып қалдық. Бала элементар сораўларға жуўап бере алмас еди. Бир майдан ойланып, тәўекел деп «үш» баҳасын қойдықта жибердик. Соңынан имтихан тарқағанша бир қолайсыз ис ислеп қойған адамдай мениреў болдым да отырдым. Гөшти надурыс бөлистирген қассап пенен ушырасқандай кеўилсиз болып үйге қайттым.

Жолда бир киси ентелеп изимнен жетти.

— Қулмуратовқа үш қойғаның жақсы болмапты, иним. Енди бәрибир мандаттан өте алмайды.



— Аўа. Илажсыз қойыўға мәжбүр болдық. Жақында әкеси де өлип қалған екен, бийшараның.

Жаңағы кисиниң түри пүткиллей өзгерип кетти.

— Не дейди. Тири адамларды «өлди» деп жүрген инсапсызлар. Ақыры мен оның әкесимен ғой! Пул урсын сизлерди!

Қеўлим астан-кестен болып кетти. Демек бизиң ҳүжданымызды аяқ асты қылыпты-дә!

Лаппа изиме қайттым. Физвостағы муғаллим еле есик алдында турған екен. Оның бөртип кеткен жүзлерине тигилдим де ғазебим қайнап кетти.

— Ҳүжданссыз! Және қайсындай адамлардың ҳүжданын саттың. Айрым адамлардан ақша алып, олардың балаларын жетим етип көрсетиўге уялмадың ба?

Ол бул сөзлерге жуўап бериўге әзи еди. Соның ушын да қасыма ерип келген қалпақлы кисиге бақыра баслады.

— Әй, өзиң бир симсик адам екенсең ғой. Ақшаңды ийт жеп пе? Үйде турыпты-ғо. Өзиң басы ислемейтуғын гешше балаңды алып келипсең. Аўзынан сөзи түсип қалған.

Ол киси дым үндемеди.

— Онда суд алдында ушырасамыз,—дедим мен.—

— Бул исти соңына жеткизбегенше қоймайман.

Екеўи де бирден сескенип кетти. Усы ўақытта барып қалпақлы киси тилге келди.

— Ондай етпей-ақ қой иним. Мынаў жигит бир қатнаса алмай жүрген бөлемиз еди. Бөлелердиң арасында бес жүз манат жүрмей ме?

— Жүретуғын болса биреўлердиң сап ҳүжданын ылайламаң. Мен үш баҳасын сениң ақшаңа емес, оның шы классты питкерген ўақтында атасынан айрылып қалған бир бийшара баланың муңы ушын қойғанман. Бирақ, мениң айрым адамлардың пул ушын ҳүжданын сататуғынлығынан хабарым жоқ.

## 6

Түстен кейин және шақыртылдым. Химбиология факультетине кириўши абитуриентлердиң жазба жумысларын тексериўим керек екен. Еле шифрланбағаны

ушын бир сааттай күтип қалыўға туўра келди. Коридорда абитуриентлер көп болғаны менен жүдә тынышлық ҳүким сүрген еди. Ҳәр жерде үйме-үйме болып турған абитуриентлер сабақлықларын бетине басып алып күлимсиреп шыққанллары да, «еки» алдым деп лардай дым тақатсыз... Имтихан болып атырған аудиториялардың есиклеринен анда-санда жақсы баҳалар алып күлимсиреп шыққанлары да, «еки» алдым деп орамалын бетине басып жылап киятырғанлар да бар. Биринши қабатқа қарай өтетуғын мүйеште жабырласып турған абитуриентлер, тап мал базарға келген базаршылардай «Неше алдың?» «Қандай сораўлар түсти?» дегенге усаған сораўларды үсти-үстине жаўдырып атыр.

— Айтмуратовқа «Ийттиң түрлери» деген сораў түсипти,—деп күлиседи әлле кимлер. Тарийх кабинетиниң алдында еки абитуриент бәсекилесип атыр.

— Қырым урысын ярым саат сөйледим. Сонда да муғаллим «үш» қойды,—деп налыйды, биринshisi.

— Ким менен ким урысқан екен?

— Әне, сол жерин билмей қалдым да.

— Онда саған еки қойылыўы керек екен,—деп ықыртты екиншиси.—Ҳаў ким менен кимниң урысқанын билмей қуры сөйлей берип жиллимисен.

— Саған не түсти,—деди үшинши биреў.

— Уллы Ўатандарлық урыс.

— Айттың ба?

— Айттым. Бирақ қосымша сораўға жуўабым шалалаў болдыма деймен.

— Ол қандай сораў?

— Жерлеслеримизден шыққан Советлер Союзының Қаҳарманлары.

— Кимлерди айттың?

— Отарбай Сейитов,— деген едим. Муғаллимлер күлиседи.

— Орденлериниң көплигин айтажақ болғансаң ғой.

Имтихан алынып атырған аудиториялардың есиклери ашық. Гейпара абитуриентлердиң жуўапларына қанаатланбаған муғаллимлер көкнаршыдай шыртылдап отыр. Жақында ғана университетке алынған ассисент коридорға атлығып шыққанын көрдим.



Шамасы пар муғаллим менен келисе алмай қалған-аў деймен.

— Бүгиннен баслап ислемеймен,—деп азарда-безер болады.

— Не болды?—дедим мен оған жақынлап.

— Не болатуғын еди. Бир саўатсыз баланы қәйним еди, жоқары баҳа қояйық дейди. Усы ағайдың ети өлип кеткен шығар сирә. Болмаса баслаўышты билмейтуғын балаға төрт қойып бола ма?

— Қапа болмаңыз, ректоратқа айтамыз.

— Ректорат сонша баланың бәрин қалай тексерип шығады. Оннан да адамда ҳүждан болыў керек. Сонша конкурстан кейин саўатсыз баланы қабыллаўға кеўлиң бармайды.

Мен бул кеўилсизликлерден кейин қатты қапа болдым да, сигаретамды тутатып сыртқа шығып кеттим.

Ҳәр күни зүрәәт байрамына жыйналғандай аламан, бүгин сәл тарқалысып, қапталдағы скамейкалар да жекке-жарым ғана адамлар қалған еди. Қолына қалпағын алып қуяшламада мүлгип отырған әдеўир жасларға барып қалған бир ғаррыға нәзерим түсти.

Ғарры, ишки есик ашылыўдан көзин шайдай ашып тигилер. өзине керек емес адамлар екенин сезгеннен кейин қайтадан буйығар еди. Мен оның қасына аманат ғана отырдым. Ол мениң отырғанымды сезди ме, сезбедиме билмедим, ләм деп аўзын ашпады. Ғарры шынында да есиктен басқа ҳеш жаққа қарамас еди. Есик бизлер отырған жерден әдеўир қашық болса да, кимлердиң кирип, кимлердиң шығып киятырғанлығын анық сезип отырғанлығына ҳайранман. Жып-жылтыр етип қырылған басын қуяшқа тутып, бираз мүлгиген ғарры сол отырысынан сары көйлек кийген бир кишкене бала есиктен шыққанда ғана көзин ашты. Көп күткен адамы көрингендей алақанын уўқалап, қалпағын кийди. Есиктен шыққан жас жигиттиң ғаррыға кейип бериўине қарағанда сирә баласы болыўы итимал. Жаңа орнынан тура бергенде бир нәрсе ядына түсти ме, я баласының аўҳалын мұқыятлап билип алғысы келди ме, әйтеўир орнына қайтадан отырды.

— Сөйтип не қылдың балам. Илесе алдың ба?—деди оған орынлықтан жай нусқап.

— Епледим,—деди бала отырып атырып.

— Еплегенде қалай? Үш пе?

— Хәкисине мениң гезегим бир жас муғаллимге түсип қалды.

— Әй, онда арбаны аўдарыпсаң ғой.

— Жағ-әй, олай болмады. Мен таяр емеспен деп отырып алдым.

Ғарры «мына жағы парахатшылық екен ғой»— деген пишинде қалпағын қолына алды.

— Хее, сөйтип?...

— Бир сааттай отырған шығарман сирә. Мийиме бир нәрсе түссе буйырмасын. Соңынан «Әй не болса болсын»—дедим де ғаррылаў муғаллимниң алды босаўдан-ақ отырып алдым. Қағазға билетте айтылған сораўдан басқа хеш нәрсе жаза алмадым. Бирақ та биринши сораўдың изине: «Муғаллим Қәдиримбет сизге сәлем айтты». Екинши сораўдың изине: «Урыста бирге болған екенсиз». Үшинши сораўдың изине: «Төрттен кем болмасын деген еди» деген сөзлерди жаздым.

— Уәй, қуў бала-әй! Әкеңнен де өткер,—деди ғарры жазылысып.

— Муғаллим алдындағы көк шайдан бир-еки ұртлады да, тап бир музыканы еситетуғын адамдай, бармақлары менен столды шертип маған жүзленди.

— Қәне, балам қулағым сенде.

Мен тап жағдайды күткендей.

— Муғаллим бул бир әдебият, я тарийх емес. Математика. Математика деген көп сөйлеўди унатпайтуғын пән. Соның ушын буның несин айтаман. Жуўабымның бәрин мына еки бет қағазға жаздым,—деп алдына ысырып қойдым.

Мениң бул жуўабым ғарры муғаллимнен көре екинши мүйеште экзамен алып отырған жаслаў муғаллимге унап кетти.

— Нағыз математик бала екен,—деп ол жайды басына көтерип күлди. Мен болсам хийлемди сезип қалмаған бекен деп қәўипсинемен.

Соңынан оның шын ықласы менен-ақ айтып отырғанлығын сездим.

Ғарры муғаллим мыйығын тартып бир күлди де, мениң қағазымды алдына тартып, тап түсиниўи мүшкил болған формулаларды көзден кеширип атырғандай тигиле баслады. Ол сол отырысында тәўир-ақ отырып



қалды. Айрым формулаларды өзинше шығарды. Соңынан маған жүзленип:

— Биринши сораўың жақсы. Екинши сораўың да жақсы. Бирақ үшинши сораўың бир қанша төменирек. Солай болса да «төрт» қойыўға болады,—деди мениң экзамен қағазыма баҳа қойып отырып.—Бирақ, мына қағазыңды қайтадан көширип бер,— деди маған еки бет қағаз усынып.—Ақыры бул документ балам.

Алып қарасам, мениң жазғанларымды өширип орнына формулалар жазылыпты. Дәрҳал көширип берип төрт алып киятырғаным.

Олар орнынан турып кетти. Отырып ойланаман. Имтихан—бул сынақ. Бала бир жерден еп пенен өткени менен, оның сан мың өткеллери бар. Елиўдей муғаллимниң сынағынан өтеди. Бири болмаса бири де тутылмас па екен? Усылайынша аўыр ойланыўым менен екинши қабатқа қарай көтерилдим.

## 7

Шет тиллер факультети бойынша аўызша имтиханлар даўам етер еди. Мен өз тәжирийбелериме мың мәртебе исенемен.

Жазба имтиханда жақсы баҳа алған бала, аўызеки имтиханнан хеш қандай төмен болмайды. Бул тәжирийбе муғаллимлер арасында әбден сыналып, пискен. Бирақ та, мениң алдымда жазба жумысынан «төрт» алған, Бердақтың қандай шығармаларының бар екенлигин билмейтуғын студент пайда болды. Ҳайранман, Бердақты билмейтуғын бала қалайынша «жақсы баҳа алған екен? Қабыллаў комиссиясына өтиниш етип, жазба жумысларын алдырдым. Бала Бердақтың «Ахмақ патша» поэмасын жүдә кәмине келтирип жазыпты. Тек жазылыўы ирсек-тирсек болмаса мазмуны сондай терең. Бул ҳәдийсеге таң қалғаным соншелли балаға кескин бурылдым.

— Хаў Бердақтың «Ахмақ патша» поэмасын жақсы жазыпсаң ғой, хеш болмаса соны айтып бер.

Бала ләм-лим деп аўзын ашпады. Билемен, көпшилик балалар жазба жумысларда шпаргалкалардан пайдаланады. Ҳәтте олардың басында хеш нәрсе болмаса да, илимпазлар тәрепинен жазылған китаплар

арқалы тегис көширилген шпаргалкалар оларды «данышпан» етип көрсетип турады.

Бул жумыстың да тап усылай жазылыўы анық еди. Себеби, бала өзиниң не ҳаққында жазғанын да түсиндирип бере алмады.

Соңлықтан да аўызша имтиханға болған баҳасын «қанаатландырарсызлық» деп таптым.

Оннан кейинги столда отырған көк көйлекли кишкене ғана бала өзиниң жуўабына қарай «үш» баҳасын алыўға еристи. Бирақ та ол баланың маңлайындағы теңгедей қалы, әлле кимди қыялыма салғандай, қайта-қайта тигилип қарай бердим. «Қай жерде көрген екенмен сол баланы?» Ҳе дедим, өзиме өзим. Жазба имтиханда көрген екенмен. Айтпақшы, ол бала ҳеш нәрсе жаза алмастан тек ақ қағаз тапсырып кеткен жоқ па еди? Аўа солай. Және бир көк жемпер кийген қыз да жаза алмады. Булар екеўи еди шамамда. Мәселени және де анықлаў ушын, есап санақ жазып жүретуғын блокнотымды излестире басладым. Блокнотта: «6-августта. Шет тиллер факультетине кириўши студентлер ушын қарақалпақ әдебиятынан жазба имтихан. Имтиханға қатнасқан бала—елиў. Еки бала жазба жумысын жаза алмастан шығып кетти. Қайыпназаров ҳәм Әлекова» деген жазыўлар жазылған еди. Тап өзи. Фамилиясы да Қайыпназаров. Мениң ҳайран қалатуғын жерим сол, бул баланың жазба жумысына «жақсы» баҳа қойылған еди. Және ҳайран қалатуғын жерим, бул баҳаны мениң өзим қойыппан. Аппақ қағаз бир түнде қалай жақсы шығарма болып кеткен. Түсинсем, қара кешке. Баланың шығарма жазыўдан алған баҳасын имтихан қағазы арқалы билип алған болсам да сорадым:

— Жазба жумыстан неше алдың?

— Төрт.

— Ҳаў қалайынша төрт болады иним. Мениң көз алдымда «жаза алмадым»,—деп ақ қағаз таслап кеткениң қайда?

Бала қолайсыз сораўдан бирден албырап қалды. Ҳәтте қорқыпта кетти.

— Сен кете бер,—дедим оған.—Мен буны тийисли орынларға билдиремен! Баланың еки ийни түсип, басы



салбырап есиктен шығып кетти. Кеште үйге келсем нәҳән бир қой байлаўлы тур.

— Буны ким алып келди,—дедим туфлийымды шешип атырып, иштен шығып киятырған келиншегиме.

— Өзиң танымасаң, көрген адамым емес.

Ишке кирип келсем ҳәсеттиң ыссысында басына үлкен селкилдек шөгирме кийип, алпыслар шамасындағы бир ғарры төрде шай ишип отырған екен. Мен кирип барыўдан-ақ тап бир бийпарўа бригадирлердиң қылмысының үстинен райком секретары шығып қалғандай жүдә албырап қалды. Кесесин қолына услаўы менен «төрге өт, шырағым» деп есик бетке шығып кетти.

— Отыр шырағым. Бизлер әкенди көрип едик. Пай, қандай зор адам еди. «Орнында бар оңалар» деген, түпәләм. . .

Мен әкемди көрген қарияның буншама илтипатына ҳайранман, соңынан бул мәселениң имтихан менен байланыслы екенлигин сездим.

— Отыра бериң ақсақал, — деп төрди нусқадым да, есик бетке аманат ғана отырдым.

— Сөйтип, ақсақал үй-ишлер аманлық па?

— Аман отырмыз шырағым.

Ол тап ийшанның райшыл суўпыларындай, меннен әдеўир жасқанып, есикке қарай берди.

— Ҳәзирги заманның улама адамлары сизлерсиз шырағым,—деди ол ҳәр бир сөзинде мени көтермелеп. — Садағаң кетейин Муҳаммед пайғамбардың айтыўынша илимий адамлар туўры бейишке барар екен. Сизлерди жас болыўыңызға қарамай, сыйлаў бизлер ушын парыз, балам.

Ғарры гәпти жүдә узақтан баслады. Бурынғы заманда да, ҳәзирги заманда да китаптың кәраматы уллы болған. «Китап түспеген адам еки дүньяда қор болады»—деп айтады уламалар. Буннан тысқары өзге тил үйрениўдиң саўабы қайда жатыр дейсең. Перзентке өзге тил үйретиў саўап ҳәм парыз. Садағаң кетейин ҳәзирети Шахимардан да сегиз тилди билер екен. Солай етип, баламды ингилиз тилине алып келдим, шырағым. Пай наятый жүйрик тил деп айтады ғой,—деп қосып қойды ғарры.

— Дурыс ислегенсиз, — дедим мақуллап. Ғарры тағы да сөзди өзи баслады.

— Дурыслығы дурыс та. Япырмай, усы балалардың билими наятый күшейип кетип, өз тилимизди менсинбей жүрмиз-аў, сирә.

— Неге?..

— Болмаса балларымыз ингилиз тилинен болған имтиханда «төрт» «бес» алып келеди-дә. Ал, өзимиздиң тилге қарағанда мандымай қала береди-аў.

Мен сум ғаррының гәпти қаяққа қарай бурғанын сездим де, ериксиз күлип жибердим.

— Бирақ сиз жаңлысып отырсыз ата. Мен өз тилин билмеген баланың басқа тилди беске билиўине ҳеш қандай исенбеймен.

— Яқ балам, бизиң Қәдирбергенжан сол ингилиз тилинен төрт алыпты да, қарақалпақ тилинен зордан үш алған усайды.

— Қай жерде оқыған?

— Шортанбайда.

— Демек Шортанбайда англичан тили жақсы оқытылар екен-дә.

— Онысын билмеймен-дә. Усы бизиң тилимизди оқытатуғын баллар дым майдалаўма деймен. Болмаса туўайын деп турған бир сыйыр жетелетип жибердим. Алмапты заңғарлың баласы.

— Әне сизиң қәтелигиңиз. Баҳаны сыйырға сатып алғаннан кейин ол балада қандай билим болады. Дүньяда көп нәрсени сатып алыў мүмкин. Бирақ билимди сатып алыў қыйын. Себеби билим ушын баланың өзинде бир нәрсе болыўы керек. Зорлап оқытқан менен ҳеш нәрсе шықпайды. Соның ушында ҳүкимет конкурс ашып қойыпты. Талабан болса өз мийнети менен кирсин. Бизде оқытатуғын сабағын билмейтуғын муғаллим, дәрини айырып билмейтуғын врач, машинаның деталын билмейтуғын инженерлер де ушырайды. Бәри де усындайлардың салдарынан келип шыққан. Бизиң мақсетимиз соларды жоқ қылыў.

— Ол айтқаның дурыс ғой, шырағым, — деди ғаррырасынан келип. Бизиң аўылдан да сегиз шопанның баласы оқып атыр екен. Мектепте беске оқыйтуғын еди деп айтып отыр. Қәдирбергенжан.

Өзи әўелден жүйрик болмаса қыйыны усында. Болар ис болды. Енди сеннен жасыратуғын ҳеш бир гәпим жоқ. Бизиң Қәдирбергенжанды ректорға айта көрме балам.



— Не деп айтаман, — дедим мен мәселеге түсинбей.

— Уәй, бунық тарийхы узақ, сен жас един-аў. Билмейтуғын шығарсаң, сирә. Әкеңниң қолынан көп дуз иштик. Есберген шығанаққа көшип кеткен Жумамурат суўмурын деген бир шабандоз бар еди. Соның кенже қызы Жумабийке ертеректе усы Нөкисте ингилиз тилин оқытатуғын бир балаға түсти. Муғаллимлер араласса «ебиндей оқыған балалар да оқыўға кире алады» деген менен Жумамурат суўмурын екеўимиз сол баланың үйинде жатып, ингилиз тилинен еплеп төртке тапсырттық. Ингилиз тилинен тапсыртқан балаға қарақалпақ тилинен имтихан тапсырыў жыр ма деп жата берген екенбиз. Бул маңлайы қара, мынаяғына дым баспай қалса болар ма? Үш саат даўамында отырып, ҳеш нәрсе жазбастан қағазын қайтып берипти. «Бердақ есиме түспей қалды»—дейди. Ҳәй, балалар да жандырады-аў. Бердақты ҳәтте мен жазып беремен. Соңынан күйеў балаң бийшара қатты қыйланып қалды. Анда шапты, мында шапты. Ақырында «ответ секретарь» дейме-аў биреўин таўып, жақсы бир баланың жумысын көширип, «үҳ» деп келди-аў, әйтеўир. Ертеңине әнедей «төрт» алып келди. Көкнарды қайтадан езип ишип, бир майдан мәлҳәм болған едик. Бүгин бул соры қайнаған: «Муғаллимниң ең үлкенине тап болдым. Жақсы жуўап бере алмадым. Ол мениң шығарманы жаза алмай кеткенимди сезген екен. Қалайынша «төрт» алып жүрсең. Тийисли жериңе билдиремен» деп айтты деп еки бармағын мурнына суғып келип отыр. Бул хабарды «ответ секретарь»да еситип ҳаўлығып қалыпты.

«Ол үлкен муғаллимниң биреўи. Оннан қала берсе дурысына келе беретуғын адам. Енди ректорға айтады. Алдын алмасаңыз аўҳалым шатақ» деп зинҳарлап тапсырыпты.

Ойланып қарасақ усы үлкен муғаллим дегени сен болып шықтың. Әкең тири ўақтында бизлер жора едик. Сөзимди қақпалай қояр ма деп, түстен кейинги көкнарды ишпей, қойды жетекке алып, киятырғаным шырағым.

Маған енди барлық мәселе аян болып қалды. Шамасы маңлайында қалы бар абитуриент усы кисиниң ба-

ласы. Англичан тили муғаллими жуўаплы секретарь менен келисе отырып, балаға жумысты түнде көширткен болыўы итимал. Солайынша жумысларға қосылып кеткен-дә. Ертеңине мен билмей тексерип жибергенмен. Бул жерде тек жуўаплы секретарь ғана айыплы еди. Узақ ўақыт ойланып отырдым да:

— Яқшы,—дедим ғаррыға көз астымнан қарап. —Жақсысы ректоратқа айтпайман. Себеби үш алғаннан кейин-ақ бала конкурстан өте алмайды. Ол ҳаққында ректоратқа барыўдың ҳешқандай қажети жоқ.

— Рахмет балам, онда кетемен.

— Яқшы. Бирақ мына қойыңызды алып кетиң.

— Неге? Бул балларға базарлық.

— Баллардың қой базарлық жеўине еле ерте.

— Сонда да балам...

— Жоқ... жоқ... Егер алып кетпесеңиз мен тийисли орынларға билдиремен. Ғаррының енди басқа илажы қалмаған еди. Ол мени жеңе алмаслығын билди де, қойды жетеклеп алып кетти.

Мен бул мәселе ҳаққында ректоратқа бармадым. Бирақ та жуўаплы секретарьдың айыбын бетине басыўдан тартынғаным жоқ. Рети келген жерде бетине айттым да, тек соның менен ғана шекләндим. Сол, сол екен жуўаплы секретарь менен жулдызымыз қарсы болды да қалды.

Жуўаплы секретарымыз ишинен тынған, күлип сөйлеп отырып-ақ сулайтып салатуғын өз исине пысық бир адам еди. Оның ҳәмме ўақыт күлип туратуғын жүзинен «Сени жақсы көрип, яки жаман көрип» турғанлығын айырыў, әмри мәҳәл. Бул жағынан қарағанда ол муғаллимнен көре жынаят қыдырыў органларының хызметкерлерине көбирек усап кетер еди. Ол ҳәммеге бир қыйлы мәмле қылатуғын болғаны ушын оның кимди жаман көретуғынлығын ҳеш ким айырып билмес. Деген менен ол мени жақсы көретуғын сияқлы еди. Бирақ бул «жақсы көриўлердиң ҳәммесин бес күнлик имтиханның өзи-ақ айырып таслады. Муғаллимлер:

— Ол кисиниң тарпыўына ушырасаң қайтып келе болмайсаң,—деген сөзди көп айтысатуғын еди. Шынында да солай болды. Мен енди ҳәр күни азанда университетке келип, қуры сандалып үйге қайтатуғын болдым. Тил ҳәм әдебият бойынша имтихан алыўшылардың саны алтаў болып, ҳәр күни олардан төртеўи, сайланып алынатуғын еди. Имтихан алыў ушын шек таслаў законлы қубылыс болса да формализмге айланып кетти. Шек салынған конвертлер де еки аўыз ғана сөз жазылған болып, биреўинде «Имтихан аласаң», екиншисинде «имтихан алмайсаң» деген жазыўлар бар еди. Жуўаплы секретарь бул конвертлерди алдын ала ашып көрип, кеўлине унаған муғаллимлердиң алдына «Имтихан аласаң», ал кеўлине унамағанлардың алдына «имтихан алмайсаң» деген конвертти таслайтуғын еди. Бул шек емес, бәлким «ким жуўаплы секретарьға көбирек унайды» дегенге усаған бир ҳәдийсе. Күнде шектен қуры қалып қайтқаннан жаманы жоқ екен. Жуўаплы секретарь менен сөз алысқаннан кейин-ақ мениң даўым жүрмей қалды. Ол барҳама мениң алдыма «имтихан алмайсаң» деген шекти таслайды да, күнде шек түспеген болып үйге қайта беремен. Буның себеби өз-өзинен түсиникли. Жазба жумыс алынбайтуғын факультеттиң өзи жоқ. Жуўаплы секретарьдың басқа факультетлерде таныс баллары көп болып, меннен жығылып қалыўынан қорқар еди шамасы. Бир күни баслаўышты билмеген балаға «төрт» қойып жибер дегенинде «2» қойып жиберген «айыбым» және бар. Соның ушын да кейинги имтиханларда бир сөз айтсаң кеўлиңди қалдырмайтуғын ассисеитлердиң қолы бәлент болып кетти. Мен ҳәр күни азанда «имтихан алмайсаң» деген конвертти алып үйге қайтар едим.

Кеўлим тыныш. Деген менен гил кеўилшек жигитлер имтихан алып, биринши курста үлгермеўшилер көбейип кетеди аў деп қорқаман.

Енди келип атырған адамлар да жоқ. Үйимиздиң алды тып-тыныш. Бул жерде жақын арада бир дәбдебели той болып, соңы басқа көшелерде даўам етип атырғандай жым-жырт. Ҳәтте буннан тәшўишленген келиншегим:

— Бир қәте ис қылып қойғаныңыз жоқ па? Бир ҳәптеге шекем қолыңа бос конверт түсе бергенин қалай түсинсе болады. Я жумыс ислеген емес, я қарап жүрген емес. Оның орнына журт қатары мына есигиңниң алдына дәрўаза сал, я болмаса илмий жумысыңды исле.

— Усы шаўқымда илимий жумыс ислеп бола ма? Тезирек өтип кетсе еди, имтихан. Және тағы бул бир лотерея ойнағандай нәрсе. Мен қандай шектиң түсетуғынын қайдан билейин.

Узақ ойланып қалдым. Бул жүдә қызық ис болдыдә. Я имтихан алғанлардың арасында жоқпан, я отпускада... Қулласы мен еки оттың ортасында қалдым. Ертеңине күтилмегенде, қолыма «имтихан аласаң» деген билет түсип қалды. Соншама кеўилсиз ўақыялардан кейин, имтихан алыўға сирә қайылшылығым жоқ еди. Илаж қанша? Шек қолыңа түскеннен кейин, алыўға мәжбүрсең. Аяқларым босасып екинши қабатқа көтерилдим. Мен жақынлағаннан секретарь қыздың гилтлерин шақырлатып, политэкономия кабинетин ашып атырғанынан-ақ мәлим болды. Демек, жазба жумыс тексериўим керек. Ҳақыйқатында да солай болды. Коридорда тынышлық ҳүким сүрген ўақытта қолына қырықлаған жазба жумыс услаған жуўаплы секретарь кабинетке кирди де, есиктиң иштен гилтин таўлады. Бөлмениң гилти сол кисиниң еркинде. Сыртымыздан қулп урып, бизлерди умытып кеткен ўақытлары да көп болған. Соның ушын да бул жайға кирсем, өзимди әлле қандай ериксиз сезип, бир түрли болып кетемен.

— Пай, иним, имтихан алыўшылардың бәри өзиндей болса? Әне, баслады дедим өзимше. Бул киси адамды ийттен бетер жек көрип турған болса да мақтаўын қоймайды.

Қолыма елиў жумыс санап берди.

— Аўыл хожалығы,—деди бир көзин қысып. Булар әдебиятшылар емес, инженерлер жүдә сығалай берме,—деди маған ақыл берген болып.—Және булар сайланды команда. Биолог, математиклер.—Жығылып қалмасын деп әбден шегелеген болды.

Жуўаплы секретарьдың айтқанындай-ақ бизлер тәбият пәнлерине кириўшилерди онша шуқластырып отырмаймыз. Жазба имтиханнан филология факультетлериниң абитуриентлерине қарағанда оларға қойылатуғын талап әдеўир жеңил. Мениң өзим мың мәртебе исенемен, математикадан жақсы оқыған бала ана тилинен төмен жазбайды. Бирақ та, айырым сәлем хат жаза алмайтуғын балалардың «күшли математик» болып имтихан тапсыратуғынлары болады. Мениң жеке өзим буған оншама исенбеймен.

Жуўаплы секретарь изине қайтпақшы болып, әлле бир нәрсени ескерткиси келгендей изине қайырылды.

— Отыз сегизинши атылмасын!

Түк түсинсем. Ертеректе «Жигирма алтыншы атылмасын» деген кино көргеним бар. Бул киноның имтиханға қандай қатнасы бар екен? Усы шәлкем-шәлистен дәрҳал өзиме келдим. Ҳа қуў, сениң-ә! Отыз сегизинши номерди айтып отырған жоқ па екен?» деген ой жылт етти қыялымнан.

Шынында да солай. Жазба жумысты өзинен басқа адам шифрламайды. Сонша имтихан алып, басқа бир адамның номер айтып келгенин еситкенимиз жоқ. Демек өзине тийисли.

— Бул буйрық па? Я өтиниш пе?—дедим оның жүзине тигилип.

— Буйрық десе де болады, өтиниш десе де болады. Ақсақал айтып еди... Ректор.

Ақсақал айтты, дегеннен-ақ Шамурат Абдимуратович есиме түсип, «ләм» деп аўыз ашпадым. Демек, ректор айтқан екен орынланыўы тийис.

Жуўаплы секретарь есиктен шықты да тасыр-тусыр қулыплады. Мен әстен отыз сегизинши жумысты қолға алдым да, бир кеўилсиз ҳәдийсениң гүўасы болғандай серрийип қатып қалдым. Жазба жумысқа алты қатар ғана сөз жазылған еди. Бундай жумысқа қандай жағдайда да баҳа қойып болмайды. Жуўаплы секретарь менен шекинисип қалғаным аздай, ректордың кеўлине тийип алатуғын болдым-аў деп отырған орнымда лал болдым да қалдым. Бирақ та ректорымыз болмайтуғын иске адамды мәжбүрлемейтуғын, бирақ болар исти қам қылған адамды өлердей жаман көретуғын бир пикирли адам еди.

Не болса болсын дедим өзимше.

Жумысты Шамурат Әбдимуратовичтиң өзине көрсетемен. Усылайынша бул жумысты өз алдына қойдым да, қалған шығармаларды тексере басладым. Қырық төрт бала өтти. Бес бала қанаатланарсыз. Биреўи болса... Не қылсам екен... Бул да еки деп қол қойып атырған едим. Есиктиң қулпы шыңғырлап ашылып — секретарь қыздың басы көринди.

— Сизди қыстаўлы түрде ректор шақырып атыр.
— Не екен? Отыз сегизинши номермекен?—деген пикир келди қыялыма. Қағазларымды жыйнастырып орнымнан турдым. Қулп урып қойсаңыз. Ҳәзир келемен.
— Яқшы,—деди секретарь қыз. Әдетте ректор белгили мәселелер бойынша шақыртатуғын еди. Оның алдына барыўымыз бир күн бурын белгили болып, қолымызда мәселеге тийисли болған папкамыз ҳәм есап қағазларымыз болыўы тийис еди. Бул иретте неге шақырылғанымды билмедим. Төменги қабаттағы оның кабинетине жақынлағанымнан-ақ буўынларым босасып кетти.

Есикти ашқанымда Шамурат Әбдимуратович әлле ким менен телефонда сөйлесип атырған еди. Ишке кириўди ыңғайсыз көрип, есикти жабыўға қолайласқанымда.
— Қасым кел,—деп шақырды.
Мен аўыздағы стулге аманат ғана отырғаным да да ол:
— Аўылдағы билим менен бул жердеги имтиханды салыстырып бола ма? Мектеп муғаллимлериниң көпшилиги кеўилшек болып кеткен. «Төрт» бенен «бес»ти қоя береди... Енди ол жағын конкурс шешеди,—деп трубканы орнына қойды.
— Сизден бир өтиниш №38 жумысты жақсылап тексерип нәтийжесин маған айтсаң.
Мен жаңа ғана бул жумысқа еки қойғаным есиме түсип, аяқ-қолым муздай болып кетти.
— Неге бир жериң аўырып турма,—деди ол мениң бирден өзгергенимди көрип.
— Яқ. Өзим сондай.
— Енди аз ўақыт қалды. Дем алыс беремиз,—деди ректор мени шаршаған деп ойлап. — Сен боссаң, — десе де еситпеген усап отыра бердим.
— Шынында да бир жериң аўырған ба, — деди ол ҳайран болып.
Мен дәрҳал өзиме келдим.
— Дурыслап тексергенде қандай «төрт» яки «бес» болыўы керек пе?
— Не дейди? Ректор бирден ашыўланды. Сениң есиң дурыс па өзи? Туўрылық дегенде нени түсинесең өзи. Адамды дурыс баҳалаў. Либерализмге берилмеў. Қәтереге қулақ салмаў. Түсиникли ме? Сени адамлар мақтағанға дурыс жигит шығар десем, қалай-қалай болып кеткенсең өзиң?!
— Туўрысынан болса, еки...
— Еки болса, еки, — деди Шамурат Әбдимуратович столға бармағын тарс еткизип. — То есть. Сен оның еки екенлигин қайдан билесең? Бизлер бул жумысты жаңа ғана айтысып отырмыз ғой.
— Улыўма мен еки оттың арасында қалдым, Шамурат Әбдимуратович. Жаңа жуўаплы секретарь усы жумысты ректор айтты, унамлы баҳа қоясаң, деп кетти. Ал, сиз... — Арғы жағын айта алмадым. Оның бундай ашыўланғанын ҳеш ўақытта көрген емеспен.
Дәрҳал жуўаплы секретарьды шақырды.
— Сиз ким менен ойнап жүрипсиз?! Енди мениң менен ойнаўға қарадыңыз ба?!
— Билесең бе сол Жамаладдиновтың университет ушын қаншама ширксў екенлигин. Мектепте барлық сабақларынан үш. Бул жерге келип, қалай математика ҳәм биологиядан «төрт» алады.
— Танысқың келсе мине! — деди үш-төрт арзаны бирден ылақтырып.—Буны мектепте бирге оқыған баллары жазған. Және мениң атымнан айтыўға қалай тилиң барды?!
— Жуўаплы секретарьдың жүзинде қан қалмады.
— Мени кешириң, Шамурат Абдимуратович.
— Кешириў де гәп пе? Сени судлаў керек. Сендей адамларға исенип... Бар, жумысларды тапсыр. Жуўаплы секретарь болатуғын адам табылады.
Жуўаплы секретарь аяқлары босасыўы менен есикке қарай жүрди. Албырағаны соншелли, еки мәртебе басын есикке урып алды. Мен де оның изинше сыртқа шықтым. Енди маған ҳәмме нәрсе рәўшан еди. Коридордың мүйешинде мұңайып турған жуўаплы секретарьды көрдим. Ол жаңа ғана болып өткен кеўилсизликтиң «себепшиси сен» дегендей, қабағын үйип қарады.
— Келип сүйинши сорапсаң-дә, — деди ол кекетип.
— Жоқ, қайтама өзи қызығып қалды.
— Өзимнен де болды, — деди ол аўыр гүрсинип. — Араға түсиўге болмайтуғын бала еди...
Ертеңине жуўаплы секретарымыз өзгерди. Ҳәмме экзаменаторлар имтиханға тең қатнаса баслады. Би-

рақ, енди кеш еди. Ҳәмме жерлерде имтихан алып болынған. Тек имтиханнан наразы болған абитуриентлердиң жазба жумысларын көзден кеширип, оппилацион столында отырар едим.

Усындай ўақытларда бир қыз маған шағым етип келди.

— Муғаллим, Қайыпназаровтың жазбадан бес алғанлығына сирә исенбеймен. Ақыры бизлер он жыл бирге оқығанбыз. Мен болсам жазбадан ҳеш қашан «төрт» алып көргеним жоқ. Бул сапары зордан «үш» алыппан. Өтиниш сорайман муғаллим. Жумысымды комиссия арқалы тексерип көриңиз.

Мениң бақлаўымша өзине исенбеген адам ҳеш қандай бундай дәўжүрек бола алмайды.

Ол меннен әлле қандай меҳрибанлық күткендей көзлери жаўдырап турар еди. Бундай адам ушын зәрүр нәрсе тек ғана ҳақыйқатлық.

Мен бул қыздың жазба жумысын алып көрдим. Маржандай болып дизилген бул төрт бет жумыста қызыл қәлем тийген жерлери аз. Жумысты оқып шығып, бир жуўмаққа келдим. Буны тексерген адам, қылдан қылаў излеп баҳаны пәсейттириўге ҳәрекет жасаған. Жумыс бес баҳасына турарлық емес. Бирақ «төрт» баҳасын қойса болады. Соның ушын да «үш» қойылған жерин сызып «төрт» қойдым да жибердим. Қыз қатты қуўанып кетти.

— Рахмет, муғаллим сизге. Басқа пәнлердиң ҳәммеси «төрт» еди.

— Қайсы районнансаң?

— Тахтакөпирден. Ағам трактордан жығылып больницада жатыр еди. «Үш» алып қойғанымды еситсе қапа болады.

Қыз көп рахметлерди айтты да шығып кетти. Енди Қайыпназаров деген баланың жумысын қолыма алдым. Бул лебгезде оқыған адамның қолынан жазылғандай ирсек-тирсек жумыс бес бет еди. Оның үстине бир илимпаздың қолынан жазылғандай мағаналы. Тап оныншы класстың балларында усындай пикирлер болады деп те ойлаў қыйын. Жазылыўы азмаз патас демесең, қәтеси жоқ. Бирақ бул «жазыўшысымақ» баланың математика факультетине тапсырғанына ҳайран болдым. Демек, бул шығарма да баланың өз пикири



менен жазылмаған. Тек баҳаны күшейтиў ушын ислен-ген ҳийле болыўы керек...

Мен сигаретамды тутандырып сыртқа шығып кеттим. Университет алдында адамлар сийрексип, имтиханлардың тамам болғанлығын сездирип турар еди. Шетки скамейкалардың биринде муңайып отырған бир қызды көрдим. Ол имтиханнан жығылып қалған болса керек. Бирақ кеўлинде университетке кириўге талпынған үлкен әрман сезилер еди. Адам ҳеш ўақыт сүринбесе екен? Бирақ олай болыўы мүмкин емес. Ҳәмме байраққа талабан болғаны менен, байраққа жиберилген отыз аттың тек үшеўи ғана байрақ алады. Билим жарысында ең баслы сейис — китап. Китапқа зейин берген адам ҳәр қандай жарыслардан да сүрникпей өте алады. Өмирдиң өзи жарыс. Оның өз алдына әлўан имтиханлары бар. Илим китабының шәшмесинен нәр алып оның таслы соқпақларынан қорықпастан тырмасқан адам ғана өз мақсетлерине жете алады. Өмирдиң өзи адам ушын зор имтихан!

## МЕРЎЕРТ МОНШАҚЛАР

Түске жақын палатаға бир наўқас алып келинди. Жақ сүйеклери қуўсыйып, тулғасы ийнеликтей нәп-нәзик, жүзи өттей сап-сары. Оның ҳеш ким менен де иси болған жоқ. Қапталына қайрылып қарамады да. Терезени ашып қойып папирос шеге береди, болғаны. Ол папирос ернине тийиўден-ақ насостай симирип тартар, соңынан тап паровоздың түтининдей буўдақ-буўдақ етип шығарар еди. Папиросты көп шеге берип бармақлары да тап йод сүртилгендей сарғайып кетипти. Врач оған папирос шегиў мүмкин емеслигин қатты ескертти. Сонда да ҳеш аўзынан түсирмейди. Билмеймен оған буны не болғанын?!

Кеўлине тийген болсам да, оған ақыл берген болдым.

— Сениң мына турқыңа папирос келиспейди ғойдостым.

— Келиспесе қойсын. Бүгин бул сөзди қойып турайық. Бирақ, ҳәзирги жағдайымда кеўил сарайымды ашқандай, папиростан басқа ҳеш нәрсе табылмай тур...

Оның ыдырап турған кеўлин бузып жибергенимди сездим де басқа үндемедим. Не деген менен турмыстың

бир қыйын соқпақларына дуўшарласқан бир адам болды ғой шамамда, деп қойдым өзимше.

Ол еки күнге шекем сол қәлпин өзгертпеди. Жарытып аўқат та жемейди. Папиростан басқа ермеги де жоқ.

— Врачлар аўырыўыңның түрин анықлай алды ма? —дедим ақыры сабырым шыдамастан.

— Еле анықлаған жоқ. Бирақ, өзим не менен аўырғанымды билемен,—деди ол.—Мен ғам шегиў кеселине жолыққанман.

— Пай, қойшы, сен де қаяқтағыны шығардың-аў? — дедим мен.

— Солай, достым, бизиң кеселимиздиң түри жаман, —деди де ыңыранып оң қапталына аўдарылды.

Қулласы бул жигит маған әдеўир жумбақ болды. Ол гейде шекелерин тырыстырып узақ ойланып қалады. Гейде өзинен өзи күледи. Ыңылдап қосық та айтып жибереди.

Демек, бул пүткиллей ғам батпағына батып қалған емес. Оның өмиринде бир нөсер жаңбыр сыяқлы ҳәдийсе болып өткен болыўы итимал. Гейде турмыс боранларын басынан өткерген адамлар ғана усындай ҳалатқа түсип қалады. Ол еле жас. Кеўлинде ҳадаллық пенен әдалатсызлықтың бир-бирине тоқнасқан түйининиң сақланып қалғанлығын сезип турар едим.

Гейпара ҳәдийселер адам өмиринде өткинши болса да жүрегиңди сығымлап езеди де турады. Илажы болса әллеқандай дос таўып, кеўлиңди ойран еткен ўақыяны тәрийплеп, секерпарадай жарылғың келеди.

Шамамда бул жигит те тап сондай, оның кеўил тарларына бир қозғаў салыў кереклигин еске алдым.

Сораўға тутсам және де қапа болатуғынлығын билдим де, басқа үндемедим. Бирақ, қалай болмасын, иретин таўып, бул адам менен дәртлеским келди де турды.

Кешки салқында, ол емлеўхана алдындағы қойыў тереклердәң астында, ек шеттеги скамейкада папирос шегип отырған еди. Мен де оның жанына барып:

— Папиростан алың достым, — дедим. — Ермек етип отырайық. — Ол қалтасынан бир пачка «Беломор» шығарды.

— Жаслығымнан «Беломорға» үйренгенмен. Ҳәзир көпшилик адам сигарет шегеди. Неликтен де маған «Беломор» мақулырақ,—деди сәл күлимсиреп.—Папиростың зыянын өзимиз сеземиз-дә, бирақ пайдасы не?! Гейде өзиңе өзиң күшиң жетпейтуғын ўақытларың да болады. Болмаса бир жылға шамалас шекпей жүрдим. Изи келиспеди. Жақында және шегиўге туўра келди. Ақыры, бул өмирде ҳәр қыйлы ҳәдийселер ушырасады. Папиросты гейде қапа болғаныңнан шексең, гейде қуўанғаныңнан да шеге береди екенсең. Қулласы жақын арада бул әндишесиз талаптан қутылсам керек.

Мен енди бул адам өзиниң басынан кеширген ўақыяларды айтып берсе керек деп ойлаған едим. Дәрўаза алдында қолына кастрюл алып киятырған бир ҳаял оның қыялын бөлип жиберди.

Оның кийимлери жүдә қымбат баҳалы еди. Басындағы зер араластырған бир тартары жалт-жулт етеди, ийнинде қулпы дөнген атлас. Аяғындағы қап-қара туфли, тап қар үстинде киятырғандай сықырлап келер еди. Өзи тәўир-ақ жасқа барып қалғанына қарамай мерўерт моншақ тағып алғанч Жақында келип бир ҳял менен көрисип еди. Алтын менен қапланған тислери бирден тап сваркадан ушқын шашырағандай жарқ ете қалды.

— Айтыңызшы? — деди жанымда отырған адам папирос шегиўин тоқтатып.—Сизиңше бул келиншек қай жерде ислейди?

— Актриса шығар.

— Пай, таптыңыз-аў. Мениңше, ол ҳеш жерде ислемейтуғын алып-сатар биреў.

— Мүмкин, — дедим мен узақ ойланып.

Ҳаял дым сықылсыз екен. Алыстан қарағанның көзиниң жаўын алғаны менен, жақынлап келген ўақтында ҳасыл липасларға оранған бир мәстан кемпирлерге кейип берген еди.

— Адамларға ҳайранман, — деди ол өзинше тоңқылданып. — Өзине жарасықлы кийим кийгенде не қылады екен?

— Пулы көп болғаннан кейин кийеди-дә. . .

Бул сөзим оған жақпай қалды. Ол папиросын салмаға ылақтырып жиберди де, бирден күйип-писип кетти.

— Пулы көп емиш. Мине, сол пул бизди кесел қылып атыр! Ҳүкимет бизге керегимизше пул берип турма? Берип тур! Биз көп тойып кеттик. Енди мещан болғымыз келип атыр. Атшоқайды умыттық. Ағаш қасықлар музейде. Енди темир қасықлар аўзымызды күйдиретуғын болып қалды, алтын қасық излестирип атыр-

мыз. Сүйек тислеримиз жарамсыз болып қалған. Алтыннан салыўымыз керек. Бир-биреўимизди алдап ҳарамнан пул жыйнаўымыз керек. Тек емлеўхана ғана адамларды тәўбеге келтиреди. Бул жерде ҳеш ким «атластан халат кийип жүриўим керек», — деп шатақ сала алмайды. Ҳәмме бир формаға бойсындырылған. Ҳәтте врачлар да профессор, яки ассисент болыўына қарамастан ҳәммеси ақ халат кийеди. Аўырыўлардың ҳәммеси бирдей халатта. Ал, биз кеше ғана бабамыз аштан өлип посып жүрген халық бүгин дүньяхор болып кеттик. Қырқағары шопаққа сатылып жүрген ҳаял-қызларымыз бүгин меруўерт моншақларды күсейтуғын болып қалды. Аўа, солай...

Ол орнынан турып кетти. Мен бул адамның жүрегинде үлкен әндийшелердиң бар екенлигин енди сезе баслаған едим.

Ол және өз орнына келип отырды.

— Кешир, достым, мен саған мақул түспейтуғын сөзлерди айтып, кеўлинди ренжитип алмадым ба?

— Яқ, яқ. Маған қалай да сөзлериңиз мақул түсти.

— Егер олай болса мен бастан кеширген ўақыяларымды айтып берейин. Адам дәртлескендей дос тапса өзин жеңил сезеди,—деди ол.

Жүрегинде үлкен ҳәсирет бар екенлигин сезер едим..

Институтты питкеретуғын жылы бир жесир ҳаялдың үйинде кирейде жасадым. Ҳаял оттай саўдагер. Мениң жай кирейимди писент қылмайтуғын еди. Сонлықтан бир айдың ҳақысын алса, екинши айдың ҳақысын сорамады да. Ол ақырында:

— Мен сениң пулыңа қызып отырғаным жоқ. Еплеп үйимди қараўыллап отырсаң болды. Сени қәйтип бағыўға да қудиретим жетеди.

Ҳаялдың белгили баслы жумысы да жоқ. Солайынша ол жазы-қысы Москва, Ленинград ҳәм Сибирьди аралап жүреди. Үйинде бой жеткен қызы бар. Аты—Сәпиўра. Онышшы классты тамамлаған. Ерке өскен қызда билим бола ма? «Оқыйман» яки болмаса бир белгили баслы «кәсип үйренемен» деп аўыз жуплаған емес. Шешесиниң түсиниги де сондай.

— Оқып академик боласаң ба? Бир ҳәрип билмейтуғын мен де профессорыңнан қурғын тураман. Еплеп ақша санағандай билимиң болса болды, қызым, — деп оны алдарқатады.



Сәпиўра ҳәдден зыят сулыў еди. Қәдди-қәўмети келисип қалған, көзлери дөп-дөңгелек, кирпиклери нештердей, желкесинде еки өрим шашлары мийиздей таўланып жататуғын еди. Түске шекем бир көйлек, түстен кейин бир көйлек кийип шығып, адамды жандырады-аў. Кийимлердиң буншама түсимли болатуғынлығын қәйтерсең!

Ҳақыйқатында да пахтаның арасында кесек қағып өскен биздей бир дийханның баласына Сәпиўра пери болып көринген еди, сонда. Турғангүл жеңгейдиң ҳәр қаланы бир гезип жүргени маған қолай келди. Сабақтан шыққаннан кейин туўры үйге барыўға асығаман. Сәпиўра үлкен кастрюлге гөшти қайнатып, мени күтип отырады. «Адам сөйлесип мал мөңиресип табысады», —дегендей-ақ бир биреўге үйир болып қалдық. Дәслеп көрген жерде дириллеп жүрген болсам да, бул күнлери жүрегимди басып алдым. Бирақ тис жарып, мухаббеттен ҳеш нәрсе айтқан емеспен.

Бүгин де мамасын Новосибирскке шығарып салдық. Сәпиўра:

— Журка, сабақтан ертерек қайт, — деп зинҳарлап қалды.

Атым Жумабай. Сәпиўра неликтен де мениң атымды Журка деп шақырады. Бул ат маған унамайды. Сонда да илаж жоқ. Сәпиўраның сөзин қайтарыўға болмайды. Сабақтан келсем тәтарриклер басқаша. Стол үстинде қууырылған гөш пенен бир шийше шампан виносы турыпты.

— Журка, келдиң бе? — деди асханадан назланып шыққан Сәпиўра.

— Күте-күте сабырым қалмады. Шампанды ашып қуй. Мамамның «басын таңып» жиберейик.

— Басын таңыўы неси?

— Бастаңғы-дә! Аўылда өскен болсаң да, соны билмейсең бе, — деди ол өкпелеген пишинде.

Мен шампанды ашып қуя басладым.

— Мамамның аман-саў қайтып келиўи ушын!— Сәпиўра тост көтерди. Бокалларды екеўимиз де қағып салдық. Екинши тост маған берилди. Мен де жаңағы айтылған тосты қайталадым.

— Түў, повторение болып кетти. — Сәпиўра бирден бултыйды. — Мен ҳаққында айт.

— Мен сизиң бахытлы болыўыңызға тост көтеремен.

— Бунық болады,—деди ол қолындағыны қалдырмастан ишип. Аш өзекке ишилген шампан басымды айландыра баслады. Сонда да өзимди тутып «илла» деп аўыз ашпадым. Отырған жерим Сәпиўраның үйи болғаны ушын, қызды өкпелетип, «сырым ашылып қала ма» деп қорқатуғын едим. Квартирант болған да жаман екен. Мен әлле қандай бир графтың үйинде хызметте жүрип, қызына ашық болып қалғандай қалтырай бердим. Бул пикиримди қыздың өзи бөлип жиберди:

— Бундай сөзи аўзынан түсип қалған кавалер болмасаң! Қызлар менен отырғаннан кейин оларға ухаживать етиў керек!

Мен өзимди оңлап алдым да қыздың жанындағы столға өттим. Шампан виносы қорқынышларымның бәрин басып кеткен.

Әдетте жигитлер бир рюмка арақ ишкеннен кейин, таныс болмаған қызларды да қушақлап алады. Мениңше бул бийәдеплик. Мен түсимде көрген гөззалды оңымда да көрип оған қол урыўға батына алмай отырғанға усар едим. Қолларым қалтырап барып қыздың билегин усладым. Мениң бул ҳәрекетим қызға зәрре тәсир қылған жоқ.

Әй, не болса болсын, дедим де ентигип, қызды бирден қушағыма тарттым, ол да мениң тап усы ҳәрекетимди күтип отыр ма, билмедим, екеўимиз умбар-жумбар болдық та қалдық. Қәпелимде қыз мениң қушағымнан жаздырылды.

— Түў! Сүйиўди де билмейди екенсең, — деп күледи. Бирден қып-қызыл болып кеттим.

«Ол мени масқаралап атыр»,—деген пикир қыялыма келди. Солай ойладым да өзимниң өжиреме барып жатып қалдым. Жүрегим оның сулыўлығына тутқын болса да:

«Жумабай, бул қыз саған туўра келмейди. Ҳәлек болып не қыласаң»,—деген пикир де жылт еткен еди.

Бир ўақытлары Сәпиўра мениң өжиреме келди:

— Пай, жигиттен де жарыдық-аў. Мениң бир өзим қалай аўқат жеймен!

Илажсыз өжиремнен шықтым. Ойымды түрли қыяллар орап алған. «Не бәле. Сүйе алмайсаң»,—деп күлди. «Аўқат же» — деп жаныма келеди. Аз болса да жигирмадан өттик. Билмейди емеспиз. Жолдасларымның өзлерине сай келмейтуғын қызлар менен жүрип, балалы болып қалғаннан кейин ақыры оларға үйлениўге мәжбүр болып қалғанлары да бар. Изинде ҳәр биреўиниң басқа адам екенлигин билгеннен кейин ийтли-пышық болып жәнжеллесип дегендей...



Қалай да үстемлик етип турған тәрепи оның ҳәдден зыят сулыўлығы. Қайсындай жигит болғанда да, буннан сулыўырақ қыз излеп отырмас, сирә. Мен солай деп ойладым да оның дөңгелек көзлерине суқланып қарап қойдым.

## 2

Арадан әдеўир ўақыт өтип кетти. Мәмлекетлик экзаменлерге таярлана басладым. Бир күни институттан келсем үйге көп қонақлар келипти. Столда қоянның сүтинен басқаның бәри бар екенлигинен-ақ, қонақлардың қаншама дәрежеде сыйлы екенлиги сезилип турар еди.

— Сәпиўра бүгин жумысқа кирди — деди есикке кирген жеримде ушырасқан Турғангүл женгей жүреги тарс айрылып.—Анаў-мынаў емес, саўда мәкемесине.

— Ким болып орналасыпты?

— Баслықтың жәрдемши секретары.

— Жақсы болыпты, — дедим мен пәрўайы пәлек болып. Үйге кирип баратырып ойладым: «Қаяқта жеңил қызлар болса, ҳәммеси усындай талап излейди».

Турғангүл женгей мени де қонақлардың столына мирәт етти. Мен олар менен сәлемлестим де, столдың бир шетине ғана отырдым. Олардың мениң менен иси де болған жоқ. Ортадағы бегемоттай жуўан бир киси, ең үлкени ме, билмеймен, тек соның айтқаны хат пенен қәлем болып отыр. Үйдиң ийесинен дуз сораса да, сүлги сораса да ҳәммесиниң жаны қалмай ушып тура береди. Ол тәўир-ақ ишкеннен кейин қызды.

— «Быламықты май келтиреди» дегендей, ҳәммесин пул келтиреди. Пул — бахыт. Пул — абырай. Пул — жақсы қатын — деп бир күлип еди, қарны селкилдеп кетти. Ол күлген ўақытта қасындағылар да күледи. — Сизлердиң ҳәммеңиз мениң шөжелеримсиз.—деди ол бир ўақытта әбден қызып кетип. — Қайсы мәкемениң баслығы мениңдей абырайлы. Мен ағып турған ғәзийнехананың баслығыман. Инженер ме, врач па, муғаллим бе ҳәммеси мениң дәрьямнан суў ишип, күн көретуғын пухаралар, — деди де «әйнанайын, ҳә әйнанайын» деп қасындағы отырған Сәпиўраның аўзы мурнынан сүйип,

жалап шықты. Мен қатты жеркенип кеттим де бунnан кейин отыра алмаслығымды сезип басымның ауырып турғанлығын бәнелеп өжиреме кетип қалдым.

Қапы иргелес болғанлықтан олардың не ҳаққында айтысып атырғанлары жақсы еситилип турар еди:

— Жаңағы биреўиң хабаршыдан аўлақ па?

— Жәгәй, — студент ғой.

— Солай болсын, әйтеўир.

Ҳәмме гәптиң бәрин сол кисиниң өзи сөйлеп өзи қойып әйтеўир, түн жарпында тарқастығаў. Бизде де уйқы болмады.

Бул үйге ҳәр түрли мийманлар келер еди. Биреўлери Бакуден, екиниши биреўлери Ереваннан, гилкий жүзлерин сақал басып кеткен адамлар чемоданларын тасырлатып, аўыр жүк пенен келип атырғаны. Бундай мийманлар келгенде мен олар менен араласа алмас едим. Себеби Турғангүл жеңгейдиң өзи араласыўыма шек қойған. Олар кирип келгеннен-ақ, жеңгейдиң жүреги тарса жарылып атырғанынан-ақ, қаншама дәрежедеги мийман екенлигин сезер едим. Шынында да бул үй қоңсыларымызға қарағанда да әдеўир қурғын. Мынаў қоңсы мектептиң директоры да, үйине қонақ келсе гөш пул сорап алып кететуғын еди.

Базар күни Турғангүл жеңгей егер әкеси тирилип келсе де қарамайды. Азанда еки корзинканы әлле нәрселерге толтырып кетеди де, сол кетистен күн батқанда зордан оралады. Сол күни оның иси жүриспей қалса, маңлайымыздың қурып қалғаны. Сәпиўра екеўимизге де күн жоқ. Отырсақ опақ, турсақ сопақ боламыз да қаламыз. Маған не?! «Бүйтип жүргенше қоңысымды өзгертсем бе екен» деп ойлап қояман. Өйтейин десем, Сәпиўраға да баўыр басып қалдым. Оннан узаққа кетиўди қәлемеймен.

Келеси екшембиге Сәпиўраның туўылған күни белгиленетуғын болды. Оған қандай болмасын бир саўға алыўым керек еди. Түни менен не алсам екен деп ойланып, ақырында бир дәсте гүл сатып алмақшы болдым. Турғангүл жеңгей бул пикиримди еситип, қатты кейиди.

— Қызымның саўғасы бир пәтте шөп болып қалып па? Ым-жымыңыздан хабарым бар. «Шопан баласы мал минезли болады» деген. Қызыма шөп услатып алдай алмассаң. Ақыры, жантақтың арасында өскенлигиңе бардың. Еле де кеш емес. Кемпир ғаррыңа ойлас-



Бул жерге көп қонақлар келеди. Олардың алдында шөп услатқаның айып болады. Ғаррың бир сыйырдан туўып па? Ақшасын алып келип бер. Өзим импортный мерўерт моншақ таўып беремен...

Мен узақ ойланып қалдым. Турғангүл жеңгей мени күш күйеў етип алыў ҳаққындағы тәшўишке түсип қалған еди. Өзим қой аўзынан шөп алмайтуғын жуўас жигитпен. Айтыўларына қарағанда оларға тап усындай бир жигит керек екен. Онысыз да Сәпиўраны пүткиллей жақсы көрип қалғанман.

Мен кемпир-ғаррының ерке өскен жалғыз баласы едим. Студентлик басқа түскеннен кейин еркелик қалып кетти. «Қызыл көрип перииште жолдан шыққан» дегендей жағыныў аңсат па? Сәпиўраның үйине келгели жуўас бир балаға айланып кеттим.

Кемпир-ғаррымның да артық-аспай дүньясы жоқ. Екеўи де пенсионер. Билмедим, өзлери не ишип, не жейди, айма-ай алатуғын алпыс сом пенсиясын қағып алып тураман. Бүгин басыма ең мүшкил ис түсип қалды. Олардың сүтин саўып ишип, оңысып отырған жалғыз сыйырын сорап баратырған едим.

Тозыўы жетип қалған жай, киноның декорациясындай болып, зордан тур. Шертектиң астында ҳалықлап жатырған ийт алдыма жуўырып шықты. Есик алдындағы қуяшламада жайғасып алып, мүлгип отырған әкем, маңлайына алақанын қойып бир қарады да:

— Ҳаў, Жумабайжан келди ғой, кемпир, сыртқа шық! — деп бақырды. Апам үйден жуўырып ақ шықты.

— Қалайсаң, қарағым, денсаўлықларың жақсы ма? Аман-есен жүрсең бе? оң қабағым тартып турып еди-аў, — деп атыр.

Шай ишилип болынғаннан кейин мен гәптиң анығынан келдим де кемпир-ғаррыға сыйырды сатып бериўин өтине басладым. Анам аңқылдаған ақ көкирек бир адам еди.

— Жумабайжаннан аяйтуғын немиз бар? Сатсаң сат, ғарры, — деди бирден.

Ағам бундай жумыста жүдә тәжирийбели адам еди . . . Соның ушын да асықпады. Көк шайдан аўзын толтырып бир уртлады да узақ ойланып қалды. Әллен ўақытларда барып тилге келди.

— Бизлердиң сеннен аяйтуғын жанымыз жоқ та балам, бирақ келиспейтуғын иске қол урыпсаң. Шы-

райына оның жарма қуйып ишейин деп пе едиң! Бизлер бир аяғымыз гөрде, бир аяғымыз жерде отырған адамлармыз. Келин жумсармыз деген дәмемиз бар еди.

— Сәпиўра сизге келин бола алмай ма?

— Келин болыўы мүмкин. Шамамда, натуўры уяда өсип, бийәдеп болып кеткен қыз екен. Әй, билмедим-аў! Апам ашыўланып: «Иренжитпе баланы» деп, қайтарып таслады.

Ғарры буннан кейин үндемеди. Апам шығып кеткен ўақытта ғарры жөтелиңкиреп және гәп қозғады:

— Төрели адамлар бир моншақ ушын бир сыйыр сорамайды. Ойлан, және жас өмириң қазан болып кетпесин.—Сөйтти де шекпенин жамылып сыртқа шығып кетти.

Апам менен ағам түни менен төрги жайда гүбирлеп шықты да, ағам азан менен кетип, әлле кимнен алты жүз сом ақша алып келип берди.

— Мине ,балам, кеўлиң қабармасын. Бир сыйыр бизди бейишке апарар дейсең бе?

Мен бир түрли болып кеттим де, пулды алдым. Жолда киятырып ойланаман. «Көрпеме қарап аяқ узатпастан, әнтеклик қылдым-аў».

Пулды алғаннан кейин Турғангүл жеңгей күлди.

— Жаңа өзиңе келипсең. Енди «күйеў балам» деп таныстыра берсем болар.

Қысынып кеттим. «Қәйин енем мениң екинши анам болыўдан гөре, жеңгейлерге көбирек усап кетти-аў!» Ойларым алғаў-далғаў . . .

## 3

Базар күни Турғангүл апаның жумысы қыстаў болғанлығы ушын туўылған күнди белгилеў соңға қалдырылды.

Бул, мерекеден көре «Сәпиўра ушын ким көбирек дүнья сарп қылады» деген жарысқа усаған бир нәрсе екен. Мен ғой мен. Кимиси пальто, кимиси шуба, кимиси жемпир дегендей әкелип. Сәпиўра кийимге пүткиллей көмилди де қалды. Ортадағы стол сондай жасалыпты. Мен өмирим туўып, бундай толы дастурхан көрген емеспен. Отырыспа тәўир-ақ қызғаннан кейин, Турғангүл жеңгей мени сыртқа шақырып, қолыма әлле қандай бир қутыны услатты.



— Сәпиўражанның мойнына өзиң тақ.—Қараңғы түнде қутышаны ашып жибергенимди билемен, қолыма қоз услағандай болдым да қалдым. Ғыжлап жанып турған мерўерт моншақлар ҳәр тәрепке нур шашыратар еди.

— Буны он сыйырдың пулына да ала алмайсаң. Тек абырайыңды көтериў ушын берип атырман.

Мен сыртта өзимди азмаз басып алғаннан кейин, ишкериге кирип бардым да, моншақты алып Сәпиўраның мойнына тақтым. Ҳәмме бирден қол шаппатлады.

— Бул қайсы миллионер?

— Енди мен Сәпиўраның оң қапталында отырар едим.

Арақ тәўир-ақ ишилип, ҳәмме мәс бола басладық. Усы ўақытта мениң жанымда отырған жуўан қарын киси қызып кетти.

— Мерўерт моншақ әкелгениңе мақтан ба, балам! Бәри бир, меннен асып кете алмайсаң. Сен мениң тастлаған қатынымды алайын деп отырсаң. Бундай миллионер екенсең, таза биреўин таппайсаң ба? Сәпиўра мениң қатыным ғой, ҳе-ҳе-ҳе...

Мен қатты ашыўланған едим. Әлле ким оны тентиреклетип сыртқа алып шығып кетти. Бул ҳәдийседен кейин мен оғада көп ишип жибериппен. Әлле кимлер мени шешиндирип, кәтке жатқарыўға ҳәлекленип атыр. Турғангүл жеңгейдиң де бар екенлигин сезип атырман.

— Жас, морт бала екен. Кийимлери де жупыны. Бул бизлердиң группамызға кириўге әззилик қылады,— деди әлле ким.

— Басқа илажым жоқ. Жәкеңниң мениң қызымнан басқада көзиниң қыйығы жоқ. Өзи сегиз баланың атасы болса да ҳәр күни мениң қызымды күсеп өлип баратыр. Уят болып қалыўы мүмкин. Оннан кейин журтлар не айтпайды. Өзимниң, минекей журтқа қараўға бетим жоқ. Билмеймен, өлсем көметуғын адам табыла ма, жоқ па! Дүньяда ийесиз перзент көргеннен жаманы жоқ. Соның ушын да ким болса да еплеп басын шатпасам болмайды.

— Өзлеримизге бейим адамлардан биреў табылмас па екен?

— Ҳәммесиниң хабары бар ғой.

Бул түсим бе, оңым ба! Көзимди аша алмайман.

Әлле қандай адамлардың сүлдери көринеди де қабағым ап-ауыр болып дым ашылмайды. Тап түсимде бир қызық ҳәдийселерди көрип атырғандайман. Басым көтерилмейди. Тилим айланбайды.

Азанда қатты шаўқымнан оянып кеттим. Масқарашылық. Мен Сәпиўра менен бир кәтте жатырман. Есикти ашып, Турғангүл жеңгей шаўқым сала баслады:

— Мен еле сени жуўас бир бала деп жүрсем, тап болған екенбиз жуўасыңа! Дузымды ишип отырып, қызымның намысына қол саласаң ба? Бул не деген сурбетлик. Мен ҳәзир-ақ деканыңа бараман. Ректорыңа бараман! Гүлдей қызымның намысын төгип...

— Мен арақ ишип естен айрылған екенмен. Бирақ ҳеш нәрсе болған жоқ.

— Ҳә жәдигөй! Ҳәм уры ҳәм үстемлигине қара буның. Болмаса таң атпай атырып, қызымның аппақ төсегинде не қылып жүрипсең?

Сағалдырықтан илинңиў деген усындай-ақ болар. Мен енди оған жалына басладым:

— Жан апа, деканатқа билдирмей-ақ қойың? Мен Сәпиўраны аламан... Аламан ғой...

— Сәпиўраны аламан? Ой, жүзи қара! Мен деканатқа билдирмей қоярман жүдә! Бундай қызларды алыў ушын, билесең бе, қанша пул керек!

— Таўып беремен, — деп сандырақладым мен. — Бирақ деканатқа айтпаң. Мен мәмлекетлик экзамен тапсырып атырман, жан апа!

Турғангүл жеңгей пәсине қайтты.

— Ҳәзир көзиме көринбей, бөлмеден жоқ бол!

Мен кийинип, берги жайға өттим. Бирақ Турғангүл жеңгейде баяғы ашыў жоқ. Ол бийҳаяшылық ролин сахнада жақсы атқарып, соңынан өзине разы болған актрисадай күлимсиреп столда шай ишип отырар еди. Мен түндеги болған ўақыяларды еслей басладым. Болып өткен ҳәдийселердиң түсимде, я оңымда болып өткенлигин сезсем сә...

Бир ўақытлары Турғангүл жеңгей шақырды.

— Бар, тезден үйиңе барып пул алып қайт. Тойыңды өткер. Мен ендигиден былай бул иплас үйде отыра алмайман, билдиң бе?! Басқа бир бийҳая ҳаялдың қолына түскениңде көрер едиң, сен! Мен баламдай болып қалғаның ушын үндей алмай отырман еле де!...

Мен және үйге кеттим. Бул сапары пүткил ағайин-



туўғанларымызды жыйнап кеңестик. Ҳәмме бир шешимге келди. Биреў билди, биреў билмеди. билгенлери «оқыўыңды питкерейин деп турған екенсең, бир зыяны тийип кетер, енди оның менен турмыс қурмастан басқа илажың жоқ, айтысып өзиңди ақлай алмайсаң»,—деп аўыл-аймағымыздан жыйнап зордан еки мың сомдай таптық. Солайынша, Нөкиске келдик те кишигиримлеў бир той жасап жибердик. Енди Сәпиўраның үйинде батыл болып қалдым. Бирақ, әке-шешемниң иши жылымайды...

## 4

Мен институтты питкергеннен кейин Турғангүл жеңгей «Суўық суўға қол урмаған қызымды совхозға жибере алмайман»,—деп аўылға барыўға рухсат бермеди.

Бизлерге қаладан төрт бөлмели жай сатып алып берди, сонда бөлек турамыз. Мектеплердиң биреўине жумысқа орналастым. Оттай муғаллиммен. Бир жүз алпыс сом муғдарында айлық аламан. Жақсы жасап атыр едик. Соның арасында бир ул ҳәм бир қызлы болып, Сәпиўраға пүткил ықласым менен берилип кеттим. Кемпир-ғаррымның қуўанышында шек жоқ. Ақлықлы болғанлығына қуўанар еди.

Қалай да «бөриниң баласы бөри» деген гәп бар. Сәпиўра баяғы кең ошақ, тегин тамақты күсей берди.

Бир күни ярым айлығым ушын тоқсан сом пул алып келген едим, ҳаялым бирден ашыўланды:

— «Аты уллы, сыпырасы қуры» деген. Сеники сирә тоқсан сомнан аспай-ақ қойды... Бизлер де адамларға усап кийинип жүрер едик.

— Не, кийимсиз жүрмисең? Бир қатынға отыз көйлек азлық ететуғын заман болып қалды ма, қалай-қағый? Төрт чемодан толы кийимиң турып, кийимим жоғың не? — деп шырт еттим.

— Олар модадан шығып қалған. Енди мен «космос», «хан атлас» кийиўим керек. Ўассалам! Анаў Жәлменниң қыйсық аяқ қатынына шекем «космос» кийип жүр. Мен не?!

— Олар саўдагер.

— Сен де саўдагер бол, кем бе бир жериң!...

— Мениң саўдагершилик қолымнан келмейди. Басымды қатырма!

Ҳаялым бирден қызып кетти.

— Сен «жоқары мағлыўматлыман»,—деп мурныңды аспанға көтере берме. Ҳәзир дүканның қараўылларының өзи сеннен көп алады!

— Ал, алса алсын. Бирақ, мен ҳадалына жасайман. Тыныш уйықлайман, билдиң бе?!

— Ал мен «космос»тан көйлек киймегенимше тыныш уйықлай алмайман.

— Сонда не қыл дейсең! Урлық ислейин бе? Жоқ, қолымнан келмейди.

— Қолыңнан пул табыў келмесе, үйленип не қыласаң?!

Аяқ-қолларым бирден қалтырап кетти. Бундай ҳүждансыз қатынға қалайынша дус болып қалдым?! Соңынан оның суп-сур болып кеткен жүзлерине тигилдим де:

— Мениңше, адамлар үйленгенде, күйеўлериниң пулына қарап емес, бәлким, адамгершилигине қарап турмыс қурса керек, — дедим.

— Маған пулсыз әндийшениң кереги жоқ!

— Тоқтат! — Даўысым бирден қатты шығып кетти. Денем дирилдеўим менен қолларым қалтырап, столдың бир мүйешин қысымлап турар едим.—Қысқарт, пулы көп адамларға бар!...

Ҳаялым есикти тарс еттирип жаўып сыртқы бөлмеге кирип кетти. Оннан кейин қайтып шықпады.

Асханаға шығып, қазанды ашып қарадым. Бир кеседей ғана макарон сорпа бар екен. Талабы келиспеген бир уры сыяқлы ярым ақшамда қатты нан менен жылытпа сорпа ишип отырман.

Басым мең-зең болып, аўыр жатарға шекем жаттым. Сол жатысымда уйықлап кетиппен.

Саат сегизге жақынласқанда ояндым. Балаларым жылап атырған екен. Басқа бөлмеге барып, жатып қалған ҳаялым уйқылы-ояў, орнында қозғалмастан жатыр. Дәрҳал газге шай қойып жибердим де, балларды аўқатландырып, бақшаға алып кеттим.

Балаларымды бақшаға тапсырып болғанымнан кейин мектепке бардым. Қәне, сабақ өтеалсам...

Үйиме келсем баяғы «концерттиң» изи еле үзилмепти. Ҳаялым еле ашыўынан басылмапты. Балларымды жерден алып, жерге салып ғарғар еди.

— Мынаў әкеңиз! Сизлер ким болып шығар едиңиз!

Ҳаялымның зәҳәрдей сөзлеринен балларымның биреўи қорқып жылаған еди.



— Шығарма сестиңди, әйнектен ылақтыраман! — деп бақырды ҳаялым. Балаларым азар-безер болып жылап алдыма келди.

— Пәлеги ашшы, түйнеги дуччы перзентлерим, — деп баўырыма бастым. Бир ўақытлары балам:

— Мама, қаймақ бер? — деген еди.

— Ҳе, қаймақ жегиң келип қалды ма?—деп шекесине бир алдырғанын билемен, көзимниң алды тынып кетти. Адам деген де усындай мийримсиз болады екен?!

— Мынаў әкенниң сықылы! — деп ол ҳәр бир сөзи менен мени нышанаға алар еди.

Жүрегимдеги ҳәсиретлер және де жалынлап кетпеслиги ушын мен тис жарып, аўыз ашқаным жоқ. Төрги жайға бардым да жатып алдым.

Кеште ҳаялым жүдә кеўилленип үйге кирип келди.

— Пайғазы, космос көйлек алдым! Қалай, унай ма? — деди ол әлле қандай жалт-жулт еткен материалды көкирегине керип жиберип.

Институтта оқыған күнлеримде Москвадан келген шыт көйлекли бир академик ҳаял лекция оқыған еди. Мен сол ўақытлардың өзинде-ақ адамның гөззаллығы кийимде емес екенлигин аңлаған едим. Әпиўайы, шыт көйлек оған сондай жарасқан еди дейсең! Оның гөззаллығына ҳәмме таң қалған един.

«Бизиң ҳаял-қызларымыз неге қымбат баҳалы затларға жуўыра береди» деп ойлаған едим сонда. Тап сахнаға шығатуғындай қайсы биреўин көрсең малынып жүргени. Саўдагерлердиң жолының болып атырғаны да сол. Ҳәр бир ҳаял баласына қаймақ алып берместен өзине атлас алып кийиўге ҳәўес-ақ. Я оған утюг баспаса. Жеңлери шекийне қалтадай мыжымырланып жүргени.

Соның ушын да балаларымның напақасы орнына әйтеўир бир жылтыр таўар алып келген қатыным көзиме пүткиллей жаман көринип кетти. Салқын ғана:

— Жақсы болған екен, — дедим де жатырған жеримнен бир аўнап түстим. Қатыным күлди.

— Билемен, маған кеўлиң толмай атыр. Себеби, алған айлығыңның ҳәммесин тоңыртқадай суўырып тартып турыппан. Мен бул истиң де режелерин көрип қойғанман. Складшы маған жүз метр «космос» беретуғын болды. Базардан адамлар оны еки баҳасына алады. Соңынан пулын складшы менен бөлисип аламыз. Әне, пайда. Пулға пүткиллей жарып қаламыз.

— Мен қатынымның базарда саўдагер болғанын қәлемеймен.

— Ондай болса өзиң сатып бер? Еки бастан милиционерлерди таныйсаң. Бир базарда мың сом пайда алсақ, аз ба? Складшы мамамның ески дослары болғанлығы ушын ийип тур.

Мен бир майдан ойланып жаттым да, жети уйықлап түсиме кирмеген бул иске разылық бердим. Басқа илажым қалмаған еди. Жақсы кийимлерге ҳәўес болып қалған қатыным, складқа келген затлардың ҳәммесин баўырына басып, «ийттен бир сүйек» қарыздар болып қалғанман. Ол қарыз алған пулларының көбисин меннен жасырып айтпаған екен. Ҳәр күни бир адам келип, қарызыңды төлемесең судқа беремен, — деп жанымды келиге қамады. Бундай дарқылдақ қатынды судласа да мәйли дә, бирақ балларымды айтсаңә.

— Жаным сүймейтуғын бул иске тек бир мәртебе ғана ҳәрекет етип көремен,—дедим оған.

— Тек усы мәртебе ғана айтқанымнан шықпасаң болды! Соның өзи-ақ жалшытып таслайды...—деди ол.

## 5

...Керегениң көзиндей бир темир тордың ишинде жатырған екенмен. Әтирапым көздиң ушы жетпестей бағ. Адамлар қапталымнан қолтықласып, үлкен салтанат пенен өтип атыр. Айырымлар балларын коляскаға салып алған. Мен арман өтейин десем, темир көзгенеклердиң жиберетуғын түри жоқ. Ал, адамлар болса маған қайрылып та қарамайды. Сулыўлықтың бәри темир көзгенектиң сыртында. Концерт қызғын. Бир жағында кәбап, сомсалар сатылып атыр. Ҳаялы менен кәбап жеп турған бизлер менен бирге ислеп атырған бир муғаллимди көрдим. Ол мени көрмей тур ма, билмедим, маған қайрылып та қарамады. Бир ўақытлары қарасам, әлле қандай думалақ қарын биреў менен қолтықласып, Сәпиўра кетип баратыр.

— Сәпиўра! — деп бақыраман мен. Қарамайды. Соның арасында олардың изине жетиў ушын томпаңласып, жуўырысып киятырған балам менен қызымды көрип қалдым. Ҳаялым оларға да қарамады. Олар анасының изине жетиўге асығады. Бирақ, адым жерде сүрнигип жығылады, олар бир ўақытлары мени көрип қалды.



— Аға! — деп шуўлап жыласады. Қәне, мен көзгенектен шыға алсам! Көзгенек арасынан балаларымның кишкене қолларын сүйип егил-тегил жылап жибердим... Соның арасында оянып кетиппен.

— Тур! Дениң саўма, базар тарқап кетеди, — деди ҳаялым. Ҳайранман. Түске шекем төсеги жыйылмайтуғын ҳаялым бүгин қалайынша ерте турған екен?

— Базарға бармайман, — дедим мен әлле қандай ишинде.

— Ҳе, кешеги берген ўәдең қайда?

— Менде ҳеш қандай ўәде болған емес. Бармайман, ўассалам!

Ҳаялым бирден ашыўланды..

— «Тазда тарақлы болады, ол да керекли болады». Бармасаң қой. Өзим-ақ бараман!

Бир ўақытлары кишкене қызымның еле емшектен шықпағанлығы есиме түсип кетти. Ҳәмме нәрседен көре дүнья-малды жоқары санайтуғын бул ҳаял перзентлерин аяй ма? Ана сүтин тойып ембеген бала, бала бола ма?»

—Жақсы бараман, — дедим мен ҳаялымның сүзилип кеткен көзлерине тигилип.

— Ҳаялым мениң белимди тап циркте маскарапазлардай етип қымбат баҳалы затлар менен орап таслады. Оның сыртынан үлкен бир макинтож кийип алдым. Бетимниң қабыршақтай жуқа болыўына қарамастан, қарным ғарбыздай томпайып кетти.

«Сезикли секирер» дегендей, адым жерде ҳәр жаққа жалтақ-жалтақ қарап баратырман. Бир қолымда зилдей корзинка. Ол да ыйығымның бир жағын түсирип баратыр. Усы аўҳалда базарға келип кирдим. Қатынымның айтқаны ырас болып шықты. Билмедим, турмысқа шығатуғын қызлардың ҳәммеси ҳәзир «космос» кийетуғын болған ба, ашып көрсеткеннен-ақ базардың жартысы жапырылып изиме ерди. Өзим дым тәжирийбесизлик қылып алған екенмен. Қәне, енди адамларды тарқата алсам! Қорқып, үркип жүрип отыз метрдей саттым. Соның арасынша мурты тап берген бир жас жигит тап болып:

— Аға, мен көбирек алатуғын едим, — деп жалынып қоймады.

— Ой, иним, ғам жеме, жетпис метри табылады, — деп корзинкамды ашып жибергеним, қолымнан лаппа услап алды.

— Жынаят излеў органларының инспекторы лейтенант Султанов, — деп қызыл книжкасын көрсеткенин билемен, өзиме өзим исенбей лал болдым да қалдым.

Жүрегимдеги баяғы ҳәўирлердиң ҳәммеси сөнди.

— Егер мени қутқарып жиберетуғын болсаң, товарлардың ҳәммеси сеники, — деп былжырықлай басладым. Жигит көнбеди. Мени милиция бөлимине алып кетти. Кешке жақын ҳәмме нәрселеримнен журдай болып, шашы қардай аппақ бир подполковниктиң алдында отырған едим. Ол мениң өмир баяным менен танысып ҳайран болып қалды.

— Хызмет орның, алатуғын айлығың, минез-қулқың жақсы бир жигит екенсең, қалайынша бундай иплас жолға түсип қалдың?

— Өзим де билмеймен, — дедим мен.

— Бундай ис, әлбетте сениң қолыңнан келмейди — деди ол.

— Сениң түриңе қарағанда оғада таза адамсаң. Соның ушын да бизге бул затлардың ийесин айтып бересең?

Бул затлардың ийеси Сәпиўра. Оннан кейин ким екенлигин тек Сәпиўраның өзи ғана биледи. Соның ушын да бул мәселеге еле гөдек балаларымның анасын ҳеш қандай жантастырғым келмеди.

— Ташкенттен келген бир биймәлим саўдагерден арзан баҳаға сатып алдым, — деп қоя қойдым, подполковник күлди.

— Сөзлериң тап өзиңе уқсаған суўдыр екен.

— Ташкенттен келген саўдагер өз мүлкин арзан баҳаға әлле қандай муғаллимге берип кетпейди. Ол Ташкенттен келген бе яки басқа жақтан ба, бәри бир, сени таныйтуғын болыўы керек.

Подполковник қаншама ежелеп сораса да келебениң ушын таба алмады. Соның ушын да мени ҳәзиринше қамап қойыўды буйырды.

Таныс биреўлердиң берген хабарына қарағанда ҳаялым меннен гөре қуў болып шықты. Ол:

— Азанда «қалаға бараман,» — деп шығып кетип еди. — Ондай затларды қаяқтан алғанлығынан ҳеш хабарым жоқ, — деп жуўап берипти. Жәнедe: «сол пикиринен қайтпасын,» деп зинҳар тапсырған екен.

Мен солайынша ҳәр тергеўде бир сөзимди тоты қустай қайталай бердим. Бурыннан саўдагерлик иске араласпағанман. Соның ушын да маған гүўа боларлықтай адамның өзи табылмай қалды.

Меннен тергеў алғанлардың көпшилиги үлкен тәжирийбеге ийе болған меҳрибан адамлар екен, гейде оларға ишки дәртлеримниң ҳәммесин ақтарғым келип турды. Бирақ мәселениң бир жағында Сәпиўраның бар екенлигин сездим де, балаларымды тири жетим қалдырғым келмеди. Ҳәммесине өзим айыплы екенлигиме ықрар болдым. Соның ушын да мени көп услап отырмастан еки жылға судлады. Ҳаялым изимнен аўқат әкелгенде бул мәртлигиме кұтә ырзалығын айтты.

## 6

Мийнет пенен тисим шыққан дийхан баласыман. Соның ушын да аўыр мийнет етип атырғаныма налымайман. Бирақта сонша жыллар даўамында алған билимимди бир пул қылғанымды айтпайсаң ба? Өмир, ҳадаллық ҳаққында лекция оқыған муғаллимлеримниң мийнетин бир пул қылдым. Революциядан бурынғы халқымыздың турмысы ҳаққындағы китапларды жылап оқыйтуғын едим. Бир тислем нанға зар болып душпанлар алдында жылап киятырған мүсәпир халқымның тәғдири мениң жүрегимди елжиретип жиберетуғын еди. Енди маған нан, кийим берип дүньяның ең алдыңғы адамы етип тәрбиялаған халқым алдында уятлыман. Мен үлкен қылмыслы адам болып, халық алдында жүзи қара болып қалдым. Ҳәзир соның жәбирин тартып атырман. Жумыстан шаршап келгенде:

— Ҳаў келдиң бе, — деп алдыңа бир шәйнек шай қоятуғын ҳаялың да, «аға!» — деп алдыңа жуўырып шығатуғын балаң да жоқ.

Еки жыл жигирма жылға татыған шығар. Жаз айларының биринде қутылып, Нөкиске қайттым. Балаларым жуўырысып алдыма шықты. Оларды ыссы қушағыма бастым. Ҳаялым бурынғы орнында ислеп атырған екен. Мени жынаятқа жол қойғаным ушын мектепке алмады. ПМҚ лардың биреўине жумысқа орналастым.

## 7

Бир күни китап оқып отырып, папирос шекпекши болып коридорға шықтым. Төрги бөлмениң есиги сәл-

пәл ашық, ҳаялым төрги бөлмеде әллеким менен сыбырласып сөйлесип отыр. Мени «балалар шығар» деп ойлады ма сезбеди.

Ҳаялым менен сөйлесип отырған қатын, жасы әдеўирге барып қалыўына қарамастан, мойынларын моншақлар менен безеген, мурны қуслардың тумсығындай иймейип кеткен, сықылсыз бир ҳаял еди. Оның байынан айрылғанына көп жыллар болған, жаман ислер менен шуғылланатуғынлығын билемен. Билмедим, ол бизиң үйге қалайынша келип қалған? Бир ўақытлары ол алтын тислерин жарқыратып, қатынымның қулағына:

— Өзиңди беккем тут. Ҳеш қорық па? Байың белгили жумыста ислеп атырған адам. Саған муш алып жүўыра алмайды. Егер муш жумсайтуғын болса, дәрҳал кеңсесине жуўыр. Әкесин танытып қояды. Байды ешек қылып мингиң келсе, ҳасла сөйлетпе. Жуўынды берип бақ. Сонда ҳаққынан шығасаң. Ҳе, ҳее... Ҳеее...

Ол күлген ўақытта сыйырдың ҳәўкесиндей буғақлары салбырап кетти.

— Оннан кейин, — деди және ол жутынып. — Анаў күнги жигит бүгин тағы келеди. «Бир шуба алып келерсең,» — дедим. Складшы дегенлер бир ағып турған дәрья ғой. Сениң нең кетеди! Бир саат болсаң, бир шуба таяр! Айтпақшы, ол сени сондай жақсы көрип қалыпты. Қызға бергисиз деп атыр. Шубаны әнейи адамға береме? — деди ол бир көзин қысып.

— Қәйдем, күйеўим келди ғой, сезип қалмаса... — деди бизиki даўысы сәл қалтыраңқырап.

— Үйге түскен күйеўиңниң ҳақы бир шийше! Соны да билмейсең бе? Арақ берсең «Самарқанды суўға алдырсаң да» билмейди олар!...

Аяқ-қолларым қалтырап, муз болып кетти.

«Ол енди мениң қатыным емес, — дедим өзимнен өзим сыбырланып. Тислерим ғышырлап кетти. «Анаў күнги жигит» — дейди. Демек анаў күни де сол иплас пенен болған екен-дә... Соның ушында мениң ҳадал пулларым оған аз көринипти-дә... Ахмақ!... Бий әдеп!...

Коридордағы белсапты алып, төрги жайға кирип барыўға жаңа оқталған едим. Есиктеги жайда отырған балам бирден «шыр» ете қалды. «Белсапты ылақтырып таслап, есикке кирип бардым. О, сорлы балам, маған демлеп қойылған шайды аўдарып алыпты! Есик алдында поликлиника жақын еди, көтериўим менен поликлиникаға атылдым. Бахтыма дежурный врач бар екен. Ол баламның күйген жерлерин көрип, әллеқандай дәрилерди жағып, байлап таслады.

— Ҳеш нәрсе қылмайды, — деди ол. — Шай тәўирақ суўып қалған болыўы керек, торсықланбапты. Бир-еки мәртебе дәри жақтырсаң тәўир болып кетеди.

Үйге келсем ҳаялым, әллеқандай бир үлкен жыйналысты бәнелеп, бетлерин пудралап атырған екен. Балам менен әўере болып жүрип оған үндемедим.

— Мен больницаға алып қалмаса болар еди, деп қорыққан едим, — деп гүбирлейди ҳәр жайға кирип жүрип.

Сол жүрисинде-ақ ол үйден шығып кетип қалыпты.

Гастрономға кирип, балаларыма қаймақ,қатық алып шықтым.

— Ишиң, тайыншақларым, бизлер енди өмирди басқаша баслаймыз, — деп атырман. Нәрестелер-ай! Булар еле жас. Өмирдиң сондай қоспалы нәрсе екенлигин еле түсинбейди. Олар ендигиден былай әллеқандай бир қатынды «ана» деп айтыўы кереклигин сезбейди.

Көзимниң алдын жас жуўып кетти. Перзенти қайнаған шайға күйип атырғанда да қарамады. Жыйналысты бәне етип, бир жақларға кетип қалды. Бундай қатыннан не үмит күтсе болады.

Ер адам «балаларға анасы қарайды» деген пикирде болып, оған аз айланысады. Мен олардың анасынан үмитти үзгеним ушын ба, балаларыма қатты меҳрибан болып қалған едим.

Саат түнги он бирден асып кетипти. Еле Сәпийрадан дәрек жоқ. Оның қаяққа кеткенлигинен хабарым бар. Соның ушын оны күтиўге де тақтым болмай, төрги жайға барып, балаларымды баўырыма басып жаттым. Саат он екиден өткеннен кейин Сәпийра келди. Ол бурынлары маған сондай сүйкимли көринер еди. Ҳәзирги турысында әллеқандай ҳүждансыз, тасланды бир қатынға усап кетти. Енди мен оның барлық ҳәрекетлерин түсинер едим. Соның ушын да жаслығымда әрман еткен оның гөззал жамалы жеркенишке айланып баратырғандай көринди. Ол ҳасла келиспейтуғын өтириклерди сөйлер еди.

— Бүгин мәкемемизде үлкен жыйналыс болды. Маған шуба сыйлыққа берди. Қара импортный...

— Саўда мәкемелеринде түнги саат он екиге шекем жыйналыс болар екен дә? — дедим мен сабырым шыдамай. — Және арақ ишкизип жиберипти.

Ол албырап қалды. Соңынан:

— Үлкен жыйналыс тә. Жуўыспағы менен саат он екиге шекем созылып кетти. Сыйлыққа шуба бергеннен кейин қурдасларым қоймады. Еки рюмкадан алдық, неси айып?!...

— Маған қара, Сәпиўра, сондай иплас иске қол урған екенсең, бүгиннен баслап мениң қатыным емессең. —деп қатты бақырып жибердим.

Даўысымнан балларым шоршып оянды. Олардың басларын сыйпап қайтадан жатқыздым.

Сәпиўра маған бежирейиўи менен қарап турар еди. Оның көзлеринен я қорқыў, я үмит нышанларының ҳеш биреўин сезбедим.

— Демек мени аңлып жүрген екенсең-дә?

— Солай.

— Мейли, — деди әллен ўақытлары қатыным уялмай. — Мен сеннен ажырасқанымда да шеп жасамайман. Пул табылады...

— Пул сениң есиңди алып қойған. Пул, деп пүткил адамгершилик, ҳүжданыңнан айрылдың. Бала-шағаңнан да... Соның ушын да даналар айтқан: «Дүнья малды тек кийиўге, ишиўге жеткенинше ғана жыйна. Басқасы аўырлық етеди. Дүнья деген бир көлеңке. Оның изинен көп қуўа берген менен жеткизбейди. Түпсиз қәндекке жығылып кетесең...»

— Мен жетемен, сен жетпесең..

— Бар! — дедим қатты ашыўым келип. — Мен сеннен жеркенемен.

Сәпиўра есиктен жулқынып шығып кетти.

Аўыр гүрсинип көрпешеге бир аўнап түстим де, бүгинги газетада басылған хабарларды көзден кеширe баслаԁым. Онда әллеқандай бир жазыўшының өз китапларына алған гонорары есабынан бир балалар бақшасын салып бериў ҳаққындағы тилеги жазылған еди.

— Ҳайранман. Биреўлер өз мийнети менен тапқан ақшасынан жәмийетке жәрдем бергиси келеди. Ал, гейпаралар жәмийетти былғағысы келеди.



## 8

Арадан бир ҳәпте өткеннен кейин. және мен суд залында отырар едим. Бул сапары, ҳақыйқатлық мен тәрепинде болып атырғаны ушын да өзимди мәрт туттым. Жаман қатын, бәрибир жаманлығына барады екен. ол мениң саў қалған жерлеримди мөлшерге алып найзалай баслады. Соның ушын да ол:

— Жақсы адам қамаққа түсе ме? Еле де буған қатын болып отырман мен. Жас өмирим бул симилтирди адам етемен деп тамам болды. Сондай қыйын жағдайларда еки жыл бала-шағасын бақтым. Енди бул ақ мақ маған гина тағып отыр. Бул еле бозда ойнақлап жүрипти. Мениңше буны еле қайтадан судлаў керек!

— Бәлениң бәри өзинде екен-дә,—дегендей адамлар маған жалт қарады. Өзиме жабылған өсеклерден кейин дизелерим қалтырап дәрмансызланып кеттим де, екинши болып минберге шықтым.

— Мен бир ғарры менен кемпирдиң жалғыз баласы едим. «Дүньяда сулыў қыз алған адам бахытлы болады»,—деп ойлар едим. Мен сулыў қызға үйлендим, бирақ бахытқа ерисе алмадым. Ҳаялым бир дүньяхор, жатып ишер болып шықты. Ол өмирдиң ҳәммесин тек пул менен ғана өлшер еди. Туўры, мен үйге де түсип шықтым. Буның ҳәммесине ҳаялым себепши болған. Ол ҳәдден тыс безениўди жақсы көрер еди. Болмаса бир семьяға үш жүз сом жетпей қалыўы мүмкин емес. Оның merўерт моншақлары маған жүдә қымбатқа түскен үйге түсерлик қылмыс жасаған өзи еди. Бирақта мен ер адам болғаным ушын бул қылмысты тек өз мойныма алыўыма туўра келди. Ырасын айтқанда, балаларымның анасыз қалыўын қәлемедим. Қамақта жүргенимде бийшара атаанам қайғыдан өлипти. Ал, ҳаялым болса бузықшылық еткен. Буған қалай шыдап турыўға болады. Ҳаялың «турмыстан қысылып, усы аўҳалға барды» деген шешимге бара алмайман. Ол жүз сомнан асламырақ айлық алатуғын еди. Оның үстине мектепте жүргенимде көп дослар арттырған едим. Олар ай сайын алпыс сом пул жыйнап берип турған.

Усы жерге келгенде судья мени тоқтатты.

— Гражданка Сәпиўра Жумашева. Сиз ериңиздиң айтып турғанын тастыйықлайсыз ба?

— Тастыйықлайман.

— Көрдиңиз бе, халқымыз арасында қандай гуманист адамлар көп. Олар ҳәтте өз семьяларынан да жырып, сизлерге пул берип турған. Айта бериңиз,— деди ол көз әйнегин алып.

— Мениң сонша исенимлеримди, жора-жолдасларымның жәрдемин аяққа басып, усындай жолға барғанлығына ҳайранман.

Меннен кейин тәўираққа барып қалған қоңсы кемпир шақырылды.

— Шырақларым, мен ҳәзир алпыс жастан өтип кеттим. Күйеўим елимизди фашистлерден азат етиўге кеткенде мен еки баланың анасы болған жигирма жасар ғана келиншек едим. Гүнде ағашқа сыйыр қосып жер айдайтуғын едик. Ол жақта урыс, бул жақта мийнет фронты басланған болып, аўыр ақшамда сандалып, зордан қайтатуғын едик. Балаларымыздың аўқаты кешки жүўери жарма. Ҳәмме фронт ушын саўға таярлайтуғын едик. Күйеўим фронттан қайтып келмеди. Мен оның ушын садық болып қалдым. Басқа турмысқа шықпадым. Балаларымды тәрбияладым. Ҳәзир олардың биреўи врач, биреўи инженер. Ўатан ушын ийгиликли ис етип атыр. Ҳәзирги қызларымыз жеңилтек болып кеткен бе, билмеймен?! Улыўма Сәпиўра қызымның қылықлары маған жақпады. Бир өзи бир жүз алпыс сом пул алып турса, енди не керек?

Сөзге мектебимиздиң директоры шықты.

— Жумабай мектебимиздеги белгили муғаллимлеримиздиң бири еди,— деди ол.— Оның мойнына гина тағыўға ҳеш ҳақым жоқ. Бирақта Сәпиўраның ислери ҳеш дурыс емес. Соның ушын да еле кеш емес, екеўин ажыратқанымыз мақул. Енди бул турысында екеўи ҳеш қандай татыў турмыс қура алмайды.

Солай етип екеўимиз суд арқалы ажырастық. Суд жайымызды да екиге ажыратып берди. Бахтым бар екен, балаларым өзим менен қалды. Суд алдында:

— Булар мениң перзентлерим. Олардың ҳүждансыз адамлар қолында қалыўын қәлемеймен.—деп жыладым.

Бузық қай ўақтада бузықлығына барады екен.



«Бала аяғыма ораў болады» деди ме, олардиң ҳеш биреўин де алмады. Солай етип еки балам да өзимде қалды. Бирақ мениң ушын ең жаманы, екеўимиздиң бир үйде турып қалыўымыз болды.

Мен Сәпиўра менен ажырасқанымнан кейин, складшы оны қатын етип алыўға келисипти. Оның Тақыяташта семьясы, ҳаял, төрт баласы бар екен.

Ол ҳәптесине бул жерге үш мәртебе келер еди. Өзи адам қызығатуғын жигит емес-аў! Орта бойлы, жасына жетпестен дүп-думалақ болып, ырқылдап семирип кеткен биреў екен. Дәслеп меннен сескенип келе алмай жүрди. Суд ажыратып бергеннен кейин, менде не гәп бар. Кейнинен тез-тез келетуғын болып қалды.

Маған ҳеш гәп-тә! Бирақ, балаларға дым қыйын болады екен. Балам если. Бул мәселеге азмаз түсингендей болды. Бирақ қызым балалық етип, мени көп қыйнар еди.

Ақыры, горисполкомға кирип, басымнан кеширген ўақыяларымда айтқан едим. Микрорайоннан үш бөлмели жай алып берди. Балаларымды алып, сол жаққа көшип кеттим. Адам баласына бундай тәғдирди салмағай. Мине, достым, бизиң аўҳал. Айтпақшы жақында үйлендим. Бахтыма жүдә жақсы қыз тап болды. Аты Гүлзада, Қурылыс басқармасында бояўшы болып ислейди. Балаларымды да дым жақсы көреди. Минтаздай етип кийиндирип бақшаға апарып-келип жүр. Кийимлерим ҳәмме ўақыт жуўылып утюг басылған. Екеўмиздиң айлығымыз жасаўымыз ушын жеткиликли. Ҳеш нәрседен налымайман. Бул жапсақ маған бурынырақта пайда болған. Ал папиросты көбирек қуўанғанымнан шегип жүрмен. Жақында пүткиллей таслайман. Көп ойлана берип қан-басым кеселине гирипдар болсам итимал. Басым аўыра береди.

Солай етип, ол өз әңгимесин таўысты. Мен оның ишиндеги дәртлерди енди ғана түсине баслаған едим.

Күн әллеқашан батып, емлеўхана әтирапина қойыў қараңғылық шөккен еди. Үлкен бир трагедиялық фильмди көзден кеширген сыяқлы, екеўимиз де бирден турып кете алмастан скамейкада үнсиз отырар едик.

— Сәпиўраның кейинги тәғдири менен таныспысаң?—деди мен әллен ўақытлары.

Ол қалтасынан «Беломор» алып тутатты.

— Әлбетте. Ол бул ўақыядан кейинде еки мәртебе ерге шықты. Ҳәзир және жалғыз өзи қалды. Оның арасында Турғангүл жеңгейди де қамаған усайды. Мен турмысты жүдә кеш түсинип қалдым. Өз бахтымды өзим ушырып жибериппен,—деп налыйтуғын усайды. Пайдасы не? Енди кеш болып қалған. Балаларымның биреўин сорап келип еди, бермедим. Олардың да келешегиниң сондай болып қалыўын қәлемеймен. Усы ўақытлары еки баласы бар, сумка көтерген бир жас келиншек жанымызға жақынлады. Қолында ойыншық машинасы бар төрт-бес жаслар шамасындағы бир кишкене бала.

— Папа!—деп бақырыўы менен Жумабайға қарап жуўырып келер еди.

Енди мен бул баллардың да, келиншектиң де тәғдири менен жақыннан таныс едим. Соның ушында олардың ушырасыўларын гүзетип отырыўды ерси көрдим де орнымнан турдым.

— Жумамурат аға, ҳәзир палатаға барың, ыссы аўқат ишемиз,—деп изимнен бақырып қалды Жумабай.

Оның бул мирәтине оншама итибар бермеген болсам да бәлки қатты қуўанғанымнан шығар, көзиме қуйылып жас келип қалған еди. Бул мениң Жумабайдың басынан кеширген ўақыяларына ашыныўым ҳәм соңынан жубаныўымның белгиси болса керек?!

## БАХТЫҢ БОЛСЫН, АРЫЎХАН!

Машина асфальт жол менен желдей ушып киятыр. Әтирапыма аланлап қарайман. Айнадай болып жарқыраған асфальт жолдың изи таўсылар емес. Гүздиң салқын самалының басланыўына қарамастан, өсимликлердиң жапырақлары еле көк-көмбек. Аппақ болып шағырайып ашыла баслаған пахталар руўхымды көтерип жиберди. Жағымлы самаллар узақлардан гүллердиң ийисин алып келеди...

Жол тегис. Соның ушын да машина тап муз айдынында сырғанап киятырғанға усайтуғын еди. Кәпелимде жолды қаплап атырған түйе таўықларға жолықтық та, шофер бирден тормоз берип жиберди. Мен қорыққанымнан көзимди тастай етип жумып алдым.



Абырайымыз бар екен қарасам гилең түйе таўықлардың арасында турған бир кишкентай қызды көрип, зәррем қалмады.

— Таўығы бара берсин-дә, мына қызды басып кетпегенимизди айт.—Жуўырып бардым да қызды баўырыма бастым. Буйра шашлары желкилдеген кишкене ғана сулыў, бота көз қыз екен. Дәслеп оны әллекимге усатқан сияқлы тигилип қалдым.

— Атың ким, қызым?

— Гүлнайа.

— Кимниң қызысаң?

— Айыўқанның.

Мен жоғалтқан қымбатлы нәрсем табылғандай бир майдан ойшаң турып қалдым.

— Таныдым,—дедим мен өзиме-өзим тәселле берип. Қалталарымды қармалақлап еки конфета таўып алдым да оның қолына услаттым.

— Мә, ал аппақ қызым.

Ол мени жатырқамады. Машинаның пәтли келиўинен жүдә қорқып қалған болыўы керек, суўық демин алды да, конфетаны бир қолына алып, екинши қолы менен мени қатты қушақлап алды.

Аздан соң оның қорқынышы жоғалды.

— Сен мениң әжағамсаң ғой-а?—деди ол мениң мойнымнан қатты қушақлап.

— Аўа, сениң әжағаңман...

— Мениң менен үй-үй ойнайсаң ба?

— Аўа.—Айтарын айтсам да күлким келип кетти. Себеби, мәмлекетлик жумыс пенен жүрген бир адамның жол бойында машинасын тоқтатып, балалар менен «үй-үй» ойнап отырыўы жүдә ерси көринип кетти. Солай болса да мына кишкентай қыздың ықласын жыққым келмеди.

— Ал, қалай ойнаймыз сонда?

Қыз қолына кишкене ғана шыбық алып, еки жерден төрт мүйешлик сыза баслады.

— Мынаў бизиң үй., мынаў Пейнўзаның үйи...

— Қызым, архитектор болады екенсең,—дедим мен оған.

Ол бул сөздиң мәнисине жақсы түсинбесе де, аппақ тислерин жарқыратып күлди. Тап усы ўақытта:

— Қандай жақсы қыз, тап анасының дәл өзи,—деп айтып жибергенимди билмей қалдым.
— Сиз бул қызды танийсыз ба?
Бул сораўды шофер Дәўлетназар ортаға таслаған еди.
— Танийман.
— Дәўлетназар,—дедим мен.—Сен өмиринде биреўди жақсы көргенбисең?
—Жақсы көргенмен. Жақында тойымыз болады.
— Онда бахытлы екенсең, қосшым.
— Ал, мен биреўди жақсы көрип, оған үйлене алмай қалғанман.
Дәўлетназар күлкисин тыйып маған қарады:
— Қалайынша?
— Бул усы кишкене қыздың анасына байланыслы болған узақ гәп.
— Айтып берсеңиз жақсы болар еди. Кәрим аға, радиатор да қызып кетипти, суўысын.
— Мейли айтсам айтайын.—Мен көк шөплердиң үстине жайғасып алдым да, оған жүрегимди толқынландырып жүрген бир ышқы баянын басладым...

## I.

Арыўхан менен университеттиң үшинши курсында оқып жүрген күнлеримде танысқанман. Бизиң үйлер «Көкшийелдиң» ғырра ернеги. « Ақ пышақ» деп аталатуғын қалың аўылда жайласқан еди. Жаз болса аўыл арасы пахталарға сығасып, көп-көкбек болып кетеди. Сайранлайтуғын жеримиз Ырысай дайымның егип таслаған бағы. Сол жылларда мен тап дүньяда бунынан үлкен бағ болмаса керек,— деп ойлайтуғын едим. Пай, өзи де әндишели бағ еди-аў. Ерик писикте пүткил аўылдың баллары жыйналып, қойын менен етегимизге толтырып жүриўши едик. Арқамыздағы «Ақтоғын» аўылы болса ғой, пүткиллей терекке сығасып қалған. Қулласы, Ташкенттей бир шәҳәрде жүрсем де, аўылымды дым сағынатуғын едим. Саратанның ыссы күнлеринде «Көк шийелге» барып шомыламыз. Соның ушын да мен жазғы каникул басланыўдан-ақ, аўылға асығатуғын едим.



«Ер жигиттиң үш журты болады» деген бурыннан қарақалпақта нақыл бар. Биринниси—туўылған жери, екинши—дайы журты, үшинши—қәйин журты. Бизиң өскен жеримиз соның ишинде дайы журтымыз болды. Ағам фронтта қазаланғаннан-ақ, анам ағаларын паналап усы жерге көшип келген. Жери егиске қунарлы, адамлары жүдә гүрғын турды.

Сол жылы экзаменди тамамлаўым менен-ақ, аўылға жетиўге асыққанман. Каникулға келип, аўылда үш-төрт күн болғанымнан кейин, апам жақын дайыларымыздың үйине қыдырып баратуғынымызды айтты. Бул үйлер бизиң аўылдан әзре қашығырақ болған «Добал» деп аталған қалың аўыл еди. Аўылға жақын жерде «Қуўсырық» деген үлкен тереклик бар тап Кегейлиден шыққан жерден-ақ көзге тасланады. Адамлардың аңызларына қарағанда бул терек тап Искендер Зулқарнайын заманынан бери бар деседи.

Бүгин қалай да апам екеўимиз усы терекке сапар шекпекши болдық.. Түстен кейин шығып едик, сирә жолымыз өнбеди. Жол биресе қумлық, биресе пахта атызлары болып, атыздан қашқан суўлар жолды ыра-қана-жырақана етип таслапты. Апам минип шыққан ешеги қурғыр өлтир суўға баспайды. Күн ыссы. Август қуяшы қақ маңлайымыздан урып, жердиң бәри тандырдай қызып, ҳәўирленип кеткен. Даланың да өзине тән көрки бар. Қулазыған далада гүбелек қуўып, маўқымды бастым. Қараған адамға «Қуўсырық» көз алдымызда турғандай. Бирақ жеткизетуғын емес. Жүрип киятырмыз.. Ақыры намазлығерде жетип бардық-аў.

Қумның арғы шетиндеги үлкен етип салынған жайдың берреги регинде бир кемпир менен келиншек гулал тандырда урда-тут нан жаўып атырған еди. Буларды таныған ы ушын апам ешектиң дизгинин сол жаққа бурды.

— Ҳаў кишкене қыз келипти ғой,—деген жағымлы даўыс пенен нанға тикеш урып атырған кемпир, апамның ешегин жылаўлады. Нәмнаған адамға «кишкене қыз»—дегени неси деймен мен. Шынында да булар мен көрип жүрген адамлардан пүткиллей басқаша еди. Сөйлеген сөзлери, ҳәрекетлери бир пәзийлетли адамлар екенлигин билдирип тур.

Кемпир болса орта бойлыдан келген, бет ажарында меҳрийбанлықтың белгилери жайнап турған, көп дәуирлерди басынан кеширген, бир нураный адам еди. Ал, келиншек мийнетте шыныққан, орта жасларға барып қалыўына қарамастан, жүзинде гөззаллық, бир тамшы сыядай ғана қалы дым жарасықлы саўлатлы көринер еди.

Мен олар менен сәлемлестим де, апам минип келген ешектиң дизгинин услап тура бердим. Олар бизиң апам менен узыннан шубай сорасыўға киристи. Кемпир менен келиншектиң мәмлесинен биреўиниң келини, биреўиниң қәйин ене екенлиги мәлим болды.

— Ал, нан жең, жоллы қонақ екенсизлер. Нан жаўып атырғанда келген қонақ жоллы қонақ болады,—деди бизлердиң келгенимизге сүйсинген кемпир.

— Ҳаў, мынаў баяғы жаманың ба?—деди бир ўақытлары маған көзи түсип,—Алпамыстай жигит болып қалыпты ғой. «Орнында бар оңалар» деген усы.

Мен қатты уялғанымнан ҳеш нәрсе айта алмадым. Бул қолайсызлықтан кемпирдиң:

— Ҳаў, мен неге тандырдың басында қатып қалдым, үйге жүриңлер,—деген сөзи ғана қутқарған еди.

Апамның минип келген ешегин сыртқы қорағa байладым да, салқын ҳаўалы ҳәйўанға кирип келдим. Мен шынында да өз көзиме өзим исенбеген едим. Төрт жағы еспе қум менен қапланған усындай саҳрада гүлистан ушыратаман деп ким ойлапты. Ҳәўлиниң алдындағы терис ҳайўан минтаздай етип сыпырылған. Оған қатар өрмелетип егилген жүзим, солқымларын көтере алмастан ҳәр бири баданадай болып, көздиң жаўын алып тур. Әйўанның алды қатар бағ болып, ҳәр бири муштай келетуғын алма менен алмуртлар қып-қызыл, төменге қарай салбырап кеткен.

Күн батысқа қарай жанбаслаған. Қалың жапырақлар арасынан оның нурынан тарқалған шуғлалар сексеўилдиң шоғындай жалт-жулт етеди. Узақтан қараўытып көринген қәрелилер тап қара көз қыздың көзиндей сүзиледи. Шақадан-шақаға өтип гүбелек пе, пал ҳәрреси ме, әлле бир нәрселер ушып жүр. Ҳаўада хош ийиси аңқымақта.

Мен кеўилленип тәўир-ақ турып қалдым. Буны сезген кемпир:



— Арыўхан, мына қонақларға суў ал, қарағым,—деп әлле кимди шақырды.

Усы мәҳәлде қолына мыс қуман менен ләген көтерген суў перисиндей бир қыз кирип келгенде, мисли сүўретке үңилген художниктей тигилиўим менен қатып қалдым.

Мөлдир булақ сыяқлы тынық, еки көзге дүўшакерлескенимди ғана билемен. Оның ләгенди жерге қойып, мениң менен сәлемлесип атырғаны ғана есимде. Қолымды қалай жуўғанымды ҳеш қандай еслей алмайман. Қайсы бир китапта «муҳаббет бир қараўдан оянады»—деген сөзди оқығанман. Усы дым ҳақ гәп. Адамның баласы да соншама сулыў болады екен. Мен еле бундай сулыўды көрген емеспен...

Мийиздей қап-қара шашлары еки өрим етип арқаға тасланған, түпсиз бота көзлери ойшаң, қадалып қараған ўақытлары кирпиклери ништер сыяқлы жүрекке қадалған, саҳра жейранындай қыпша бел бир гөззал еди.

Қыз өзинде пайда болған бул әлем гөззаллықларынан бийхабар сыяқлы өзин жүдә еркин тутады екен. Ол ҳәтте шай ишиўге батына алмай отырғанымда, бир-еки мәртебе «қонақ, шай ишип отырың» деген сөзди де айтты. Оған телмирип қарай бергеним болмаса, аўыз жуплап ҳеш нәрсе айтқан емеспен. Адам биреўди жақсы көрип қалса, өзинен өзи бир бийшара болып қалады екен. Кеўил көтерилип мәзи күлимсирегеним болмаса аўзыма сөз түспей қалды.

Аўқат ишилип, дастурхан жыйналды. Бир жерге барсаң қоңсылары да аўқатқа мирәт ететуғыны қарақалпақтың бурыннан киятырған дәстүри. Арыўханның қоңсылары апамды аўқатқа мирәт етип келген еди. Мен аўқатқа тойып қалғанымды айтып бармадым. Ҳәмме кетип, үйде тек Арыўхан екеўимиз ғана қалған едик. Буныңдай қолайы келе берер ме?...

Арыўхан төсеклерди жыйнастырған болып, төрги жайға кирип-шығып жүр. Сөзди неден баслаўымды билмей албырақлай басладым. Арыўхан күтпегенде гезлескен бахыт қусы сыяқлы, егер еп пенен сөйлемесем ушып кететуғындай қорықтым.

— Арыўхан, қалайсаң?—Бул мениң аўзымнан шыққан биринши сөз еди.

— Алтынман.

Күтпеген жерде бул жуўаптан кейин, оннан бес бетер үскиним қуйылды. Бирақ, қыз алдында жүдә төмен түсип қалғанымды сездим де жанлана басладым:
— Мен геологпан. Алтын излеўшимен.
— Оҳо, бирақ, сиз геологтан көре балықшыға усайсыз. Балықшылар аўына балық түскенше үндемейди.
— Дурысын айттың, биз сол аўымызға сазан түсиўин күтип жүрген балықшымыз.
— Онда биз шортанбыз, ҳәлек болмай-ақ қойың.
— Ҳаў, тоқта!—дедим мен оның төрги бөлмеге кирип кетиўинен қорқып.—Шортан болса да алып кетейик, узақтан талап етип келип едик.
— Балық танламайтуғын балықшы менен сөйлеспеймен,—деди де төрги бөлмеге кирип кетти. Қәне, қайтып шықса. Әлле ўақытларда шықты-аў. Бул ретте ол маған бағанағыдан да сулыўырақ болып көринип кетти.
— Арыўхан, сен не деген гөззалсаң!—дедим даўысым сәл тарғылланып.
— Сиз айтқандай емес шығар. Сиз Ташкенттей қалада жүрген жигитсиз. Дүньяның гөззалларының ҳәммеси сол жерде ғой. Аўылда шаңға батып жүрген қызларды не қыласыз?
— Маған сол шаңға батып жүргени керек.—Исимниң оңына айланып киятырғанын сезип, көзим жарқ ете қалды.—Мен тек сени...—дедим де пүткил денем қалтырап кетти. Арыўханда басқаша бир сезим оянған еди. Оның көзлери дөп-дөңгелек болып қолына орамалын услаў менен ортада турып қалды. Шамамда ол да мени жақсы көрип қалды-аў деймен. Менде қандай да бир уллы күш пайда болып, оның жанына жақынласып барып қалған едим.
— Арыўхан, мен тек сени сүйемен, сени!—Бул сөзлерден кейин ол қатты есеңкиреп қалған еди. Ол орнынан турып мүйешке барып қалды. Ал, менде ҳәдден зыят бир күш оянып, жуўырып бардым да қушағыма бастым. Арыўхан дир-дир қалтырап кетти.
— Жақынламаң. Апама айтып беремен.
— Мәйли,—дедим де мен, бетлеримди оның жүзине бастым. Оның қоллары босасып, мениң мойныма оратылған еди...
Усы аўҳалда қанша турғанымды еслей алмайман. Әйўанның төбесинде бир нәрсе тасыр-тусыр болды да, қушақларымыз жаздырылып кетти. Арыўханның төрги жайға жуўырып кирип баратырғанын ғана көрип қалдым.



Қарасам бир пышық екен. Күлким келип кетти.
Әллен ўақытларда Арыўхан төрги жайдан шықты. Ол енди маған наз аралас уялшақлық нәзери менен қарады...
— Жилли,—деди ол маған өкпелеген болып.—Апам көрип қойғанда неше пуллық адам боламыз.
— Ҳеш нәрсе болмайды.
Мениң аўзымда райхан ийисине мегзес бир мазалы дәм қалған еди. Сол ийиске мәс болып қалған адамдай басым айлана баслады. Арыўхан меннен еки адымдай ғана арыда орамалының шашақларын ермек етип отырды. Ал, мен болсам оннан сирә көзимди алмадым. Мениң бахтыма бул қыздың узақ аўыллардың биринде болғанлығын айтсаң-а,—деймен өзиме-өзим тәселле берип. Егер бул қыз қалада болғанында, мениң аўҳалым шатақ. Көшеге шығақойса исимниң дады жоқ. «Жигитлердиң биреўи меннен пәтлирек шығып, илип кетсе».—Бул жаман қыяллардан өзимди аўлақ тутыў ушын көзимди жумып алдым.
Арыўхан шынында да бир қалың пәлеклер арасында сарғайып пискен жамбылшаға усап көринди. Шынында да, оны басқа бир адамлардың көрип қойыўынан қызғанатуғын едим.
— Кәрим, бахыт деген не?—деп сораў таслады күтилмеген жерден Арыўхан.
— Мениңше бахыт бул бир-биреўди жақсы көриў, сүйген адамына қосылыў. Адам бир-бирин жақсы көрмей қосылса өмири қыс сыяқлы суўық болып өтеди. Және де, бахыт тек муҳаббетте емес. Адам өмирде белгили бир маманлық та ийелеўи керек. Маман болыў ушын, илим ҳәм өнер менен шуғылланыў керек.
— Мен де оқыйман, врач болмақшыман,—деди Арыўхан.
— Жүдә дурыс ойлағансаң,—дедим мен.
Усы ўақытта сырттан ғаўырласып кемпирлер кирип келди. Арыўхан жуўырыўы менен төрги жайға кирип кетти. Маған салынған төсек бағдың ишиндеги кроватта еди. Енди бул жерде отыра бериўдиң орынсыз екенлигин сездим де, бағдың ишине барып, шамам-

да Арыўхан тиккен шайы көрпеге оранып жатып қалдым. Әтирап тым-тырыс. Узақтан сылдырап аққан суўдың сести келеди. Оның сести тап Арыўханның күлкисине усап кетти. Бир шегиртке шырылдап, қулағымның үстинен өтип кетти. Және көз алдыма бота көзлери ойнақшыған Арыўхан келе берди. Уйқым келмей арман-берман аўнап жаттым. Соңынан уйықлап кетиппен...

## 2.

Таң сәҳәр ўақтында бир бурқасынлаған дәрьяға дус келиппен. Толқынлар арасында жүзип жүрген Арыўханды көрдим. «Қайт, Арыўхан»,—деп бақыраман. Дәрьяға ғарық боласаң. «Толқынлар күшли, мени жағаға шығармай ысырып баратыр, жәрдем бер!»—деп бақырады ол.

Мен өзимди дәрьяға аттым да, сол заматта туўлап турған толқынлар арасына жетип келдим. Бирақ, Арыўхан ол жерде жоқ еди. Ол және меннен арраўырақта, толқынлар арасында көрине баслады... «Арыўхан, қайда баратырсаң?» «Қорқақ!—деп күледи ол маған.— «—Мени буйра толқынлар алып баратыр. Мәрт болсаң мени қутқарып ал».

Мен және алдыма қарай жүзе баслады́м. Бирақ, ол жерде де Арыўхан жоқ еди. Енди ол маған жүдә узақтан көрине баслады... «Арыў-ха-аа-а-а-а-а-н! Арыўхаа-аа-аа-а-н!».

Қатты буўлығып кетип ояндым. «Түсим екен-дә»,—дедим, өзиме өзим тәселле берип. Бирақ бул қорқынышлы түстиң әсери көп ўақытларға шекем көз алдымнан кетпеди.

Күн жаңа ғана шығып киятырған еди. Бүлбиллер сайрап атыр. Бағ иши соныңдай кеўилли. Бирақ нениктен де бул ҳәдийселер кеўлимди көтере алмады. Арыў қыздың жанарында пайда болған мөлдир бир тамшы жастай ғана болып, гүлге қонған тынық шықты көрип, кеўлим бетер бузылып кетти. Бас ушымда суў шелегин қолына алып, ойшаң турған Арыўханды көрип, оннан бетер ҳайран болып қалдым.

— Бир жериңиз аўырды ма?

— Яқ. Неге?



— Мен малларға от салмақшы болып кетип баратырған едим. Көрпени тислеп, өзиңизден-өзиңиз ыңыранып атырсыз.

— Ҳее, бир түс көрип атырған екенмен.

— Соны билип қойыңыз,—деди ол өкпелеген пишинде,—Қызлардың бағына келип уйықлаған жигитлер жаман түс көриўи керек емес.

Арыўхан усы сөзди айтты да иркилместен кетип қалды.

Шынында да мен қолайсыз көрген түсимнен қатты қорқып қалған едим. Кроваттың ернегинде узақ отырып ойландым да, жүзимди суўық суўға жуўып ҳәйўанға кирип келдим.

Терис ҳәйўанның астындағы сыпада жасы елиўлерге барып қалған, жүзи ашық, меҳрийбан бир киси шай ишип отырған еди. Ол үстине өзине жарасықлы костюм-шалбар, ал басына Ташкенти тақыя кийип алған, көринисинен өзбеклерди еске түсиреди. «Султан аға болса керек», дедим өзимше. Бул киси ҳаққында аўылда жүдә көп еситкенмен. Ол өзи узақтағы бир аўылда туратуғын болса да, төрт тилди булжытпай билетуғын, халық алғысына сазаўар болған бир алым адам еди. Ата-бабалары үлкен қәтип болып, «Шахнама», «Гүлистан» сыяқлы шығыстың уллы шайырларының китапларын көширген. Өзи шығыс классиклериниң бираз қосықларын ядтан билетуғын, үйинде Беруний заманларын еске түсиретуғын қунлы қолжазбалар сақланған, бул данышпан адам менен ушырасыўды бурыннан-ақ кеўлиме түйип қойғанман. Үйден шыққанымда да, ең баслы мәқсетим сол киси менен ушырасыў еди. Оның үстине өзим шығыс тиллери факультетинде оқыйтуғын болғаным ушын, парсы қол жазбалары ҳаққында материал жыйнап жүргенмен. Кеше Султан аға бир жерге кетип келе алмай қалған еди. Бүгин ол кисини ушыратып қуўанышым қойныма сыймай сәлем берип кирип бардым.

— Ассалаўма әлейкум!

— Ўәлейкум ассалам!—деп ол маған жанынан жай берди.

Султан аға бир ески қолжазбаны оқыў менен бәнт еди. Соның ушын ба, ол жанынан жай көрсетти де муқабасы тозып қалған бир китапты оқыў менен маш-

қул бола берди. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин, ол китабын қойды да:

— Сөйтип, оқыўларың қалай, балам,—деди.

— Жақсы.

— Стипендия алып турасаң ба?

— Аўа, Аға, ана китабыңызды көрип берсем бола ма?

— Түсинбейсең ғой, балам, парсы тилинде жазылған.

— Сонда да.

Султан аға сәл-пәл ашыўланайын деди. «Балалар қолынан келмейтуғын нәрсеге асылып не қылады екен»,—деген пишинде китапты маған узатты. Султан аға шынында да мени тек бул китаптың безегине ғана қызығып отыр деген пикирде еди.

Мен китапты қолыма алдым да биринши бетинен баслап заўлатып оқый басладым. «Боби аввал. Дар сирати Подшахон. Хикоят. Подшохра шунидамки эсири ишарат кард». Саадидиң Гүлистоны ғой.

Султан ағада ҳәдден тыс бир өзгерис пайда болған еди. Гәптиң шынын айтқанда ол маған исенерин, яки исенбесин билмей еки ойлы қалған еди.

— Бәрекелла, улым. Сен бул әжайып ҳөнерди қайдан үйрендиң?

— Ташкентте, шығыс тиллери факультетинде оқыйман.

— Келешегиң рәўшан екен.

Султан ағадан алған дәслепки баҳа мени тәўир-ақ есеңкиретип таслады. Султан ағадай әжайып бир адамның қызына ашық болып қалған мен, Арыўханға унаўым менен бирликте, бул кисиниң өзине де унаўым керек екенлигин жақсы билетуғын едим. Әлбетте, көпти көрген адамның қызына күйеўди өзи таңлайтуғыны турған гәп! Бул ҳәдийсе сол кисиниң бүгинги гүрриңлеринен-ақ мәлим болып: «Жаслықта адамның қулағы гереӊ, көзи соқыр болады» деп айтқан еди. Султан аға:—Жаслықтың қәтеликлери көп. Ол алтын орнына мыс аўмастырып алған бир аўма саўдагерге усайды. Саўдагер еси енгеннен кейин, оның мыс екенлигин биледи. Бирақ, енди ол мыс орнына алтын аўмастырып ала алмайды».

Соның ушын да мениң Арыўхан менен бирликте



оның әкесине де унап қалыўым таң қаларлық жағдай еди.

Султан аға тап өз шәкирти менен сөйлесиўди әрман еткен бир әжайып устаз сыяқлы, мени өзи жыйнаған китаплар фондына мирәт етти. Бул жерде Фердаусий, Омар Ҳайям, Саади, Ҳафыз, Наўайы, Физулий, Бедил, Мақтумқулы қолжазбаларынан ибарат еки жүзден аслам китаплар сақлаўлы екен.

— Ал, мынаў Әжинияз қолжазбалары,—деди тозыўы жетип қалған бир китапты маған усынып— Умытпасам, бул қолжазба, Әжинияздың Хийўада жүрген жеринде дүзилген.

Және терис ҳәйўанға шықтық.

— Арыўхан, шай алып кел қызым,—деди Султан аға иштен шығып келген қызына. Ол «яқшы» деп асханаға кирип кетти. Арыўхан еки шайник пенен шай алып келгенинде, бизлер Наўайы ҳаққында сөйлесип отырған едик.

— Қызым, палыңнан жоқ па еди?

— Бар, аға, ҳәзир әкелемен.

Үйде бир кастрюль пал болып, жүдә иззетли қонақлар келгенде ғана шығарылады екен. Ол кеше де өз миймапы алдына бир кесе пал қоймақшы болып ойланып көрген. Бирақ та атасынан рухсатсыз буған жүреги даўамай, пал қоймаслыққа қарар еткен. Бүгин бул мийман атасының жүрегинен де жыллы жай алған болса не шара? Дастурханға бир кесе пал алып келди де: «Сүйикли әкеме қәдирдан адам болып қалғаның қутлы болғай»—деген пишинде, асханаға кирип баратырып, бота көзлерин ойнақшытып бир қарады.

Арыўхан жүдә қуўанышлы. Бирақ, жүрегиндеги бул қуўанышты әкесине сездирмесликке ҳәрекет етеди.

Асханадан сорпа алып киятырып, әкесинен урланыңқырап бир қарап қойды. Ҳәкисине бул ўақытта мен де оған қарап отырған едим, көз нурларымыз бир жерде тутасып, сорпаны төгип алыўына сәл қалды. Оның бул тиги́лиўлери «сен бизиң үйге ең жақын адам болып қалдың. Муҳаббет гүзарымыз ашылмақта»—деген пикирди аңлатқандай болды.

Сорпа ишилип болынғаннан кейин, Султан аға

жумысқа кетпекши болды. Мен үйге қайтпақшы екенлигимди билдирдим.

— Неге, үйде бир-еки күн бол,—деди Султан аға.— Китаплар сақланған бөлмениң есиги сениң ушын ашық. Оқы, дем ал.

— Рахмет, Султан аға. Аўыл бетте де жумысларым көп болып тур. Қол бос ўақытларда келип турармыз.

— Әлбетте, келип тур, балам,—деди ол.

Султан аға жумысына кетип қалды.

Мен апамның минип келген ешегин ертлеў ушын қораға кирдим. Ешектиң тоқымының жанына келип ийилгенимди билемен, ердиң үстинде жатырған конвертти көрип ҳайран болып қалдым. Хат. Мен хатты ким жазғанын да сезген едим. Арыўхан, басқа ким болыўы мүмкин? Хатты ашып жиберген едим, арасынан бир дәсте гүл қушақлап түскен Арыўханның сүўрети сыпқанап түсти. Сүўретти жерден алдым да, қайта-қайта тигилип қойын қалтама салып қойдым.

Мен ешек ертлеўди умытып, ердиң үстине жайғасып отырдым да хатты оқый басладым: «Кәрим! Неликтен де, мен сени көрген сайын жүрегим толқынланып баратыр. Муҳаббет деген нәрсе усы шығар сирә. Сени ағам да, апам да дым жақсы көрип қалды. Бирақ, Ташкенттей уллы қалада жүрген сен, бир күни болмаса бир күни мени умытып кетерсең-аў, деп қорқаман. Мени умыта көрме, жаным. Ырасымды айтсам, мен тек сениң муҳаббетиң менен ғана жасайман. Сениң жолыңда интизарман, Арыўхан!»—деп жазылған еди хатта. Хатты оқып болып бир майдан ойланып қалдым. Арзыўлы муҳаббетимниң жалынға айланып алысыўы мени қуўандырып жиберди. Жүзлерим от болып жанып кетти. Усы ўақытта сырттан апамның:

— Кәримжан, ертлеп болдың ба?—деген даўысы еситилди.

— Ҳәзир.

Ешекти тезден ертлеп сыртқа шықтым.

— Ҳаў, кишкене қыз, усындай болып келип тур,— деди иштен дастурхан алып шыққан Арыўханның кемпир апасы.

— Өзлериңиз де барып турың, көп ўақытлар болды, сирә бармадыңлар ғой.

Сол ўақытларда есиктен сығалап турған Арыўханды көзим шалып қалды. Ол әллеқандай бир мерген сыяқлы мени толық нышанаға алған еди.

Апам екеўимиз үйге жүдә кеўилли болып қайттық. Мениң Арыўханды жақсы көрип қалғанымды сезди ме, билмедим, апам:

— «Анасын көр де қызын ал» деген, балам. Усындай әдеп-икрамлы жерден қыз алсаң алжаспайсаң,— деди.

### 3.

Август айының соңғы күнлери басланды. Қаўынғарбызлар ғарқәллезий болып писип атырған мәҳәл. Ал, мен болсам Ташкентке кетиўдиң әнжамында едим.

Усындай күнлердиң биринде ешек минген, қасында қызы бар бир кемпир бизиң есиктиң алдына келип түсти. Апамның сыртқа шығып, жүреги жарылғанша қуўанып атырғанынан-ақ, бул адамлардың тегин емеслигин сездим. Сыртқа атылып шығыўдан-ақ босағада күлимлеп турған Арыўханның бота көзлерин көрип мүсиндей қатып қалыппан.

— Ҳаў, Кәримжан, шешеңниң ешегин байла,—деди сыртта пәрўана болып жүрген анам.

Мен есимди жыйнап, өзиме қәдирдан болып қалған кемпир менен сәлемлестим де, дәрриў барып ешекти жылаўладым. Апам дәлизге төсек салып, қонақларды ишке киргизди. Бул ҳәдийсеге қуўанарымды, я қапа боларымды билместен еки ойлы болып сыртта турып қалған едим.

Ойланатуғынымның мәниси, Арыўханның үйи менен бизиң үйдиң аспан менен жердей парқы бар еди. Урыстан бурын бизлер де үлкен шаңарақ болғанбыз. Ағам урысқа кеткеннен кейин-ақ, бизиң үйдиң сыйқы қашты. Бир қәсийетсиз адам бизиң ағамның орнына аўылсовет болды да, жайымызды склад етип жиберди. Бул ўақыядан қатты кеўли қалған анам: «Өли арысланнан тири тышқан артық» деген усы-дә—деп көрпе-төсеклерди ешекке тайлап артып, жигит ағаларын паналап, усы жерге көшип келген. Аўыл адамлары жыйналып, бизлерге еки қабат ғана жай салып берди... Көп жыллардан бери сол жайда турамыз. Иши ызғар. Тозыўы жетип, ырақана-жырақана болып қалған. «Апа, жай салайық»,—десем; «Балам, оқыўыңды оңғарып ал, жай бир гәп болар-дә»,—деп қулақ аспайтуғын еди.

Қайсы бир данышпанның китабында: «Дүньяда жарлы болып ашық болғаннан жаманы жоқ» деген жазыўды оқыған едим. Арыўханның әжайып бағ арасынан келип, бир ызғар жайда қонақ болғанлығынан да қатты қапа болайын дедим. Не илаж? Хәммесине көнҗүге тийислимен.

«Хәммеси тамам,—дедим өзиме-өзим, —Әй, Кәрим, көрпеңе қарап аяқ узатпайсаң ба? Бағ ишиндеги перилер сениң не теңиң еди. «Мақтанған жигиттиң үйин көр»,—деген усы-дә».

Үйдиң алдындағы келиниң үстинде басымды услаўым менен отырып қалдым. Апам кетектен үлкен бир қораз услап әкелип берди. Мен қоразды сойып, апамның қолына услаттым.

— Кеўилсиз көринесең, балам. Бир жериң аўырды ма?—деди ол.

— Яқ, өзим сондай...

Таўық пискенше далада қаңғып жүрдим. Үйге кирейин десем, Арыўхан «Еле мени келиншек етип, той беретуғын жериң усы ма?»—деп айтатуғындай.

Таўық пискеннен кейин апамның өзи шақырып алып кетти.

— Хаў, үйге қонақ келгенде далада жүргениң қалай? Мен сени ондай натық етип тәрбиялағаным жоқ еди ғой.—Үйге келгенимде Арыўханның оншама кеўилсиз емеслигин сездим. Онда қалай да бир өкпелеген кейип бар еди. Мен буны да жай ўақыясына байланыслы деп сездим де, оннан бетер қапа болып кеттим. Аўқатты жеп болар алдымызда Жумабийке кишем кирип келди.

— Шешеме атап бизлер де аўқат писирген едик. Соны барып жеп кетсеңизлер,—деди.

Арыўхан тойып қалғанын бәне етип барғысы келмеди. Еки кемпир дайымының үйине кетти де, бизлер Арыўхан екеўмиз және жекке қалдық. Менде баяғы Арыўханның үйиндеги халат жоқ еди. Ырасын айтсам, пүткиллей сөнип қалған едим. Дәслеп үлкен бир қылмыс ислеп, гүўасы табылмаған үстем гүнакар сыяқлы өзимди еркин тутсам да, соңынан бул исте гүўа табылып, сыры ашылған бир арсыз адамдай үнсиз отырған едим.

— Бәрекелла,—деди Арыўхан маған шыны менен өкпелеп.—Мен сонша жерден сен деп келсем ал сен болсаң гөшке өкпелеген баладай уртыңды томпайтып отырсаң. Дүньяда басқа жигит қапылады деп ойлайсаң ба? Мен дәслепки ушырасыўымыздағы жигитлик хәўириң, қала берсе ағамның ықласы ушын саған кеўил берген едим. Адам деген де сондай бола ма екен? Ал, сен...—Арыўхан сөзиниң қалған жағын айта алмады. Шынында да оның көзин жас жуўып кеткен еди...

Жүрегимдеги музлар ерип, кеўлиме әллеқандай жыллылық тарқалғандай болды. Оның сөзлери жүрегиме дал келип тийди де кеўлимдеги сөзлердиң бәрин айтып салдым.

— Аўа, мен усындай ызғар бир үйде жасайман. Буған мен айыплы емеспен... түсиникли ме? Сен гөззал бағлар арасынан келген бир сулыў, мениң шатпамды қәлемейсең, әлбетте!

Мен жүдә қызып кеткен едим. Қыздың мениң бул аўҳалыма қатты реҳими келип кетти.

— Мен сизиң үйиңиздиң усы аўҳалда екенлигин бурыннан-ақ билемен,—деди Арыўхан.

— Қалай?!

— Анаў күни сизлер келип кеткеннен кейин бизиң үйге мени айттырып көп адамлар келди. Бирақ та ағам: «қызымызды атастырып қойған жеримиз бар»,—деп ҳеш кимди жақынлатпады. Соңғы күни төрги жайда ағамның кишем менен сөйлесип атырғанын еситтим. Сөзден сөз шығып кетип кишем сениң апаңның, мени келин етпекши болған нийетин айтты.

— Жүдә дурыс болыпты да,—деди ағам.—Баласы жүдә ақыллы. Қызымызға ылайық деп ойлайман.

— Ылайықлығы ылайық,—деди кишем.—Буннан тысқары, Аппақ та оны шеп көрмейди екен. Бирақ, апайдың күйеўи фронтта қазаланғаннан кейин, семьясы жүдә төменлеп қалған. Ызғар алып кеткен бир гөне жайда турады екен.

— Сен еле берргирегин ойлап жүрсең,—деди ағам.—Мениң пикиримше Кәрим ҳәзир ол жерде той бермейди. Анаў күнги сөйлесиўлерге қарағанда, ол илим дәрьясына қәдем қойған. Ол еле оқыўын даўам еттиреди. Арыўханның да оқыўы керек. Ҳәзирги дәўир үлкен билим арттырыўды талап етеди. Ал, жай мәселесине келетуғын болсақ, Кәрим бир ўақытлары бизиң жайдан да үлкенирек жай салып алыўы мүмкин. Гәп жайда емес. Сондай әдепли, хош мунайым бир жигит-

тиң бизге күйеў бала болыў мәселесинде болып отыр. Оның үстине әкеси менен бирге фронтта болғанбыз. Адамлар сырттан күйеў таңлағанда оның жайының гөне яки таза екенлигине емес, бәлки әндийшесине қараўы лазым. Ҳәр тәреплеме қарағанда да Кәрим маған мақул,—деди ағам.

Бул сөзлерден кейин мен пүткиллей басқа адам болып қалған едим. Арыўхан екеўмиз арамыздағы шешилип кеткен жип қайтадан беккем етип байланған сыяқлы болды.

— Ырас па, Арыўхан?

— Ырас, Кәрим.

— Рахмет, Арыўхан!—дедим оның жанына жақынлап.—Сен мениң бахтымсаң. Енди екеўмизди ҳеш қандай күш ажырата алмайды. Мен тек сениң муҳаббетиң менен ғана жасайман, жаным. Сен бул жолда маған устазлық еттиң. Бахтымның айқын гүзарын көрсеттиң. Ырасын айтсам мен дәстанлардағы бир хан қызына ашық болған дәрүйиш сыяқлы ғам батпағына батқан едим. Бул батпақтан сениң сол данышпан әкең ғана ажыратып алыў мүмкиншилигине ийе болды. Мени кешир, Арыўхан...

Мен пүткил ҳүжданым менен оны еркелетиўге таяр едим. Оның шашларындағы әтир ийиси мурныма урып, пүткил денемди қалтыратып жиберди.

— Бизлер бахытлы боламыз!—дедим мен ентигип.—Мен сениң менен өмирликке бирге боламан. Москва, Ленинград, Париж, Римге саяхат етемиз. Дүньяда қарақалпақ деген азат халық болып, оның әжайып қыз ҳәм жигитлериниң бар екенлигин пүткил дүнья көрсин. Еситип атырсаң ба, Арыўхан?!

Арыўхан бул шексиз қуўаныштан жас балалардай өксип жибере жазлады. Усы ўақытта кемпирлердиң ғаўырлысы еситилип, есик «тарс» етип ашылыўы мәттал, екеўимиз еки жаққа тасладық. Олар ишке кирип келген ўақытта тап бир биреўимизге өкпелеген балалардай екеўимиз еки китапқа үңилиў менен бәнт едик.

Мен дәлизге кирип кроватыма келип жаттым. Апам төрги жайда қонақларға төсек салды.

Азанда қонақларды узатып салдық. Тәўир-ақ жерге барғанынша Арыўхан артына бурылып қарай берди...



### 4.

Бизлер оқыйтуғын корпус Ташкенттиң «Қадра» деп аталатуғын жериниң қақ маңлайындағы Комсомол майданына сыбайлас еди. Мен Султан ағаның ықласына көре бар жигеримди пүткиллей илимге бағышлаған едим. Мени көбирек ҳәр әсирде жазылған коллеграфия өнери қызықтырғанлықтан, сабақтан бос ўақытларымда пүткиллей соның менен бәнт болып, китапханадан шықпайтуғын едим. Востфактың китапханасында Ленинград, Лондон, Париж, Дели, Стамбул қалаларында сақланып атырған қолжазбалардың фотонусқалары сақланғанлықтан оларды оқып түсиниў ушын үлкен шыдамлылық сарплайтуғын едим. Түсинбеген жерлеримди нәўбетши муғаллимлерден сорап, оларды да бийзар етип болдым.

— Бизлер бул қолжазбаларды үйрениўге пүткил өмиримизди жумсағанбыз,—дейтуғын еди профессорлар.—Ал, сен болсаң бир майданда билип алғың келеди. Бирақ, мақсетиң жақсы, изинен қалма.

Бир күни Хератта көширилген нусқаны қолыма алып отырған едим, сырттан ҳаўлығып кирип келген Анвар қулағыма сыбырлады:

— Саған хат бар.

— Қайдан?

— Нөкистен-дә, Арыўханнан.

Мениң журегимди жыллылық аралап, көзим атласып кетти.

— Маған бер?—дедим бирден ҳаўлығып, тап хатты маған қайтарып бермейтуғындай. Даўысым қаттырақ шығып кеткен екен, «бул қандай әдепсизлик» дегендей китапханадағы ҳәмме адамлар маған қарады.

— Жүр, сыртқа шығамыз.

Мен үнсиз Анвардың изинен ердим.

— Саған не болды?—деди ол китапханадан шығып киятырып.—Аўылда Баршынайдай қалыңлығың бар екен. Оны жора-жолдасларыңнан неге жасырып жүрсең?

— Хатты оқыдың ба?

— Яқ. Бул хаттың жатақханада пайда болғанына үш күн болды. «Арыўхан деген ким?»—деп Төлектен сораған едим. «Кәримниң Лэйлиси-дә. Өзиниң дәл журегинен урған!»—деп айтып салды. Консультацияға

киятыр едим. Алып шықтым, болғаны. Түриңниң бирден өзгерип кетиўине қарағанда әпиўайы қыз болмаса керек. Бирақ та, бир өтинишим бар, достым, мени тойыңнан қалдырма. Дем алыста Ферғанада болсам да, әлбетте, бараман.

— Әлбетте, тойымызға келесең достым,—деп айтыўым мәттал, қолындағы хатты жулып алдым. Ол мениң бул аўҳалымды көрип шынында да күлип жиберген еди.

— Мәжнүн бол-ә! Жигирмаланшы әсирдиң «Ғәрибашығы»,—деди күлкисин тыя алмай. Ол солай деди де төменги этажға қарай түсип кетти, мен хатты услаўым менен фойеде узақ турып қалдым.

Енди бул ийрек-ийрек ҳәриплердиң мийиме қонбайтуғынын жақсы түсиндим де, қолжазбаларды китапханаға тапсырып, төменге түстим.

Арыўханнан хат алған күн—мениң ушын байрам еди. Бул күни ҳеш қандай иске қолым бармай, бир қыялпараз адам болып қаламан. Оның үстине хат алсам бәрҳама паркке барып оқыйтуғын едим. Хатты қойын қалтама абайлап салдым да сыртқа шықтым.

Ҳаўаның ысып кетиўине байланыслы жаңа ғана жапқан өлпең қар жамғырдай болып ерип кеткен. Көшеде адамлар әллеқандай бир жақларға асығып баратырған сыяқлы. Дизгин сымларын жыйнап алған трамвай менен троллейбуслар қурдай қатнап тур. Үсти-басы ҳөл болып қалған жолаўшылардың ҳәммеси өзлерин трамвайға урып атыр...

Қалтамда алтыннан да зыятырақ бир нәрсе болғанлықтан, биреўдиң көрип қойыўынан қорыққан адамдай, бир орында турып қалдым. Бир қыз келип факультет алдындағы еримик суўға етигин жуўды. Мен бир майдан қайда барарымды билместен алаңлап турдым да, соңынан тротуардағы адамларға қосылып кеттим. Бир майданда көшениң арғы жүзине шығып кетиппен. Бирақ, қай жаққа баратырғанымды өзим де билмеппен. «Ҳе,—дедим өзимше.—Анхор жағасына барыўым керек. Ашықлар жүрегине сырлас бирден-бир әжайып жер—сол».

Сол нийет пенен трамвайға миндим. Бир кишкене қыз орнынан турып жай берди. Отырдым. Бирақ, Анхор университеттен онша алыс емес қусаған еди. Бул сапары жүдә узақ болып кеткендей сезилди... Тақатым



шыдамастан, қалтамдағы хатты ашып оқымақшы болып, бир неше мәртебе оқталдым. Бирақ, биреў тап туў сыртымнан қарап турғандай, хатты ашыўға батылым бармады. Ақыры Анхорға жетип келдим де, трамвай тоқтаўдан вагоннан түсип кеттим.

Анхор жағасындағы скамейкалардың биразы бос екен. Қапталлап өскен гүжим тереклер аппақ болып малынып, қардан шөгирме кийип алған еди. Узағырақта суўға көз тигип, ойға шүмип отырған бир қыздан басқа ҳеш ким көринбеди.

Мен қайнаўытлап ағып турған суўға нәзер тасладым. Оның суўлары қара көкшил дөнип, бирден аппақ гөбик болып кетти. Бир нәрсе суўға «шомп» етип түсти де, канал ийримленип, соңынан ийримлер және тарқалып кетти. Сыңғырлап аққан ағыс көбирек қыз күлкисине мегзейтуғын еди.

«Асып тассаң әўлийени арала, қапа болсаң ағын суўды жағала»,—деп халық бийкар айтпаған. Шынында да бул әжайып тәбият көринислеринен кеўлим жүдә көтерилип кеткен еди. Жоқарыдан асырылып ағып турған суў сарқырамасына жақын бардым. Арал бойларынан жазылған бир гөззалдың сағынышлы сәлемнамасын қалтамнан абайлап алдым да, бар ықласым менен оқый басладым.

«Мениң өмиримде ушырасқан ең әзиз ҳәм сүйиклим болған, алыста жүрген Кәримге Арыўханнан, шашларының таллары сыяқлы сансыз сәлемлер болсын.

Сәлем, сүйиклим! Мен сиздей опадар бир жигиттиң дийдарын сағынған ҳалда хат жазыўды өзиме парыз деп билдим. Түнлерим уйқысыз өтип атыр. Қайда барсам да сүўретиң көз алдымнан кетпей-ақ қойды. Таңларда сениң атыңды айтып сыбырланып, сөйленип шығаман. Мен үлкен ышқы кеселине гириптар болғанман. Билмедим, бәлки сен де сондай аўҳалда шығарсаң? Мен сени жүдә сағындым. Бул сағынышларым сениң оқыўыңа кесент болып жүрмегей.

Анаў күни апаң қыдырып келип кетти. Тап сени көргендей қуўанып кеттим. Тап өз қызындай көреди. Айтпақшы, бир иретинде «келин» деп те айтып салды. Бул сөз үлкен жақсы нийетлер менен айтылғаны ушын сыр бермедим де, асханаға кирип кеттим. Қулласы, мен сени қатты сағындым. Пүткил ҳүжданым

менен сениң жолыңда интизарман,—деп хат жазыўшы сениң Ләйлиң».

Мен бир майданға шекем қағазға үңилиўим менен қалдым. Бир данышпанның китабында: «Ҳаял-қызларда муҳаббет еркеклерге қарағанда да үстин болады. Соның ушын да ҳаялы шыннан сүймеген адам өзин муҳаббетлимен,—деп айтыўына ҳасла ҳақысы жоқ» деген гәпти оқыған едим.

Мен бул отырысымда дүньяда муҳаббеттиң жүдә машақатлы жоллары бар екенлигинен хабарсыз едим. Мениң ушын муҳаббет бир туўры соқпақ еди. Яғный, усы туўры соқпақ арқалы барып Арыўханға қосылмақшы едим.

Бир мәҳәлде Анҳор суўларының ылайланып баратырғанлығын көрдим. Арқадан муздай самал есип, теректиң басына қонып отырған ғарғаларды ушырып жиберди. Орамалын бетине басып жылап баратырған қызды көрдим. Оннан бир метр аррағырақтағы терек түбинде бир жигит пысқытып-пысқытып папирос шегип тур. Ол барлық өшин папиростан алып атырғандай еди. Демек, муҳаббет деген айдын жол емес, оның таслы соқпақлары да бар. Мен ол таслы соқпақлардан өтиўге бел байлаған альпинист киби, қәддимди тик туттым да скамейкадан турып кеттим.

Кеш кирип Анҳор жағалары қап-қараңғы болып кеткен еди. Ташкент бирден электр лампочкаларының жарығына бөленип, әтирап жап-жарық болып кетти. Мен баратырған жол раўан ҳәм жарық еди. Мен өмир ағымында ҳәрекетте баратырған адамлардың ағысына келип қосылдым.

## 5

Төртинши курске өткенимде Арыўханның ағасының басқа жумысқа өтиўине байланыслы үй-ишиниң Нөкиске көшип келгенин еситтим. Арыўхан Нөкис медицина техникумына кирипти. Арыўханның үйи мени қаншама жақсы көрмесин, илажы барынша өзимди олардан аўлақ тутыўға ҳәрекет еттим. Соның ушын да Нөкиске келгенимде ол жерге бармайтуғын едим... Екеўимиздиң ушырасыўымыз да қарақаншылық. Ҳәр күни ол техникумнан қурдаслары менен бирге қайтады. Мен оларға араласа алмайман. Керисинше өзимди Арыўханның қурдасларынан аўлаққа ала беремен.

Ҳәммемиз де студент болып көргенбиз. Биринши курста адам тартыншақ болады. Буннан тысқары, биринши курста муҳаббет мәселесинде сөз қозғаўдың өзи мүмкин емес. Бизлер биринши курста оқып жүргенимизде еки қызымыз муҳаббет кеселине гирипдар болғанда ҳәмме олардың үстинен күлди.

— Жаңа оқыўға кирип атырып, булардың уялмай жигитлер менен жүрисин қараң. Дүньяда жигит қурып қала ма екен. Ҳеш болмаса үшинши курстан кейин мурнына самал енсе тәўир-аў!—деп күйип писетуғын еди қызлар. Соның ушын да мен Арыўханның қурдасларына өзимди танытқым келмеди. Оның менен ушырасатуғын жерим өзиме белгили. «Калинин» көшеси арқалы туўры жүремен де, Өзбекстан көшесине қарай жүре беремен. Бул көшениң ақыры туйық болып питеди де, бир қыйсық жийдеге барып тиреледи. Қыйсық жийдениң астынан екинши көшеге қарай бир соқпақ өтеди. Ол жерде адамлар аз, ушырасыўға қолай.

Қыйсық жийдеден сәл беррегиректе оның қурдасының үйи бар. Ол усы жерге шекем қурдасы менен келип, бержағына өзи кетеди. Тап усы жерде ҳәр күни түсте Арыўханды күтемен.

Бүгин де усы ҳәдийсе қайталанды. Оның аяқ даўысларын еситип, жүрегим қатты-қатты дүрсилдеп кетти.

— Арыўхан,—дедим мен оның жақынлап қалғанын сезип. Ол мениң даўысымды еситип қалша тоқтады.

— Сиз бе? Қашан келдиңиз?

— Бүгин.

— Ҳаў, бул жерде не қылып турыпсаң? Үйге жүр.

— Күнхожа атамыздың қосығын оқығансыз ба?

> «Урылардай қыздың жолын тосарсаң,
> Қазандай қайнаған жигирма бесте»—

деген усы. Бирақта, жигирма екиде деп өзгертиў керек.

— Яқ, биреўдиң жазғанын өйтип өзгертиўге болмайды. Оның орнына өзиң «жигирма еки де» деген қосық жаз-дә.

— Жазғанман, инанбасаң мине.—Мен конвертке

салынған қағазды қолына услаттым. Онда үш куплет ғана қосық жазылған еди:

Айналмалы шарықтың ийингисең,
Гүл көгерген төбениң бийингисең.
Кегейлиниң арасын жайлап өскен,
«Қуўсырықтың» сен гөззал кийингисең.

Сенде бар гөззаллықты көрдим айда,
Жанарыңнан муҳаббет болар пайда.
Ташкенттен кептер болып ушып келдим,
Сол гөззал жамалыңа болып шайда.

Атлағаным жаппеди, ырашпеди,
Сүйгеним пахтакеш пе, врачпеди.
Хатыңда «сағындым ғой».—деп жазыпсаң,
Арыўхан, сол бир сөзиң ырраспеди?

— Ҳаў, шайыр болып кетипсең ғой,—деди, қосықты кашмишкасының қалтасына салып атырып. Ол кеўилли еди. Таў еркеси жейран сыяқлы дым сүйкимли болып көринди маған. Арыўхан қалтасынан әллеқандай шеберлик пенен тигилген бир орамал алды. Орамал түрли гүллер менен безетилген болып, қақ ортасына «Арыўханнан Кәримге» деген жазыўлар жазылған еди.

— Бул сизге, алың.

Мен ырасында да не деп айтарымды билмей қалдым. Орамалға ойылған ҳәр бир нағыш мениң жүрек дәртлеримди сөйлеп турғандай еди. Мен мурадым ҳасыл болған адамдай бир орында узақ турып қалдым.

Арыўхан көп турмастан кетип баратырып:

— Бул жерде көп турыўға болмайды,—деди ол.— Көшениң аты көше. Сөз боламыз. Мен сенликпен, хат жазып тур.

Мен оған «Яқшы» деген сөзди айта алдым ба, жоқ па, билмедим. Соңынан дәрбент жолда турып қалғаным есиме түсти де, басымның аўған жағына қарай кеттим.

## 6.

Арадан үш күн өткеннен кейин бизлер Арыўхан екеўимиз паркте ушыраспақшы болып ўәделестик. Парктиң батыс бетки шетинде муқыятлап салынған



бир беседка бар еди. Оның әтирапы гүллер менен оралған, сырты тап қара үйдиң керегесине усатып қапланған, ашықлар сыр айтысатуғын әжайып көшки еди. Мен бәрҳама Нөкиске келгенимде, қай ўақ бир ўақ усы жер муҳаббетимниң гүўасы болар-аў деген үмитте болып, кеўлиме алып қоятуғын едим. Соның ушын да, бүгин Арыўхан менен усы жерде ушырасыўға ўәделестим. Басқа биреўлердиң тезден ол жерди ийелеп алыўынан қорқып, Арыўхан менен ўәделескен ўағымнан бир-еки саат бурын келип отырып алдым.

Кеш басланыўы менен-ақ парктиң иши музыка ҳаўазына толып кетти. Адамлар жүдә көп. Дем алыс күни болғанлығы ушын үлкен халық сейили басланған еди.

Қолыма бир журналды алыўым менен соған пилдей үңилип отырған едим. Беседканы нәзерлеп тап көп ғана жигит-қызлар келди. Бирақта, мениң беккем орналасып алғанымды көрип, гезеде отырған мергенди сезип қалған ғазлардай батысқа қарай жылжый берди...

Саат сегизден де өтип кетти. Бирақ, еле Арыўханнан дерек жоқ. Өзимнен-өзим қәўиплене басладым. «Келмей қалса? Яқ, әлбетте келеди». Шынында да ол маған ўәде еткен орынға келди. Ол жеңи келте көйлек кийип алған. Басы жалаңбас. Еки өрим етип өрилген шашлары өлпең самал менен ойнар, дөп-дөңгелек бота көзлери мийримли, жаңа батып баратырған күнниң сәўлесинде шайы көйлеги қоздай болып ғыжлап турған еди.

— Ярым саат кешиккеним ушын кеширерсиз. Үйге қонақлар келип қалды.

— Зыяны жоқ. Әйтеўир, келсең болар,—дедим оған жанымнан жай берип. Ол қызларда болатуғын үлкен әдеп-икрамлылық пенен отырды.

Мен не қыларымды билмей қалдым. Арыўхан паркке келген адамлар ушын тап көргизбеге келген бир әжайып зат сыяқлы еди. Өтип баратырған адамлардың ҳәммесиниң де таңлайы тақылдап:

— Пай, перийзат екен-аў өзи!—деп оған қайрылмастан өте алмас түйилер еди кеўлиме. Бул ҳәдийсе мениң ушын үлкен мақтаныш болса да, ҳәзирше Арыўханнан узақта жасайтуғынлығым есиме келип, тап оны жоғалтып алатуғындай қорқып кеттим. Бағанадан бери өзимди еркин тутсам да, ҳәзир тәўир-ақ ҳаўлыға-

йын дедим. Бул қорқыныштан Арыўханның өзи қутқарды:

— Ҳаў, жазған хатыңызда көп нәрселерди айтсаңыз да, ушырасқаныңызда аўзыңызға сөк салғандай үндемей қалдыңыз?—деди.

— Үнсизлик муҳаббеттиң қулы, деп айтқан даналар. Соның ушын да мен бир майдай саған үнсиз тигилип, дийдарыңа тойып алыўым керек.

— Мине онда,—деди ол маған өзиниң бир қурдасы менен түскен сүўретин берип.—Усыған қарап отырып дийдарыма тойып ала ғой.—Екеўимизде бирден күлип жибердик.

Тандырдың жалынындай шарпыған күнниң сағымы өз уясына жасырынып, парктиң ишин қараңғылық қаплай баслады. Сөзлеримиз соңын ала жүдә тереңлесип кетти. Әсиресе, Арыўханның соңғы сөзлеринен мениң гүманымның бийкар емеслигин аңлап қалдым.

— Сениң гәплериң дурыс. Кәрим,—деди ол.—Сулыў қыз сүйгенинен алыста жасаса, тул қалған ҳаялға усайды. Тул қалған ҳаялға ҳәмме сөз айта беретуғынлығы сыяқлы, сулыў қызға да сөз айтпайтуғын киси жоқ. Олардың айрымларын сүйген жигитиң бар екенлигине исендиресең. Айрымлары пүткиллей мыжмыж. Бир де болмаса бир де, сондайлардың тырнағына түсип қалмасам болар деп қорқасаң.

— Неге, соңда маған исенбейсең бе?—дедим орнымнан турып кетип.—Исениўин исенемен. Сеннен басқа биреў менен танысыўдың өзин қәлемеймен. Бирақ та, маған қорқынышлы. Илажы болса өзиң менен бирге Ташкентке алып кет.—Ол да орнынан турып, бойын маған таслады да, сыңсып жылап жиберди.

— Жылама, жаным,—дедим мен.

Арыўхан оннан бетер ағыл-тегил жылап жиберди. Билмедим, сол аўҳалда қанша турған екенбиз. Бир ўақытлары Арыўхан:

— Сени қапа қылып қойдым ба?—деп сорады.

— Яқ, қайтама сениң муҳаббетиңниң ҳадаллығына ырза болып атырман. Мен, әлбетте, сени Ташкентке алып кетемен.—Арыўхан узақ ойланып қалды.

— Мен бул пикиримнен қайттым,—деди ол маған тигилип.—Себеби, ендиги жылы медтехникумды питкериўим керек. Ташкентке барсам, үзилиске түсип қалыўы мүмкин.



— Ол айтқаның дурыс,—дедим мен оның сөзин мақуллап. Бирақта, Арыўханның бир нәрседен қапа екенлиги мениң жүрегиме үлкен жара бола баслаған еди. Ол неликтен де бул сырды маған ашық айтқысы келмеди. Соның ушын да мәселениң бул жери туйық болып қалды да, ол гәпти пүткиллей басқа жаққа бурып жиберди.

— Апамның ден саўлығы қалай?

— Жақсы,—дедим мен.

— Мен сизиң анаңызды аяйман. Бийшара, жигирма бес жасында жубайынан айрылған. Нәлетий урыс... Нелерди салмаған басымызға. Ондай ананы қанша ҳүрметлесек арзыйды.

— Ол ананы ҳүрметлеў, енди екеўимизге байланыслы.

— Ырас,—деди ол мениң сөзимди мақуллап. Усы ўақытта теректиң жапырақлары бирден тысырлап кетти де, Арыўхан сескенип кетип бирден мени қушақлап алды. Мен де оны кең қушағыма алдым. Парлап турған көзлеринен сүйдим. Арыўханның еринлери дириллеп, «Мен сенликпен» дегеннен басқа сөзди айта алмас еди. Айлы ақшамда тәўир-ақ отырған екенбиз, ол саатына қарап бирден қорқып кетти.

— Ўақыт тәўир-ақ болып қалыпты. Кишем бақырады, қайтаман.

Мен Арыўханды үйине шекем гүзетип салдым. Жулдызлар менен қапланған айлы ақшам еди. Өмир гүзарымыздай кең проспектте екеўимиз қатарласып киятырмыз

## 7.

Төртинши курста оқығанымда онша алағада болмадым. Арыўханнан тез-тез хат алып турдым. Оның үстине Султан аға да Ташкентке барғанында маған бармай кетпейтуғын еди. Үйине барғанында бир ретинде мени мақтапты. Арыўхан буны да өз хатында жазып жиберген еди. Қулласы муҳаббет гүзарымыз беккемленген еди. Мен бесинши курсқа өткеннен кейин-ақ аўылға жетиўге асықтым. Бул ретте ги нәзерим туўры Арыўханның үйине барыў.

Дийқаншылық мол-молақай болып атырған әйне жаз күнлериниң бири еди. Көшелерге отырғызылған

жас нәлшелер жапырақ жазып, шақалары самал менен тербелип, жолаўшыларға жол силтеп турғандай жазғы таң қушағында Нөкиске жетип келдим.

Арыўханның үйи Нөкистиң ең шетки көшелериниң биринде еди. Сулыў етип салынған ақ жайдың дәрўазасы алдында тоқтап қалдым. Султан ағаның үйине Нөкиске келгели бармағаным ушын, «барсамбекен, бармасам ба екен?»—деп еки ойлы болып турдым. Арыўхан менен арамыздағы муҳаббет ушқынларының тутанғанлығы, бул үйдиң адамларының ҳәммесине аян болып қалған. Соның ушын да бул үйге бирден кирип барыўымның өзи жүдә мүшкил ҳәдийсе еди. Чемоданымды қолыма услаўым менен бираз ойланып турып қалдым. Соңынан: «Әй, не болса болсын»,—дедим де бармақларым қалтыраңқырап барып үйдиң қоңыраў точкасын бастым.

Ишкериден әллекимниң сырт-сырт жүрип киятырған аяғының даўысы еситилди. Жүрегим бирден дүрсилдей баслады. Бир ўақытлары дәрўазаның қапысы тасыр-тусыр ашылды да, қарсы алдымда әпиўайы ғана шыт көйлек кийип алған, ал қоллары болса пүткиллей қамырға малынған Арыўхан турған еди. Ол шынында да мени келеди, деп ойламаған болса керек. Екеўимиз де жүдә қолайсыз жағдайда қалдық. Арыўхан тозаңқырап кеткен шашларын дүзетпекши болып шашларын сыйпаған еди, маңлайын пүткиллей қамырға былғап алды.

— Ҳаў, Кәрим кириңиз,—деди ол қызларға тән әдеплилик пенен. Мен ишкериге кирдим. Бул жерде де тап баяғы аўылда ушыратқандай пейзажға дус келген едим. Терис ҳәйўанның қапталына бир тегис пәшек гүллери егилип, жоқары қарай өрмелетилген. Арғы жағында тегис егилген алма нәллери көзди тартады. Дийўалдың қапталлары сырғып турған жүзимлер менен толы. Салма бойына егилген қызыл-жасыл гүллер ҳәр түске дөнип, көзим шағылыса баслады. Ақлықлары менен бирге атыздан помидор терип жүрген Арыўханның кемпир апасы алдымнан шықты...

— Кәримжанбысаң, қарағым. Қалай кишкене қыздың денсаўлығы жақсы ма?

— Жақсы,—дедим мен.

— Ҳаў, ишке кир. Арыўхан, төсек сал қарағым,—



деди ол қолының қамырын жуўып атырған ақлығын шақырып.

Мен ишкериге кирдим. Үйдиң иши бирқанша тәртипсизлеў еди. Балалардың тислеп таслаған сүйеклери менен гүриштиң қыйқымлары ыбырсып жатыр екен. Бул көринис Арыўханға унамады.

— Жаңа ғана үйдиң ишин сыпырып кеткен едим. Бир майданның ишинде жайратып қойғанын қара,— деди үкелерине урысып.

Бурыннан-ақ ҳәзил сөзге уста Гүлжан шешей сөзге араласып кетти.

— Ҳаў, қайдан билейик, шырағым. Сейиттиң баласының бүгин келетуғынлығын. Балаларымызға аўқат берип едик,—деди ол күлип.

— Пай, бизиң апамның усындайы бар-дә,—деп күлкисин тыя алмаған Арыўхан асханаға кирип кетти.

Султан аға менен Паршагүл жеңгей курортқа кеткен еди. Арыўханның қоңсысы той берип атырған болып, Гүлжан шешейди қайта-қайта шақырып келе берди. Кемпир ақыры бармаўға болмайтуғынын билди де, ақлықларын ертип тойға кетип қалды. Арыўхан маған шай демлеў менен бәнт еди. Ол еки шайнекке шай демлеп алып келип мениң қарсы алдымда отырды. Сөзди неден баслаўымды да билмей қалдым. Арыўханға тек суқланып қарай бергеним болмаса «иллә» деп аўыз аша алмай қалдым.

— Неге үндемейсең?

— Мен келешек ҳаққында ойлап атырман.

— Келешекте не болады екен?

— Мениң анамның арзыўлы келини болады екенсең.

— Ырас па?

— Ырас. Сонда мен жумыстан шаршап келгенде усындай шай қайнатып қоясаң.

— Қойсаң-ә!—деди ол маған еркелеген болып.

Мен шай ишиўди умытып, орнымнан турып кеттим. Веранданың ашық айнасынан гүллер алаңына ойшаң тигилип турған Арыўханның алдына бардым да, шашларынан сыйпалай басладым. Қолларым қалтырай баслады. Бир ўақытлары оның шоқтай болып қызарып кеткен жүзине қолым тийди. Ол ентигип, маған отлы көзлери менен бир қарады да, басын иззет пенен көкирегиме қойды. Мен тап Арыўхан менен бирге кос-

мос кеңлигинде жүрген сыяқлы едим. Оның жүзине жүзим тийгенде денем пүткиллей лапылдап жанып баратырған сыяқлы болды. Арыўхан бул сапары бурынғыдай болып жулқынбады да. Ол фронт майданларынан қайтқан бир баҳадырдың айралық жәбирин тартқан зайыбы сыяқлы мениң дийдарыма тойыўға ынтыға берди.

— Ташкент медицина техникумына киргенимде жақсы болады екен,—деди бир ўақытлары.

— Неге?

— Әй, жайша,—деди ол өз пикиринен тез қайтқан болып.

Бул дәрт маған түсиникли еди. Арыўханның изине түсип жүрген айырым жигитлер ҳаққында досларымнан талай хат алғанман. Шынында да бул ҳәдийселер мени айралық азабына салмаса болар еди деп қорқатуғын едим. Арыўхан ҳәмме қызлар арасында саҳраға питкен бир гүл сыяқлы ажыралып туратуғын еди. Соның ушын да ҳәмме оны үзип алыў ушын таласып атырған сыяқлы сезиле берди маған. Арыўханды дузаққа түсириў ушын кими жеңгелерин, кими қурдасларын, кими ағайинлерин иске салып Арыўханның үйин қыз айттырып келген адамларға толып кеткен еди. Олардың айырымлары республикамыздағы жүдә абырайлы ақсақалларды ортаға салып келип, Султан ағаның басын айландырған. Арыўханның ағасы олардың бәрин «қызымызды атастырып қойған жери бар, мен перзентимниң сыртынан тон пише алмайман, өзи қәлесе мәйли», деп қайтарған.

Арыўхан ҳәтте, жазғы экзаменлердиң биринде бир сабағынан жығылған еди. Өзи жақсы оқыйтуғын болса да, не себепли жығылғанын билмейди. Ақыры жас муғаллим оны кеште экзаменге шақырған ўақтында ғана бул мәселе өзинен-өзи аян болып қалған. Муғаллим жигит:

— Мен сени жақсы көрип қалдым, қәлесеҢ турмыс қурайық,—деп айтқанынан-ақ жылап жиберген. Бул ҳәдийседен кейин Арыўхан директордан комиссия арқалы экзамен алыўды өтинген. Жас муғаллим өз исиниң қолайсызлығынан қорқып, баҳа қоймаўға илажы қалмаған. Арыўхан бул ҳәдийселердиң ҳәммесин қалдырмастан өз хатында жазған еди. Бул жағдайлардан кейин, мен оған оғада қымбатлы адам болып қалғанман. Соның ушын да бул сапары ол меннен қашпай, пүткил еркин маған тапсырған еди. Мен қалайда екеўимиздиң кеминде және бир жыл күтиўимиз керек екенлигин жақсы билетуғын едим. Себеби, арадан бир жыл өтсе мен университетти, ал, ол болса медицина техникумын питкерип шығады.

Ол мениң сөзлеримди жүдә дыққат пенен тыңлады. Екеўимиз мағаналы түрде бир қарасып алдық. Биримиздиң дийдарымызға биримиз тоймаймыз. Аршын төсли көкирекке тырмасып өскен қос анар, көйлегиниң сыртынан белги берип, қыпша питкен бели бир тутам болып әллеқандай фигуристлердиң белин мегзететуғын еди. Аппақ балтырлары толық ҳәм тегис, мойынлары узын ҳәм сулыў, узаққа нәзер таслағанында айдын көлдеги бир ақ ққуды мегзетеди. Бул көринислер кеўлиме «ылайықлы сәўер яр деген» уғымды алып келди. Оның күлимлеген бота көзлери «бизлер бир өмирге бирге боламыз» деген уғымды аңлатқандай еди.

Бизлер онша көп сөйлеспедик. Себеби, айтатуғын сөзлеримиздиң ҳәммеси жазған хатларымызда айтылған болып, ҳәр бир хат алғанымызда; тап жүреклеримиз хат пенен қосылып келгендей болатуғын еди. Мен хат жазғанымда ҳәмме ўақыт оны «Лэйли» деп атайтуғын едим. Ал, ол болса маған «Лэйлиден Мәжнүнге» деп хат жоллайды. Бир күнлери Арыўхан маған өкпелеп хат жазды:

«Өтинип сорайман. Мени ҳеш ўақытта Лэйли деп атай көрмең. Өзиңизде Мәжнүн бола көрмең. Мен ол китапты оқыдым. Бул китаптағы саўдаларды ҳеш бир ашықтың басына салмасын. Лэйли менен Мәжнүн ҳеш ўақытта қосылған емес. Соның ушын да бундай трагедиялық атлардан аўлақ жүрейик. Бизлердиң мақсетимиз бир-биреўге қосылыў емес пе? Сениң Арыўханың»,—деп жазылған еди хатта.

Хат мениң жүрегимди және де елжиретип жиберди. Бул ҳәдийседен кейин, барлық хатларымды «Арыўхан»—деп баслайтуғын едим.

Мениң пикиримше муҳаббет дегенниң өзи де шийрин ой менен әрманларға толы нәрсе. Бул пикирди тек «сүйемен» деген сөз бенен жеткериўдиң өзи қыйын. Соның ушында муҳаббет бағышлаған адамлар өзлериниң ишки ҳәўирлерин сөзден көре көз жанары менен анағурлым сездире алады.

Мениң Арыўханды қаншама жақсы көриўим, оның алдында соншама албырап отырыўымнан-ақ белгили еди. Бирақта, ҳәмме муҳаббетти усы бағдарда түсине бермейди. Бундай ишки дәртлерин айта алмай отырған адамды «бос сылбыр» деп ойлайды. Муҳаббет гүзарындағы тәжирийбелеримнен бул нәрсе анық болып қалған. Көп ғана китапларды оқыўым, жақсы көрген қызыма сол тийкарда қатнас жасаўға шақыратуғын еди.

Күн батып әтирапты қараңғылық қаплады. Ашық аспанға пәтирдей болып ай қалқып шықты. Радиодан әллеқандай ашықлық қосығы еситиле баслады. Кең аспанды тарыдай болып шашылған жулдызлар ийелеп алған еди.

Бизлер веранда алдында тап баяғы қәддимизде турған едик. Билеклеримиз шырмаўық киби бир-бирине оратылған, бизлерди ҳеш қандай күштиң жаздырып алыўға қүдирети жетпейтуғын сыяқлы.

Мен Арыўханның шашларын сыйпалай баслалым. Тап Ҳинд киноларындағы ашықлардай, қолларымның қалтырап атырғанлығын сезип, ол мениң гирбиңсиз муҳаббетиме ырза болады.

— Сениң не мәргияң бар?—деди ол бир ўақытлары қолымнан услап.—Апам да, ағам да жанынан жақсы көреди ғой, сени.

— Демек, бахытлы күйеў болады екенмен,—дедим мен күлип.—Қайын журтына унаған күйеў әндийшесиз болмайды.

Дәрўазаның шақыр-шуқыр ашылыўына байланыслы қушақларымыз жаздырылып, үйге ақлықлары менен бирге тойдан қайтқан кемпир кирип келген еди. Арыўхан тез барып светти жағып жиберди. Үйдиң иши жап-жарық болып кетти.

Маған салынған төсек, жүзим бағының ернегиндеги кроватта еди. Шамамда Арыўхан кроватқа жақында ғана өзи тиккен атлас көрпесин алып келип тасла-ды. Мен сол көрпеге оранып жатып шийрин қыялларға берилдим...

Аспанда сансыз жулдызлар жымыңлайды. Ай шарбы бултлар арасынан жүзин шықты, әлле қаяқлардан гармон сести келеди. Дийўал қапталынан бир қыз бенен жигит күлисип өтти. Соңынан әтирап жым-жырт болды да, қулағыма салмадан сылдырап аққан суўдың сести келе баслады. Салмаға бир нәрсе «шомп» етип түсип және тым-тырыс болып қалды. Есиме Арыўханның «Сүйген қызының бағында уйықлаған жигит, жаман түс көриўге тийисли емес», деген сөзлери келип кетти.



## 8.

Ташкентке келгениме бир жылға шамаласқан еди. Аўылға биротола бара қояман деген пикирде, қысқы каникулды Ташкентте өткермекши болдым. Оның үстине диплом жумысын жазыў ушын материал топлаўым керек.

Бирден бир қорқынышым Арыўхан, ол да өз хатында: «оқыўым питейин деп тур. Сен де оқыўыңды биротола питкерип кел. Сағыныш пенен күтемен» деген сөзлерди жазғаннан-ақ, ол жағынан пүткиллей қәтержам болдым да, барлық ықласымды диплом жақлаўға жумсадым.

Ташкентте қашшан-ақ бәҳәр басланып кетти. Ериклер гүллеп, газонларды қызыл-жасыл гүллер қаплап кеткен еди. Мен өзимди қыдырыўдан пүткиллей аўлақ салып, бар жигеримди диплом жақлаў жумысына бағышлап, жақын күнлерде бир гөззалдың дийдарына ерисетуғыным айқынласып, өзимнен-өзим кеўилленип кеткен едим.

Бүгин мениң өмиримдеги ең қызық ўақыя болды. Диплом жумысымды қорғаған едим. Илимий басшымның айтыўына қарағанда, бул жумысты кеңейтип диссертация жазыўға болатуғын усайды. Бул жаңалықларды тезден Арыўханға жеткизиўге асықтым. Бирақ, бир айдан берли оннан хат келмей, мени қатты ойландырды. Соның ушында университет пенен телеграф почтасына бөзшиниң мәкисиндей қатнайман. Ҳәр күни келе бергеннен кейин, почтадағы ҳаял да мени таныпқалды. Бүгинде хат қаратыў ушын адамлардың изине гезекте турған едим, апай мени шақырды:

— Саған хат бар. Еринбестен ҳәр күни келесиз,—деди ол мениң менен ҳәзиллесип. Ол хатты маған услатты да:—Қәне, кимниң гезеги?—деп өз жумысын даўам ете берди.

Хат Арыўханнан еди. Бурынлары Арыўханнан хат алсам бәрҳама паркке барып оқыйтуғын едим. Бул

сапары тап усы жерде оқығым келип кетти. Орайлық телеграф залының ең шетки мүйешине барып, хатты әстен ашып оқый басладым. Биринши қатарларын оқығаннан-ақ маңлайымды муздай тер басып кетти. Бул хат январьдың шымыры аязы сыяқлы жүдә суўық еди:

«Мени пүткиллей умыт»,—деп жазылған еди хатта.—Басқа бир жигитти жақсы көрип қалдым. Енди мен ҳаққында ойламаўыңызды өтинемен. Бәри бир пайдасыз. Арыўхан».

Биреў тап үстиме бир шелек муздай суў қуйып жибергендей, денем түршигип кетти. Әтирапымдағы дийўаллар: «Мени пүткиллей умыт, бәри бир пайдасыз!»—деп бақырып турғандай.

Нәмнаған жигитке бул ерси түйилиўи мүмкин. Бирақ, басқа ҳеш қандай илажы болмағанлықтан хатты бетиме басып, жылап жибердим. Өзимди қаншама тоқтатайын десем де, көзимниң жасы тыйылар емес. Биринши рет дүньядағы ең сүйикли адамымнан айрылғанымды сезип, жаралы жолбарыстай ыңыранған едим. Сонда да көз алдымнан бота көзлерин ойнақшытып «мен сенликпен»—деген оның келбети кетпейди. Мен көзлеримди жумып, оны умытыўға ҳәрекет етип көрдим. Оны ҳеш қандай умыта алмайды екенмен. Өткен жылы анама: «Арыўхан келинниң болатуғын болды» дегенимде қанша қуўанған еди. Енди оған не деп айтаман? Келинниң басқа биреў менен кетип қалды деймен бе? Бул не деген сумлық!

Сол ҳалда қаншама отырғанымды билмеймен. Көзимди ашып қарасам, залдың иши тәўир-ақ сийрексип қалған екен. Турып баратырып бир кисиге қатты дүгисип кеттим.

— Көзиңе қарамайсаң ба?—деп бақырды ол.

Сыртта күшли даўыл көтерилген еди. Ысқырған самаллар гүл жапырақларын тартқылайды. Бир майданда күнниң көзин булт басып, ала сапыран жаўын жаўып кетти... Мен қай жаққа барарымды билмей, азмаз еглендим де, басымның аўған жағына қарай кеттим...

Түни менен тиси аўырған баладай ыңыранып шықтым да, азанда Нөкиске ушатуғын самолетке отырдым. Басым мең-зең болып, қабақларым домбығып, адам қарағысыз бир аўҳалда едим.

Үлкен қуўаныш ҳәм шадлығымның гүўасы болған



Нөкис бүгин мениң қайғымды да өз ишине жутып жиберген еди.

Адамлардың жүзинде қуўаныш. Ал, мен болсам бир азаға келген адамдай едим.

Қәпелимде ҳаўаны булт қаплады. Адамлар жаўыннан сақланыў ушын өзлерин таса жерлерге урды. Ал, мен болсам бир белгисиз жақларға келип қалған туристлердей ҳеш қандай асықпадым. Жаўын нөсерлеп қуйып тур. Мениң пәрўайым пәлек. Мәнзилинен адасқан қустай, қайсы жаққа ушыўымды билмеймен. «Егер де Арыўхан бул хатты мени сынаў ушын жазған болса-ше. Ырасында да. Егер солай болған болса?»—деген пикир кеўлиме әдеўир жубаныш болған еди.

Азық-аўқат сататуғын магазин Арыўханның үйинен онша қашық емес еди. Бурынлары бул жерде Арыўхан менен бир неше мәртебе ушырасқанбыз. Арыўхан бул жерден ҳәр күни үкелерине сүт-қатық алып кетеди. Нәзерим сол магазин, Арыўхан бүгин бул жерге келсе, тиллессем деймен. Усы мақсет пенен магазинге келип кирдим. Дүканда адамлар жүдә көп еди. Саўда етип атырған тек бир-еки адам ғана болмаса көпшилиги жаўыннан сақланыўы ушын ғана кирген. Магазинниң айна бетки мүйешине барып сақшыдай сыртқа тигилиўим менен қатып қалдым.

Арадан бир саатлай ўақыт өткен еди. Қалаға қараңғылық кирип, көшениң электр шырақлары жана баслады. Сырттағы жаңбыр тағы күшейди. Бирақта, Арыўханнан еле дәрек жоқ. Ишимнен ыңжылып, оннан бетер қапа болып кеттим. «Бүгин келмей қалса»—деймен өзиме-өзим сораў таслап. Және де кеўлиме «әлбетте, келеди» деген бир пикир келип қосылды.

Арыўхан шынында да келди. Ол таў еркеси жейран сыяқлы тез кирип келди де, қалталарын асығыс қармалай баслады. Тап баяғы турысы. Бота көзлеринен күлки шашып турған еди. Неликтен де бул сапары ойшаңлаў болып көринди, маған. Адамлар жүдә көп болғаны ушын, ол мени ҳеш аңламады. Жаслық муҳаббетимниң гүўасы болған бул периште алдында, мен ҳәзир пүткиллей жат бир адам едим. Соның ушын да бурынғыдай оның алдына барып еркелетиўге ҳақым жоқ сыяқлы. Усы ўақыттағы жүрегимниң дүрсилдисин қағазға тәрийиплеп айтып бериўимниң ҳеш мүмкиншилиги жоқ. Ол затларын алып болғанынша сабырым

шыдамай сыртқа шығып кеттим де, дүканның мүйешине барып турдым. Ол есиктен шығыўдан-ақ:

— Арыўхан!—деп айтқанымды билемен, даўысым пүткиллей қалтырап кетти. Ол жалт етип қараған мәттал, қолындағы еки шийше қатық жерге «былш» етип түсти де, шил-пәрше болып қалды.

Арыўхан күйеўи армияда жүргенде турмысқа шығып кеткен бир гүнакар ҳаялға усап көринди. Соның ушында көзлери тап үриккен кийиктиң көзине мегзеп, меннен дым қорқып кетти. Қәпелимде, сол көзлердиң бирден жасқа толып кеткенлигин көрдим.

— Неге келдиңиз? Хатта ҳәммесин жазғанман. Енди мениң менен сөйлесиўиңиздиң кәжети жоқ.

— Арыўхан,—дедим мен даўысым тарғылланып.— Мениң не жазығым бар?

— Билмедим. Ҳәммеси тамам болды. Өтинемен. Енди маған жақынласпаң.

Өзиме-өзимниң реҳиймим келип кетти. Дәрьяның қатты ағысына гириптар болып, мантығып атырған адамдай:

— Арыўхан, мениң не гүнам бар еди?!

Арыўхан мениң бул сөзлериме қулақ салмады. Оның суў болып кеткен кофтасын көрип аядым да, үстимдеги плащымды шешип алып ийнине жаптым. Арыўхан плащты бир қолы менен серпип таслады. Плащ батпаққа барып жалп етип түсти. Мен еңкейип аламан дегенше Арыўхан анадай жерге жуўырып баратырған еди. Ендиги ҳәрекетлеримниң ҳеш қандай пайдасыз екенлигин түсинген едим. Батпаққа былғанып рәсўа болған плащымды қолтығыма қыстым да, кең көшелер бойлап тентиреп кеттим. Мениң жүгим бурынғыдан көре аўырласқан сыяқлы. Шелеклеп жаўып атырған жаўынлар ҳеш қандай тәсир етпестей аўҳалда киятырғанымда биреў атымды айтып шақырды. Қарасам Султан аға. Жыйналыстан киятырған екен. Тап баяғы ақ көкирекшилиги. Сәлемлестик.

— Жамғырдың астында қалыпсаң ғой, балам, үйге жүр,—деди меҳрийбанлық пенен.

— Яқ, рахмет, Султан аға, және бирде барарман, бүгин жумысым бар еди.

Айтарын айтсам да қамсығып, жылап жибериўге сәл-пәл қалыппан.

— Аязлағансаң ғой, балам, үйге жүр, жеңгеңе бурышлы сорпа писиртемиз,—деди мениң аўҳалымды сезип.

— Яқ, рахмет. Мен бара алмайман,—дедим де оннан бетер қапа болып кеттим.

Маған енди алдыңғы дәрттиң қасына және қосымша дәрт қосыла баслаған еди. Мениң әкемниң де Султан аға усаған әлпайым адам болғанлығы, уллы Ўатандарлық урыста қазаланғанлығы ҳәммеге аян. Султан ағаға ушырасқалы бери оның пәклиги алдында бас ийип, әкемниң орнына әке боларлықтай, бул данышпан, саўлатлы адамның нәсиятларына ырза болып, тап өз әкемди көрген сыяқлы қуўанатуғын едим.

— Қатты аязлапсаң, балам, үйге жүр,—деди Султан аға мениң билегимнен тартып. Енди ол кисиниң кеўлин жығыўға мениң ҳақым жоқ еди. Үнсиз изине ердим. Ырасын айтсам мен өмир тарийхымда Султан ағаның үйине усы аўҳалда бараман, деген ҳеш ойым жоқ еди. Кеўлим сондай ғамлы. Султан аға бул ҳәдийселердиң бәрине мени жаңбыр астында қалып аязлаған деп жорыды да, оншама дыққат аўдармады. Ол шынында да өз кеўлине унап қалған күйеў баласынан бүгиннен баслап-ақ айрылып қалғанлығын сезбеген еди...

Мениң ушын ең әдиўли болған сол есикке келип кирдик. Есик алдында Гүлжан шешей қарсы алды. Тап баяғы ақ көкиреклиги. Кеўлинде ҳеш нәрсе жоқ. «Аман саў келдиң бе қарағым»,—деп пәйик болып атыр.

Маған ол жерде көп отырыўға мүмкин болмады. Өзлериңиз билесиз, бул адамларға өзимше күлимсирегеним менен, олардың бул меҳрибанлығынан айрылатуғынымды сезип отырман. Арыўхан басым аўырып баратыр, деп төрги жайға барып жатып қалған. Оның не ушын жатырғаны да маған белгили. Бул үйде отыра берсем буннан бес мәртебе қапа болатуғынымды сездим де, таяр болған палаўдан шала-шарпы жеп орнымнан турдым. Султан аға бар ўақытларда бул үйде қонбайтуғынымды сезген үйдиң иши де мени онша зорламады. Султан ағаның сыртқа шыққанын сезген мен, плащымның қалғанлығын бәнеледим де, төрги жайға кирип кеттим. Нийетим Арыўханды бир көриў. Кроватта көрпе жамылып жатып қалған Арыўхан мениң келгенимди сезди де, терис айланып жатып алды. Мен ки-

таплар текшеленген этажерканың қасына келдим де, лал болдым да қалдым. Дым үндеместен этажеркаға тигиле басладым. Этажерканың ашық полкасында медсестра сабақлығы менен бирге «Күнделик дәптер» деген бир көк тетрадқа көзим түсип кетти. Күнделик дәптерге Арыўхан Султанова деп жазылып, қызыл қәлем менен әшекейленип сүўрет салынған еди. Күнделикти алып, плащқа ораўым менен сыртқа шығып кеттим. Есик алдында мени Султан аға күтип турған еди.

— Дипломыңды айрықша жақлағаныңнан хабарым бар,—деди Султан аға,—Филиалда шығыс қолжазбалары секторы ашылған. Мүмкин, сол жерде ислерсең.

— Ол жағы бир гәп болар, Султан аға,—дедим мен кеўилсизленип.

— Бизиң үй де бир үйиң балам, келип тур.

— Яқшы, әлбетте, келип тураман, Султан аға.

Мен есик алдында ойнап отырған кишкене баланың бетинен сүйдим де, гүнакар адамдай сыртқа шығып кеттим.

Усылайынша көше қараңғылығына синип кеттим. Ишим ийт жыртқандай. Мазам жоқ. Мениң бул кеселимниң бағдарын я доктор, я тәўип болып таба алмас, сирә. Мен муҳаббет кеселиниң ең аўыр түрине гириптдар болған едим. «О, Муҳаббет! Не әжеп саўдаларға салдың?!...»

## 9.

Мен енди тосаттан бул аўҳалға түсип қалғанымның себеплерин излей басладым. Қар астына көмилип қалғандай, бул ўақыяларға дәртлес болғандай ҳеш ким жоқ еди.

Усы аўҳалда жатырғанымда күнделик дәптер есиме түсип кетти.—Аўа, тек сол дәптер ғана мениң жүрегимде қалған дәртли түйинди ашып бериўи мүмкин, еди. Дәрҳал орнымнан турдым да дәптерди аштым. Онда мен сүйген саҳибжамал Арыўханның жүрек дәртлери жазылған еди...

...«Мен Республикамыздың ең шетки районларының биринде туўылғанман. Аўылымның тәбияты ҳайран қаларлық гөззал. Арқа шығысымыз өркешленген қумлық болып, таң сәҳәрде айбатлы таўлар сықлы



саўлат төгип туратуғын еди. Ал, батыс тәрепимиз нуў қарағай қамыс. Ағамның айтыўына қарағанда ол жақта «Нағалай» деген үлкен көл бар усайды. Бурынлары ол жерди жолбарыс жайлаған деген сөз тарқалғаннан кейин барыўға қорқатуғын едим. Ал, қубламыз болса горизонтқа шекем созылған пахта далалары. Маған көбирек унайтуғын тәрепи де усы жақ. Таң сәҳәрден баслап жеңгелерим қолына кетпен алып шығады. Атыз тулпарларын минип шыққан жигитлер әтирапты жаңғыртып, кең даланы гүмис күлкилерге толтырып жибереди. Аўылдың ғурғыны, тойдың сейдини де усы жақта.

Бизиң үй аўылдың ең шетинде. Ол тап аўылды тәбияттың сыртқы көринислери менен байланыстыратуғын үлкен дәрбентке жайласқан.

Үйде көпти көрген қария, әкемиздиң анасы бар. Бизиң тәрбиялық жолымыздың бәри сол кисиниң қолында өткен. Өзи меҳрибан ҳәм данышпан кемпир. Туўылғаннан бери сол кисиниң аналық меҳрине толы қушағында жасап келемиз. Соның ушын да ҳәмме ўақыт туўған анамды «кише» деп атайман оны «апа» деп шақыратуғын едим. Тек мен емес, бизиң үйдиң меннен соңғы балалары да солай атап кеткен.

...Мен бүгин шынында да өзимди жүдә қуўанышлы сездим. Терис ҳайўанға ҳәр келгенимде мен оған урланыңқырап қарап алыўға тырысар едим. Бир мәҳәл қарағанымда ҳәкисине ол да маған тигилип турған екен, мен қатты албырап қалып, қолымдағы чайнеклердиң түсип кетип шил-пәрше болыўына сәл қалды. Бизлер екеўимизде де үлкен оңайсызлық басланған еди. Мен оған көзим түссе, аяқларым дәрмансызланып, пүткиллей жығылып баратырған адамға усар едим. Өзимниң муҳаббет кеселине жолыққанымды жақсы сездим. Бул жолдың жүдә машақатлы ҳәм мүшкил ҳәдийсе екенлигин енди аңғара баслаған едим. Мен илажы болғанынша оның алдында өзимди сулыў ҳәм әдепли етип көрсетким келеди. Тап биреў мениң сыртымнан жүрис-турысларымды сынап атырғандай. Ешейинде қонақлар келгенде төрги жайға барып жасырынсам, енди болар-болмас нәрселерди бәнелеп, қонақлардың алдына келгишлей бердим.

Бир мәҳәлде бағдың арғы мүйешине байлап қойған қойымыз изин үзбей маңырай баслады. Буны есит-

кен апам, қонақлардың мазасын алмасын деп ойлады ма маған:

— Арыўхан, анаў даўысы өшкирге бир шелек суў алып барып берши, даўысы өшермекен,—деди. Үйден бир шелек суў алдым да бағдың ортасындағы соқпақ пенен жүрип кеттим. Түн тастай қараңғы. Бирақ, солай болса да қойды таўып алыў қыйын емес еди. Өзи де аңқасы кеўип қалған екен, қойы түспегир суўды ҳәп-заматта ишип бола қоймады.

Мен соқпақта әллекимниң киятырғанын сезип жүрегим қалтырай баслады, бул қорқыныш емес, бәлки қуўанышқа усаған әллеқандай бир сезим еди. Бул қонақ жигит еди. Тап «урылардай» болып еплеп жүрип келди де, мениң қарсы алдымда тоқтап қалды. Қойыў түн пердесинде оның келбетин анық таныған едим.

— Ҳәй, уры, қайт, апама айтып беремен,—дедим мен оған сыбырлап, неге сонда сыбырлап айттым екенәй? Уры менен сыбырлап сөйлесиўге болмайды ғой?

— Мен сениң қойыңды урлайын деп жүргеним жоқ,—деди ол әсте.

— Болмаса нени?

— Сени урламақшыман, Арыўхан.—Ол солай деди де мени қатты қушақлап алған еди. Мен «жибер» «жибер» деп айтсам да даўыслрым ҳәлсиреп, оның және де қатты қушақлаўын тилеп, кең қушағына енип кеттим. Бул ҳәдийсениң соншама жат екенлигине түсинсем де, жигит алдында пүткиллей тәслим болып, «жибер, апам көрип қояды» деген сөзден басқа ҳеш нәрсе айта алмадым.

Ол мени қушағына басып турып: — «Арыўхан, сени сүйемен, сүйемен», деген сөзлерди қайталады да, қушағын жаздырып жиберди. Қой суў ишкенин тоқтатып, бизлерге бежирейип қарап қалған еди. Мен бир үлкен гүна ислеп қойған адамдай, шелегимди қолыма алдым да, үйге қарай жуўырып кеттим. Соңынан шелегимди қойдым да, өзимди төрги жайдағы кроватқа аттым. Пүткил денем от болып қызып кеткендей, қулағымда оның: «сүйемен», «сүйемен» деген сөзлери ғана қалыпты. Мен жигитлердиң буншама ҳәўирли болатуғынлығын ойламаған едим.

Муҳаббет ата-анадан жасырын болған менен оларға байланыслы тәреплери жүдә көп. «Жигит көзи менен қыз алма» дегендей-ақ қыз көзи менен күйеўге шығыўдың да қәтеликлери жоқ емес. Сен деп түн уйқысын төрт бөлген адамлар, әлбетте қызының турмысының жаман болғанлығын раўа көрмейди. Соның ушын да мениң бирден-бир пикирим өзим сүйген жигит ата-анама да унаўы шәрт, деген уғымда едим. Өзим де ҳайранман. Мениң дәслепки жүрек тарларымды шерте алған бул жигитти ағам да, апам да жақсы көрип қалған еди. Тосаттан пайда болған бундай бахытқа исенеримди, яки исенбесимди билместен алыбырап қалдым. Ырасында да бул мениң ушын бир шийрин түс сыяқлы еди.

Муҳаббет ҳаққында жазған жазыўшылар қыз бенен жигиттиң басына түрли бәлелерди салып, даўыллатып, жаўынлатып жазатуғын еди. Ал, мениң муҳаббетим болса бир жөн, түсимде көрген бир әжайып жигиттиң оңымда излеп келгени сыяқлы болып, жаслық муҳаббетимниң дәслепки посасына мәс болып келешектеги саадатлы күнлеримди күте бердим...

Арадан көп ўақыт өтпестен-ақ бизиң үйлер Нөкиске көшип келди. Мен өмиримде ушырасқан әжайып жигит—Кәрим муҳаббети менен жасамақта едим. Оның муҳаббетине садық екенлигим анық. Соның ушын да мениң көзиме басқа жигитлер көринбегенликтен, Кәрим жүрегимде хат пенен қәлем болып қалған.

Жаңа жерде жаңа қурдаслар арттырған едим. Роза, Турсын, Қаллыхан—мениң Нөкиске келип арттырған сырласларым еди. Қолымның бос ўақытларында Кәримге хат жазаман. Оның жазған хатлары сондай мағаналы ҳәм дәртли еди. Өмир-серик сондай бир опадар яр таўып алғанлығыма сондай қуўанышлы едим.

Усындай күнлердиң биринде өз аўылласым, Орынбай деген жигиттен хат алдым. Хат жүдә әпиўайы етип жазылған еди. «Арыўхан, мениң жүрек дәртлеримди бир тыңласаң еди. Көп ўақытлардан бери сени көре алмасам тура алмайтуғын ашықлық кеселине муптала болғанман. Бул мениң саған деген ҳадал муҳаббетим, әлбетте. Егер мақул десең сениң менен бир өмир жолдас болыўға қол беремен, деп жолларыңда интизар Орынбай».

Хатты оқып болып туўрам-туўрам етип жыртып тасладым.—«Неге өртенип кетпейди»,—дедим ашыўым келип.

Олай дейтуғыным, бул ашықлық дәртин айтыўшы-

лар да жаныма тийип болды. Таныспай атырып, жүрегин қолына услап турған, бир бәле!

Бирақ, Орынбайды бурыннан-ақ таныйтуғын едим. Ол узын бойлыдан келген, буйра шашлы, сымбатлы, келисип қалған бир жигит еди. Бизиң ауылымыздағы жигиттиң сейдини сол. Егер сөз айтса кеўил бергендей де түрим бар еди. Кәримди ушыратқаннан кейин Орынбайдың бурында сөз айтпағанына қуўнып кеттим. Ол онынщы классты меннен бир жыл бурын тамамлап, сол жылы оқыўға кире алмай аўылда заправщик болып исleди. Оның маған болған кеўили тап сол жыллардан басланған еди. Мен бул ўақытта өмиримде гезлескен ең әжайып адам Кәрим менен ушырасып, ўәдени бир жерге қойған едим. Соның ушын да оның «күйдим» «жандымлары» маған ҳеш тәсийр етпеди. Орынбайдың Ташкенттеги институтлардың бирине оқыўға түсип, Нөкиске бир жыллық практикаға келиўи, бурынғы ески наманы және қайталай баслаған еди. Ол маған деген муҳаббетин не менен сыпатлаўды билмейди. Қасыма келеди де «Арыўхан!» деп күле береди, болғаны. Соның ушын да ол көз алдымда «бос, сылбырлаў» жигит болып көринип кетти. Кәрим сөзге шешенлиги, өзин тутыўы менен мени тезирек бәнт етип таслаған еди.

Сабақтан қайтқанымда мени Орынбайдың күтип турғанлығын көрдим. Ол тап бурынғыша мениң изимнен жүрди де, ҳеш үндеместен сес-себирсиз үйдиң жанына келгенде қалып қойды. Бул ҳәдийсе ертеңине де қайталанды. Ол тап үйге жақынлаған ўақытта тилге келди.

— Хатты алдыңыз ба?

— Алдым.

— Не деп жуўап бересиз?

— Айттым ғой. Мениң жақсы көрген жигитим бар. Оннан артығының маған кереги жоқ. Басқа қызлар қапылып қалып па?

— Гәп онда емес, мен тек сени жақсы көремен.

— Ол жигит мени жаман көреди деп ойлайсыз ба?

— Ол жигиттиң сени жақсы көриўинде мениң жумысым жоқ.

— Мен сизден өтинип соранаман. Изимнен жүрмең. Бәри бир, пайдасыз,—деп айттым да үйге кирип кеттим.

Нөкиске, ашықлардың күткен айы бәҳәр кирип



келди. Тереклер жапырақ жазып көк-көңбек болып кеткен, ерик шақалары аппақ гүлге малынып, көздиң жаўын алып турған ерте бәҳәр еди.

Мен сабақтан киятырып паркте дем алғым келди де, бос турған скамейкалардың бирине отырдым. Парк жүдә кеўилли еди. Шалбарларының қыры пышақтай жигитлер менен атлас шайыға оранып алған қызлар топары толтырып жүр. Бир өзим отырғанлықтан, Кәримди сағынып, дым бир түрли болып кеттим.

Радиодан бир хош ҳаўаз артист қосық айта баслады. Қосық ҳәўижине келгенде жигитлер жетегинде баратырған қызлар да тоқтап қалып, қосық тыңлап турғандай болды.

... Сен бәҳәрди сағынбадың ба, аа, әй...

Бул қосық тап мениң ушын айтылып атырғандай узақ ойланып қалдым. Паркте бир өзим отырғаннан көре Розаның үйине барып дәртлеским келди де, соның үйине қарай кеттим.

Кәрим менен екеўимиздиң арамыздағы муҳаббет әндийшесинен Роза бийхабар. Былтыр Кәрим союзлық практикада болғаны ушын Нөкиске келе алмады. Быйыл оқыўын питкерип келгеннен кейин оған таныстыраман деген нийетте едим. Ақырғы курс болғанымыз ушын енди бул ҳәдийсени айтыўға болатуғындай көринетуғын еди. Соның ушын да қурдасымнан жасырын жүрген бир сырымды айтып жарылмақшыман.

Келсем Роза үйинде бир өзи отыр екен. Мен кирип барғаннан-ақ ол албырақлап қалды:

— Сени излеп бармаған жерим қалмады, достым. Үйиңе де бармағансаң?

— Аманлық па?

— Аманлық. Курсымыздың баллары бүгинги болатуғын ҳинд кино фильмине мирәт еткен еди.

— Яшасын.—Ҳиндстан киноларын жақсы көретуғын мен, бул усынысқа қатты қуўанып кеткен едим. — Жүр онда, кеттик.

— Ҳаў, тоқтап тур, шай ишип алайық, кино деген еле саат алтыда басланады.

Мен илажсыз көндим.

— Роза,—дедим алдымдағы кесени қолыма алып отырып.—Мен саған қупыя сыр айтпақшыман.

— Ол қайсындай сыр екен?

Мен Кәрим ҳаққындағы узақ гүрриңимди баслаған

едим. Ол бул әңгимени жүдә дыққат пенен еситип отырғандай түр билдирсе де, бирақ, бир нәрседен тәшўишленип атырған сықлы едим. Ақыры сөзимди бөлди:

Сен оған исенесең бе?

— Неге исенбейин. Исенемен.

— Ал, мениң қара басым, бундай муҳаббетке ҳеш қандай исенбеймен. Өзиңнен узақта жүрген адамға ҳеш қандай исениўге болмайды. Өзин бек қылып көрсеткен жигитлердиң биреўи мине. Ол алдыма бир қатты ылақтырып таслады. Бул хат Розаның Самарқандтағы жақсы көрип жүрген жигитиниң басқа биреўге үйленип кеткенлиги ҳаққында ашшы сөзлер менен жазылған бир сәлемнама еди.

— Бул мүмкин, бузық ниеттеги бир жигит шығар. Бирақ, мен Кәримди...

— Неге бирақ... Кәримге қумшекер сеўип қойғанбекен? Бәри бир адам-дә,—деди ол тоңқылдап. Мына турысында оған бир нәрсе айтыў қыйын еди. Және бир нәрсе десем жылап жибережақ. Мен қурдасыма келип кеўил көтеремен деп, қайтама қайғы арттырып алған едим.

Шынында да Розада мени Кәримнен узақлатыўға бағышланған үлкен бир ҳүжим бар еди. Сөзиниң соңында бул жүдә айқынласып кетти.

— Бери қара, Арыўхан! — деди ол маған тәселле берип.—Сен мийиңнен айрылып қалыпсаң? Ҳеш ким өз қурдасын отқа таслағысы келмейди. Мениңше саған ең бир мүнәсип жигит Орынбай. Өзи бир жуўас жигит. Отыңды жақтырып, полыңды жуўдырып отыра бересең.

— Мен ондай мещанлықты қәлемеймен. Гәп мениң есигиме хызметкер табыўда емес, өзиме ылайық яр табыўымда болып отыр.

— Орынбай саған яр да бола алады.

Ол өз көкирегиндеги бар нәрсени айтып таслаған еди... Менде шынында да қандай да бир қорқыў әламаты басланған еди.

Бул иретинде Роза мениң достымнан көре мәккар жеңгейлерге көбирек усап кетти. Қорлығым келип есикке қарай атылдым. Роза қолымнан беккем услап тоқтатты.

— Дос деген ондай болмаўы керек. Тап әйтеўир нәрсеге өкпелейсең? Мен тек қурдаслық пикиримди



ғана айтып атырман. Жүр киноға барып кеўил көтерип қайтамыз, достым.

Мениң ҳәўирим бир қанша пәске түсип қалған еди.

— Барсақ барайық. Бизлер кинотеатрға ярым сааттай ерте келген едик. Кинотеатрдың алды адамға лық толып кетипти. Топарласып турған группамыздың жигит-қызларын көрип қуўанып кеттим. Олар жүдә кеўилли. Ҳәммесиниң дыққаты менде. Ҳәмме қолына мороженое услап алған. Балалардың соңында үш-төрт мороженое услап турған Әбдирейимге көзим түсти. Әбдирейим группамыздың старостасы еди. Пикири туўры. Ақыллы бала. Көп оқыйды, көп изленеди.

— Келиң, қызлар!—деди ол маған жақынлап.— Қолым да тоңып кетти.

— Билет бар ма екен?—дедим мен мороженоениң биреўин алып атырып:

— Билетти күйсў бала алып атырған қусайды,—деп Турсын айтып салған еди.

Балалар дуў күлисти. Мен де күлдим, бирақта балалардың тәртипсиз узақ күлиўинен жүрегим толқынланып, қәўипсинейин дедим.

Қассадан қолына бир дәсте билет алып, терге малынып киятырған Орынбайды көриўден-ақ мәселе айқынласа баслады. Орынбай келиўи менен-ақ мени қоршап турған қызлар топары тарқалыса баслады. Ҳайранман, шынында да олар мениң Орынбай менен сөйлесиўимди тәўир көреди. Мен бир сумлықтың басланғанын сездим де үйге қайтпақшы болдым. Тап сол ўақытта қоңыраў сыңғырлап қызлар қолымнан тартып ишке алып кетти. Ишке киргенимде Турсын менен Розаның ортасында отырған едим. Бир ўақытлары Турсын турып кетти де, бул орынға Орынбай отырып алды. Соның арасында кино басланып кетти.

Кино сүйген жигитин дағда қалдырып, екинши бир жигит пенен жүрип кеткен бир бийопа қыз ҳаққында екен. Бул кинофильм тап мениң ушын түсирилгендей қатты қорқып кеттим. Шынында да мен Кәримдей бир жигитти умытып, басқа бир жигит пенен кинода отырғаныма қорлығым келип кетти. Орынбайды бул күни «кино көрди» —деп айтыўға да болмайды. Ол еки ярым саат даўамында экранға емес, маған қараў менен әўере болды.

Кино питкеннен кейин группамыздың жигит-қыз-

лары тарқалысып кетти де, мен Орынбай менен қалдым. Ол мени үйге шекем шығарып салды. Қандай сөзлер айтпасын, илла деп аўзымды ашпадым.

Ертеңине группамыздың барлығы Орынбайды мақтаў менен болды.

Орынбайдың быйыл практикаға Нөкиске келгеннен-ақ жолы болып қалды. Буған себепши болған группамыздағы Қурбанбай деген бала еди. Оның әкеси үлкен бир совхоздың ферма баслығы болып, Нөкистен үлкен бир жай сатып алып берген. Группамыздың балалары быған-жыған болып, ҳәр күни сол жерде шағал мәслик қурып атады. Орынбай Қурбанбайдың ағайини болғаны ушын бир бөлмесинде жататуғын қусайды. Усы себепли бизиң группаның балаларына да тез араласып кетти. Орынбай қалай болмасын мени бир дузаққа илдириўдиң әнжамында.

Әсиресе, Қурбанбай менен Розаның жақыннан қатнас жасаўы бул исти тезлестире баслады. Розаның мениң ең жақын қурдасым екенлигин сезген Орынбай, оған мени қолға түсирип бериўин өтинген. Егер мен Орынбай менен турмыс қурсам, Қурбанбайдың семьясы менен де жақсы қатнасықта болатуғынымды сезген Роза шынында да бул мәселеге беккем бел байлаған еди.

Мәселениң ең үлкени 1-Май байрамына қараған түнде басланды. Роза мени бүгин 1-Май кешесине шақырып келди. Бурыннан соңғы исенимли қурдасым болғаны ушын сөзин жықпадым.

Кеше Қурбанбайдың үйиндеги кең залда өткерилиўге уйғарылып, жақсылап дастурхан жасалған екен. Мен кирип барғанымда стол үстине колбаса, редиска ҳәм таўықлар қойылып, шампан. винолары менен коньяк, арақлар қатар дизилген екен. Стол әтирапына жети тубиретки қойылыўынан-ақ қонақлардың санаўлы екенлигин сездим. Қуўжынлап жүрген Орынбайды көргеннен-ақ жүзиме аяз тийгендей сескенип кеттим. Ҳәммениң ҳүрмет көрсете бериўине қарағанда бул үйдиң ең ҳүрметли қонағы мен сыяқлы. Шынында да солай болып шықты. Стол дөгерегинен мен, Орынбай, Роза, Қурбанбай, Қурбанбайдың Елмурат деген жорасы бир қыз бенен, және бир усы үйге дәрек келиншек. Қурбанбай оны «жеңгем болады» деп таныстырды. Бокалларға шампан толтырылып, Қурбанбай жүдә узақ



тост сөйледи. Ҳәмме ишип жиберди. Мен бурыннан соңғы бундай нәрсени ишип көрмегенимди айтып кеширим сорадым.

— Ҳаў! — деди шеттеги отырған жеңгей. — Бизлер «кемпир» ҳалымыз бенен алып отырмыз. Сеники не, шырағым-аў?!

— Иш, лимонадтан парқы жоқ,—деди толы кесени тартып жиберген Роза.—Ҳеш болмаса бир алып жибер!

— Яқшы,—дедим мен.—Тәўекел бир рюмка алайын, басқасына қыйнамаңыз.—Дәслеп аўыз тийгизип көрдим. Ашқылтым. Соң, симирип жибердим. Бир нәрсе ишимди қыздырып кеткендей болды да, бет-аўзым лаплап жанып кетти. Ҳәмме маған закуска тутыў менен әўере еди.

Екинши тост Розаға берилди. Соңынан ол.—Бул байрам қурдасым Арыўханға бахыт алып келсин! Соның ушын...

Оның сөзлери маған майдай жағып сала берди. Кеўлим көтерилип бир қуўанып баратырман. Зал ишинде радиода ойнап, жигит-қызлар танцаға түскен еди. Мен де олар менен араласып Орынбай менен танцаға түстим де кеттим. Ҳайранман, ол маған ҳеш қандай жат адамға усап көринбеди. Әллен ўақытта Кәримнен өзге биреўдиң қушағында жүргенимди сезип, сескенип кеттим.

— Қайтаман, — дедим мен қапа болып.

— Неге?—деди Роза маған ҳайран болып.—Еле аўқат жегенимиз жоқ ғой, ҳеш болмаса ярым саат шыда.

Енди ҳәмме Орынбайдың тосты ушын ишип атыр еди.

Мен бунша тостлардан не ишип, не жегенимди билмеймен. Тек те залдың төбеси шарқы пәлек болып турғаны есимде еди.

Көзимди ашып қарасам, таң саз берипти. Басым мең-зең болып, жеркенишли аўҳалда кроватта жатырған екенмен.

— Инсапсызлар!—деп қатты бақырып жибердим де, бирден өкирип жылап жибердим.

Адам өмиринде бундай қорлық болмаса керек. Мениң дүньядағы сап ҳүжданлы бир жигитке арналған қушағым, ар-намыссыз бир адам қолында еди. Сол сапары мен сап ҳүжданымнан, муҳаббетимнен айрылған

едим. Бул ҳәдийсени ҳәтте өзимниң душпанларыма да раўа көрмеймен...

Дослық деген не өзи? Адамды алдап, аяқтан шалыўма? Бир-бириңизди алдамаң, адамлар! Жалынлы жаслығыңыз қазан болып кетпесин!

Кийинип сыртқа шықтым. Жүриўге ҳеш дымарым жоқ еди. Усы аўҳалда үлкен әрманлар менен өзимди өсирген әжайып босағаның алдына келип тоқтадым. Дәрўаза алдында мени Биринши май байрамы менен қутлықлаған Кәримниң телеграммасы жатқан еди.

Мен бул телеграмманы жылап турып оқыдым... «Қымбатлым, сени 1-Май байрамы менен қутлықлайман!»

Есик ашық еди. Мен келеди деп қулыпламаған. Әсте бағқа кирип бардым. Қулан ийек болып таң атып киятыр. Гүллер үстине қонған мөлдир шықлар, мениң тынық көз жасларыма усап кетти.

Бул кеўилсиз ҳәдийселерден кейин Кәримге хат жазыўыма сирә қолым бармады. Себеби ашықлар китабында: «Қыздың дәслепки қушағы муҳаббет көпири болады» деген сөзлерди оқыған едим.

Бир ҳәптеден кейин Кәримнен қосық пенен жазылған хат алдым:

Мен бүгин бир түс көрдим жаман,
Бир бүркит кеп қол салды саған,
Мен дәрьяның арғы жағында,—
Өте алмай жылайман жанан...

Мен дәрьяға өзимди аттым,
Бери кел, деп қолыңнан тарттым,
Сонда маған қарамадың ҳеш,
Өзиңше бир ойларға баттың.

Толқын мени алға ысырды,
Болып кетти, тасыр-тусырлы,
Бүркит келип көтерип ушты,
Нйт жыртқандай болды-аў ишимди.

Әтирапқа және қарадым,
Сен жоқ едиң, қатты жыладым,
Даўыл турып, туўлады дәрья,
Мен тик жарға келип қуладым.

Мен оянсам басларым ғуўлап,
Әйнегимниң пердеси туўлап,
Ағыл-тегил жылап атырман,
Жасым менен дастықты суўлап.



Оның муҳаббети пәк еди. Соның ушын да мени түсинде усы аўҳалда көре алған. Мен муҳаббет гүзарында қатты қәтелестим. Бәлким Кәрим мени кеширер, бирақ ҳеш қашан мен өзимди кешире алмайман...

Усы жерге келгенде күнделик таўсылған. Мен бул бийшара қыздың басына түскен саўдаларға ойланып бираз отырдым. Арадан күнлер өтип, толғана-толғана үйине излеп бардым. Орынбай менен турмыс қурғанлығын еситтим. Енди көрискенимиздиң пайдасы жоқ еди.

Мине, арадан көп жыллар өтти. Талай ғазлар ушып, үйреклер қонды. Жол үстинде ушырасқан мына нәрестениң анасына усаўын айтпайсаң ба? Арыўханның қызы екенлигин сорамай-ақ таныдым.

Мениң жаслығымның гүўасы болған бир перийзаттың перзентине үлкен меҳрибанлық пенен қарап турман. Ол кишкене қоллары менен әлледандай сызықларды сызып атыр...

— Мынаў бизиң үй, мынаў Пийиўзаның үйи. Усы ўақытта, туў сыртымнан: «Гүлнара!»—деген даўыс еситилди. Бул, әлбетте, сол Арыўхан еди. Бурылып қараған едим. Бота көзлери ойнақшыған сол Арыўхан. Өзин алдырмапты. Сол баяғы қәдди. Ол мени бирден танып, албырап қалды.

— Ҳаў, Кәрим, қайдан киятырсаң? Үйге жүр. Бизиң үйлер усы жерде.

— Жоқ, рахмет, Арыўхан, — дедим мен. — Жумыс бабында жүрген едим, бара алмайман.—Кеттик, иним,—дедим мен Дәўлетназарға.

Ол, әлбетте, маған түсинген еди. Бул әжайып келиншектиң күни менен айтылған ўақыяның баслы қаҳарманы екенлигин сезип турған ол, екеўимизге қайта-қайта қараўы менен стартерге ход бере баслады.

Машина аўыр ыңыранып жүрип кетти. Келиншек өзине усаған кишкене қызын қолына көтериў менен жол бойында қала берди.

Жолдың биз өтпеген тәрепи, тегис емес еди. Шофер тезликти күшейтип, және тормоз бере баслады.

— Жолдың өзи де өмирге усайды,—деди Дәўлетназар.—Гедир-будыры көп.

Оның не айтпақшы болғанын түсинген едим...

## МАЗМУНЫ

Бозатаў (роман) . . . . . . . . . 3

Повестьлер

Москвадан келген қыз . . . . . . . . . 186
Имтихан . . . . . . . . . . . 233
Мерўерт моншақлар . . . . . . . . . 259
Бахтың болсын, Арыўхан . . . . . . . . . 284

На каракалпакском языке

Камал Мамбетов

**БОЗАТАУ**

Роман и повести

Издательство «Каракалпакстан»
Нукус—1986

Редакторы Аяпов Ш.
Қарап шығарған Ерназаров К.
Художник Бердимбетов М.
Худ. редакторы Қыдыров И.
Тех. редакторы Алламуратов. З.
Корректоры Махсудова Т.
Пирназарова А.

ИБ № 2603

---

Териўге берилген ўақты 10/III—1986-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 4/IV—1986-ж. РК 32079 Қағаз форматы 84х108[1]/32. №2. Көлеми 10.375 баспа табақ, 17.43 шәртли баспа табақ. 18.0 есап баспа табақ. Заказы №56. Тиражы 7000. Баҳасы 1 м. 30 т.

---

«Қарақалпақстан» баспасы. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

---

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң «Правда»ның 50 жыллығы» атындағы Нөкис полиграфкомбинаты.
742000. Нөкис. қаласы, К. Маркс көшеси, 9..